ДЖОН БИВЕР

# ИБЛИСО IЕХАВАР

Къинтlера ца довларан
Iожалле гуранах
маьршонехь долу дахар

ДЖОН БИВЕР

# ИБЛИСО IЕХАВАР

Къинтlера ца довларан

Iожалле гуранах

маьршонехь долу дахар

The Bait of Satan by John Bevere, Chechen
© 2020 Messenger International
www.MessengerInternational.org
Originally published in English as The Bait of Satan
Additional resources in Chechen by John Bevere are available
for free download at: www.CloudLibrary.org
To contact the author: JohnBevere@ymail.com

«Иблисо Іехавар» Джон Бивер, нохчийн маттахь
© 2020 Messenger International
www.MessengerInternational.org
Юьхьенца ингалс маттахь арахецна кху цІеран кІел «The Bait of Satan»
Джон Биверера мах боцуш нохчийн маттахь кхунах пайда
эцийла ду кху сайтехь www.CloudLibrary.org
Авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

## Сан кIорггера пусар дар...

Суна Везачу Элана тIаьхьа шолгIа хьоме доттагI йолчу сан зудчунна Лизина. Хьо билггал бакъдолуш дика зуда ю. Со гуттар а баркалле хир ву Везачу Элана Цо вай шиъ майра а, зуда а санна цхьаьнатохарна. Баркалла ду хьуна хьуо ца кхоъош хIара киншка редактировать еш гIо дарна. ХIара проект кхочуш хилийтархьама, шайн деца тIекере хиларна шайн хан ца кхоийначу, сайн кхаа кIантана Эдисонна а, Остинна а, Александрна а. Шу, кIентий, сан дагна даккхийдер ду!

ХIинц-хIинца дуьнен чу вала/ яла дезачу сан кIантана я йоIана. Хьо хIинцале а тхан доьзалан везнарг/ езнарг хилла дIахIоьттина, тIаккха тхо, хьо гаран сохьте сатийсина ца довлу.

Къаьсттина баркалла ду, кху дахьийтарх а тешна, хIара болх язбан а, арахеца а дог ирахIоттийначу, Джонна Мэйсонна; Деборина Поулалионна цуьнан похIмашна а, редактировани еш гIо лацарна а, кху проектана тIехь тхоьца къахьегначу «Creation House» арахецаран ерриге персонална а.

Амма уггаре а коьртаниг, ас даггара баркалла боху вайн Стигаларчу Дена Цуьнан алалур доцчу деллачунна тIера, вайн Веза Эла волчу Iийсана – Цуьнан диканна а, билггал бакъдолчунна а, безамна а тIера, Дезачу Синна а – кху проекта тIехь болх бечу хенахь нийса куьйгалла дарна.

## ЧУЛАЦАМ

*ДЕШХЬАЛХЕ* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

*ДІАДОЛОР* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

1. СО ХАЛАХЕТТА ВУ? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11

2. МАССИЙН ХАЛАХЕТАР . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21

3. ИШТТАНИГ СОЬЦА МУХА ХУЬЛИЙЛА ДАРА? . . . . . . . . . . . . . . 33

4. САН ДА, САН ДА! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47

5. СИНАН ЛАКХАЛЛЕ КХЕРСТАРШ МУХА КХОЛЛАЛО . . . . . . . . . 63

6. БАКЪДОЛЧУХ ЛЕЧКЪАШ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79

7. ТЕШАМ БОЛЛУ БУХ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91

8. ЛАСТАЛУШ ДЕРГ, ДЕРРИГ А ЛАСТИЙНА ХИР ДУ . . . . . . . . . . . 107

9. МАРЗДАЛАРАН ТІУЛГ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127

10. ВАЙ УЬШ ЦА ХЬЕГОРХЬАМА . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 147

11. ГЕЧДАР: КЪИНТІЕРА ЦА ДОВЛАХЬ — ГЕЧДАР ХИР ДАЦ! . . . 159

12. БЕКХАМ – ИЗА ГУРА БУ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 175

13. ГУРАНО ДІАЛАЦАРХ КІЕЛХЬАРА МУХА ВОЛУ . . . . . . . . . . . 189

14. ВАЙН ІАЛАШО – МАШАР БАР Ю . . . . . . . . . . . . . . . . . . 201

*ЭПИЛОГ. ДАХАРЕХЬ ДАН ДЕЗАРГ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 213*

# ДЕШХЬАЛХЕ

Дала телхина а, леш а долчу дуьненна хаза кхаъ дӀакхехьа кийча долу, Ша тӀекхайкхинчу адамийн тӀаьхье гӀаттайо. Джон Бивер цу тӀаьхьенах ву.

1983-чу шарахь, хьехам бан со кхайкхинчу динан тобанан гӀуллакххо волуш санна, вевзира суна Джон. Масех шо тӀаьхьа, динан тобанан штатни белхало хилла дӀахӀоттийтархьама, Везачу Эло иза Орланде сан динан тобане валийра. Суна, иза Везачу Элаца леларехь а, Хаза кхаъ дӀакхехьаран гӀуллакхдархо санна, кхиарехь а муха кхуьу, гора. Цуьнца алу хилла йогу билггал бакъдолчуьнга эмгаралла а ю, адамашка болу безам а бу, иза цунна Хаза кхаъ хьехархьама дӀалело ницкъ а бу. Цуьнан компромисс йоцчу, адамаш кхеташ долчу Делан Дош хьехаро, къилахь берш дохкобовларна а, сийлаллин дахарна а тӀекхойкху.

«Иблисо Ӏехавар» книги тӀехь Джона хӀора тешачунна, – марздаларш а, халахетарш а боху, потенциальни гуро лацарх

лаьцна лараме тема хьахайо. Марздаларш а, халахетарш а бахьана долуш тешачун дахаре догIучу зерийн а, халонийн а, кхоччуш тайп-тайпана тIаьхьалонаш хуьлийла ду. Чекхдалар дерриг а, адамо царна реакци муха йийриг хиларх доьзна хир ду. Нагахь хьо дегабааме а, халахетта а хилла дIахIоттахь, хьан Делан бер санна долу синан лакхаллин хьалакхиар, новкъахь дуьхьало нисъяларна, соцу. Хьо хьайх къахета а волалой, хьайна, хьо цигахь – лараме хьаша волу, «дезде» хIоттадо! Даим а, хьайца нийсо йоцуш лелла хиларх ойла а еш, хьо хьайн хьажар Везачу Элана тIера дIа а дерзадой, схьаийна воцуш хилла дIахIутту. Мадарра аьлча, ма исбаьхьа гура богIар ду и!

Амма нагахь ахь халахетар стам а ца долуьйтуш, цуьнга хьайн дахарехь орамаш тийса ца магадахь, хьан, дерриг а хьал Цуьнан кара а луш, Везачу Элаца лелаш хиларехь чIагIлойла ду. Якъуба яздо: «Сан вежарий, доккха хазахетар санна ларалаш тайп-тайпана зераш шайна тIе моссазза хIуьтту. Шуна-м хаьа шайн тешар зерах чекхдаларо собар кхиош дуйла. И собар кхачаме хилла дIахIотта деза, шу, цхьа а дерт а доцуш, дуьззина кхачамалла долуш хилийта» (Якъуба 1:2-4).

Марздаларш а, халахетарш а билггал догIур ду. Iийсас дIахьедора Шен мурдашка, марздаларш а, халахетарш а дуьхьал ца нислуш, кху дуьненахь дехийла дац, бохуш. Хаттар халахетарш а, марзлаларш а хьуна догIур ду я дац бохучуьнца дац, амма долччул сиха, кхуьнца ду: марздаларш а, халахетарш а даьхкинчу хенахь, ас царна муха терго йийр ю?

Нагахь шу хIинца ойла керчаш делахь, кху киншкано шуна хьалха дехкина гуранаш къасто гIо дийр ду шуна. Иблисан и хIумалгаш довза а, царна тIехь толам баккха а Iама. Биверан киншка, ас марздаларшца а, халахетаршца а хIун де, бохучу хаттарна, библейски тIевахар гойту. Дагахь латтаде, билггала хьуна хьайна девзинчу билггал бакъдолчо паргIатвоккху хьо! ХIумаллин дуьненан дозанал арахьа хьежа, тIаккха шайн бакъ волу мостагI – иблис довза.

Бенни Хинн, пастор а, Инжилан хьехамча а.<br>
Орландера Керстанийн центр, штат Флорида.<br>
Апрель 1994-гIа шо

# ДІАДОЛОР

Мацца а цкъа дийнаташна гуранаш хІиттийначу стагана хаьа, гурано кхиаме болх барна, ши биллам беза: цкъаделахь, гура дийнатана гург ца хиларан чот еш, къайлабаьккхина хила беза, шолгІа-делахь, цу чохь дийнат гуране лацуьйту Іехош йолу тосург хила еза.

Иблис, вайн синойн мостагІ ду, шен уггаре Іехош а, Іожалле а долу гуранаш дІаса а хІиттош, цо шина а оцу хІилланех пайда оьцу. Цуьнан гуранаш хьулдина ду, амма тосуш ерг гучохь ю.

Иблис а, цуьнан шайтІанийн легионаш а оццул Іовдал а яц, дуккха долчу адамаша ма лорру. Уьш Іехорехь хІиллане а, мекара а, исбаьхьа а ду. Иблис тІахъаьлла а, кхолламе а ду. Диц ма делаш, цунна серлонан малик долуш санна, хьулдала хаьа. Нагахь вай Делан Дешаца дика вонах къасто Іемина дацахь, вайна цуьнан гуранаш девзар дац.

ХIора керста Iотталуш волчу, уггаре а дукха Iехош долу тIехьовхар — иза халахетар ду. Ма-дарра аьлча халахетар ша шех Iожалле дац, нагахь санна иза гуранахь дуьсуш делахь. Амма нагахь вай иза хьала а эций, дIа а худий, вешан дегнаш чудолийтахь, вай *халахеттарш* хуьлий дIахIуьтту. Халахеттачу адамаша дуккха хIара санна тIаьхье арахоьцу: лазам, оьгIазалла, дералла, эмгаралла, бага леяр, девнаш дийлар, къахьалла, хьагI, хьегар. Халахетарх тасаделлачу адамаша хIара тIаьхье лахьайо: сийсаздаккхар, тIелетар, чевнаш, дIасакъастар, юкъаметтигаш йохар, ямартло, тIерадалар.

Сих-сиха халахетта адамаш ур-атталла кхета а ца кхета шаьш гурано лаьцнийла. Царна, церан берриг а тидам шайца вон лелла хиларна тIебоьгIна болу дела, шайн ирча хьал ца го. Уьш бакъдолчунна бIаьр хьовса дуьхьал хуьлу. Цуьнан гIоьнца, мостагIчуьнга вай бIаьрзе далун долу, уггаре эвсара кеп, — иза берриг а тидам вайга ваьшна тIебогIийтар ду.

Аша каралаьцначу кху киншкано, и Iожалле гура гучу а боккхий, цо лацарх кIелхьара а ваьлла, паргIате муха виса мегар ду гойту. Халахетарех паргIате хилар хIора керстанна чIогIа лараме ду, хIунда аьлча Iийсас аьлла, кху дуьненахь къа латадойтуш долу хIума тIе ца догIуш дуьсур дац (хь. Лака 17:1).

Аса Цхьаьнакхеттачу Штатийн а, кхечу пачхьалкхийн а динан тобанашкахь кху дахьийтаран кхайкхор дича, ладугIуш болчарах эханнал сов болчара сан дохкодовларна тIекхайкхамна жоп делира. Иза тоъал йоккха процент ю, амма хIетте а берриге хила гена ду. Куралло дуккха долу адамаш сецадо, царна цу тIекхайкхаман нийса реакци ян новкъарло а еш. Суна адамаш муха толора а, паргIатдовлура а, Дезачу Синах муха дузура а, тIаккха, оцу гуранах кIелхьардовлучу хенахь, шайн доIанашна жоьпаш далар а гора. Дукха хьолахь цара дуьйцу, паргIат ма-девлли, цу сохьта хилларг, шаьш шерашкахь лоьхура, бохуш.

ТкъоалгIачу бIешерийн чаккхенгахь динан тобанехь Делах лаьцна хаарш чIогIа алсамдевлла. Амма иза иштта доллушехь, тешачарна а, лидершна а, керстанийн тобанийн декъашхошна а юкъахь кхин а сов дIасакъастарш ловш санна, хетало.

Бахьана хIара ду: билггал бакъ болу безам ца хиларна, халахетаро

керстанийн тобанашкахь баккхийн а, кIоргге а орамаш хецна.

«...кхетам хиларо адам курадоккху, ткъа безамо иза синца чIагIдо» (1 Коринтхошка 8:1). Дуккха болчу тешачара Iехочу гура чу а кхаьчна, дахаран васт иштта гIехьа долуш санна, лору.

Делахь а Машахь схьавале хьалха билггал бакъ болу тешаш берш, хьалха цкъа а ца хиллара, цхьалле хир бу. Со теша, вайн деношкахь барам боцу дукха адам халахетаран гурано лаьцначуьра кIелхьардаьхна хирг хиларх. Иза, ерриг а пачхьалкх дIалоцун йолчу кхетам боссарехь, уггаре коьртачарех цхьа дакъа хилла дIахIуттур ду. Ца тешачарна Iийса вайн вовшашка болчу безамехула гур ву, ткъа хьалха царна Иза гойла ца хилар, церан и безам ца хилар дара.

Ас киншка цхьа хIуъа яздархьама язъян еза, аьлла ца лору. Дала хIара дахьийтар сан даг чохь латийна, тIаккха суна цуьнан хилла богIу стом го. Ас дин кхайкхоран гIуллакх чекхдаьккхинчул тIаьхьа, цхьана пасторо соьга элира: «Суна цкъа а цхьана гуламехь оццул дукха адамаш паргIатдовлар ца гина».

Дала, сан дагах а хьакхавелла, хIара доладалар бен дац, элира. Дуккха, хIара киншка йоьшуш а, Дезачу Сино шайга бохучуьнга ладугIуш а хин берш паргIатбевлла а, тобелла а, меттахIиттийна а хир бу. Со теша, йоьшучу хенахь Устазо а, Тедийриг Волчо а хьоьга хьайгга эр ду, тIаккха Синан къайленехула хиллачу дешо, хьан дахаре а, гIуллакхдаре а йоккха паргIате йохьур ю.

ДоIа дер вай цхьаьна, еша дуьладалале хьалха:

*Дада, Iийсан цIеран дуьхьа ас доьху Хьоьга, ас хIара киншка йоьшучу хенахь, Хьайн Синца, Хьайн Дош дIаделлахьа суна. Хьо вовза а, Хьуна кхин а сов беркате стом бохьу гIуллакх дан новкъарло еш хилла йолу сан деган ерриге а къайлаевлла меттигаш дIаеллахьа суна. Ас Хьан Сино Iораваккхар тIеоьцу, тIаккха Хьан лаамехь дерг кхочушдархьама, Хьан беркат доьху. ХIара киншка йоьшуш, суна Хьан аз а хезаш, Хьо кхин а алсам вовзар хуьлийла.*

Вай халахетарна жоп
луш йинчу реакцис
къастадо вайн хиндерг.

# КОРТА 1

# СО ХАЛАХЕТТА ВУ?

***…къа латадойтуш долу хIума тIе ца догIуш дуьсур дац.***

**– Лака 17:1**

Америкин Цхьаьнакхеттачу Штаташкахула динан гIуллакх дIакхехьаран Iалашонца гездеш лелачу хенахь, суна мостагIчун уггаре Iожаллин а, Iехоран а гуранех цхьаъ болу – барам боцуш дукха керстанаш лай беш, церан юкъаметтигаш йохош а, йолуш йолу дуьхьалонаш а, бердаш а шордеш болу а гура гира. И гура халахетар ду.

Дуккха а болчу тешаш болчийн, царна халахетаршца а, сийсаздаршца а йина чевнаш бахьана долуш, хила деззачу кепара шаьш дIакхехьа тIекхайкхина гIуллакх кхочушдан хьуьнар ца хуьлу. ТIаккха цу гIуллакхо церан шайн нуьцкъаллин кхоччуш

пайда эцаран аьтто ца хуьлуьйту. Дукхах болчу хиламашкахь лазам тешачара бо. Кху хиламехь халахетар ямартло санна лов. Забур тІехь (54:13-15) Дауд гІайгІане хуьлу:

> Ткъа сан мостагІа вац со емалвийриг – иза-м ас ловр дара. Суна куралла ш йийриг со цавезарг вац – цунах-м со къайлавер вара. Амма хьо ма ву иза, сан тайпанара верг – сан уллора доттагІа, со тешна Іаш верг. Вайшиммо вовшашка дагара а дуьйцура, адамийн тобанна юкъахь вайшиъ цхьаьна Делан цІийнан керта а воьдура (Забур 54:13-15).

И адамаш ду, вай царна юххехь охьа а хийшина, цхьаьна хесторан эшарш лоькхуш, я, хила тарло, иза динан тобанехь дин кхайкхош волу стаг ву. Цаьрца цхьаьна вай мукъа денош дІакхоьхьу, тайп-тайпана Далла гІуллакх дечу меттигашка а лела, цхьаьна болх а бо. Я, хила тарло, уьш кхин а юххера адамаш ду. Вай цхьаьна хьала а кхуьу, царна вешан къайленаш дІа а йоьллу, царна уллохь даха а деха. Юкъаметтигаш юххера мел ю, халахетар хало ду! Угаре а чІогІа хьагІ, цкъа мацах чІогІа юькъа юкъаметтигаш хиллачу адамашна юкъахь карайойла ду.

Зуда йитаран процессаш лелочу адвокаташа дуккха ирча а, къиза а историш юьйцур ю шуна. Аме¬рикански массийн хаамийн гІирсаша даим а, доьзалан декъашхойх дог доьхначу цхьаммо адамаш дайарх лаьцна хаам бо. Лардарна а, кхачо хилийтарна а, гІайгІа барна а, хьалакхиарна меттиг хиларна а хьажийна, вай цигахь дІабала а, схьаэца а безамна Іемаш долу а цІа, сих-сиха вайн лазаман орам хуьлу. Историс гойту вайна, уггаре а цІий Іанош граждански тІемаш хуьлуш хилар. Ваша вешина дуьхьал. КІант дена дуьхьал. Да кІантана дуьхьал.

Халахетта хилар хила тардалар, юкъаметтигаш, уьш мел дуьххьалдІа а, чолхе а елахь а, дукха йолччул хуьлийла ду. И билггал бакъ дерг хийца ца луш дуьсу: шуна лазам, шуна бен доцуш доцчу адамийн бен, бойла дац. Аша цаьргара дуккха долчун сатуьйсу, хІунда аьлча эххар тІаьхьа аша царна дуккха

дӀалуш ма ду. Сатийсар дукха мел ду, дог далар а алсам хуьлу.

Вайн юкъараллехь ша шен везар даьржина ду. Адамаш тахана шайн бен ойла еш дац, гонахьа болчийн тидам а ца беш, царна лазам а боккхуш. Цу гӀуллакхо вай цецдаха ца деза. Делан Йозанаша къаьстташ боху, тӀаьхьарчу деношкахь «шайн бен ойла ца еш хир ду адамаш» (2 Тимапига 3:2). Вай ишттаниг ца тешачаьргара хиларан сатуьйсу, амма ПахӀала иза динан тобанан арахьа берш дагахь болуш ца яздора. Цо керстанех лаьцна бохура. Дуккха болчарна чевнаш йина, лазам а, цатеташ а хилийтина. Уьш халахетта бу! Уьш марзбелла! Амма уьш ца кхета, шаьш иблисан гурано лаьцна хиларх.

Мила ву кхунна бехке? Вай ду? Ӏийсас чӀогӀа къаьсташ аьлла, кху дуьненахь марздаларш я халахетарш ца хуьлуш дехийла дац. ХӀетте а дукхах болу керстанаш шайца и хилча баланехь а, цецбевлла а хуьлу, тӀаккха боьхна а хьийза. Вай, нийса доцуш лелар ваьшца бен ца хилла, лору. Ишттачу реакцис вай Ӏаткъаме а дой, къаьхьа орам гучубаларна билламаш кхоллаболуьйту. Кхузара догӀу, вай марздаларшна а, халахетаршна а дуьхьал латта кечделла а, гӀирс болуш а хила деза, хӀунда аьлча вешан реакцица вай вешан хиндерг билгалдоккху.

## ӀЕХОШ БОЛУ ГУРА

Оьрсийн «марздалар» бохучу дешаца догӀу грекийн дош, Лакас дӀаяздинчу Инжилан декъа тӀехь (17:1), скандалон дешах схьадолуш ду. Юьхьанца цу дешо гуран, Ӏехорна юьллуш йолу хӀума тӀетосучу декъан маьӀна дора. ТӀаккха, вай хьовсуш долчу дешан, цхьа муьлххачун а новкъахь биллинчу гуран маьӀна до. Керлачу Весетехь цу дешах сих-сиха, мостагӀчо адамаш шен гура муха лоьцу яздархьама пайда оьцу. Халахетар (я марздалар) — иза, цуьнан гӀоьнца адамаш леш ден мостагӀчун гӀирс бу. ПахӀала, къоначу Тимапина хьехамаш беш, яздора:

> Везачу Элан лай товш вац къийсалуш. Массаьрца а кӀеда-мерза, хьехамаш бан дика хууш, собар долуш

> хила веза иза. Шен *мостагIашна* а эсала хьехамаш бан беза цо. Дала царна а дохкодовлар а, билггал бакъдерг довзар а дала тарло. ТIаккха и мостагIий а, дохко а бевлла, меттабогIур бу. *Иблисо шен лааме берзийна* болу уьш шаьш *дIалаьцначу цуьнан речIанах паргIатбевр бу* (2 Тимапига 2:24-26).

Девнаш дохуш я мостагIалла лелош долу адамаш, гура чу а нислой, йилбазан лаам кхочуш беш долу, цуьнан йийсархой хуьлий дIахIуьтту. ТIаккха кхин а ирчаниг ду, и адамаш ур-атталла кхета а ца кхета, шаьш йилбазан йийсаре кхаьчнийла! Тилавелла ваьлла лелаш волу кIант санна, уьш сама а бевлла, билггал шаьш мича хьолехь ду а кхетта, метта бахка беза. Стага Iехавелла волчу хенахь, ша бакъ волуш лору, дерриг а нийсса бIостанехьа доллушехь.

Хьал мухха делахь а, дерриге а халахетта адамаш шина коьртачу категорина декъа мегар ду.

1. Шайца харцо йина хиллар.
2. Шайца харцо йина хилар лоруш берш

ШолгIачу категорех долу адамаш, доллучу шайн дагца, шайца вон лелла хиларх теша. Сих-сиха церан жамIаш нийса боцчу хааман бухана тIедоьгIна хуьлу. Амма хаам нийса а болуш, делахь а церан жамI дар харц долуш а хуьлу. Мухха делахь а, уьш халахетта бу, тIаккха церан хьолах кхетар харцхьа даьлла ду. Цара предложенишна а, тIехуларчу билгалонашна а, хабаршна а, хетачунна а тIедоьгIна ойла йо.

## ДЕГАН МА-ДАРРА ДОЛУ ХЬАЛ

Шен гIоьнца мостагIчунна адам халахетаран хьолехь латто аьтто беш йолчу кепех цхьаъ, халахетар дозаллина тIехьа къайладаьлла хиларан билгалонца ю. Дозалло шу шайн ма-дарра долчу хьолана къера ца хилийтало.

Цкъа динан гӀуллакхдархоша суна боккха лазам бальккхинера. ТӀаккха цхьадолчу адамаша бохура: «Со ца теша, уьш хьоьца иштта хиларх. Хьуна лазаме дуй?» ТӀаккха ас сихха жоп лора: «ХӀан-хӀа, соьца дерриг а дика ду. Со цхьанна а халахетта вац». Суна сайн халахетта хила ца мегийла хаьара, цундела ас дацаре а деш, муьлхха а халахетар эшадора. Ас суо халахетта ца хиларх тешавора, хӀетте а ма-дарра аьлча со халахетта вара. Дозалло сайн деган ма-дарра долу хьал ган новкъарло йора суна.

Куралло шу билггал бакъдолчух дӀа а дуьгий, бакъдолчун бӀаьр ца хьежуьйту. Цо шун гар харцхьа доккху. Шу цкъа а хийцалур дац, нагахь санна, аша шуьца дерриг а дика хилар ларахь. Куралло дог а чӀагӀдо, кхетам а кхоьлина бо. Цо дог хийцадаларх, аьлча а иблисан речӀанех паргӀатдохучу, дохкодовларх сецадо шу (хь. 2 Тимапига 2:24-26). Куралло, шу шайга бохам баьлларш санна, хьежийта дӀатоьтту. ТӀаккха шун терго еш хилар иштта хилла дӀахӀутту: «Соьца вон хилла, сан мах тоъал ца хадийна, цундела сан кхоччуш бакъо ю ишттачу кепара лела». Аша шаьш бехке ца хилар а, шайна мотт тоьхна хилар а ларарна, шу гечдан хьуьнар долуш ца хуьлу. Шун деган ма-дарра долу хьал шух къайладаьлла ду, амма иза Делах къайладаьлла дац. Шун, шайца нийса ца лелар бен бахьана доцуш, цхьа а тайпана бакъо яц шайца халахетар лело. Нийса доцург нийсадоцчуьнца эцаро, нийсаниг ца ло!

## ДАРБА ЛЕЛОР

Довзийтинарг киншки тӀехь Ӏийсас Лаодийски динан тобане вистхуьлуш боху, цара шаьш, цхьа хӀума оьшуш а доцуш, хьал долуш лору, тӀаккха царна церан ма-дарра долу хьал дӀадоьллу: «... Ткъа шу ца кхета шаьш ирс дайна а, декъаза а, къен а, бӀаьрзе а, дерзина а хиларх!» (хь. Довзийтинарг 3:14-20). Шайн тилабаларехь цара финансови беркат синан лакхаллин долуш санна тӀеэцна. Куралло къайладаьккхина царех церан ма-дарра долу хьал.

Дуккха долу адамаш тахана нийсса оццу хьолахь ду. Царна, суна суо цу гIуллакхдархошна мел чIогIа халахетта хилар ца гуш ма хиллара, шайн деган ма-дарра долу хьал ца го. Ас сайна хьоьхура, со цара чов йина вацара, бохуш. Iийсас лаодикийцашна, уьш Iехабаларх муха паргIатбовла беза дIадиллина: Делан деши а эцна, шен ма-дарра долу хьал гар.

## ДЕЛАН ДЕШИ ЭЦА

Iехадаларх паргIат муха довла дезарх лаьцна, Iийсан дуьххьарлера хьехам хIара бара: «шаьш хьал долуш хилийтархьама, цIергахь дахчийна деши эца шайна Соьгара...» (Довзийтинарг 3:18).

Дахчийна деши кIеда а, аьхна а ду, цуьнца мекха а, мекхо даар а, тайп-тайпана эдарш а ца хуьлу. Билггал, деши кхечу металлашца (цIастаца, эчигца, никельца) эдина хилча, иза чIоггIа а, декъа а долуш, мекхадоларна а, окисленина а тIера хуьлу. Металлийништтачу эдаларх лалам олу. Шеца эдеш долчу кхечу тайпана металлийн процентни чулацам дукха мел хили а, деши алсам чIагIлой дIахIутту. ТIаккха бIостанехьа, юкъаэдешдолчун процент кIезиг мел хили а, деши кIеда а, тIера а хуьлу.

Вайна сихха параллель го: цIена дог, цIеначу деших тера ду — иза кIеда а, Iеда-мерза а, тIера а ду. Iебархошка дахьийтарехь (3:13) чIагIдеш ду, адамийн дегнаш чIагIло, нагахь уьш къино Iехадахь! Нагахь вай халахетарца дерг цхьалха ца даккхахь, цо къахьалла а, дералла а, дуьхьалдовлар а санна болу къинан стом кхин а сов кхуллур бу. Цу шен доцчу тIетохарша вайн дог, эдеш долчо деши чIагIдеш ма-хиллара, декъа до. Цара вай кIеда-марзаллах а, кIеда хиларх а доху, вай кхетамчохь доцуш а до. Вайн Делан аз хазаран а, дерриг къаьсташ гаран а корматалла телха. Ткъа иза Iехадаларна тIехдика билламаш бу.

Деши цIандаран хьалхара гIулч ю, иза ахьа а аьхна, флюс олучу хIуманах дIаэдар. ТIаккха и эдинарг пеша а дуьллий,

лакхарчу температурехь лалуьйту. Эдинарг а, тIеэдинарг а флюсана тIе а хахкалой, тIехула хьаладолу. Деши, иза дезо долу дела, бухахь дуьсу. Эдарш, я шлак (флюсаца эдина цIаста а, эчиг а) цул тIаьхьа дIадоху, тIаккха шун цIена металл дуьсу.

Ткъа хIинца Дала бохучуьнга хьовсур вай:

> Хьажал, хьо цIанъярхьма Ас лалийна хьо, амма дети санна ца лалийна хьо. Ас зийра хьо баланийн кхерчахь (ЕшаI-ЯхIу 48:10).

ТIаккха юха а:

> Шу цунах даккхийдеш ду, хIинца кIеззигчу ханна шайна *тайп-тайпанара зер* лан дезахь а. Шун тешар зуьйш ду, ткъа иза дешил деза ду. ХIунда аьлча деши, *цIарца дахчош* делахь а, замано талхош ду. Ткъа шун тешар, зен а зийна, бакъдолу тешар ду аьлла, хила дезаш ду, Дала леррина къобалвина Iийса веанчу дийнахь шун хастам а, даздар а, сийлалла а хилийтархьама (1 Кипин 1:6, 7).

Дала адам баланаш хьегарца а, зерашца а, гIайгIанашца а цIандо, царех йолучу йовхоно вайна чуьра къинтIера ца довлар а, девнаш дахар а, къахьалла а, دералла а, хьагI а, кхидолу а санна, эдарш Делан амалх дIакъастадо.

Къа, цхьа а тайпа зеран йовхо а, баланаш хьегар а доцчохь, атта дIалечкъа. Кхиам болчу хенашкахь ур-атталла вон а, закон доцу а адам комаьрша а, дог дика а хета мега. Амма луьра зераш долчу хенахь, ерриг нехаш а, эдаларш а тIехула довлу.

Сан дахарехь, со, сайна хьалха цкъа а ца нисделлачу, ишттачу луьрачу зерах чекхволучу хенахь, иштта мур бара. Со сайна юххера долчу адамашца кIоршаме а, хаддош а хилла дIахIоьттира. Сан доьзал а, доттагIи а сох къехка буьйлабелира.

Со Деле кхайкхира: «Мичара яьлла суна ерриг а и дералла? Иза-х хьалха цкъа а ян ма яцара!»

ТIаккха Дала жоп делира суна: «Сан кIант, билггала, деши цIергахь лалочу хенахь, нехаш а, эдаларш а тIехула довлу».

ТIаккха Цо соьга, сан дахар хийцина долу, хаттар дира: «Гойла дуй хьуна дешица эдаларш, иза цIерга диллале хьалха?»

«Дац», — жоп делира ас.

«Амма, уьш цигахь ца хиларан билгало ма яц иза, — элира Цо. — ДуьххьалдIа, хьо зеран цIергахь нисвелча, и эдаларш тIехула девлла. Уьш хьох хьулдина дара, амма уьш даим а Суна гуш дара. Цундела хIинца хьуна хьалха, хьан хиндерг доьзна долу, харжам бар льтта. Хьан кхин дIа а, хьайн зуда а, доттагIий а, пастор а, хьайца болх беш долу адамаш а бехке а деш, оьгIазъэхийла ду, я хьан, цу къинан шлак билггал хIун ю кхета а, дохковала а, гечдар тIеэцийла а ду — тIаккха Ас Сайн чами схьа а эцна, и эдаларш дIадохур ду хьан дахарера».

## Хьовсийша шайн бакъдолчу хьоле

Iийсас, вайн дерриг а хIума билггал бакъ йолчу серлонгахь ган долу хьуьнар, Iехадаларх паргIатдовларан кхин а цхьа догIа ду, аьлла. Сих-сиха, халахетар дина долуш, вайна ваьш бохам баьлларш санна го, тIаккха вай ваьшна халахетар динарш бехке бо. Вай, и дерриг а гучудаьлча, вешан къахьалла а, къинтIера ца довлар а, дералла а, хьогIалла а, оьгIазло а бехказйоху. Цкъацкъа вай ур-атталла ваьшна халахетар динчарах лаьцна дагадаийтинчарна а оьгIазъоьху. Цу бахьанехь Iийсас хьехам бора: «.Хьакхар а эций, иза бIаьргех хьакха, бIаьрса даийтархьама» (Довзийтинарг 3:18). ХIун ган? Вешан бакъдолу хьал! Иза цхьаъ бен боцу некъ бу, иштта бен вай «эмгаралле а хилла, дохкодовлалур дац», Iийсас омра дина ма-хиллара. Шу дохкодовлалур дац, кхинаш бехке бар сацийча бен.

Вай цхьаъ бехке а веш, ваьшна хетарг бакъ дахь, вай бIаьрзе ду. Вай вешан вешин бIаьргара нех дIаяккха гIерта, вешан бIаьргахь дийнна гуьйриг а йолуш. Бакъдолуш билггал бакъдерг

довзийтаро дохьу вайна кIелхьардовлар. Делан Сино вайна вешан къа гойту, Цо даим а вайна къа а, ваьш а къаьстина гуш хилар до. Цо емалдар а доцуш, Iорадаккхар дохьу.

Ас доIа до, хIара киншка йоьшучу хенахь, Делан Дешо шун кхетаман бIаьргаш серла бахархьама, шуна шайн бакъдолу хьал а гина, муьлххачу а халахетарх паргIатдовлийтархьама. Шайн нийса гуш долчунна а, дохкодовларна а дуьхьало ян ма магаде куралллина.

Халахетта керста — иза,
дахар шена чуэцна, амма
кхерам бахьана долуш,
цуьнца декъа хьуьнар доцу
стаг ву.

# КОРТА 2

# МАССИЙН ХАЛАХЕТАР

***Сох тешна болу дукхахберш дохко а бевр бу, ямартлонаш а еш, вовшашица гамо лелор ю. Дукха нах лебеш, дуккха а харцпайхамарш юкъабеվр бу. Зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахболчеран безам лахлур бу. Амма и дерриг а чекхдаллалц лайнарг кІелхьарвоккхур ву.***

**– Маттай 24:10-13**

Инжилан Маттайс дІаяздинчу декъан кху коьртехь Іийсас хенийн чаккхенан билгалонаш ялайо. Мурдаша хоьттура Цуьнга: «ХІун билгало ю Хьан схьаваран?»

Дукхаха берш вай Іийса схьавогІун волчу заманахь дехаш хиларца реза хуьлу. Пайденна дац Цуьнан юхаваран хенан нийса терахь билгалдаккха гІертар. Дена бен ца хаьа иза. Амма Іийсас, Ша муьлхачу муьрехь юхавоьрзур ву, аьлла, — тІаккха и мур хІинца тІекхаьчна! Цкъа а хьалха динан тобанехь а, Исраилехь

а, дуьненахь а оццул дукха Делан Йозанийн пайхамараллаш кхочушхилар ца гина вайна. Цундела вайн тешам хиларца, Инжилан Маттайс дІаяздинчу декъан 24-чу коьртехь Іийсас гайтинчу заманахь дехаш хилар ала йиш ю.

Хилаза ца долучу Іийсан схьаваран билгалонех йолчу цхьанна тидам тІебахийтийша: «Хьагбелла хир бу (аьлча а халахетта) *дуккха берш...*»

Масех стаг а воцуш, цхьаберш а боцуш, ткъа *дуккха берш.*

Цкъа-делахь, вайн ваьшка хаттар дала деза: «Муьлш бу и хьагбелларш а, халахеттарш а?» Уьш керстанаш бу я дийнна юкъаралла ю? Вайна жоп карадо кхин дІа: «... Зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахболчеран *безам* лахлур бу». Кху стихехь «безам» бохучу дешаца грекийн дош *агапе* гочдина ду. Вайн Керлачу Весетехь «безам» санна гочдеш масех грекийн дош ду, амма шиъ алсам дІасадаьржина ду — уьш *агапе* а, *филео* а ду.

*Филео* — доттагІашна юкъахь болу безам. Иштта безам, цхьа билггалчу билламашна тІехь лела доттагІалле схьаийна хилар ду. *Филеос* боху: «Ахь сан букъ кІамбе, ткъа ас хьайниг кІамбийр бу» я «Соьца лараме хила, тІаккха со а хьоьца иштта хир ву».

Кхечу агІор, *агапе* — иза, Дала Шен берийн дегнаш чу Іенош болу, безам бу. Иза биллам боцуш бу. Иза гІуллакхашна я вовшийн хиларна тІебоьгІна бац. Иза, ур-атталла ша юхатоьттучу хенахь а, «дІалуш» болу безам бу.

Дела воцуш вайн ша шен везачу безамца бен дезийла дац, иштта безам, ша тІе цаоьцучу я цунна вовшийн хилар ца карочу хенахь, лелачуьра соцу. Амма *агапена* деза, хІуъа хилахь а. *Агапе* — иза билггал, Іийсас жІара тІехь леш волуш, массарна а гечдечу хенахь, гайтина безам бу. Иштта, Іийсас «дуккха берш» бохурш, шайн агапе шелбелла керстанаш бу.

Сан дахарехь, цхьана стагана сайн безам гайтархьама, аса массо а дан аьтто берг, деш йолу хан яра. Амма хІоразза а, ас цуьнга сайн безам дІа мел кхийдабо, цу стага суна критика еш жоп луш а, иза сайца кІоршаме хуьлуш а, хеталора. Иза масех баттахь иштта кхин дІа доьдура. ТІаккха эххар а сан собар кхачаделира.

Со Деле леткъа волавелира: «Соьгара иза тоьур ду. ХIинца цунах лаьцна Хьан соьца къамел дан дезар ду. ХIоразза а ас цу стаге Хьан безам мел гойту, суна жоп луш цуьнан кIоршамалла кхочу!»

Везачу Эло соьца къамел долийра: «Джон, ахьа Делан безамах лаьцна тешар кхио деза!»

«ХIун ду Хьан дагахь дерг?» — хаьттира ас.

> «Шен хьарам лаам кхочушбеш, къилахь долу хIу тосучо хIаллакьхиларан *ялта хьокхур ду.* Ткъа Делан Синан лаам кхочушбеш хIу тосучо, Делан Сино луш долчу, хедар доцучу дахаран ялта хьокхур ду. Дика дан кIад ма лолаш. Нагахь вай дика дан мало ца яхь, тIейогIур ю и хан, ваьш динчу гIуллакхийн кхиамаш вайна карош» (Галатахошка 6:8, 9).

Шу кхета деза: аша Делан безам дIабуьйчу хенахь, аша Делан безам схьалахьабо. Цу синан лакхаллин законах шайн тешар кхио деза, аша, хила тарло, шаьш дIадийначу аренгара схьа ца лахьо мега, я схьалахьор ду, амма шуна луучу сихонца хир дац иза.

Везачу Эло кхин дIа бохура: «Уггар оьшучу хенахь, уггаре а юххерачу доттагIаша дIатесира Со. ЯхIуда ямартло йира Суна, Кипас дIатесира Со, ткъа биснарш дIабевдира шайн дахар кIелхIардаккхархьама. Цхьа Яхьъя бен ца вогIура геннара. Ас гIайгIа бора церан кхаа шеран йохалла, юург а яа йора, Iама а бора уьш. ХIетте а дуьненан къиношна тIера леш волуш, Ас массарна а гечдира. Ас паргIатбехира уьш берриш а, Со дIатесна болчу, Сан доттагIашна тIера дIаволавелла, Со жIарах дIатоьхна болчу, римхойн салташца чекх а волуш. Цара гечдар ца дийхира, хIетте а Ас гечдира царна. Соьгахь Делан безамах тешар дара. Безам дIаберца, Айса Пачхьалкхан дуккха а болчу кIентийн а, йоIарийн а безам схьалахьор буйла хаьара Суна. Безамах тешалла деш долу, Сан сагIа бахьана долуш, царна Со везар ву.

> Ас аьлла: „Шайн мостагIий беза, шайна зулам деш берш Деле беха – шайн стигалахь волчу Ден бераш шу хилийта. Цо цхьа а ца къаставо шуна: Цо малх массарна а къоьгуьйту – дикачунна а, вочунна а.

ДогIа а Цо цхьатерра доуьйту Шен лаамехь болчарна а, боцучарна а. Шуна шайца дика берш бен безаш ца хилча, цунах хIун пайда хир бу? Иза санна йолу юкъаметтиг-м ял йоккхучара а лелайо шуна. Шайн вежаршка бен аша салам луш ца хилча, цунах тамаш бан меттиг яц шуна. И санна йолу юкъаметтиг дин доцучу наха а лелайо шуна“ (Маттай 5:44-47)».

## СИЙЛАХЬ САТИЙСАРШ

Со кхийтира, ас гойтуш болу безам Духе дIабуьйш бара, тIаккха чаккхенан жамIехь ас цу безаман хIушех хьалакхиъна зIийдигаш схьалахьор ю. Суна ца хаьара мичара, амма хаьара, ялта чуэцар билггал хирдуйла. Аса, сайн везаш волчу стагера вовшийн хилар ца нисдалар, кхин бохам ца лорура. Цу гIуллакхо паргIатваьккхира со, иза веза кхин а алсам хьунар а делла.

Нагахь дуккхах болу керстанаш цунах кхетахьара, уьш юха а бевр бацара, марз а лур бацара. Дуккхахьолахь вай ца гойту иштта безам. Вайца ваьш ваьшна дезаран безам бу, иза, цуьнан сатийсарш кхочуш ца хилча, атта дог долуш хуьлу. Нагахь со адамашкара цхьана хIуманан сатуьйсуш велахь, цу адамаша дог далийта мега сан, цу тIе, цара сан сатийсарш кхочуш ца даллал болчу барамехь. Амма со адамашкара цхьана а хIуманан сатуьсуш вацахь, дерриг а суна цаьргара хуьлуш дерг, цхьа хила дезаш дерг санна а доцуш, ткъа декъалдар санна, тIеоьцу ас.

Вай, ваьшца хьакхалуш болчаьргара цхьа билгал долу лелар тIедуьллучу хенахь, ваьш марздаларна а, халахетарна а дIадоьллу. Вайн кхечаьргара хила луучун сатийсар дукха мел ду, вайн халахетта а, марзделла а хиларан хьал алсам даьлла дIахIутту.

## ЛАРДАРАН ПЕНАШШИЙ?

ОьгIазвахана волу доттагIа меттавало хала ду, чIагIйина гIала яккхарал а. Вовшашца даьлла дов гIалин кевнна тоьхначу догIанал а чIогIа хуьлу (Кицанаш 18:19).

Халахеттачу вешина я йишина тӀехь толам баккха, чӀагӀйина гӀала схьаяккхарал а, хала ду. Ширачу заманахь, кхайкхина боцу хьеший а, дӀалацархой а цу чу бахка ца могуьйту, гӀалин кхерамазалла а, ларъяр а хуьлуьйту *пенашца* го бина хуьлура. ГӀалина чоьхьа довлу дерриге а кевнаш леррина лардеш дара. Ял дӀаялаза берш, цара и даллалц, гӀали чу ца буьтура. ГӀалин токхонна а, кхерамазаллина а кхераме лоруш волу муьлхха а, иштта цу чу ца вуьтура.

Ваьш халахетта долчу хенахь, вешан дегнаш кхерамазалле дархьама а, кхин дӀа чевнаш ца яйтархьама а, вай пенаш хьаладутту. Вай къастамаш бан хууш а хуьлий, ваьшна цаьргара керла чевнаш хиларх кхерам берш чу ца буьту. Вай, ваьшна хетарехь, вайна цхьа хӀума декхарийлахь долу адамаш леррина луьтту. Вай, цу наха кхоччуш шайн декхар схьадаллалц, царна хьалха ков дӀакъовлу. Вай вешан дахар, ваьш лоруш махиллара, вешан агӀор болчарна бен дӀа ца доьллу. Делахь а сихсиха и «вешан» адамаш иштта халахетийтина а, сийсаздаьхна а хуьлу. Цу кепара, адамашна гӀо дечу метта, вай дуьххьалдӀа вешан пенашна тӀе кхин а тӀулгаш дохку. Цкъа и лардаран пенаш вайн туьрме хуьлий дӀахӀуьтту, иза билггал маца хуьлу, ваьш ца кхетташехь. Кху муьрехь, вай вешан гӀопа чоьхьа волучуьнга тӀехдаьккхина сема хилар гайтина а ца Ӏаш, амма, кхерамо дӀалаьцна долу, вай ваьш а цу чуьра аракъида ца даьхьа.

Сийсазбаьхначу керстанаша тидам шаьш шайна тӀегулбо, шаьш шайн анализ а еш. Вай тидаме хьоьжу вешан бакъонашка а, долахьчу юкъаметтигашка а. Вай берриг а вешан ницкъ бойу, ваьш керла чевнаш хила муьлххачу таронах лардархьама. Амма вай ваьш юха а чов хирг хиларан кхерамна кӀел доьлхуш дацахь, вайн биллам боцу Делан безам гойтийла дац. Цу, цхьа а биллам ца хӀоттош болчу безамо, кхечарна вайна чевнаш ярна бакъо ло.

Безамо шениг ца лоьху, ткъа халахетта адамаш тӀаьхьтӀаьхьа алсам а дуьйлуш, шайна пайденна а, хьулделла а хилла дӀахӀуьтту. Иштташу хьолехь Делан безам шелло. Цу гӀуллакхан ма-дарра долу масала Безачу махкара ши хӀорд бу .

Галилейски хӀордо парггӀат хи тӀе а оьцу, дӀа а ло. Иза шортонца дахар долуш бу, дуккха тайп-тайпана чӀерий а, хи чуьра ораматаш

а юзош. Галилейски хIордан хиш Йордан-хи чухула Дуьрачу хIордачу кхета. Амма Дурачу хIордо хи тIе а бен ца оьцу, иза дIа а ца луш. Цу чохь ца деха я чIерий а, я ораматаш а. Галилейски хIордан дийна хиш Дуьрачу хIордан лаьттачу хица эдаларца, дуьра хуьлий дIахIутту. Дахар лардина хуьлийла дац, нагахь иза кхечарна луш дацахь.

Цундела халахетта волу керста — иза, дахар тIеоьцуш, амма кхерам бахьана долуш, и декъа хьуьнар доцу стаг ву. Цуьнан жамIехь ур-атталла, хIетте а цунна чоьхьадаьлла дахар, халахетаран туьрмин пенийн дозанел чоьхьа, дIадахар доцуш лаьтташ хилла дIахIутту. Керлачу Весето цу пенех гIепаш аьлла ду.

> Тхайн тIемашкахь оха лeладо герзаш кху дуьнен чуьра герзаш дац. Мелхо а, Дала цу герзашна Шен ницкъ белла, цаьргахула тхоьга гIепаш хIаллакьяйтархьама. Мекара ойланаш а, Дела вовзарна дуьхьал лакхайоккху муьлхха а куралла а йохайо оха цаьрца. Муьлххачу а ойланашна цаьрца йийсар до оха, уьш Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь ярхьама (2 Коринтхошка 10:4, 5).

Цу чIагIонаша, берриг а схьахуьлуш болу хаам гура чу дIа а нисбеш, ойлаяран билгал йолу кепаш кхуллу. Юьхьенца уьш гIоьнна дIахIиттийна хиллехь а, хIинца уьш Iазап хьегаран а, харцхьадаккхаран а хьоста хуьлий дIахIуьтту, *хаарна* я Дела вовзарна дуьхьал тIом бо дела.

Вай дерриг а вешан хьалхалерачу халахетарех а, юхатеттарех а, сингаттамех а чекхдохучу хенахь, вайна Делах тешар хуьлийла ца хилар карадо. Вай, Делан дагахь билггал Цо бохуш дерг хирг хиларх, ца теша. Вай шеконе доккху Цуьнан дика хилар а, тешаме хилар а, ваьш Цунах лаьцна вешан дахарехь кхечу адамаша хIиттийначу барамашца ойла йо дела. *Амма Дела адам дац!* Цуьнан харцлейла дац (хь. Лелар 23:19). Цуьнан некъаш — вайн некъаш дац, тIаккха Цуьнан ойланаш — вайн ойланаш яц (хь. ЕшаI-ЯхIу 55:8, 9).

Халахетта долчу адамаша Дезачу Йозанашкахь шайн агIо тIечIагIярхьама меттигаш карор ю, амма иза Делан Дешаца нийса

лелар дац. Безам боцуш Делан Дош довзар хIаллакден ницкъ бу, цо адам деза деттаре до дела (хь. 1 Коринтхошка 8:1-3). Цу гIуллакхо, вешан къинтIера ца довларна дохкодуьйлучу метта, ваьш бехказдахарна меттахдоху. Цо вай Iехалучу хьоле кхача го кхоллаболуьйту, хIунда аьлча Делан безам боцчу хааро вай тиларна тIедаладо дела.

«Дуккха болчарна халахетар ду» олий, Iийсас сихха харцпайхамарех лаьцна дIахьедо: «Дукха нах лебеш, дуккха а харцпайхамарш юкъабевр бу...» (Маттай 24:11). Муьлш бу и цара Iехон болу дуккха берш? Жоп: уьш, шайгара безам шелбелла, халахетта а, марзделла а адамаш ду (хь. Маттай 24:12).

## ХАРЦПАЙХАМАРШ

Iийсас харцпайхамарех уьстагIийн аматехь берш олу (хь. Маттай 7:15). Уьш, шайниг лоьхуш долу, шайна пайден адамаш ду. ТIехула уьш керстанех тера бу (уьстагIийн амал), амма берзан Iалам долуш бу.

Берзалошна безаме хета уьстагIашна гонаха хьийзар. Уьш керстанийн динан тобанан декъашхошна юкъахь санна, иштта кафедрина тIехьа а нислойла ду. Иштта адамаш, керстанийн могIаршна юкъа а дахна, уьш Iехорхьама дахийтина мостагIчо. Уьш, церан хьехамашца я пайхамараллица а доцуш, ткъа церан стоьмашца довза деза. Сих-сиха церан хьехамаш нийса хета мега, оццу хенахь церан дахаран а, гIуллакх даран а стом иштта бац. ГIуллакххо я дуьххьал дIа керста, цо бечу хьехамца а доцуш, ткъа иза муха вехаш хиларца билгалдоккху.

Берзалоша даим а чевнаш хилла а, къона а уьстагIий лоьху, ткъа могуш а, ондда а берш а боцуш. Цу берзлоша адамашна, царна *хаза дезарг* а доцуш, ткъа царна хаза *лууш дерг* дуьйцур ду. Иштачу адамашна нийса хьехам хаза ца лаьа — царна, уьш хезаш волу цхьа муьлхха а Iехавала лаьа. Хьовсур вай, ПахIала тIаьхьарчу заманах лаьцна хIун боху:

> Хаалахь, тӀаьхьарчу деношкахь хала хенаш хир ю. Шайн бен ойла ца еш хир ду адамаш. Уьш хир ду *сутара...* (хӀинцалерчу гочдарехь – «воиг дицлуш доцу» адамаш), *дикачу вастехь а долуш, ницкъо дӀатесна.* Ишттачех къахкалахь. ХӀунда аьлча адамаша нийсачу хьехамашка ладугӀур доцу хан тӀейогӀур ю. Шайн-шайн лаамашка а хьоьжуш, шортта хьехамчаш шайна гонах гулбийр бу цара, шайн лергашна хаза лууш дер-дерг цаьрга дийцийта. Билггал бакъболчу хьехамах дӀа а бирзина, туьйранашкахьа боьрзур бу уьш (2 Тимапига 3:1-5; 4:3, 4).

Билгалдаккхалаш, церан дика васт а хир ду, уьш керстанаш санна а хир бу, амма цара керстанийн ницкъ дӀатоьттур бу. Мухачу кепара дӀатосур бу цара сийлаллин ницкъ? Цара, керсталло уьш къинтӀера ца бовлучарех къинтӀера бевраш бийриг хилар керстдийр ду. Цара, шаьш Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах ду бохуш дозалла а дийр ду, лакхара юха дуьнен чу довлар лайна а бохур ду. Амма цара шаьш дозалла деш долчунна шайн дегнаш чу а даьлла, Дала леррина Къобалвинчун амал кхолладала магор дац.

## ИНФОРМАЦИОННИ ТАЬХЬЕ

ПахӀална, цу Ӏехийначу адамийн хааршна эмгаралла хир ю, амма и хаарш цкъа а шаьш шайна тӀехь пайда оьцуш хир доцу дела, хийца ца луш дуьсург хилар гора пайхамаралле. Иштта яздо цо царех лаьцна:

> ... даим Ӏамо гӀерташ белахь а, билггал долу бакъдерг цкъа а къобал ца дало цаьрга (хь. 2 Тимапи 3:7).

Нагахь ПахӀал тахана вехаш велхьара, ша хир ду аьлла хиндерг долуш ма-дарра гича, иза чӀогӀа дог доьхна хир вара. Цунна, конференцишка а, семинарашка а, динан тобанан гӀуллакх дечу меттигашка а лелаш, Дезачу Йозанийн хаарш гулдеш болу, дуккха божарий а, зударий а гур бара. Цунна, кхин а сов шаьш шайна дезачу «кхиаме» дахарца дахархьама, уьш «кеплачу довзийтарна» толлуш муха лела, гур дара. Цунна, керстанийн

динан гӀуллакххоша, и дерриг а «бакъахьарчу бахьанашца» бакъ а деш, вовший суьде луш хилар, гур дара.

Цунна, керстанийн прессехула а, радиохула а Делан стегаршна а, зударшна а Ӏиттарш яр, гур дара. Цунна, халахетарех кӀелхьарбовлархьама, харизматаш цхьана динан тобанера вукханхьа бевдда лелар, гур дара. Цара массара а Ӏийсан олалла тӀе а оьцу, тӀаккха оццу хенахь, къинтӀера довла а ца хаьа. ПахӀала чӀоггӀачу озаца мохь хьоккхур бара: «Шу, шалхаллин а, шайна пайденна дерг деза а адамаш! Дохко а довлий, шайн Ӏехадаларх кӀелхьардовла!»

Шун, шаьш лелачу семинарашкахь а, библейски школашкахь а керлачу довзийтарех хаам мел хиларан, я аша мел киншкаш ешна, я ур-атталла аша доӀанна тӀехь а, Делан Йозанаш Ӏаморна тӀехь а мел сахьт доккху, маьӀна дац. Нагахь хьо халахетта а, цу къинна дохковала ца лаарца, къинтӀера валаза а воллуш велахь, хьо билггал бакъдерг довзарна тӀе ца кхаьчна. Хьо Ӏехавелла ву тӀаккха хьайн шалхаллин дахаран вастаца ахь кхечарна эхьхетуьйту. Хьан довзийтинарг мухха делахь а, иза, ша шех дуьйцу стом бу. Хьо, билггал бакъдерг а доцуш, Ӏехавалар а, Ӏехор а дохьу, къаьхьа хи хьаладетта хьоста хуьлий, дӀахӀуттур ву.

## ЯМАРТЛО

> Сох тешна болу дукхахберш *дохко* а бевр бу, *ямартлонаш* а еш, вовшашца *гамо* лелор ю (Маттай 24:10).

Толлур вай и чӀагӀдар. Нагахь вай цуьнга кхин а сов тидаме хьовсахь, тӀаьхьа-хьалха хилар гур ду. Халахетаро ямартлонна, ткъа ямартлоно — хьогӀана тӀе дуьгу.

ХӀинца хьалха аьлла ма-хиллара, халахеттачу адамаша шайна гонаха лардаран пенаш дӀахӀиттадо. Вайн Ӏалашо лардалар хилла дӀахӀутту. Вайна ваьш хӀуъа дина а лардан а, кхерамазалле дан а лаьа. Цу гӀуллакхо вай ямартло ялур йолуш до. Вай цхьанна ямартло ечу хенахь, ваьш лардан я кхечуьнгахула пайда хилийта гӀерта, тӀаккха гуттара санна, иза

вешан юххера юкъаметтигаш йолчу стагехула хуьлу.

Цу кепара, Делан Пачхьалкхехь ямартло йо, тешаш волчо шена пайда хилар я кхечу тешаш волчуьнгахула ша ларвар лоьхучу хенахь. Юкъаметтигаш юххера мел ю, ямсртло кхин а ирча хуьлу. Ямартло весет дохоран ладаме хIума ду. Ямартло хилча, даггара дохкодовлар хиллалц, юкъаметтигаш юха меттахIиттийла дац.

Ямартлоно ерриге а кхузара схьайогIучу тIаьхьалонашца хьогIана тIе дуьгу. Делан Йозанаша къаьстташ боху, «Шен динан ваша цавезарг адам дуьйш верг санна ву» тIаккха «адам дуьйш долчу цхьана а адаман Делаца долу дахар ца хуьлийла» (1 Яхьъяс 3:15).

Тахана вайна юха а, юха а тешачарна юкъахь халахетаран а, ямартлон а, хьогIан а масалш нисдалар гар ма сингаттаме ду. Иза, гIеххьа дерг долуш санна, лоруш, оццул шуьйра дIасадаьржина вайн цIеношкахь а, динан тобанашкахь а. Вай, цхьана динан гIуллакххочо важа суьде лочу хенахь, хIинца хала а ца хеташ, дог ца лозуш хилла дIахIиттина. Вай хIинца, тешачу мар-зударша вовшашна суьдехь лехам а луш, дIасакъастаран гIуллакх даро цец ца доху.

Динан тобанашкахь декъадалар дIасадаржар а, хиндерг схьадиийцалуш хилар а дIахIоьттина. Боллучу ницкъаца дуккха болчу динан гIуллакххоша кечйина политика лелаш ю. Иза Стигаларчу Пачхьалкхан я Динан тобанан «лаккхарчу хьаштонашца» хьул а еш.

«Керстанаша», шайца вон лелаш а, тIаккха церан хьолера кхечара пайда оьцуш хиларх а тешна хиллалц, шайн бакъонаш ларйо. Керлачу Весетан тIетадар дицделла те вайна?

> Нагахь шайна цхьа харцо йинехь а, Iад хIунда ца Iа шу? Шайна цхьа эшам хиллехь а, Iад хIунда ца Iа шу? (1 Коринтхошка 6:7).

Iийсан дешнаш дицделла те вайна?

> Ткъа Аса боху шуьга: шайн мостагIий беза, хьайна зулам деш берш Деле беха... (Маттай 5:44).

Делан весет диццдина те вай?

> Цхьа а хIума шена пайда леха а, дозалла дан а ца деш, хIораммо а, ша-ша эсала а хуьлуш, вовшийн лакхара ларалаш (Пилапхошка 2:3).

Цу безаман Iедалшца хIунда ца деха вай? ХIунда ду вай ямартлонна иштта сиха, Iехийна хиларан кхерамца, вовшийн дуьхьа вешан дахарш охьадиларан метта? Бахьана кхуьнца ду: вайн безам шелбелла, цу жамIехь вай кхин дIа а ваьш лардан а, кхерамазалле дан а гIерта. Вайна тешна хиларца вешан гIайгIа бар Делан кара дIа ца далало, цундела ваьш вешан гIайгIа бан гIерта.

Iийсана вон дечу хенахь, Цо вонца жоп ца лора, амма Шен са Бакъахьара Кхелахо волчу, Деле дIалора. Дезачу Йозанаша вай Цуьнан некъаца дIадахаре тIекхойкху.

> Шу оцу балхана кхайкхина ма ду. Дала леррина Къобалвинарг а, шун дуьхьа баланаш а лайна, Шена тIаьххье шу дахкийта масала а гайтина ма ву. «Цо цхьа а къа а ца латийна, Цуьнан багара харц дош а ца даьлла». Ша сийсазвича, Цо дуьхьал вон дош ца олура, Ша бала ловчу хенахь, кхерамаш ца туьйсура, амма нийсо ечу Кхелахочун кара Ша дIалора (1 Кипин 2:21-23).

## АЬТТО БЕШ ВЕРГ

Вай дилханна а доцуш, Далла тIедилларна тIедахка деза. Дуккха болчара, Цунах шайн дахаран хьоста а олуш, Далла хастам бо, амма байлахь берш санна беха. Уьш шайн дахар шайн кара лаьцна Iа, шайн багаца: «Iийса— сан Веза Эла а, Дела а ву», бохуш, дийцаре а деш.

Шуна хIинца гина, мел ладаме ду, халахетар санна, долу къа. Нагахь цуьнца дерг чекх ца даккхахь, цо чаккхенан жамIехь Iожаллина тIе валор ву. Шу халахетаран зерна дуьхьал лаьттачу хенахь, Дала сийлахь толам ло.

Нагахь иблисе вай муьлххачу минотехь хlаллакдалуш делхьара, цо иза тоххар дина хир дара.

# КОРТА 3

# ИШТТАНИГ СОЬЦА МУХА ХУЬЛИЙЛА ДАРА?

***ТӀаккха Юсупа элира: «Шуна дагадеара суна зулам дан, амма Дала цунах дика болх хилийтира, хӀинца тахана долуш дерг кхочушхилийта: дукха Адамаш лечуьра кӀелхьардахар...»***

**– Доладалар 50:20**

Хьалхарчу коьртехь вай дерриге а халахетта адамаш шина коьртачу категорина дийкъира: 1) билггал шайца вон хилларш а, 2) шайца вон хилла моьттурш а, ма-дарра иза иштта дацахь а. Кху коьртехь суна хьалхарчу категорин долахь болчаьргхьа верза лаьа.

Хаттар тӀера долор вай: нагахь хьоьца билггал нийса ца леллехь, бакъо юй те хьан халахета? Жоп хиларна Якъубан безамечу кӀентан Юсупан дахаре хьовсур вай (Доладалар 37-48).

# ГІАН ИРЧА ХИЛЛА ДІАХІУТТУ

Юсуп Якъубан цхьайттолгІа кІант вара. Цуьнга цабезам бара боккхаха болчу вежарийн, хІунда аьлча, да цуьнца бисинчарел дика вара, цо иза вукхарна юкъара схьакъастийнера, цунна бес-бесара духар а делла. Дала Юсупна шиъ пайхамаралле гІан деллера. Хьалхарчу гІенахь цунна аренгахь дихкина цІевнаш гинера. Цуьнан цІов хьала а айабелла, нийсса дІахІоьттинера, ткъа цу хенахь цуьнан вежарийн цІевнаш цунна хьалха охьатаьІнера. ШолгІачу гІенахь цунна шена хьалха охьатаьІна малх а, бутт а, цхьайтта седа а гинера (цара цуьнан ден а, ненан а, вежарийн а сурт хІоттадора). Цо и гІенаш шен вежаршна дийцича, дера, цара цуьнан воккхавер ца дийкъира. Мелхо а, уьш цуьнца кхин а сов гамбелира.

Кестта воккхаха волу итт ваша ден жаш дежа дежийлаш лаха вахара. Якъуба Юсуп цаьрга хьажа вахийтира. Боккхаха болчу вежарша шайна гергавогІу Юсуп а гина, элира: «ВогІуш ву-кх и гІенаш гуш верг. Вей дІаваккхий вай иза! ТІаккха хьовсур вай, хІун хуьлу цуьнан гІенех! Цо ша вайна тІехь паччахьалла дийр ду боху. Велла волуш гІоьртур иза вайна тІехь олалла дан!» Цара иза кІоргачу ора чу кхоьссира, хІаллакьхуьлчу тІе а хІоттош. Вежарша цунна тІера бедарш схьа а яьхна, этІа а йина, дийнатан цІий хьаькхира цунах, да, Юсуп акхачу экхано этІийна хиларх, тешорхьама.

Амма вежарша Юсуп ор чу кхоьссинчул таьхьа, царна Мисара йоьду исмаьІалхойн ковра гира. ТІаккха ЯхІуда элира: «ХІай, кІентий, собар дейша. Нагахь вай цунна оцу ора чохь валар магадахь, вайна цунах цхьа а пайда хир бац. Вай иза лолле дІа а воьхкина, цу тІехь мелла а ахча доккхур ду. Иза вайна велларг санна а хир ву, цо вайн кхин цкъа а гІад-амал кхачор а дац, ткъа вай хІонс ваьшна юкъахь йоькъур ю!»

Цара иза ткъа шекал дато ахчанах дІавоьхкира. Уьш халахетта бара, цундела цара иза, тІаьхьалонах а, доьзалх а ваькkхина,

дӀавоьхкинера. Диц ма делаш, и дерриг а цуьнан нанас дена бинчу вежарша динера, церан цхьа да вара — цхьа дилха а, цӀий а.

Кхоччуш кхечу культурехь хьалакхииийначу вайна, цу адамаша лелийначу дерриг ирчачу хӀуманах кхета хала ду. Цул вон дерг вер бен хуьлийла дац. Цу заманахь чӀогӀа лараме дара кӀентий хилар. КӀенташа ден цӀе а ларйора, цуьнан долу дерриг а хӀума царна тӀаьхьалонна а дуьсура. Юсупан вежарша иза гуттаренна а шен ден цӀе а, тӀаьхьалонна дуьсуш долчух а ваьккхинера. Цара цуьнан цӀе яйинера, кхоччуш шен доьзалца муьлхха а цхьаъ ларарх а ваьккхина. Адам кхечу махка лолле доьхкича, иза даллалц лоллехь дуьсура. Цо ялийна зуда а иштта лай хилла дӀахӀуттура, тӀаккха дерриге церан бераш а леш хуьлий дӀахӀуьттура! Дерриге а Юсупна хьомечу доьзалехь мехала дерг дӀадаьллера.

Хала ду дуьнен чу ваьлчхьана лоллехь хилар, амма алалур а доцуш хала ду, хьо тӀаьхьалнна боккха бахам а, сийлахь хиндерг а долуш дуьнен чу а ваьлла, тӀаккха цу дерригенах ваьлча. Шен ирсечу дӀадаханчух лаьцна цкъа а ца хаар дуккха а атта хир дара. Юсупна ша дийна дакъа долуш санна, хетийла дара. Со тешна ву, иза зеран кӀел а вахана, ша вежарша вийна хилар гӀолехь хеташ хилла хир ву, аьлла. Цу дерригенан духехь дерг иштта ду: Юсупан вежарша динарг, — зулам ду.

## ЯХАНЧУ ХЕНАХЬ ХИЛЛАЧУЬНГА ХЬАЖАР

Аша хӀинца Юсупан истори аса юьцучуьнтӀера йоьшу, схьахетарехь, шуна хӀинца цуьнан чаккхе а евза. Амма Юсупна цунах лаьцна ца хаьара. Дерриг а иштта гуш дара: цунна кхин цкъа а я шен да а гур вацара, я Дала цунна делла гӀенаш кхочушхилар а гур дацара. Иза лай вара хийрачу махкахь. Цуьнан Мисара юьтийла дацара. Иза велла дӀаваллалц кхечу стеган долахь вара.

Юсуп Потипар цӀе йолчу стагана воьхкинера, иза пирӀуьнан гӀуллакхера стаг вара, цуьнан ха деш болчийн хьаькам, тӀаккха

Юсупа цунна итт шо гергга гIуллакх динера. Юсупна шен доьзалера цхьа а хаам ца кхочура, тIаккха иза кхийтира, дас иза велла лорура. Доьзалан дахар кхин дIа доьдура иза а воцуш. Юсупан цхьа а тайпа сатуьйсийла дацара дас цкъа мацца а иза кIелхьарвоккхург хиларан.

Хан мел йолу Юсупна, шеца дика хила волавеллачу, долахочуьнгара сий дар карийра. Потипара Юсуп дерриг а шен цIийнан а, долахь долчун а Iуналла деш дIахIоттийра. Амма Юсупан дахаран хьал мелла а дика хилла дIахIоьттича, Потипаран зудчун даг чохь цхьа чIогIа вон хIума кхолладелира. Иза шен тIейирззина хьажар а дина, цуьнца тамехь доцург лело лууш яра. ХIора дийнахь иза и шена тIеверзо гIертара, амма цо и дIатоьттура. Цкъа и шиъ шаьш нисделча, цо иза соне а лаьллина, шеца дIавижа бохуш хьовзийра. Иза цуьнан лаам дIа а теттина, сихвеллачохь шен бедар цуьнан карахь а юьтуш, дIаведира. Цо и дича, зудчунна ша кIезигйина а хетта, мохь хьаькхира, Юсуп ша хьийзо гIерташ ву, аьлла, бехке а веш. Потипара Юсуп пирIунан набахти чу кхоьссира.

Ала деза, пирIунан набахти кхоччуш Америкера туьрмеш санна, яцара. Ас цхьайолчу туьрмеш чохь динан гIуллакх дIакхехьна, тIаккха сан олийла ду, уьш мел чам боцуш елахь а, пирIунан набахтица дустар дича, уьш гIалин арахьара дачанаш санна, гуш ю. Цигахь я маьлхан серло а, я камерин пенаш а дацара, серлонах а, йовхонах а даьлла, деккъа ор бен дацара. Хьал къизалле а, адамалла яцаре а дара. Тутмакхаш цу чу меллаша балийтархьама бухкура, бепиг а, хи а бен ца луш (Сулим 22:27). Царна, уьш дийна а буьсуш, кхин дIа а бала хьегга тоъал бен юург ца лора. Забуро (104:18) ма-бохху, Юсупан когаш буржалш тоьхна лозуш бара, тIаккха иза, цуьнан дегI хала хьийзочу, эчиг тIехь Iуьллура. И вала везаш вара.

Иза мисархо велхьара, цуьнан цхьа муьлхха а хьал дара паргIатвала, амма, хьийзорна бехкевечу хийрачу махкарчу лен, практически паргIатвала сатуьйсийла дацара. Цуьнца, хуьлийла долчух, уггаре а вониг хиллера. Цул оьшуш дерг валар бен дацара.

Кхетадойла дуй те шун, хІун ойла йора цо цу лаьтта бухарчу боданехь? «Итт шарахь тешаме а, бакъахьара а волуш гІуллакх динера ас сайн олахочунна. Со цуьнан зудчул а дукха тешаме ву. Со Далла а, сайн олахочунна а тешаме вуьсура. ТІаккха суна хІун совгІат ду цу тІера? Набахти!

Иштта битам болш санна хетало, со нийса лела дукха мел гІерта, суна алсам вон хуьлу! Дала иштганиг муха магадойла ду? Сан вежаршна соьгара Делан ваІда лачкъо а аьтто баьлла те? Весетан Нуьцкъала Дела, со кІелхьарваккхархьама, сан хьелашна юкъа хІунда ца гІоьрти те? Безаме а, тешаме а Дела Шен динан гІуллакххойх иштта гІайгІа бан безаш вара ткъа? Стенна тІехула дина суна таІзар? ХІун ду ас иштта динарг? Со сайна цхьа Делера хезначух тешар долуш бен ма вацара».

Со тешна ву, иза иштгачу ойланашца къуьсуш хилла хиларх.

Цуьнан маьрша хилар цу муьрехь чІогІа доза тоьхна дара, амма цуьнан, цо шеца хиллачун реакци муха йийриг хиларан, харжам бан бакъо юьсура. Иза шен вежаршна, тІаккха жамІ деш Далла а халахетта а, оьгІазвахна а хилла дІахІуттур ву те? Цунна делла ваІданаш, вахийта тІаьххьара долчу сатийсарх а ваьлла, хІинца а кхочуш хирг хиларан муьлхха а сатийсар дІатоттурий те цо?

### *Дерриг а дуй те Делан карахь?*

Сан сайна сурт хІоттадойла ду, и дерриг а зераш чекхдовллалц, дерриг а цуьнан бала хьегар урхалчан кхел ярехь цо дакъа лацарна Дала иза кечвеш хилар, Юсупан цкъа а коьрте ца деанера. Цо, шена ямартло йинчу, вежаршна тІехь шен хиндолчу олаллах пайда муха оьцур бу? Юсуп шен баланаш хьегарца Іемаш вара муьтІахьхила. Цуьнан вежарий Делан карахь болу гІирс бара. Кхочушдой те Юсура ваІда, и ваІда кхочушдархьама, Дела лоьхур вуй те цо?

Юсупна и гІенаш гинчу хенахь, хила тарло, иза цаьрга, цо шен дахарехь зийна диканаш тІечІагІдеш санна, хьоьжуш хилла хир ву. Цунна хІетахь, олалла стаг кхечарна юкъара схьакъасторхьама а доцуш, ткъа гІуллакх дархьама луш дуйла

хIинца а ца хиънера. Сих-сиха цу тайпана кечдаран муьрехь вай вешан хьелаш Делан сийлаллина тIегулдина хуьлуьйтучу метта, ца лалуш хиларна тIегулдина хуьлуьйту. Цу жамIехь вай баланаш а хьоьгуш, вешан берриге а гIайгIа-баланашна тIехь бехке ван мегардолу стаг лоьху. Вай ма-дарра, Деле вайга и дерриг а ирча хьал лан ца деза агIо лелалур йоллушехь, амма Цо иза ца дича, — вай сих-сиха Иза бехкево.

Юсупан хьекъалехь кхин дIа а хезара: «Со сайна Делах лаьцна девзаш долчуьнца догIуш вехара. Ас Цуьнан сацамаш боха а ца бора, Цунна дуьхьал а ца вийлара. Ас сайна Дала делла долу гIан дийцар бен, хIумма а ца динера. ТIаккха жамIехь хилларг хIун ду? Вежарша суна ямартло а лелийна, со лолле воьхкина! Дас со велла лору тIаккха, иза со карорхьама, цкъа а Мисара вогIур вац». Цунна коьрта бехке берш цуьнан вежарий бара. Хила тарло, цо ойла йора, нагахь Дала цунна гIенашкахь гина хьал а, олалла а деллехьара, дерриг а мел кхечу тайпана хилла хир дара, бохуш. Дерриг а мел кхечу тайпана хилла хир дара, нагахь вежарша цуьнгара хиндерг ца лачкъийнехьара.

Кест-кеста вайна, вешан вежарий а, йижарий а оццу гура чу кхочуш хилар хеза, гонаха берш бехке а беш. Масала:

«Сан зуда яцахьара, со хIинца тоххара динан гIуллакххо хир вара. Цо новкъарло а йина, ас оццул ойла йинчух дуккха дерг дохийна сан».

«Нагахь сан да-нана дацахьара, сан гIеххьа дахар хилла хир дара. Уьш бу бехке сан хIинца долчу хьолан. Кхечу адамийн гIеххьа дай-нанойн хIунда бу, ткъа сан бац? Нагахь сан да а, нана а дIаса ца къаьстинехьара, сан сайн цхьаьнакхетар гIоличу хьолехь хир дара».

«Соьца долу суна делла дерг дIакъовлуш волу пастор ца хиллехь, со паргIате а волуш, суна цхьана а хIумано новкъарло йийр яцара. Цо со динан гIуллакх дарехь тIекхайкхина дерг кхочушдан аьтто ца хилийтина сан. Цо динан тобанера адамаш суна дуьхьал даьхнера».

«Нагахь сан хьалхалера майра ца хиллехь, сан а, сан берийн а иштта ахчанца йолу хало хир яцара».

«Нагахь динан тобанера и зуда ца хиллехьара, сан хIинццалц а куьйгаллехь болчаьрца дика юкъаметттигаш хир яра. Шен эладиташца цо со а, сан лараме хила луу ойла а хIаллакйина».

ХIара список чаккхе йоцуш кхин дIа йойла ду. Атта ду шайн баланашкахь берриш а, дерриг а бехке дар тIаккха, мел гIоли хир дара шуна, нагахь и нах бацахьара, бохуш, сурт хIиттор. Аша шайн дог даларна а, бохамашна а уьш бехке хилар лору.

Суна кху муьрана кIел сиз хьакха лаьа: *цхьана стаге а, зудчуьнга а, бере а я иблисе а Делан лаамера арадахалур дац шу! Шун кхоллам Делан карахь бен бац.* Юсупан вежарий тIебирззина Дала цунна делла гайтар дIадайа гIиртира. Царна Юсупан гIенашца дерг чекхдаьлла моттара. Церан багара схьаделира: «Дуьйло хIинца, иза вен а вийна, цхьана ор чу кхуссур вай... *ТIаккха хуур ду вайна цуьнан гIенех хIун хуьлу!»* (Доладалар 37:20). Уьш иза хIаллакван бохкура. Иза бохам эккхар дацара. Иза кхетамца деш дара! Царна Юсупна кхиаме хиларна цхьа а агIо йита ца лаьара.

Амма шуна муха хета, цара иза лолле воьхкинчу хенахь, Дала стигалшкахь Шен КIенте а, Дезачу Сине а хьаьжна, аьлла те: «ХIинца хIун дан деза те Вай? Хьовсийша, хIун дина цуьнан вежарша. Цара Вайн Юсупна йолу Iалашо йохийна. Вай сихха цхьа хIума дагадаийта деза! Юй те Вайн тIаьхьалонан кеп?»

Дуккха болчу керстанаша стигалшкахь, бохаме хIиттинчу агIонашна, билггал иштта хуьлуш санна, реакци йо. Шуьга сурт хIотталой Дас Iийсага иштта бохуш хиларан: «Iийса, Джим, цуьнан тешачарех волчу накъосто цунах лаьцна харцдерг дийцина дела, балхара дIаваьккхина. ХIун де те Вай? Юй те Хьан Лаьттахь цхьа а дIалацанза белхан меттигаш?» Я: «Iийса, Саллин хIинца 34 шо ду, амма иза хIинццалц маре ца яхна. Хьан Лаьттахь цунна цхьа муьлхха а зударий боцу божарий бац те? ХIунда аьлча, Ас цунна кечвина волчу стага шена цуьнан тоьлла

йолу доттагІ маре йигна, Саллих лаьцна харцдерг а дийцина, цуьнан дог цунна тІера дІадерзийна дела». ГІурте хезаш ду, делахь а вайн реакцино, вай билггал Дела иштта тІеоьцуш хиларан тоьшалла до.

Хьовсур вай, Юсупа тахана вайн динан тобанашкахь халахетар динчарна муха дІадоькхур дара. Нагахь иза, вайх дуккха берш санна, велхьара, цо хІун дийр дара хаьий шуна? Бекхам баран планаш хІиттор яра. Цо ша иштточу ойланашца тевийр вара: «Со царна текхаьчча, ас уьш бойур бу! Ас хІаллакбийр бу уьш, цара сайна тІехь дина чунна тІехула. Цара кхоччуш мах лур бу цу тІера».

Амма нагахь Юсупан вежаршка йолу терго иштта хиллехь, Дала иза кхин дІа а цу набахти чохь вахкавала Іадвуьтур вара! ХІунда аьлча, нагахь иза иштточу лаамашца а, нигатца а набахти чуьра араваьлча, цо Исраилан хиндолчу итт гаранан коьртехь волу хІорра а вуьйр вара. Цу терахьна юкъа вогІур вара, шен гаранах Машахь дуьнен чу вала везаш волу, ЯхІуд а.

ХІаъ, иштта къинхетам боцуш Юсупца лелларш, Исраилан патриархаш бара! Ткъа Дала ИбрахІимна цунах дийнна халкъ кхолладаларан ваІда динера. Цаьргахула чаккхенан жамІехь Ша Веза Эла волу Іийса ван везаш вара! Юсупа халахетарна даг чу дала ца магадора, тІаккха цуьнан а, цуьнан вежарийн а хьокъех хилла Делан дагалацам чІагІбелира церан дахарехь.

## КХИН А ВОН ХУЬЛИЙЛА ДУЙ ТЕ?

Набахти Юсупна анализ ярна а, иштта керлачу аьттонийн а хан яра. Юсупца цхьаьна набахти чу хаийна ши тутмакх вара: цу шинненна а сингаттаме гІенаш гинера. Юсупа и ший а гІан цецваллал нийса тиднера. Цхьа тутмакх даржехь юха меттахІотто везаш вара, ткъа оццу хенахь важа — вен везаш вара. Юсупа хІинц-хІинца арахеца везаш волчу тутмакхе дийхира, пиргІун хьайца дика хиллачу хенахь, ша дагаваийтахьара аьлла. И стаг

юха а пирӀунна гӀуллакхдан дӀахӀоьттира, амма шина шарахь Юсупах лаьцна цхьа а дош ца хьахийнера цо. Иза кхин а цхьа бахьана дара Юсупан дог даларна, халахетар хила кхин а цхьа аьтто бара.

### *Делан лаам кхачаме бу*

ТӀееара пирӀунна чӀогӀа сингаттаме гӀан гаран хан. Цуьнан эвлаяэх а, хьекъалчех а цхьанна а цу гӀенан маьӀна дан ца хиира. Билггал цу муьрехь дагавеара юхаметтахӀоттийначу ялхочунна Юсуп. Цо дийцира Юсупа цуьнан гӀан а, шолгӀачу тутмакхан гӀан а тидарх лаьцна. Юсуп пирӀун волчу валийра, цо мисархойн паччахьна цу гӀено мацалла гергайогӀуш хиларан маьӀна деш тидира, тӀаккха цу кризисна кечам муха бан беза аьлла, хьекъале хьехам бира цунна. ПирӀуно цу сохьта Юсуп даржехь хьала а ваьккхина, ерриг а Мисарана тӀехь шена тӀаьхьа шолгӀа стаг вина дӀахӀоттийра. Юсупа, Дала шена делла хьекъал бахьана долуш, пачхьалкх гергайогӀучу луьрачу ханна кечйира. ТӀаьхьа, мацалло хӀетахь девзаш хилла долу халкъаш дӀалаьцча, Юсупан вежарийн гӀо хиларна Мисара бахка дийзира. Нагахь Юсупан даг чохь вежаршна дуьхьал цхьа хӀуъа хиллехьара, иза дӀадекха бегӀийла мур хир бара. Цуьнан уьш баллалц набахти чу бухкийла дара, хьийзабойла а, я ур-атталла уьш байийла дара, тӀаккха иза цхьаммо бехке а вийр вацара, хӀунда аьлча иза Мисарахь пирӀунна тӀаьхьа шолгӀа стаг вара. Цуьнан вежарий пирӀунна цхьа а мехалла долуш бацара.

Амма Юсупа вежаршна ялта маьхза делира. Цул тӀаьхьа церан доьзалшна Мисарахь тоьлла латта делира, тӀаккха цара цу лаьттан «хьано юура». Кхечу тайпана аьлча, царна ерриге а Мисарахь уггаре тоьлла лаьттан дакъа деллера. Юсупа декъалбира шена неӀалт кхайкхораш, тӀаккха шеца хьагӀ йолчаьрца дика а хилира (хь. Маттай 5:44). Далла хьалххе дуьна хууш дара Юсупан вежарша хӀун дийр ду. Далла уьш иштта лелар буйла, Юсупна и гӀенаш далале, я кхин а царех цхьа муьлхха а дуьнен чу а валале хьалха дуьйна хаьара.

Кхин дIа дахархьама, Юсупа шен вежаршка аьллачуьнга хьовсийша, уьш юха вовшахкхетча: «Амма дохий а ма хьийза, шайна оьгIаз а ма эха шаьш со Мисар-махка вохкарна. Адамаш кIелхьардахархьама, *шул хьалха со кхачийтира Дала кхуза.* Ши шо ду кху махкахь мацалла йолу, кхин пхеа шарахь а хир дац ялта дуьйш а, дерзош а. Амма *Дала ваийтина со шул хьалха,* кху лаьтта тIехь шун тIаьхье хилийта а, шун дахар инзаре кIелхьардаккха а. *Аша ца ваийтина со кхуза, Дала ваийтина...*» (Доладалар 45:5-8). Хьовсийша Забуре (104:16, 17): «Дала мацалла хIоттийра лаьтта тIехь, церан дисна напха а хIаллакдира Цо. *Цо царна хьалхаваьлла стаг вахийтира – лай вина воьхкина волу Юсуп*».

Хьан вахийтинера Юсуп? Цуьнан вежарша я Дала? Шина тешан багахула вайна го, иза Дала вахийтина хилар. Юсупа къаьстташ элира шен вежаршка: «Аша ца ваийтина со кхуза». ЛадогIа Сино хIун боху!

Ас хIинца аьлла ма-хиллара, цхьана а дала дезачу адаме я иблисе шун дахарера Делан дагалацам арабаккхалур бац. Нагахь аша и билггал бакъдерг тIеэцахь, цо паргIатдохур ду шу. Делахь а цхьа адам ду, хьо Делан лаамера аравакkхалун долу — иза хьо хьуо ву!

Ойла ейша исраилхойн халкъан. Дала царна кIелхьардохург волу Муса вахийтинера, уьш Мисаран лоллера ара а баьхна, ваIда динчу лаьтта схьабалорхьама. Яьссачу аренгахь шо а даьккхина, Исраилан баьччанаша, ваIда диначу лаьтте хьовсархьама, талламчаш бахийтинера. Юхабирзина талламчаш хамталлаш ян буьйлабелира. Уьш, исраилхойл догIмаш даккхий долчу а, тIеман гIуллакхехь говзалла сов йолчу а, цу махкахь бехаш болчу бахархойх кхерабелла бара.

Дерриг а Исраилан халкъ, Нунин Iийса а, Килаб а юкъара а воккхуш, реза хилира цу талламчашца. Адамашна Дала шаьш кхуза хIаллакьхилийтархьама далийна хийтира. Уьш Мусана а, Далла а халахетта дара. Ишттачу хьолахь уьш шарал а сов лаьттира. Церан халахетаро Мисарара араяьлла тIаьхье цкъа а ваIда дина латта ца гарна тIедалийра.

Дуккха а долу адамаш даггара Далла гӀуллакх деш дара, амма цаьрца я законехь доцу адамаш, я дилхане керстанаш вон хиларна, халачу дахаран хьелашка кхаьчнера. Билггал бакъдерг стенца ду аьлча, цу нахаца баккъалла а нийса ца леллера. Амма халахетар — иза, уьш Делан лаамера арабаха, мостагӀчун дагалацам кхочушбарца доьзна ду.

Халахетар тӀе ца дитарца, шу Делан лаамехь дуьсуш хир ду. Нагахь хьо халахетта хилахь, мостагӀчо, хьо цуьнан нигаташ а, лаам а кхочушбан волавалийтархьама, лай во. Сацам бе, ахьа хӀун хоржу. Дуккха а падехьа ду хала ца хетар.

Вай дагахь долуш хила деза, цхьа а хӀума вайна дуьхьал юьхьарлоцийла дац, цунах лаьцна Далла хьалхха дуьйна ца хууш. Нагахь иблис вай хӀаллакдалуш делхьара, цо вай тоххара хӀаллакдина хир дара, хӀунда аьлча, иза адамашка дералле хьагӀ йолуш ду. Даим а дагахь латтаде хӀара тедар:

> Шуна тӀедеана долу зер массо а адамна тӀехӀуттуш дерг бен дац. Ткъа Дела тешаме ву, аша ловр доцург лур дац Цо шуна. Амма шу зуьйш долчу хенахь, тӀехӀотта *онда бух* [ингалс маттерачу текстехь: «кӀелхьардовларна нийса аьтто»] лур бу Цо шуна, иза лан шун ницкъ хилийтархьама (1 Коринтхошка 10:13).

Билгалдаккхалаш, кхузахь дуьххьалдӀа «кӀелхьардовла аьтто» аьлла а доцуш, ткъа «кӀелхьардовларна нийса аьтто» аьлла хилар. Далла, хинйолчу хенахь вай нислун долу дика доцу хьелаш, уьш мел даккхий делахь а, гуш ду, тӀаккха Цо царех кӀелхьардовла *нийса аьтто* билгалбина. ТӀаккха кхин а сов цецвоккху: сих-сиха, Делан дагалацам бохар санна гуш дерг, ма-дарра долчунна тӀехь иза кхочушбаран некъ хилла дӀахӀутту, нагахь санна вай Далла муьтӀахь долуш дуьсуш а, халахеташ а дацахь. Цундела дагахь латтаде: Далла муьтӀахь диса, халахетар тӀе а ца дуьтуш: «…иблисана дуьхьалдовла, тӀаккха иза шух додур ду» (Якъуба 4:7). Вай иблисана, халахетар вешан даг чу ца дитарца, дуьхьало йо. ГӀан я суртхӀоттар, хила тарло,

аша сатуьйсуш ма-хиллара кхочуш ца хила мега, Амма Цуьнан Дош а, Цуьнан ваIда а гуттаренна а нийса дуьсу — цара цкъа а юьхьIаьржа хIиттор дац шу. Уьш кхочуш ца хиларан кхерам, вай Далла муьтIахь ца хилча бен бац.

## ЯМАРТЛОНАН КХИН КЕП

Юсупа санна, шайн вежарийн агIор иштта баланаш хьегар а, иштта ирча шайца лелар а лайна дукха берш бац. Цунна иштта хала хир дацара, нагахь цуьнца иштта цуьнан мостагIий леллехьара. Амма уьш цуьнан цхьана дена бина, цуьнан са а, цIий а долу, вежарий бара. Уьш, иза иракарахIитто а, цунна гIо лаца а, иза ларван а, цуьнан гIайгIа бан а безаш берш бара. Юсупа лайна, шеца къизалле леларал кхин а сов ирча сурт хIоттадойла дуй те?

Вешин я йишин тӀе ца лацар а, хьаъ ду, амма ден агӀор дӀатесна хилар лар, иза кхоччуш кхин гӀуллакх ду.

# КОРТА 4

## САН ДА, САН ДА!

***Сан да!.. ХIинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хIума а, я ямартло а йоцийла. Аса хьо бахьана долуш къа ца латийна, ткъа хьо сан синна тIаьхьаваьлла ву, иза дIадаккха лууш.***

**– Шамъал 24:12**

Хьалха богIучу коьртехь вай, Юсупан вежарий и хIаллакван муха гIиртира хьаьвсира. Вайна гира, муха лазам лайра цо, церан ямартлонна тIехула. Хила тарло, шу цунах террачу хьолехь ду. Шуна ямартло, шуна уггаре юххера болчара йинера. Аша шайгара безам а, къобалдар а хиларан сатуьйсучу адамаша.

Кху коьртехь суна вешин ямартлонал кхин а сов чов ечу хьоле хьажа лаьа. Вешин дIатасар а, оьгIазло а лар цхьа гIуллакх

ду, амма кхоччуш кхин ду — дас дІатасар а, цуьнан оьгІазло а лар. Ас дайх лаьцна бохучу хенахь, биологически дайх бен бохург дац сан дагахь дерг, амма Дала вайна тІехь дІахІитточу муьлххачу а баьччанех лаьцна дерг ду. Уьш, вай деза дезаш а, вайна хьехамаш беш а, юург латтош а, вайх гІайгІа беш а хила деза адамаш ду.

## БЕЗАМАН А, ХЬОГІАН А ЮКЪАМЕТТИГАШ

Да ямартхо хилла дІахІоттаран масал таллархьама, паччахь волчу Шаулан а, Даудан а юкъаметтигашка хьовсур вай (Шамъал 16-31). Церан дахарш хІинца а уьш вовшах а кхетале хьалха вовшаххьаьрчинера, Делан пайхамар волчу Шамъала, Даудна Исраилна тІехь паччахьалла дан даьтта хьаькхначу хенахь. Дауд цецваьлла вара, воккхаверца ойла а еш:

> «Иза, Шаулна даьтта хьаькхна стаг ву. ХІета со баккъал а паччахь хилла дІахІуттур ву!» Шаул Деле ла ца догІарна Делера деанчу жино хьийзош вара. Дайдалар цхьаммо дечиг-пондар локхучу хенахь бен ца хуьлура. Шаулан ялхой цунна дечиг-пондар лакха хуун долу жима стаг леха хІиттира, тІаккха царна Юшайн кІант Дауд карийра. Шаул паччахьо Даудана тІаьхьа а бахийтина, цуьнга шена гІуллакх дайтархьама, шен цІа валавайтира. Дауда, хила деза, ойла йина: «Дела, пайхамар волчу Шамъалехула, Шен ваІда кхочушдан волалуш ву. Шеко яц, сан аьтто бер бу паччахь сайца дика хилийта. Иза, сан паччахьалле воьдучу некъахь, хьалхара тІегІа хилла дІахІуттур ю».

Цкъа дас Дауде, пІелаштамхошца тІом беш болчу, шен боккхаха болчу вежаршна юург эцца вахар дийхира. ДІакхаьчча, Даудна Делан тІемалой шовзткъа дийнахь сийсазбеш волу, пІелаштамхойн лата Іамийна тІемало ГІолиат гира. Даудана паччахьо и дІуьтІа эшийначуьнга шен йоІ маре яхуьйтуш хилар хиира.

Дауда паччахь волчу а веана, ГIолиатца къовсаме валарна бакъо йийхира цуьнга. Цо ГIолиат вийра тIаккха Шаулан йоI цуьнга елира. Цу хенахь иза паччахьера дика а долуш, цуьнан цIахь Iан кхайкхина вара. ЯхIуната, Шаулан воккхаха волчу кIанта, Даудаца гуттаренна а доттагIалла леладан барт бинера. Шаула Даудана тIе мел дуьллуш дерг кхочушдан аьтто болура цуьнан, Делан куьг цунна тIехь долу дела. Паччахьо шен кIенташца цхьаьна цхьана стоьла тIера юург яа омра динера.

Дауд воккхавеш вара. Иза паччахьан цIахь Iаш а, цуьнан стоьла тIера юуш а, паччахьан йоI ялийна а, ЯхIунатца доттагIалла долуш а, дерриге а шен тIеман гIуллакхашна тIехь кхиаме а вара. Цунна Исраилан халкъан шеца дика хилар а, цуьнан безам а карийнера. Цунна Шамъалан пайхамаралла муха кхочушхуьлуш ду гора. Шаул берриге бисинчу ялхошца чул Даудца озабезаме вара. Иза цхьа да волуш санна вара цунна. Дауд, Шаула ша кхиор а, Iамор а ву, тIаккха цкъа сийлахьчу ларамца паччахьан гIанта тIе хаориг хиларх, тешна вара. Дауд Делан тешаме а, дика а хиларх воккхавеш вара. Амма цIаьххьана дерриг а хийцаделира.

Шаул а, Дауд а тIамера цхьаьна юхавирзинчу хенахь, Исраилан ерриге а гIаланашкара зударий хьалха а бевлла, хелха а буьйлуш, эшарш лекха хIиттира: «Шаула эзарнаш байина, ткъа Дауда иттаннаш эар байина». Цу гIуллакхо дарвинера Шаул, тIаккха цу дийнахь дуьйна, цуьнан хьагI хилира Дауде. Дауда цунна дечигпондар лоькхучу хенахь, Шаул шозза и вен гIоьртира.

Дезачу Йозанаша боху, Шаулан Даудца хьагI яра, хIунда аьлча цунна хаьара, Дела Даудца вара, цуьнца а воцуш. Дауд кIелхьара ца ваьлча ца волура, тIаккха иза яьссачу аренга дIаведира. «ХIун ду хуьлуш дерг? — ойла йора Дауда. — Сан кхиорхо хилла волу стаг, со вен гIерташ. ХIун де ас? Шаул — Дала даьтта хьаькхна гIуллакххо ву. Нагахь иза суна дуьхьал хилча, сан кхиаме хиларна хIун шансаш ю те? Иза паччахь ву, Делан халкъана тIехь урхалла деш волу, Делан стаг. Дала и хIунда магийна?»

Шаул цхьана яьссачу аренгара вукханхьа тIаьхьаваьлла лелара Даудана, кхаа эзар тоьллачу исраилхойн тIемалошца цхьаьна цхьана хьехара вукхунчу лаьллина лелавора цо иза. Церан еккъа цхьа Iалашо яра: Дауд хIаллакквар.

Цу муьрехь паччахьалла дарна ваIданах IиндагI бен ца дуьсура. Дауд кхин паччахьан цIахь Iаш а вацара, цуьнан стоьла тIера юург юуш а вацара. Иза тIуьначу хьехаш чохь Iаш а, яьссачу аренгахь ехачу акхароша яанза йиснарг юуш а лелара. Иза кхин паччахьна юххехь охьахиъна вацара, амма цкъа мацах цунна уллохь тIемаш бинчу адамаша лаьллина лелош вара. Цуьнан бовха дIавуьжу мотт а, ялхой а бацара, цунна кхин паччахьан кертахь болчаьргара там хуьлу дешнаш а ца хезара. Цуьнан зуда кхечу стаге маре дIаеллера. Цунна, даймохк боцу, цхьа волу ваьлла леларг хилар хIун ду хиъннера.

Билгалдаккхалаш, иблисо а доцуш, Дала дIавеллера Дауд Шаулан Iуналлин кIел. Дала дуьххьалдIа магийна а ца Iаш, амма и хуьлуш долчун Iалашо хIунда йина?

Дауд диканца тIе хIунда кхайкхина, тIаьхьа цIаьххьана иза дIадаккхархьама бен доцуш? Даудан зеран мур болабеллера, цуьнан Шаулна хилла а ца Iаш, амма Далла а хамталлаш ян а, халахета а волалойла дара. Делан хьекъал а, Делан дагалацам а шеконе дилла хьийзоран хаттарша зер чIагIдора. Шаулна хIуъа дина а вен лаьара и жима стаг, тIаккха цуьнан хьекъалза хилар алсамдолуш дара. Дауд дог доьхна вара.

Номва гIаларчу динан гIуллакхдархоша, иза паччахьан ялхо ву моьттуш, Даудна Iан меттиг а, юург а латтийнера, иштта ГIолиатан тур а деллера. Царна Дауд Шаулах ведда лелаш вуйла ца хаьара. Даудах лаьцна Деле хаттар дича, цара цуьнга дIагIо элира, паччахьан дералла шайна тIе ца яийтархьама. Цунах лаьцна хиъча, Шаул лурвелира. Цо везткъе пхиъ бехк боцу Делан динан гIуллакхдархо вийра, тIаккха ерриг а гIала туьра кIел яхийтира — божарий а, зударий а, къонанаш а, кегий бераш а, стерчий а, варраш а, уьстагIий а. Цо бехке доцчу адамашна а, дийнаташна а тIехь амалекахошна тIехь ян еза кхел йира. Иза адамаш дойург

хилла дIахIоьттира. Дала мацца а иштттачу стагана Шен Синца даьтта хьокхийла муха дара? Цкъа Шаулна Дауд Эн-Гадди яьссачу аренгахь вуйла хиънера, тIаккха иза, шеца кхо эзар тIемало а эцна, цунна тIаьхьа вахара. ТIаьхьаваьлла лелачу хенахь, иза цхьана хьехана чувуллучохь садаIа сецнера, цу чохь Дауд нийсса кхуьнан букъана тIехьа лечкъаш вуйла а ца хууш. Шаула шен паччахьан оба шена юххе охьайиллинера. Дауда, ша лечкъина Iаш волчуьра ца гуш ара а ваьлла, обанан йист а хадийна, гуш воцуш къайлавелира. Шаул хьехара араваьлча, Дауда лаьтта кхаччалц охьа а таьIна, элира цуьнга:

> «Сан да! Сан карахь йолчу хьайн бедаран кийсаке хьажахьа, аса схьахадийна йолчу. И аьтто сайна баьлла боллушехь, аса хьо ца вийра. ХIинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хIума а, я ямартло а йоцийла. Аса хьо бахьана долуш къа ца латийна, ткъа хьо сан синна тIаьхьаваьлла ву, иза дIадаккха лууш» (Шамъал 24:12).

Дауда Шауле мохь туьйхира: «Сан да! Сан да!» Шуна къаьсташ хилийта: цо бохура: «Хьажахьа, сан муха дог ду! Суна да хилахьа. Со куьйгалхо оьшуш ву!» Даудан дог сатийсарца дехара.

## МИЧАХЬ БУ ДАЙ?

Суна иштта мохь барам боцуш дукхачу Машахьан ДегIан божарийн а, зударийн а дегнашкахь хезна. Царех дукхахберш — Делан тIекхайкхар долу, къона адамаш ду. Цара дех лаьцна мохь бетта — уьш Iамор а болуш, безар а болуш, гIо деш а, иракарахIиттош а хир волчу стаге. Цундела аьлла Дала Ша «дайн (баьччанийн) дегнаш берашкахьа (Делан халкъехьа) дерзор ду, ткъа берийн дегнаш дайшкахьа дерзор ду, Со, дIа а ваийтина, Соьга шайн мохк дIа а къастабайтина, иза кхоччуш хIаллак ца байтархьама» (Малъаки 4:6).

Вайн пачхьалкх 1940-гIа а, 1950-гIа а шерашкахь дайх (дай-нанойх, лидерех я динан гIуллакххойх) яьлла, тIаккха тахана вайн хьал эшна ду. Шаул санна, вайн цIеношкахь а, корпорацишкахь а, динан гIуллакх дIакхоьхьучу цIеношкахь а дуккха болу лидерш къоначу тIаьхьенан дахарх чул, шайн юьхьша Iалашонийн гIайгIа алсам баро дIалаьцна бу.

Уьш Делан халкъе, цунна гIуллакх дечу метта, шайн лидералла дIакхехьарна аьттонна пайда эца кийча бу. ТIекхиъначу кхиамца чевнаш хиллачу адамийн дахарийн а, доьхначу дегнийн а мах бусту. Кхиаме хиларан дуьхьа иштта лидерш шайн эхь-бехкаца компромиссе боьлху, нийсо а, къинхетамалла а, бакъахьаралла а, безам а дIабаккхарца. Церан сацамаш ахчанан а, терахьаийн а, кхиамийн а бухана тIебоьгIна бу. Цу гIуллакхо, Дауда лайна, адамашца иштта леларан неI дIайоьллу. Эххар а Шаулан ша исбаьхьа бакъвар ма дара: цуьнан шен паччахьалла лардан дезара. Нахаца иштта хиларан кеп дуккха болчу лидераша лелайо, Инжил дIасадаржоран Iалашонца иза бакъ а еш.

Дуккха балу лидерш шайгахьа болчарех шайн шекьхиларна бовлу? ХIунда бу и лидерш иштта шекьхиларе? ХIунда аьлча цара гIуллакх Далла ца до, цара шайн кхиаме хиларна гIуллакх до. Шаул санна, уьш шаьш тIекхайкхина хиларх тешна бац, тIаккха цу гIуллакхо церан дегнаш чу эмгаралла а, куралла а йохьу. Цара кхечу адамийн дика корматаллаш шайна пайдехьа мел ю тIеоьцу, тIаккха уьш ишттачу адамех пайда эца кийча а хуьлу. Шаула Даудан кхиамах марзо оьцура, иза шена кхерамалле хилар хетталц. Цул тIаьхьа цо дукха ницкъ тIебохуьйту, иза верхьама.

Ас дуккха, шех тешна хила мегардолу стаг лоьхучу, къоначу божаршца а, зударшца а къамел дина. Царна Iама лаьара, уьш лидере ладугIуш хила лууш бара, цхьа шайна да хин верг лоьхура цара. Амма Дала, уьш дIатеттина а, шаьш цхьаа болуш а хиларх чекхбовлархьама, магийна иза. Иза хилира, хIунда аьлча Далла, Цо Даудаца диннарг, цаьрца дан лаьа дела. Леррина Сино хIун боху ладогIа.

Шаула иза зуламе стаг а, бунтахо а лоруш хиларо, Дауд дог доьхна хуьлуьйтура. Хила тарло, цо, шен дог теллина: «Со стенна тIехь нийса вац? Шаулан дог иштта сихха суна дуьхьал хIунда даьлла те?» Дауда ойла йора, нагахь цунна Шаулна шен цуьнга болчу безаман тешалла далахь, паччахьо шен дика хилар юха дерзор ду, тIаккха Шамъалан пайхамаралла кхочушхир ду. Цундела мохь тоьхна цо: «Соьга, хьо ве бохуш, хьехарш деш берш а бара хьуна. Амма аса, хьох къинхетам беш, ... Сан карахь йолчу хьайн бедаран кийсаке хьажахьа, аса схьахадийна йолчу. И аьтто сайна баьлла боллушехь, аса хьо ца вийра. ХIинца мукъана а хаахьара хьуна *сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хIума а, я ямартло а йоцийла*» (хь. Шамъал 24:11, 12).

Дас я лидеро дIатеттина хилар лайна адамаш, массо а хIуманна тIехь шаьш бехке дарехьа сеттина хуьлу. Цара Iазапе ойла йо: «ХIун ду ас динарг? Сан дог цIена доцуш дара ткъа? Лидеран дог суна дуьхьал хьан даьккхина те?» ТIаккха уьш даим а шайн бехке ца хиларан тешалла дан гIерта, шаьш юха а тIеэцна хилийтархьама. Амма, иза мел сингаттаме делахь а, цара и тIедирззина мел до, шаьш кхин а алсам дIатеттина хиларан синхаам хуьлу.

## СОХ БЕКХАМ ХЬАН БИЙР БУ?

Шаул къера хилира Даудан дикаллина, цо иза вен йиш йоллушехь, и ца дина дела. Цундела иза а, цуьнан нах а дIабахара. Дауда ойла йина хила тарло,: «ХIинца паччахьо юхаметтахIоттор ву со. ХIинца пайхамаралла кхочушхир ду. Шеко яц, цунна сан дог го тIаккха соьга йолу терго хуьйцур ю цо».

Иштта сих ма ло, Дауд! Масех де дIадаьлча Шаулна, Дауд Гахила гу тIехь къайлаваьлла ву, аьлла, хаам бинера. Шаул юха а цунна тIаьхьавелира, шеца из-за кхо эзар тIемало схьа а эцна. Со тешна ву, цу гIуллакхо дог дохийнера Даудан. Иза, Шаул хаа а хууш Iалашо юьхьарлаьцна, ша вен гIерташ хиларх

кхийтира. Ма дӀатеттина хиларан синхаам хилла хила беза цуьнан! Шаулна Даудан дог девзара, хӀетте а иза цунна дуьхьал ваьллера. Абушайца цхьаьна Дауд Шаулан лагерь йолчу вахара. Ха деш болчарех цхьанна а уьш ца гинера, Дала царна кӀоргге наб кхетийтина дела. Ши стаг ерриге мостагӀийн лагерах чекх а ваьлла, Шаул дӀавижина Ӏаш волчу метте кхечира.

«Абушайс Дауде элира: «Дала хьан мостагӀа хьан кара схьавелла. Соьга иза, цкъа гоьмукъ тоьхна, лаьттах дӀалатавайтахьа. Аса цунна шолгӀа тухур яц хьуна» (Шамъал 26:8). Абушайс, Дауда шега Шаул зуламхо волуш санна, вен магориг хилар лорура. Цкъа-делахь, Шаула собаре везткъе пхиъ динан гӀуллакххо а, церан доьзалш а байина! ШолгӀа-делахь, Шаула Дауд а, цунна тӀаьхьахӀиттинарш а байархьама кхо эзар тӀемало волу арми араяьккхина. «Нагахь ахь мостагӀ хьалха ца вехь, — ойла йора Абушайс, — цо билггала хьо вуьйр ву. Иза ша ларвар ду. Муьлххачу а суьдо бакъдийр ду иза!» КхоалгӀа-делахь, Дала Шамъалехула Даудна Исраилна тӀехь паччахьалла дан даьтта хьаькхна. Дауд шен тӀаьхьалонна тӀекхиа веза, нагахь иза Шамъалан пайхамаралла кхочушхилар ган лууш велахь. ДоьалгӀа-делахь, Дала дерриге эскарна кӀоргге наб кхетийтина, Дауд а, Абушай а нийсса Шаулна тӀекхачийтархьама. Стенна дина хир дара те иза Дала? Абушайна иза нийсо юхаметтахӀотто цхьаъ бен йоцу шанс ю аьлла хетара. И дерриге бахьанаш а, ойланаш яр а тешош ду. Нагахь Дауд жимма а Шаулна халахетта хиллехь, цо, ша бакъ а хеташ, Абушайга Шаул гоьмукъаца лаьттах дӀалато могуьйтур дара.

ЛадогӀийша Даудан жоьпе:

> «Ма ве иза. Мила висина *Везачу Эло* къобалвинчунна тӀе куьг даьхьнарг бекхам ца хуьлуш? Дийна волчу Везачу Элах чӀагӀо йо ас, Цо Ша цунна бекхам бийр бу. Иза лийр волу де тӀекхочур ду, я, тӀам тӀе а вахана, цигахь лийр ву иза» (Шамъал 26:9, 10).

Дауда Шаулна тӀе куьг ца айира, вукхо бехк боцчу адамех къинхетам а ца беш, Даудан Ӏожалла лоьхуш хиллехь а. Дауда шех дӀа ца доькхура, амма кхел яр Делан кара дӀаделира.

И гӀуллакх нийсса циггахь чекхдакккхар атта хир дара — Даудна а, Исраилан халкъана а атта хир дара. Даудна халкъ Ӏу воцчу женах тера дуйла хаьара. Цунна, барзо уьш шен эгоизман лаамна хӀаллакдойла, хаьара. Цунна ша лар ца ван хала дара, кхин а хала дара, шена дезаш долу халкъ, хьекъал доцчу паччахьах лардан. Дауда и сацам бира, Шаул иза веллалц туьйр воцийла хуъушехь.

Цо, дуьххьара Шаулах къинхетам бинчу хенахь, шен дог цӀена хиларан тешалла дира. Амма, ур-атталла Даудан Шаул вен шолгӀа аьтто баьллачу хенахь а, цо иза ца хьавира. Шаул Делан даьтта хьаькхнарг вара, тӀаккха Дауда кхелъярна Делан кара дӀавелира иза.

Дукха буй те тахана Даудан санна, дог дерш? Вай кхин ма-дарра таррашца ца бойу, амма вай вовшашна кхечу кепара туьраца дӀадоькху — маттаца. «Дахар а, Ӏожалла а стеган маттах доьзна ду» (Кицанаш 18:21). Сатийсар дохаран жамӀехь гучудаьлла, халахетарца аьллачу дешнийн тӀетаӀаран кел динан тобанаш екъало, доьзалш буху, майрий, зудий дъасакъаьста, безам ле. ДоттагӀаша а, доьзалаша а, лидераша а халахетийтинчу, вай царна оьгӀазаллица а, къахьаллица а, дераллица а ирдина дешнаш хьежо Ӏалашо лоьцу. Хила тарло, вай доькъуш долу хаар билггал бакъдолуш а, нийса а ду, амма, цуьнан бахьанаш схьаалар, цӀена дац.

Кицанашкахь (6:16-19) аьлла ду, девнаш дахар а, дӀасакъестор дар а— Далла дегаза хетарг ду. Вай, адамашна юкъара юкъаметтигаш я цхьаннан репутаци талхоран нигатца бакъдерг бохучу хенахь, хӀетте а вай Дела емалво.

# САН ЛИДЕРАН КЪИНОШ IОРАДАХАРНА СОХ ПАЙДА ОЬЦИЙ ТЕ ДАЛА?

Суна а, сан зудчунна а тхан хIинцалера динан гIуллакхдарна неI дIаеллале хьалха, со гIо даран гIуллакх дIакхоьхьуш а, къоначийн пастор а вара. Цу хенахь тхан динан тобанехь, я со а, я сан хьехамаш а тамехь ца хета, цхьа стаг вара. Гуттар а санна сан цу тайпаначу хIуманаша са ца гатдора, амма хIара стаг динан тобанехь дош догIу стаг вара.

Со, цIеналлех а, майрра дIагIертарх а лаьцна Делан дош къоначу адамашна хьехар, Дала сайна омра дина хиларх тешара. Цу лидеран кIант сан тобанехь вара. И къона стаг шен даг чохь Iораваккхар алсамдуьйлуш хилар хаалуш вара. Цкъа иза бIаьрхишца со волчу веара. Иза сингаттаме вара, хIунда аьлча цунна, цуьнан цIахь долу дахаран васт, ас иза а, кхин долу къона адамаш а тIекхойкхуш долчуьнца цхьаьнадогIуш ца хилар гора.

Нисделларг хIун ду, доьзалерчу Iиттадаларша цуьнан да сох паргIатвала чIоггIа сацам тIеэцарна меттахваьккхинера. Иза коьртачу динан дена тIе вахнера, шен харц бехкеваршца цуьнан дералла суна дуьхьалъяккхархьама. ТIаккха цо со волчу а веана, динан да суна дуьхьал ваьлла ву аьлла, дийцира, амма ша соьгахьа вуйла хаийтира. Лач кепара суна тIе гойту кхераме билгалонаш евзаш хилира. И стаг суна велакъежара, амма цуьнан со хIаллакван ойла яра. Къоначийн тобанан масех стагана, со мукъаваккха луучуха долу хабарш хезнера. И керланаш дIасадаржош верг цу стеган кIант вара, цо иза зуламца деш дацара, ткъа дуьххьал дIа, цIахь хезнарг юхабохура. Со цу гIуллакхо дар а вина, воьхначу ваьккхинера. Ас цу стагана тIе вахара, тIаккха иза ша и дерриг а дийцина хиларна къера хилира, амма ша динан ден ойла юхаалар бен ца динчуха.

Беттанаш дIаоьхура, тIаккха хьал дуьххьал дIа хийцалойла дац аьлла, хеталора. Цо суна а, динан дена а юкъара ерриге

уьйраш йохийнера, сан цунна тӀекхачарна аьтто а ца буьтуш. Иза сох хьакхаделла а ца Ӏаш, амма цу стеган цабезаме кхаьчначу берриге пасторех а хьакхалуш дара. Сан доьзал даим а охьатаӀийначу хьолехь бара, тхо цу динан тобанехь дуьсур ду те, я тхо дӀалелхор ду те, ца хууш. Оха цӀа эцнера, сан зуда берах яра, тӀаккха тхан даха меттиг бацара. Со тешна вара, со кху динан тобане Дала валийна хиларх, тӀаккха суна дӀаваха ца лаьара.

Сан зуда ирча догъэтӀаш яра: «Хьомениг, суна уьш хьо мукъаваккха лууш хилар хаьа. Соьга массара а боху цунах лаьцна».

«Цара дӀаэцна вац со таккха Делан тӀетайна хиларца бен дӀавоккхийла дац», — олура ас цуьнга. Цунна со хьелашка кхетаме хьажа ца лууш ву моьттура, тӀаккха цо соьга меттавар доьхура.

Эххар а суна, со мукъаваккха сацам тӀеэцнийла хиира. Динан дас динан тобане дӀахьедира, къоначийн тобанехь хийцамаш хир бу, аьлла. Ас хӀинццалц а цу лидерца хиллачу ийгӀинчу юкъаметтигах лаьцна цуьнца дийцина дац. Соьга со цуьнца а, сайца дика воцчуьнца а тӀедогӀучу дийнахь цхьаьнакхетар ду элира. Дала чӀогӀа билггал суо лар ца вар хьийхира суна.

ШолгӀачу дийнахь со сайн динан деца цхьаьнакхетча, со цецваьллера, иза офисехь ша цхьаъ гича. Цо соьга а хьаьжна, элира: «Джон, Дала ваийтина хьо кху динан тобане. ТӀаккха ас хьо кхузара дӀавохуьйтур вац». Суна дайдалар хааделира. Дала тӀаьххьарчу муьрехь ларвира со.

> «И стаг иштта дуьхьал хӀунда ваьлла хьуна? — хоьттура соьга динан дас. — Доьху хьоьга, и волчу а гӀой, шаьшшиннан юкъаметтигаш дӀанисъяхьара аша».

Кестта и цхьаьнакхетар хиллачул таьхьа соьга, цу лидеро сан динан гӀаллакхдаран хьокъехь тӀеэцначу сацаман, яздина тешалла кхечира. Цу кехато цуьнан билггал бакъдолу бахьанаш Ӏорадохура. Со иза динан да волчу дахьа кийча вара.

Цу дийнахь аса 45 минотехь доIа дира, бегIийла ца хетарна тIехь толам баккха гIерташ. Ас бохура: «Дела, и стаг нийса а вац, законехь лелаш а вац. Иза Iораваккха веза. Иза кху динан гIуллакхдарехь хIаллакден ницкъ бу. Ас динан дега, иза ма-дарра мила ву дIадийца деза!» Ас суо кхин дIа а тешавора, иза Iораваккха веза, бохуш: «Дерриг а аса дIаэндерг, — иза документаш а, долуш дерг а ду, эмоциш а йоцуш. Нагахь и гIуллакх саца ца дахь, закон ца хилар ерриг а тобанах доьр ду».

Эххар а, дог доьхна, ас эккхийтира: «Дела, Хьуна ас и Iораваккха ца лаьа, Со нийса кхеттий хьох?» Ас и дешнаш аьлча, Делан машаро сан дог дуьзира. Со цецвелира — Далла ас цхьа хIуъа а дан ца лаьара, цундела ас и тешалла дIакхоьссира. ТIаьхьо, со хьоле алсамо озабезам боцуш хьаьжча, со кхийтира, суна кху динан тобанехь цхьа милла а ларварал, сайх дIадекха дукхъхо лаьара. ХIара дара суна хIетахь ма-дарра лууш дерг. Ас суо, сайн бахьанаш эгоистични ца хиларх, тешийнера. Со дIахаийта воллуш волу хаам, нийса бара, амма сан юьхьарлаьцна Iалашонаш — цIена яцара.

Цхьа хан дIаелира, тIаккха цкъа, со болх болабалале динан гIуллакх дIакхехьаран цIенна уллохь доIа деш воллучу хенахь, сох паргIатвала лууш хилла волу стаг веара цига. Дала соьга элира, цунна тIе а гIой, берта валаве иза. Со цу сохьта ларвала волавелира: «ХIан-хIа, Веза Эла, и ву суна тIе ван везарг. И ву массо а хIуманна бехкениг». Со кхин дIа а доIа деш Iара, амма Веза Эла тIера ца волура, цунна тIе а гIой, берта валаве иза, бохуш. Суна иза Дала бохийла хаьара. Сайн офисера цу стаге телефон а тоьхна, со и волчу вахара. Амма ас аьлларг а, ас и муха элира а, кхоччуш кхечу тайпана дара, Дала сайга къамел дале со ала воллучуьнга хьаьжча.

Доллучу даггара къинтIера валар дийхира ас цуьнга. «Ас критика а еш, кхел йора хьуна», — къера хилира со. Иза сихха кIеда хилира, тIаккха оха сохьтехь къамел дира. Цу дийнахь дуьйна цуьнан суна тIелетар сецира, делахь а, цунна а, цхьаболчу кхечу пасторшна а юкъара халонаш йисира.

Со Америкина арахьа динан гӀуллакхдар дӀакхоьхьуш волчу хенахь, ялх бутт дӀабаьлча, цу стага деш хилла долу дерриг а зулам гучудаьккхина дара, тӀаккха иза динан дена а хиънера. Цуьнан цхьадолу лелар дуккха а оьшуш дара, суна девзаш долчул. Иза сихонца мукъаваьккхина вара. Суд хилира, амма со цигахь дакъа лоцуш вацара. Иза суна дан воллуш дерг, цунна шена хиллера. Делахь а, цуьнца и хиллачу хенахь, со ирсе вацара. Суна цунна а, цуьнан доьзална а тӀера лазаме дара. Со цуьнан лазамах кхетара, хӀунда аьлча аса айса а и зийнера. Со цунна къинтӀера ваьллера ялх бутт хьалха, тӀаккха хӀинца суна иза веза а везара, суна цунна воних а ца лаьара. Нагахь иза, со цунна оьгӀазе волчу хенахь, шо хьалха дӀаваьккхинехьара, со воккхавеш хилла хир вара. Амма кху муьрехь суна хаьара, со кхоччуш цунна халахетта вацара. МуьтӀахь хилар а, сайх дӀадекхар дӀататтар а, «халахетар» цӀе йолчу сайн туьрмера со паргӀатваьккхина догӀанаш дара.

Цхьа шо дӀадаьллачул тӀаьхьа иза суна аэропортехь дуьхьалкхийтира. Со Делан безамах вуьзна вара. ТӀе а ведда, ас маравоьллира иза. Со даггара ирсе вара, цо шеца хӀинца дерриг а дика ду аьлча. Нагахь со цунна тӀе а вахана, цуьнан офис чохь хӀетахь суо муьтӀахь ца винехьара, со цу дийнахь аэропортехь цуьнан бӀаьра хьажалур вацара. ХӀетахь дуьйна масех шо дӀадаьлла, амма суна иза веза а веза, со даггара иза Делан лаамехь хилар ган лууш а ву.

Дауда, Делана кхел ян магоран а, цуьнгахьа гӀо даккхаран а сацам бинчу хенахь, хьекъалалла гайтира. Аша хоттур ду: «Хьанах пайда ийцира те Дала, Шен ялхочунна Шаулна кхел ярхьама?» ПӀелаштамхойх. Шаул шен кӀенташца цхьаьна пелаштамхошца тӀом беш, тӀеман аренгахь велира. И хаам Дауде кхаьчча, иза воккхавеш вацара. Иза воьлхуш вара.

Цхьана стага дозалле Дауде элира, ша, вала воллуш волу Шаул, вийна дӀаваьккхира, аьлла. И дарца цо шена Даудера дика хиларан сатуьйсура, амма керлано бӀостанехьа дерг нисдира. «Муха ваьхьира хьо, Везачу Эло къобалвина волчунна

тІе куьг а даьхьна, иза вен?» Цул тІаьхьа, цхьа жима стаг тІе а кхайкхина, цуьнга Дауда элира: «ТІе а волий, иза ве». Цо иза вийра (хь. Дауд 1:14, 15).

«Дауд Шаулний, цуьнан кІант волчу ЯхІунатиний вилхира, назма а олуш» (Дауд 1:17). ТІаккха халкъана пІелаштамхойн гІаланашкахь Исраилан «нуьцкъалнаш муха бегна» ца дийцарна а, ца кхайкхорна а омра дира, мостагІий баккхий ца бейтархьама. Цо Шаул вийначу меттехь догІа ца дар а, ялта ца кхиар а дІакхайкхийра доІанехь, тІаккха Исраилан дерриг халкъ Шаулна тІера делхарна тІекхайкхира. Иза халахеттачу стеган дегах тера дац. Халахеттачу стага эр дара: «Хьакъ дерриг хилла цунна!» Дауд Шаулан цІийнан тІаьхьенах берш хІаллакбан ца хІоьттира. Цуьнан метта цо царех къинхетам бира. Цо царна латта а, юург а елира, ткъа церан тІаьхьенах волчу цхьанна шен паччахьан стоьла хьалха охьахиъна Іан сий дира. Халахеттачу стеган леларх тера дуй те иза?

Дауд, шеца да санна, лела везаш волчо дІатеттина вара, амма иза Шаулна тешаме вуьсура, ур-атталла иза веллачул тІаьхьа а. Атта ду хьо везачу лидерна я дена тешаме хила, амма атта дуй те хьо хІаллакван гІерташ волчунна тешаме хила? Делан даге хьаьжжина майра я зуда хир ду те шу, я шу шайна тІера дІадекха гІертар ду те?

Нийса ду, Дала Шен лешна
тӀера бекхам бар, амма
нийса дац, Делан леша
шайна тӀера дӀадекхар.

# КОРТА 5

# СИНАН ЛАКХАЛЛЕ КХЕРСТАРШ МУХА КХОЛЛАЛО

***«...Везачу Эло доьхкийла суна Ша къобалвина волчу сан олахочунна тIе куьг дахьар, хIунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву». Цу дешнашца цо шеца берш сацийра, Шаулна тIе куьг ца кховдадойтуш.***

**– Шамъал 24:7, 8**

Хьалха богIучу коьртехь вай, мел вон лелара Даудца, цо ден терго яре сатуьйсуш волу стаг хьаьвсира. Дауд даим а, стенна тIехь билггал нийса доцуш лелла те ша, кхета гIертара. Шаулан дог иштта шена дуьхьал стен доккхур дара, тIаккха юха а иза шеца дика муха хуьлийтийла ду те? Дауда тешалла дира шен Шаулна тешаме хилар, цуьнан дахарх къинхетам барца, ша паччахь Дауд дахарх ваккха лууш воллушехь.

Дауд, лаьтта кхаччалц охьа а таьІна, Шауле кхойкхура: «ХIинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хIума а, я ямартло а йоцийла».

Дауда дайдалар зийра, шен лидерна тешаме хиларан тешалла дича. ТIаьхьо кхин а сов Iазапе керланаш кхечира цуьнга:

> Шаулна иза хьалха санна хIаллакван лаьара. Амма Дауда ша вен гIерташ волчунна тIе куьг ца даьхьира, Дала дерриге Шаулан эскарна тIе кIоргге наб а яийтина, Дауде, шега Шаул вен магор доьху накъост а велла воллушехь. Амма Даудна цхьа муьлххачу кепара, и наб еш долу эскар цхьа кхечу Iалашонна гIуллакх деш хилар хаалора — кхуьнан шен дог зерхьама.

Далла, Дауд, Шаул санна, верна тIе вогIий те, шен паччахьалла дIахIотторхьама а, чIагIдархьама а, я цо Деле дIало те шен паччахьан гIант гуттаренна а дIахIоттор а, нийсонца чIагIдар а.

Сан хьоменаш! Цкъа а бекхамаш бан ма гIерталаш, ткъа иза Делан кара дIалолаш. Яздина ма ду:

> «„Бекхам Соьгахь бу, Ас хьакъ дерг дIалур ду“, – боху Везачу Эло» (Римхошка 12:19).

Дала Шен лешна тIера бекхам бар, нийса ду. Амма, Делан леша шайна тIера шаьш дIадекхар, нийса дац. Шаул шена тIера дIадоькхуш волу стаг вара. Иза дейтта шарахь хьаналчу стагана тIаьхьаваьлла лелла, динан гIуллакхдархой а, церан доьзалш а байина цо.

Дауд набъечу Шаулна тIехIоьттина лаьттачу хенахь, иза ларамечу зерна кIел вахана вара. Цо, Даудан даг чохь хIун ду те, дIаделла дезаш дара: жаIуьнан хьалхалера дикалла я «шолгIачу» Шаулан даггара ца хилар а, ямартло а. Делан лаамехь волу стаг вуьсий те иза? Дуккха а атта ду, дерриг а шен кара а эцна, Делан бакъахьаралла маца йогIу те, бохуш, сатуьйсучу метта.

Дала Шен гӀуллакхдархой муьтӀахьхиларна зоь. Цо вай леррина, динан а, юкъараллин а гӀеххьа долчо вайн лелар бакъхилар хетачу хьоле хӀиттадо. Цо кхечарна, къаьсттина вайна юххерачарна, вай ваьш лардарна дог айа а, тӀекхайкха а магадо. Амма иза Делан некъ бац. Иза адамийн хьекъалан а, лаьттара а, дилханан а некъ бу.

Со, сайн куьйгаллехь волу лидер гучуваккха ойла еш волчу хенахь, суна дагадогӀу, ас кху ойланца къийсам латтор, нагахь иза Ӏора ца ваккхахь, цуьнан кхечарна вон дойла ду, бохуш. Суна тӀаьхьара ца йолура хӀара ойла: «Ас бакъдерг хаийтар бен ма ца до. Нагахь ас и ца дахь, цу стеган и хӀумалгаш муха совцор ду?» Кхечу адамаша а иштта и гучуваккхаран сан лааман дог ойура.

Делахь а тахана суна хаьа, Дала хӀетахь соьга и яздина тешалла цхьана бахьаница бен ца деллера: со зерхьама. Со хӀаллакван гӀерташ волчу стагах терра хилла дӀахӀуттурий те? Я ас Делан кхел ярна я къинхетам барна меттиг лур ю те, нагахь и стаг дохковалахь?

## ДЕЛАН ТЕЛХИНЧУ ЛИДЕРЕХ ПАЙДА ЭЦИЙЛА МУХА ДУ

Дуккха а долчу адамаша хоьтту: «Дала адамаш ладаме гӀалаташ, ткъа наггахь законехь доцург а дечу лидерийн куьйга кӀел стенна хӀиттадо те?»

Хьовсийша Шамъалан бералле (Шамъал 2-5). Дала (иблисо с доцуш) и къона стаг телхинчу Ӏела цӀе йолчу динан ден а, цуьнан закон доцчу шина кӀентан Хьапнин а, Пайнехьасан а, уьш а бара динан гӀуллакхдархой, куьйгаллин кӀел хӀоттийнера. Цара хӀилланца а, нуьцкъаха а шайна схьаоьцура сагӀина деана дерг, тӀаккха гуламан цӀийнан чу воллучохь гуллуш болчу зударшца эвхьаза а лелара.

Сурт хӀотталой те шуьга, шаьш цу тайпана дахаран кепехь волчу динан гӀуллакхдархочун куьйгаллин кӀелахь хиларан?

Дезачу Сине оццул синхааме ца хиларна, цунна зуда доIа деш хилар а ца девзина, иза малар мелла ехха ю, аьлла, бехке еш волу! Шен кIентий нийсса динан цIийнахь зударшца боьха лелаш хилар ца сецочу, оццул бен доцуш волчу стеган.

Дукхахболу керстанаш тахана шаьш емалбина а хетта, кхин динан тоба лоьхуш хир бара, массарна а шайн хьалха хиллачу пасторийн а, лидерийн а законехь доцчу кепара дахарх лаьцна а дуьйцуш. Суна, иштта телхинчу меттехь вехаш хиллачу къоначу Шамъалах лаьцна дуьйцуш дерг, тамехь ду:

> «Кхиъна вогIуш волу Шамъал Iелина уллохь Везачу Элана гIуллакх деш вара...» (Шамъал 3:1).

Амма боьхалелар шен лакхенга кхаьчнера: «… Цу деношкахь Делера хаам нахе наггахь бен хуьлуш бацара, Делера долу сурт а наггахь бен ца хIуттура» (Шамъал 3:1). Хеталора, Дела дерриг а жуьгтийн халкъана генахь вара. Делан цIийнахь стогар хIинц-хIинца дIабан безара. Амма Шамъал Iамалъян кхин меттиг лоьхуш леларий те? Лелларий те иза къаной болчу, царна хьалха Iелин а, цуьнан кIентийн а законехь доцуш лелар дIаделлархьама? Схьагулйорий те цо комитет, Iела я цуьнан кIентий куьйгаллера дIабахархьама? ХIан-хIа, иза Далла гIуллакх деш вара!

Дала хIоттийнера цига Шамъал, тIаккха Шамъал Iелин я цуьнан кIентийн леларна тIера жоьпаллехь вацара. Иза церан куьйгаллина кIел царна кхелъярхьама хIоттийна вацара, амма царна гIуллакхдан хIоттийна вара. Цунна Iела Делан лай вуйла а, тIаккха Дела Шен гIуллакхдархошца дерг цхьалхадаккха хьуьнар долуш вуйла а хаьара.

Бераша дай ца нисбо. И жоьпалла дайшна тIехь ду, шайн бераш Iаморхьама а, нисдархьама а. Вайн, ваьш Iаморхьама, Дала ваьшна бахкийтинчаьрца гIуллакх хила деза. Иза вайн жоьпалла ду, вайн декхар ду. Вешан барамехь берш, вай иракарахIитто а, тебан а беза, вежарий санна. Амма кху коьртехь, хьалхалерчу коьртехь санна, со, вайна тIехь куьйгалла

дан хӀиттийначеран леларна, вешан реакцига хьоьжу.

Шамъал Дала дӀахӀоттийначу динан дена шена ма-далло дика гӀуллакх деш вара, цунна кхелъян я и нисван ойла а йоцуш. Цкъа бен кхелъяран дош ца элира цо, иза дара, Ӏелас и волчу а веана, дӀаяханчу буьйсанна Дала цунна гайтина гӀан дийца аьллачу хенахь. Амма ур-атталла цу муьрехь а и нисвар Шамъалера а доцуш, амма Делера дара. Нагахь дукхахдолчу адамаша и билггал бакъдерг тӀе эцахьара, вайн динан тобанаш кхоччуш кхечутайпана хилла дӀахӀуьттур яра.

## ДИНАН ТОБАНАШ — КАФЕТЕРИШ ЯЦ

Сих-сиха адамаша сихонца дӀатосу динан тоба, нагахь царна куьйгалхойн цхьа нийса доцург билгалдалахь. Хила тарло, уьш реза бац пасторо сагӀина дохьург схьа муха гулдо, я ахча муха дойуш ду. Я царна пасторо беш болу хьехамаш тамехь ца хета. Пастор тӀекхочийлла доцуш я, бӀостанехьа, тӀех эвхьазе ву. Цу спискан чаккхе а, йист а яц. Халонаш тӀеӀиттаелча, сатийсар лардочу метта, уьш, царна хеташ ма-хиллара, цхьа а тайпана девнаш доцчу бевдда дӀабоьлху.

ТӀетовр вай, Ӏийса цхьаъ бен воцу кхачаме динан да ву. ХӀета вай халонех, цаьрца юьхь-дуьххьал а нисделла, и гӀуллакх цхьалха доккхучу метта, сихонца дӀа хӀунда довду те? Ваьшга девнашца долу хӀума цхьалха ца даккхаделча, вайна гуттара санна, халахета. Цкъацкъа вай, вешан пайхамаралле динан гӀуллакх дӀакхехьар дуьххьалдӀа тӀе эцна дацара олу. ТӀаккха вай цхьана динан тобанера вукху динан тобане доьлху, ала хӀума доцу куьйгалхой болу гулам а лоьхуш.

Сайн дахарехь со тайп-тайпаначу штаташкахь шина динан тобанан декъашхо бен ца хилла (дейтта шерашкахь). Сан шиннал дукха (ткъа ма-дарра аьлча чӀогӀа дукха) аьттонаш бара сайн куьйгаллехь болчарна халахета (цу тӀе царех дукхахберш сан сайн бехкана я кхиаза хиларна кхоллабеллера). Сан сайн

куьйгаллехь болчийн тергонехь критични хилла дIахIотта агIо яра. Амма динан тобанера дIавахар ца хилира халонан цхьалхадаккхар. Цкъа, со халачу хьелашкахь волчу хенахь, Дала Делан Йозанашкарчу аятехула элира соьга:

Нагахь ахьа цкъа-мацца а динан тоба юьтуш хилахь, Суна, ахьа иза иштта бен дан ца лаьа: «Делахь*, шу самукъадаларца арадевр ду,* машарца новкъа а дохур ду... » (ЕшаI-ЯхIу 55:12).

Дукхахболу керстанаш иштта дIа ца боьлху шайн динан тобанашкара. Царна динан тобанаш цхьана а хIуманца кафетерел башха къасталуш яц аьлла лору, цундела цара *шайна чомехь хеттарг* схьахаржа мега моьтту! Цара, шайн динан тобанехь цхьа халонаш кхоллаяллалц бен, хила кхоччуш йиш ца хилар лору. Амма иза Делан Йозанаша хьоьхург данне а дац. Муьлхачу динан тобане шаьш даха дезаран сацам аша беш бац. Иза Дала къастадо! Делан Йозанашкахь ца аьлла: «Дала хIора меже дегIана юкъахь, царна ма-луъу ехкина». Амма цигахь боху:

> «Амма Дала дегIан массо а меже Шена хила еза аьлла хеттачу меттехь дIанисйина» (1 Коринтхошка 12:18).

Дагахь латтаделаш, нагахь шу Далла шаьш ган луъучу меттехь делахь, иблис девнаш дахарехула шу цигара дIалелхо гIоьртур ду. Нагахь цуьнан и дан аьтто балахь, цо толам баккхар даздо. Нагахь шу Дала еллачу меттигера ур-атталла нуьцкъала девнаш девлачу хенахь а меттах ца довлахь, аша иблисан Iалашонаш йохор ю.

## ЕМАЛДАР IЕХОР

Со цхьана динан тобанехь вара хIинца масех шарахь. Тхан динан да Америкехь тоьллачу хьехамчех цхьаъ вара. Со дуьххьара цу динан тобане лела волавелча, со бага а гIаттийна охьахиъна Iара, цуьнан багара схьаболучу Делан Йозанийн хьехамийн ницкъах марзо а оьцуш. Хан мел ели со динан дена гIуллакх деш

дӀахӀоьттира, тӀаккха оццул цунна юххера хиларна, сан цуьнан ерриге сакхталлаш а, кхачамбацарш а гойла дара. Со шек хила волавелира цуьнан динан гӀуллакхдаран хьокъехь долчун нийса хиларх. Со цунна критика ян а, кхелъян а хӀоьттира, тӀаккха со халахетаро хьийзавора. Цо хьехамаш бора, ткъа суна цхьа а тайпана дог айдалар я даьтта хьаькхна хилар ца хаалора. Цуьнан хьехамаш кхин сан дагах хьакха а ца лора, цара суна гӀо а ца дора.

Тхоьца доттагӀалла долу кхин зудий, майрий а дара тхан динан тобанан штатни белхалошна юкъахь, тӀаккха хеталора, царна а суна санна, хаалора иза. Дала уьш динан тобанера арабехира, тӀаккха цара къаьстина динан гӀуллакх дӀакхехьар долийра. Цкъа цара тхо хьошалгӀа кхайкхинера. Тхан берриге къийсамаш а, сагатдар а девзаш, цара тхо иракара хӀиттадора, вайн дахарехь Дала тӀекхайкхина хиларца догӀуш леларна тӀе а кхойкхура. Цара, динан дас а, цуьнан зудчо а, динан тобанан куьйгалло а деш долчу дерриге гӀалатех лаьцна дуьйцура. ТӀаккха тхуна, цхьаьна гул а луш, тхаьш гуро лаьцначу, догдохийла йоцчу хьолехь хилар хаалора.

Хеталора, и шиъ даггара гӀайгӀа беш дара тхан аьтто болуш хиларан. Амма цу дийцаре дуьллучо тхан реза ца хилар а, халахетар а, цӀерга даьтта тухуш санна, дохдора. Кицанашкахь (26:20) ма-бохху: «Дечиг дӀадаьлча, цӀе а дӀайов, эладита чекхдаьлча, дов а дӀадолу». Цара тхоьга бохуш дерг бакъ дара, амма и дерриг а Делан бӀаьргаш чохь нийса дацара, халахетаран цӀерга дечиг кхуьссу дела.

«Тхуна хьо Делан лаамехь волу стаг вуйла хаьа, — бохура цара соьга. — Цундела ю хьан и ерриге а халонаш динан тобанехь». Церан дешнаш чӀогӀа тамехь хезаш дара.

Оха зудчуьнца вовшашка элира: «Тоьар ду. Вай ирчачу хьолехь нисделла. Вай цу динан тобанера дӀадаха деза. Вайн доттагӀашна деза вай. Уьш вайна дика синан лакхалле хьехамхой хир бу. Церан динан тобанерачу адамаша вай а, Дала вайна делла, динан гӀуллакх дӀакхехьар а тӀеоьцур ду».

Тхо тхайн динан тобанера дӀа а дахана, цу майрачо а, зудчо

а куьйгалла дечу динан тобане лела дуьйладелира, амма иза масех баттахь бен ца дахделира. Оха, тхаьшна халонех дIадаха аьтто баьлла аьлла, сацам бинехь а, тхуна тхешан чоьхьара Iазапалла кхидIа а доьдуш хилар билгалделира. Тхо духехь даккхийдер зуьйш дацара. Тхо, оха хIинцца дIатесначарех терра хилла дIахIиттаран, кхерамо доьхкура. Дерриг а оха деш дерг, тхоьга дойтуш санна а, цхьа Iаламехь доцуш санна а, хеталора. ХIинца ур-атталла тхан керлачу динан деца а, цуьнан зудчуьнца а йолу юкъаметтигаш юьйлина хилла дIахIиттира.

Эххар а со, тхо тхешан хьалхалерчу динан тобане юхадерза дезарх, кхийтира. И дарца, тхуна сихха, тхаьш хIинца Делан лаамехь хилар хааделира, хIетте а, арахьара, тхо цхьа муьлххачу а кхечу меттехь дика тIеэцна а, дезаш а хир дара, аьлла, хеталахь а.

ТIаккха Дала элира: «Джон, Ас цкъа а хьоьга кху динан тобанера дIагIо ца аьллера. Хьо цигара хьайн халахетаран тIехула дIавахара!»

Конфликтехь кхин динан да а, цуьнан зуда а бехке дацара, амма тхо тхаьш дара. Уьш тхох кхета а кхеташ, шайн дегнаш чохь изза хаттарш цхьалхадаха гIертара. Шу Делан лаамехь доцчу хенахь, шу цхьана а динан тобанна декъалалле я гIо деш дерш хир дац. Шу Делан лаамехь доцчу хенахь, ур-атталла уггаре дика юкъаметтигаш а тIеозийна а, юьйлина а хир ю. Со сайн зудчуьнца хIетахь Делан лаамера ваьлла вара.

Халахеттачу адамаша хьелашна нийса реакци ца йо, тIаккха цара тIехула нийса хеталуш дерг бен ца до, амма Делан Iаь тоьхна а доцуш. Вай вешан эмоцишкахь кхехкарна а доцуш, амма деш-леларна тIекхайкхина ду.

Нагахь вай Далла муьтIахь а долуш, Иза лоьхуш делахь, ткъа Цо вайга хIумма а ца алахь, жоп муха ду хаьий шуна? Цо, схьахетарехь, вайга боху: «Хьо хIинца волччехь Iе. Цхьа а хIума ма хийца». Сих-сиха, таIийна хилар хааделча, вай, дайдалар хилийтархьама, Делера дош лоьху. Амма Дала вай цу пеша цIандалийтархьама а, чIагIдалийтархьама а, хьалакхиъна хилла

хилийтархьама а дохку, ткъа вай хIаллакдархьама а доцуш!

Цхьа бутт баьлча сан сайн хьалха хиллачу динан тобанан динан деца вовшахккхетарна аьтто белира. Аса сайн критикина а, дуьхьалвaларна а дохковалар дIахаийтира. Иза дог диканца къинтIера велира суна. Тхан юкъаметтигаш чIагIъелира, тIаккха воккхавер юхадеара сан даг чу. Со юха а динан ден хьехамех хьехам схьаэца волавелира, тIаккха еххачу хенахь цу динан тобанехь вуьсура.

## ТIЕДОЬГIНАЧАРА ЗАЗА ДОККХУ

Забура тIехь (91:14) Делан Йозанаша боху: «Везачу Элан цIенна уллохь *доьгIна* дитт санна, вайн Делан керташкахь заза доккху цара». Билгалдаккхалаш, билггала Везачу Элан цIенна уллохь «доьгIначу дитташа» *заза доккху.* ХIун хир ду ораматца, нагахь аша иза хIора кхо кIира мосса долу юха дIайоьгIча? Шух дуккха болчарна хаьа, цуьнан орамаш цомцуш а хилла, жимделла дIахIуьттур ду, тIаккха иза гIеххьа хьалакхиалур яц. Нагахь аша кхин дIа а юха дIаегIахь, орамат шовкъах лийр ю!

Дуккха долу адамаш динан тобанера динан тобане, цхьана гIуллакхдарера вукху гIуллакхдаре дуьйлу, шайн динан гIуллакхдар кхачаме хилийтархьама. Нагахь Дала уьш, уьш лара а ца лоручу, иракарахIиттош а боцчу дIахIиттийча, царна халахета. Нагахь уьш цхьана хIуманца реза бацахь, дIабоьлху. ДIабахарца, цара куьйгаллехь берш бехке бо. Уьш бIаьрзе бу тIаккха царна шайн амалера кхачамбацарш ца го, Далла уьш, цара зуьйчу охьатаIорехула, уьш цIанбан а, кхио а лууш хиларх ца кхета.

Дала ораматашна а, дитташна а тIехь гойтучу, масалшца Iемар вай. Лаьттах дIадоьгIначу стом лучу диттан догIанашца а, дорцашца а, бовхачу маьлхаца а, мехаца а Iоттадала деза.

Къоначу диттана хабар дийца хаьахьара, хила тарло, цо эр дара: «Доьху ас, дIадаккхийша со кхузара! Со дIога, я хIара ирча йовхо а, я хIара мехаш а, дорцаш а доцчу, дIадогIийша!»

Нагахь бешлелорхочо ма-дарра дитте ладоьггIехь, цо цунна зен дийр дара. Дитташа бовха малх я дорцаш ловчу хенахь, цара кIоргге орамаш хоьцу. Царна тIеIитталуш йолу халонаш, чаккхенан жамIехь царна чIоггIа латтарна хьоста хуьлий дIахIуьтту. Царна гонахарчу Iаламан хьелийн луьралло цаьрга кхин дахаран хьоста лехуьйту. Уьш ур-атталла уггар доккхачу дорце а стом бахьаран хьуьнарна Iаткъам балур боцчу хьоле догIун долу, де догIур ду.

Со, цитрусийн коьрта гIала йолчу, Флоридехь вехаш ву. Дукхахболчу Флоридин бахархошна, Iа шийла мел ду, апельсинаш мерза хуьлий хаьа. Нагахь вай иштта сиха синан лакхаллин дуьхьало ярх дIа ца довдахьара, вайн орамийн ондда хилла дIахIиттарна а, кIоргге дахарна а шанс хир яра, ткъа вайн стоьмаш Делан бIаьргаш чохь шортоне а, тамехь а хир бара, тIаккха Цуьнан халкъана алсамо чам болуш а, мерза а хир бара! Тхо, Дела воккхавеш долу, хьалакхиъна дитташ хилла хир дара, стоьмаш ца хиларна, дIатесна дитташ хуьлучу метта (хь. Лака 13:6-9). Вай, ваьшна Дала леррина синан лакхалле кхиархьама дохьуьйтуш долчунна дуьхьало ян гIерта ца деза.

Дезачу Сино дог ирахIоттийначу назмаалархочо Дауда, халахетарна а, Делан Iедална а, вайн синан лакхалле хьалакхиарна а юкъара зIе мел онда ю, гайтина. Цо Забуран хьалхарчу назманехь яздора:

> Декъала ву зуламхойн хьехамашца лелаш воцу стаг,
> къинош летийна болчарна тIаьхьа ца хIуттуш верг,
> кхаьрдаш болчарах дIа ца кхетарг! (Заб. 1:1, 2)

ТIаккха Забурехь (118:165) цо вайна, Делан Iадаташ дезачу адамех лаьцна, кхин а цхьа довзийтинарг ло:

> Шортта синпаргIато ю Хьан товрат-хьехам безачийн,
> ткъа уьш *тасабалийта* я галбовлийта хIумма а дац.

Забуран хьалхарчу назманан кхоалгIачу аятехь эххар а, иштачу стеган кхоллам гойту:

> Ву иза доьдучу хин йистехь доьгIна дитт санна, шен хенахь стом а ло цо, гIа а маргIал ца дулу цуьнан, ша мел дечунна тIехь аьтто а хуьлу цуьнан (Забур 1:3).

Кхечу дешнашца, бохамаш болчу хенахь Делан Дашехь реза хилар карош волу тешаш верг, муьлххачу а халахетарех кIелхьара а вер ву, цхьана а хIуманах таса а лур вац. И стаг, Сино ницкъ а, юург а лучу кIоргене орамаш туьйсу дитт санна, хир ву. Цо шен синан кIоргенехь Делан хьостанера схьаоьцур ду. Цу гIуллакхо чIагIвийр ву иза, тIаккха иза, стоьмаш бохьучу кхиаме хьалакхуьур ву. Далла бу хастам!

ХIинца Iийсас ялта дIадуьйш волчух лаьцначу кицанан маьIнин талламан кIоргене гIор вай.

Кхиберш тера бу тIулгашна юккъе эгначу хIух. Шайна Делан дош хезча, хазахетарца, сихонца схьалоцу цара и дош. Амма церан хила ма-беззара орам боцу дела, уьш *кIеззигчу ханна бен* ца лаьтта. Ткъа и дош бахьана долуш, шайна тIе халонаш хIиттича, уьш *сихха юхабовлу* (Марк 4:16, 17).

Аша Дала шайна хаьржина меттиг дIа ма тесси, шун орамийн системин хьалакхиар соцу. Юхахула шуна цатемех дIадовда кхин а атта хир ду, шу тIедирззина орамаш кIоргге лаьттах дахийта ца гIиртина дела. Эххар а шун гIайгIа-баланаш я лаьхкина лелор лан ницкъ биссане а ца буьсучу хьоле догIу.

ТIаккха хьо, цхьана меттера вукху метте вуьйлуш волу, кхинаш хьайца вон хиларна кхерарна, массаьрга а дегабааме волу, синан лакхалле кхерстарг хилла дIахIутту. Билггал бакъболу синан лакхалле стом бала хьуьнар доцу заьIапхо а хуьлий, хьо, кхечу керстанех буьсуш болу стоьмаш а бууш, хьайн дахаран юкъавулий веха.

Хьовсийша Адаман дуьххьарлерчу кIенташка Кхаиме а, Хьайбулле а. Кхаима Далла сагIина шен куьйга лелийна, латталелоран стом бохьу. И стом дуккха а къахьегаршца хьалакхиийна бара. Цуьнан латта тIулгех а, гуьйригех а цIандан дезара. Латта аха а, самсадаккха а дезара. ДIаден а, хи дилла а,

кхелли йилла а, шен ялта лардан а дезара. Цо дукха тІевирззина гІуллакх дина Далла. Амма иза цуьнан шен сурт хІоттор дара сагІин, ткъа Делан лаамна муьтІахьхилар а доцуш. Цу гІуллакхо, цо шен ницкъаца а, корматаллашца а Далла Іамалъяран билгало йо, ткъа Делан ниІматца а доцуш.

Ткъа Хьайбуллас, бІастанехьа, муьтІахьхиларан сагІа деана: шен жена юкъара тоьлла дуьххьарниг а, хьакхар а. Цо, Іахар кхиош, Кхаима санна, къа ца хьегна, амма и дийнат цунна хьоме дара. Шина а вешина дегара а, ненера а, цара мацах шайн дерзина хилар диттийн гІашца дІакъовла гІертарх лаьцна хезнера, иза, цара къа дІакъовларна церан шайн гІуллакх даран васт дара. Амма Дала Шена тІеэца меган долу сагІа гайтинера, Адаман а, Хьаван а дерзина хилар бехке доцчу дийнатан цІоканца дІа а къевлина. ХІетталц Адамна а, Хьавана а шайн къа шайна ма-луъу дІакъовла мегаш ца хилар ца хаьара. Амма царна Делан некъ гайтинчул тІаьхьа, уьш, церан къа дІакъовла хьуьнар дерг Мила ву, кхийтира. Изза хьакхалуш дара церан берех а.

Кхаим Делан гайтарна тІе а ца тевжаш, Дела реза ван лууш вара. Дала, Ша волчу Шен ниІматна тІедоьгІна (Хьайбулан сагІа) вогІуш верг тІе оьцуш хилар, тІаккха «дика а, вон а довзарна» (Кхаиман динан гІуллакхаш) тІедоьгІна деш дерг дІатоттуш хилар, гайтира. ТІаккха Цо Кхаим, нагахь цо диканиг дахь — иза тІе эцна хир ву, амма вониг харжахь — къино иза лолле вуьгург хиларх, кхетийра.

Кхаим Делана вас хилла вара. Дохко а ваьлла, шен дахар хуьйцучу метта, цо, Далла дуьхьал ерзийна, шен оьгІазалла а, халахетар а Хьайбуллина тІе а Іанийна, вийра иза. Дала неІалт кхайкхийра Кхаимна:

> ХІинцачул тІаьхьа неІалт кхайкхадо Ас хьуна, хьан карах валар хилла хьан вешин цІий дІаоьцучу лаьтта тІехь. Ахь латта лелош, *цо кхин лур дац, хІинццалц санна, рицкъа.* Ткъа кху лаьттахь, *меттиг ца карош, лелар ву хьо* (Доладалар 4:11, 12).

Дала дӀатеттина хилар. Кхаим долччул а кхоьруш дерг, кхочушхилира цуьнан бехкана. Иза, шегахула Дела реза ван гӀиртинарг (латта), хӀинца неӀалт кхайкхийна дара. ЦӀий Ӏаноро неӀалт деара. Лаьтто цунна кхин шен ницкъ бала ца безара. Стом хӀинца боккха ницкъ тӀебахийтарца бен хьалакхуьийла дацара.

Халахеттачу керстанаша шайн стом баран хьуьнар хӀаллакдо. Ялта дуьйш волчух лаьцначу кицанехь Ӏийсас деган лаьттаца дустар до. Кхаиман аренаш стом ца луш ма-хиллара, иштта стом ца ло, къахьалло дӀаьвше динчу, халахеттачу деган бухенгахь долчо а. Халахеттачу адамаша хьалха санна шайн дахарехь Ӏаламаташ а, пайхамараллаш а, тодаларш а лан мега. Амма и дерриг а Дезачу Синан совгӀаташ ду, стоьмаш а боцуш. Ткъа вай вешан совгӀаташца а доцуш, вешан стоьмашца кхелйина хир ду. СовгӀат луш ду, ткъа стом лелош а, кхиош а бу.

Билгалдаккхалаш, Дала аьлла, Кхаим шен леларан тӀаьхьало йолуш, эккхийнарг а, зератхо а хилла дӀахӀуттур ву. Тахана вайн динан тобанашкахь дуккха а синан лакхалле дӀабевддарш а, эккхийнарш а, зератхой а бу. Церан назманаш аларан а, хьехамаш баран а, пайхамараллийн а совгӀаташ а, кхин дерг а церан хьалхалерчу динан тобанийн лидераша тӀеэцна дацара, цундела уьш цигара дӀабаханера. И адамаш, шайца и халахетарш а лелош, шайн совгӀаташ тӀе оьцун йолу а, церан чевнаш тоен йолу а кхачаме динан тоба лоьхуш, Ӏалашонза девлла лелаш ду.

Цара шаьш чевнаш хилларш а, лаьхкина лелораш а лору. Царна шаьш хӀинцалерчу заманан Ярми-ЯхӀунаш ду моьтту. «Уьш а, Дела а» бен бац, ткъа бисинчу массара а церан хӀаллакьхилар лоьху. Уьш Ӏама корматалла йоцуш хуьлий дӀахӀуьтту. Церан, ас цуьнан иштта цӀе ма-йоккху, «шайна тӀаьхьабевлла леларан комплекс» гучуйолу: дерриге адамаш суна тӀаьхьадевлла лелаш ду. Цара, дерриге а адамаша лаьхкина лелош долу эвлаяаш я Делан пайхамарш ду, бохуш, тедо шаьш. ХӀоранга а уьш шеконца хьоьжу. Иза билггал Кхаимца хилларг ду. Хьовсийша, цо хӀун боху:

> Ахьа хIинца со кху лаьттара а, Хьайн юьхь-дуьхьалара а экххаварна, со волавелла лела везар ву. Суна *дуьхьал мел кхетар волчун со вен таро хир ю* (Доладалар 4:14).

Гой шуна, Кхаиман «тIаьхьабевлла леларан комплекс» хилла: дерриге а адамаша ша лаьллина лелочуха! Изза хуьлуш ду тахана а. Халахеттачу адамаша массо а шайна тIаьхьа таллар деш бу, аьлла, лору. Цу агIонна тIехула, царна шайн дахарехь хийцамаш оьшу меттигаш ган чIогIа хала ду. Уьш дIа а къастий, гонаха берш шайца вон хуьлуьйту питана туьйсуш лела.

Ша кхечарах дIакъастийнарг шена луъург дан лууш хуьлу. Хьекъал мел дерг дIатотту цо (Кицанаш 18:1, хIинцалера гочдар).

Дала вай, кхечарах доьзна а доцуш, кхоччуш дIакъаьстина дахархьама ца кхоьллина. Цунна тамехь ду, Цуьнан бераш вовшийн гIайгIа беш хилар. Веза Эла дог доьхна хуьлу, вай дусаделла а, оьгIаздахана а, вешах къахеташ а, берриш биснарш вешан бохамашна бехке хилар лоруш долчу хенахь. Цунна вай Цуьнан доьзалан жигара дакъа лоцу декъашхой хила лаьа. Вай вешан дахар Цуьнгара схьаоьцуш хилархьама. Кхечу адамашца хила ца лууш волчу стага, Далла лууш дерг а доцуш, шен вухахьара хилар бен ца лоьху. Иштта стаг, цхьаннан а хьехамашка ла а ца дугIуш, Iехаваларна дIавеллавелла хилла дIахIутту.

Аса, Дала дIа а къаьстина, садаIархьама а, Шен Дашехь чIагIвалархьама а тIекхайкхинчу муьрехь долчух лаьцна ца боху. Аса, ша шен туьрме чу боьхкинчарех лаьцна боху. Уьш цхьана динан тобанера вукханхьа а лелаш, цхьаъ вукхунна тIаьхьа юкъаметтигаш а хедош, кхечарах дIакъаьстина. Уьш, шайца реза боцурш, харц а лоруш, царна дуьхьалбевлла хуьйлу. Уьш дIакъастарца ларлуш хуьлу, царна шаьш кхоьллинчу а, контроль ечу а гонахь бен кхерамазаллехь ца хета. Церан кхин

шайн амалан кхачамбацарш цхьалхабахарна тӀехь ойла ян ца деза. Халонашца юьхь-дуьххьал Ӏитталучу метта, уьш зерах кӀелхьарбийла гӀерта. Халахетарийн керла мур болалучу хенахь, девнаш дийларан хьелашкахь бен хуьлийла доцу, амалан хьалакхиар соцу.

Вас хиларо хьуна хьайн
амалан кхачамбацарш ган
новкъарло йо, хIунда аьлча
бехк, гуттара санна,
кхечунна тIе бохуьйту дела.

# КОРТА 6

# БАКЪДОЛЧУХ ЛЕЧКЪАШ

***... Динах лаьцна хьехамаш даим Iамо гIерташ белахь а, билггал долу бакъдерг цкъа а къобал ца дало цаьрга.***

**– 1 Тимапига 3:7**

Соьга сих-сиха хоьтту: «Динан тоба я динан гIуллакх дар маца дита деза аса? Соьга и дайтархьама, мел вон хилла дIахIотта деза цигахь?»

Ас жоп ло: «Ткъа шу хIинца лелаш йолу динан тобане, хьан хьовсийна шу?»

Коьртачу декъехь суна жоп ло: «Дала», – аьлла. ТIаккха ас иштта олу: «Шаьш Дала хьовсийнехь, дIа ма гIолаш цигара, Цо и дан магадаллалц. Нагахь Везачу Эло хIумма а ца бахахь, Иза вист ца хиларца шуьга ала лууш ву: „Цхьа а хIума хийца ма

далийта. ДIа ма гIо. Ас хьо дIахIоттийначохь виса!»

Нагахь Дала шуьга динан тобанера дIадаха омра деш делахь, цуьнан хьал мухха делахь а, шу цигара машарца дIагIур ду.

Делахь, шу самукъадаларца арадевр ду, машарца новкъа а дохур ду (ЕшаI-ЯхIу 55:12).

Цу кепара, шун динан тобанера арадовлар кхечу адамийн деш-лелаш хиларна а доцуш, амма Дезачу Сино дуьгуш хиларна тIедоьгIна хир ду. ГIуллакхдар дIатасаран сацам бар тIеIаткъамашна тIедоьгIна хила ца деза.

Тешачара вас хиларца я емалдарца динан тоба йитарна, Делан лаам бац. Иштта лелар — хьелашна реакци яран билгало ю, Цо дигаран бухана тIедоьгIна лелачул. Римхошка (8:14) дахьийтарехь боху: «ХIунда аьлча Делан Сино лелош дерш Делан бераш ду». Билгалдаккхалаш, кхузахь ца боху: «ХIунда аьлча, халачу хьелашна реакци йийраш, Делан бераш ду».

Берриге хиламашкахь бохург санна, Керлачу Весетехь пайда оьцучу «кIант» бохучу дешаца грекийн ши дош цхьаьнадогIуш ду: текнон а, хьюос а. *Текнон* бохучу дешана иштта билгало яла мегар ду: дуьнен чу валаран билггал бакъдолчуьнца кIант верг.

Сан дуьххьарлера кIант Эдисон дуьнен чу ваьллачу хенахь, иза деккъа сан зудчух а, сох а схьаваларна бен Джонан Биверан кIант хилла дIа ца хIоьттинера. Иза бер ден цIа чохь кхечу керла дуьнен чу девллачу берашна юкъахь волчу хенахь, шуьга иза сан кIант волуш санна, схьакъасталур вацара дерриге а дисинчу кегийчу берех. Сан доттагIашна а, гергарчарна а, бер ден цIа чу бахкарца, кхечу кегийчу берашна юкъахь иза, цуьнан маьнганах дIалатийначу биркица бен ца вовзалора. Цуьнца иза бисинчарна юкъара схьакъастош долу хIума дацара. Эдисон кху хиламехь Джонан а, Лизин а Биверийн текнон лоруш хир вара.

Вайна Римхошка (8:15, 16) дахьийтарехь текнон дешах пайда оьцуш хилар го. Кхузахь боху, вай да хIоттаран са тIеэцна дела, «кху Дезачу Сино вайн синна, вай — Делан бераш (текнон) хиларан тоьшалла до». Стага Дала леррина къобалвина Iийса

Веза Эла санна тIеоьцучу хенахь, иза, лакхара керла дуьнен чу валаран ма-дарра долчу бахьанна, Делан бер хуьлий дIахIутту (хь. Яхьъя 1:12).

Керлачу Весетехь «кIентий» санна, гочдина грекийн шолгIа дош, — иза хьюос ду· Керлачу Весетехь цунах дуккхазза а пайда оьцу, стаг, кIант санна, вовзийла долчохь, хIунда аьлча цо дененан амал гойту дела·

Сан кIант Эдисон хьалакхиъча, иза цуьнан дех тера а, и санна лелаш а хилла дIахIоьттира. Цуьнан ялх шо кхаьчча, иза тхайн деца-ненаца а витина, со сайн зудчуьнца тхешан гIуллакхашна арадевллера. ХIетахь тхан нанас Эдисон веккъа шен да ву-кх элира сан зудчуьнга. Амалца цуьнан хенахь хиллачу сох чIогIа тера вара иза. Воккхахилча, иза кхин а дукха тарвеллера шен дех. ХIинца иза Джона Биверан цIера кIант хиларал сов, цуьнан дех терачу амалшца вевзар ву иза.

Кхин атта аьлча, грекийн текнон олучу дешо кегий бераш я кхиаза болу кIентий бохург билгалдоккху, ткъа хьюос олучу дешах кхиъна бевллачу кIентех лаьцна яздеш пайда оьцу.

Юха а Римхошка (8:14) дахьийтарехь бохучуьнга хьовсур вай: «ХIунда аьлча Делан Сино лелош дерш Делан бераш *(хьюос)* ду». Вайна къаьстташ гойла ду, билггал кхиъна бевлла кIентий бу Делан Сино лелош берш. Кхиаза болу керстанаш Делан Сино кхоччуш лелабойла дац. Дукхахьоларчу хиламашкахь, цара, шаьш Iаткъаме я интеллектуальни Iитталучу хьелашна реакци йо. Уьш хIинца а Делан Сино лелоран бухана тIедоьгIна бен доцуш лела Iемина бац.

Эдисон воккхахиларе терра цуьнан амал а кхуьур ю. Иза воккха мел хуьлу, ас цунна тIедуьллуш долу жоьпалла а алсам хир ду. ЧIогIа вон хир ду, нагахь иза кхиаза висахь. Делан лаам бац вай кегий бераш диса.

Сан кIентан Эдисонан амал шегахула кхиаран некъех цхьаъ, — иза халачу хьелашца Iиттавалар ду. Ша школе лела волавелча, цунна масех «девнча» дуьхьалваьллера. Суна цу кIоршамечу

бераша сан кІантана дуьхьал лелош я дуьйцуш долчух лаьцна хезнера, тІаккха суна ваха а вахана, цаьрца дерг цхьалхадаккха лаьара. Амма со иза нийса хир доцийла кхетара: сан юкъаваларо Эдисонан кхиарна новкъарло йийр яра. Цундела аса а, сан зудчо а цІахь хьехамаш бора цунна, иза школехь хин йолчу халонашна кечвеш. Цуьнан амал гІайгІа-баланашкахула а, тхан хьехамашна муьтІахьхиларехула а чІагІлуш яра.

Вайца Дела лелачух тера ду иза. Делан Йозанаша боху: «Ша (Іийса) Делан КІант (хьюос) хиллехь а, ерриге а лайначу халонашкахула Іемина Иза Далла муьтІахь хила» (Іебархошка 5:8, хІинцалера гочдар).

ДегІаца хьалакхиар — иза хено гойту. Цхьа а ши шо долу бер 180 сантиметр лекха ца хуьлу. Интеллектуальни кхиар дешарца хьаладолу. Амма синан лакхалле кхиар хенаца я дешарца доьзна дац — иза муьтІахьхиларца доьзна ду. Ткъа хІинца, Кипас бохучуьнга хьовсийша:

> Дала леррина Къобалвинчо Шен дегІана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХІунда аьлча дегІана хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дІа а къаьстина... (1 Кипин 4:1).

Къинош летор сацийна стаг – Делан кхоччуш муьтІахь долу бер ду. Иза кхиъна стаг ву. Цо, шенаш а доцуш, Делан некъаш хоржу. Цо лайначу халонашкахула муьтІахь хила Іеминчу Іийсах терра, вай а, ловш долчу халачу хьелашкахула, муьтІахь хила Іемаш ду. Вай, Дезачу Сино аьллачу, Делан дешана муьтІахь долчу хенахь, девнаш деш а, баланаш хьоьгуш а долуш, вай хьала а кхуьуш, кхиъна хуьлий дІахІуьтту. Деза Йозанаш хаар синан лакхалле кхиарна догІа дац. МуьтІахь хилар — и ду догІа.

ХІинца, вешан динан тобанашкахь иттех шерашкахь Делан Йозанаш тІера аяташ а, ур-атталла дийнна дакъош а далош, эзарнаш хьехамаш хезна а, шортта тептарш дешна а болу керстанаш хьалха ма-барра синан лакхалле памперсаш лелош хиларх кхета-кх вай. ХІоразза а шаьш халонашкахь нисбелча,

Делан Сино ма-бохху лелачу метта, уьш шайна ма-хетта шаьш лардан гӀерта. Уьш даим Ӏемаш бу, амма билггал бакъдерг довзарна тӀе ца кхачало (хь. 2 Тимапига 3:7). Уьш билггал бакъдерг довзарна тӀе ца богӀу, хӀунда аьлча цу девзинчух шайн дахарехь пайда ца оьцу дела. Нагахь шу кхиа а, кхиъна девлла дӀахӀитта а дохкуш делахь, шайн дахарехь билггал бакъдолчунна кхоччуш маьршо ло. Цуьнга ла а ца дугӀуш, хьекъалца цуьнца реза хилар тоьаш дац. Ур-атталла нагахь вай кхин дӀа а дешахь а, вай цкъа а кхиъна хир дац, нагахь ладугӀуш ца хилахь.

## ЛАРДАЛАР

Дукха хьолахь, ла ца дугӀуш хиларехула деш долу лардалар, халахетар ду. Халахетар хьулдар — ларваларан харц синхаам хилар ду. Цо шуна шайн амалера кхачамбацарш ган новкъарло йо, шуьга бехк кхечунна тӀе буьллуьйту дела. Шун тӀаккха шаьш лелочуьнца, кхиаза хиларца я къинца дерг цхьалхадаккха дезаш ца хуьлу, шуна шайна вас йинчуьнан кхачамбацарш бен ца го дела. Кхузара, девнаш дахарна тӀехь толам а боккхуш, Делан шун амал хьалакхио гӀертар, аша дохош хилар, догӀу. Вас хилла волу стаг халахетаран хьостанах кӀелхьара а вуьйлуш, чаккхенан жамӀехь дӀаводур ву, синан лакхалле кхерстарг хилла дӀа а хӀоьттина.

Дукха хан йоццуш цхьана зудчо шен доттагӀчух лаьцна дийцира соьга, цхьана динан тобанера дӀа а яхана, кхечу динан тобане эха йолаеллачу. Цо керла динан да ша йолчу делкъе ян кхайкхина хилла. Къамел дечу хенахь динан дас цуьнга, иза шен динан тобанера дӀа хӀунда яхана, аьлла, хаьттина. Шен хьалхалерчу динан тобанехь хиллачу массо а кхачамбацарех лаьцна дӀадийцина зудчо.

Цуьнга ла а доьгӀна, иза теян гӀоьртира динан да. Сайн зедаларера суна хаьа, цу динан ден агӀора, и зуда, Делан Дешах пайда а оьцуш, шен вас хиларца а, емалдарца а дерг

цхьалхаккхарна тIекхайкхар хьекъале хир дара. Хила тарло, цо цунна, Дала иза цигара маьрша дIахеццалц, ша хьалха хиллачу динан тобане юхаерзаран хьехам бан безара.

Дала шу (динан тобанера) маьрша арадохуш хилча, шун, шаьш дIадахар бахьана долуш, бехказдийла лаам хир бацара. Шун шайн хьалхалерчу динан тобанехь хиллачу халонех лаьцна емалдеш а, лечкъа ца деш критика еш а долчу хьолана кIел таIийна хила дезар дацара. Суна хаьа, цхьа хан дIаяьлча оцу зудчо хIара керла динан да а, цуьнан куьйгалхой а шен хьалхалерчу динан тобанан куьйгалхой санна, лорурбуйла. Хилла халахетар даг чохь а къуьйлуш, вай дерриг а цунах чекхдоккху.

Цхьа шира кица ду. Хьалхалерчу хенахь кхелхина баьхкинарш Къилбаседера Американ малхбузучу агIор боьлхучу хенахь, керлачарех цхьана гIалина чу вуллучохь гу тIехь лаьтташ хилла цхьа хьекъалча. Кхелхина баьхкинарш малхбалехьара схьабаьхкича, и хьекъалча, уьш кху гIали чу бовлале, царна дуьххьара дуьхьалкхетта стаг вара. Уьш хетта буьйлабелла, хIун адамаш ду кху гIалахь дехаш дерш, бохуш.

Церан хаттарна цо шен хаттарца жоп делира: «Ткъа шу хIинцца дIадаханчу гIалара адамаш муха дара?»

Схьабаьхкинчара жоп делла: «Тхо арадевлла гIала, чIогIа ирча гIала яра. Цу гIалара адамаш — вуно вон эладитанчаш дара, бехк боцчу нахаца мекара а долуш. Иза дуьххьал дIа къоладечарех а, харцлуьйчарех а юьзна яра».

Хьекъалчо аьлла: «ХIара гIала а ю шуна, шу арадевлларг санна».

Оцу стагана шаьш хIинцца хьегна девллачу баланех Iалашдарна баркалла а аьлла, кхин дIа малхбузехьа дIабахара уьш.

Царел тIаьхьа кхелхина богIучийн кхин тоба еара, цара а изза хаттар дира: «ХIун адамаш ду кху гIалахь дехаш дерш?»

Хьекъалечу стага юха а хаьттина: «Ткъа шу хIинцца дIадаханчу гIалара адамаш муха дара?»

Цу адамийн тобано жоп делла: «Иза инзаре хаза гӀала яра! Цигахь чӀогӀа дика адамаш дара! Тхан цигахь юххера доттагӀий бисина. ХӀорра а кхечарна гӀо дан гӀертара. Берриш а вовшийн гӀайгӀа беш болу дела, цхьа а цхьана а хӀуманан хьашт долуш вацара. Нагахь цхьаннан халонаш хилча, массара а цунна гӀо дора. Тхуна хала дара цигара арадовла, амма тхо малхбузехьа кхаьчна дуьххьарлернаш хилахь, оха тӀекхуьучу тӀаьхьенашна бух кечбан беза».

Къеначу хьекъалчас ша хьалхалерчу тобане аьлларг элира кхаьрга а: «ХӀара гӀала а ю шуна, шу арадевлларг санна». ХӀокху нахана иза тайра: «ХӀокху гӀалахь даха ховшур вай!»

Шайн хьалхалерчу юкъаметтигашка хьежна ма-хиллара, хир ду церан хиндолчуьнга хьежар а.

Шу шайн хьалхалерчу динан тобанера арадовларе терра хир ду керлачу динан тобане дахкар а. Шаьш дӀасакъаьсташ хилла йоллучу юкъаметтигашна юкъа гӀур ду шу. Инжилан Яхьъяс дӀаяздинчу декъехь (20:23) Ӏийсас аьлла: «...Нагахь аш адамийн къиношна гечдахь, уьш царна тӀера дӀадевр ду, ткъа нагахь аша и къиношна геч ца дахь, уьш царна тӀехь дуьсур ду».

Ваьшна вас а хилийтина, къинтӀера ца довлар лардечу хенахь, вай къинош кхечу адамашна тӀехь дуьту. Нагахь вай динан тобанах дӀакъаьсташ хилча, я цхьаьнца йолу юкъаметтигаш дагахь баламца а, халахетарца а дӀахадош хилча, оццу синхаамца чудевр ду вай керлачу динан тобане, я керлачу нахаца хин йолчу юкъаметтигашка. ТӀаккха, халонаш гучуевлча, вайна кхин а атта хир ду вешан керла зӀенаш дӀахедор. ХӀинца керлачу юкъаметтигашкахь гучуевллачу чевнашца хилла а ца Ӏаш, амма хьалхалерчу юкъаметтигийн чевнашца даха дезар ду вай.

Статистикица ма-доггӀу, 60-65 процент шолгӀа цхьаьнакхетта болу доьзалш юха а дӀасакъаьсташ хуьлу (Рокфорд Институтан информаци, Америкера доьзалийн гӀуллакхаш талларан, Рокфорд, штат Иллинойс). Стага ша хьалхалерчу доьзалера араваларе терра, шолгӀачу доьзале ког а боккху. Шен хьалхалерчу

зудчунна къинтIера ца валаро, новкъарло йийр ю шолгIачу зудчуьнца иза ваха а. Иштта адамаш, кхиниг бехке варца, цу девнашкахь шаьш дечун тергонехь бIаьрзе хуьлу, бIаьрзе хуьлу шайн кхачамбацарш ган. ТIаккха долччул а вон дерг хIун ду аьлча, хIинца церан юха а и лазам лан кхерам шозза дукха бу.

И агIо цхьаьнакхетарха, дIасакъастарха хьакхаелла ца Iа. Цунах пайда эцийла ду ерриге а юкъаметтигийн. Оха динан гIуллакх дIакхоьхьучу, кхул хьалха кхечу динан гIуллакхдархочуьнца болх бина а, цо вас йина а хилла волу, цхьа стаг веанера. Амма хан дIаэхара, тIаккха суна Везачу Элана ас иза тхайца болх бан кхайкхар лууш хилар хааделира. Со, иза шен вас хиларна тIехь толам баккхаран некъа тIехь хиларх, тешара.

Ас цуьнан хьалха хиллачу куьйгалхочуьнга телефон туьйхира, со и стаг сайн штате балха эца Iалашо йолуш хиларх цуьнца дага а волуш. Иза суна реза хилира, и дика гIуллакх дар ду аьлла. Цо, и стаг тхоьца болх бан волавелча, кхоччуш толург хилар, лорура. Ткъа ас цу шиннега а, айса церан юкъаметтигаш юха меттахIитторна а, тояларна а тIера доIанаш дийр ду, аьлла, дIахаийтира.

И стаг тхуна юкъа схьакхетча, цу сохьта бохург санна, халонаш гучуйийлира. Со цуьнан гIуллакхаш цхьалхадохуш вара, амма схьахетарехь, цхьана йоццачу ханна бен синтем ца хуьлура цунах. Шен хьалха хиллачу юкъаметтигийн зил тIера дIа ца валалучух тера дара иза. Уьш цуьнан лоррах йогIура. Ур-атталла со а бехке вора цо шен хьалха хиллачу куьйгалхочо дийрриг деш ву со бохуш. Со сингаттаме вара, хIунда аьлча оцу стеган синпаргIато хилар суна, белхалочо санна, цунна балур болчу балхал коьрта дара. Цхьана а кхечу белхалочунна могуьйтур доцугр магадора ас цунна, — иштта чIогIа лаьара суна иза товелла ган.

Ши бутт хан бен ца елира, тIаккха цо дIавала дехар яздира. Ша хьалхалерачу хьолехь нисвелча санна, хетара цунна. ДIавоьдуш цо элира: «Джон, ас кхин цкъа а цхьана а керстанийн динан гIуллакхдарехь болх бийр бац».

Ас иза декъалвира, вехха цунна тӀаьхьахьийжира со. Тхуна иза а, цуьнан зуда а деза. Халахетарг хӀун дара, цунна шен изза ша битина болх безаш хилар, делахь а, цхьана кхечу балха тӀехь цуьнан кхиамаш хир бац олийла дац.

Со саготта хилар хаалуш вара иза дӀаваханчул тӀаьхьа, цундела Веза Эла леха волавелира: «Иза иштта сиха дӀа хӀунда вахара те, цуьнан болх цунна нийсса богӀуш хилар хеташ ма дара тхо ший а?»

Масех кӀира даьлча цхьана, сан доттагӀ волчу, хьекъалечу динан дегахула, Везачу Эло жоп делира суна. «Дала дуккхазза а магор ду адамашна, Делан лаамца уьш чекхдийла дезачу, девнечу хьелех къехкар, нагахь шайн даг чохь, цара царех къехка сацам бинехь».

ТӀаккха цо Изабалах веддачу Эли-ЯхӀун исторех лаьцна масала далийра (Сулим 18, 19). Эли-ЯхӀус хӀинцца, мохк цӀушна Ӏибадат даре балийна, Изабалин стоьла тӀера юург юуш хилла болчу БаӀалан а, Аштартин а пайхамаршна байаран таӀзар динера. Шена иза хезча, Изабалас кхерам тесира Эли-ЯхӀу нийсса де-буьйса далале вуьйр ву ша, аьлла.

Далла Эли-ЯхӀу цунна дуьхьалвала лаьара, амма и дечу метта, иза дӀаведира. Иза оццул дог доьхна хиларна, шена Ӏожалла йоьхуш вара. Цуьнга хӀинца Дала тӀедиллинарг кхочуш ца далора, ша кхеравелла хиларна. Дала иза ши бепигца вузо малик а хьажийна, шовзткъа де а, буьйса а яккха Хьариб-лам тӀе дӀавада магийра.

Иза цига дӀакхаьчча, Дала уггаре а хьалха хаьттира: «Хьо хӀун деш ву кхузахь, Эли-ЯхӀу?»

Ма тамашийна хаттар ду иза! Некъана Ша юург а елла, лам тӀе и цхьа хаттар дан ваийтина те Везачу Элас: «Хьо хӀун деш ву кхузахь?» — аьлла. Далла Яли-ЯхӀус халачу хьелех дӀавада сацам бинийла хаьара. Цо цунна дӀавада магийра, юьхьанца иза иштта дагалаьцна ца хиллехь а.

ТӀаккха Цо Эли-ЯхӀуга элира:

> «...Вало, юха а верзий, хьайн новкъахула Дамасакхана уллорачу яьссачу аренга дIагIо. Хьо цига дIакхаьчча, Хьазиал даьтта доттарца арамхойн паччахь хиларна къобалве. Ткъа Нимшайн кIант ЯхIу Исраилан халкъана тIехь паччахь хиларна даьтта тIе доттарца къобалве. Абел-Мехьал гIалара волу Шаптин кIант ЭлишаI хьайн метта пайхамар хиларна даьтта тIе доттарца къобалве» (Сулим 19:15, 16).

ЭлишаIан а, ЯхIун а гIуллакхдар бахьана долуш Изабала а, цуьнан къизалла а хIаллакдинера (ТIаьххьарнаш 9, 10). И тIедиллинарг Эли-ЯхIус а доцуш, амма Дала цуьнга шен метта дIахIитто даьтта хьакха омра динчара чекхдаьккхинера.

Цу динан дас элира соьга: «Нагахь вай вешан дагахь халачу хьелашкахула чекх ца дийла чIоггIа сацам бинехь, Дала, мадарра аьлча, вай царех паргIат дохур ду, иза Цуьнан кхачаме лаам бацахь а».

ТIаьхьо суна, изза хIоьттина ойла гойту, Лелар тептар тIера 22-чу коьртехь хилларг дагадеара. БалиIам шена схьахьединчу совгIатех алсам долчух Исраилна сардам болла лууш вара.

Дуьххьара цо Деле хьаьттира, ша цаьрца ваха мегий аьлла, тIаккха Дала цунна Шен иза Балакхан геланчашца ца вахаран лаам хилар гайтира. Муабхойн элий кхин а дукха ахча дохьуш а, кхин а алсам сийдарца а юхабаьхкича, БалиIама юха а хаьттира Деле. Мел хьекъале дацара Дала Шен сацам хуьйцур бу аьлла, цо лелийнарг! Амма Дала хIинца цаьрца вахар магийра цунна.

ХIунда хийцира те Дала Шен сацам?

Жоп иштта ду: Дала Шен сацам хийццане а ца хийцинера. ДуьххьалдIа БалиIам цаьрца вахар юьхьарлаьцна вара тIаккха Дала цунна и магийнера. Амма БалиIам эххар а муабхойн эланашца вахча, Делан оьгIазло карзахъелира цунна дуьхьал.

Вай, Шен лаам къеггина вайна схьагайтина влчу, Делан садВай, Шен лаам къеггина вайна схьагайтина волчу, Делан садууш хила мега. ЖамIехь Цо вайна ваьшна дан лууш дерг дан магадо, —

ур-атталла иза Цуьнан дуьххьарлерчу дагалаьцначунна дуьхьал делахь а, ур-атталл иза вайн хьашто йолуш дацахь а.

Сих-сиха Делан дагалацамо вайна тамехь ца хетачу емалдаршца а, юкъаметтигашца а Iиттадолуьйту вай. Амма ма-дарра аьлча, ваьш чIагIдеш долчух девдда лела вай. Емалдар цхьалха ца даккхаро ша халонах паргIат дохур дац вай. Цо цкъачунна долу дайдалар бен ца ло вайна. Ткъа халонан ша орам хьабаза буьсу.

Аса балха эцначу къоначу стагаца сан юьхьша зеделларг а иштта хьехамна хилира суна. Шен хьалхалера юкъаметтигаш восаца а, къахьаллица а дIахадийначу стагаца цIена юкъаметтигаш дIахIиттайойла дац. Товалар хила деза. Къоначу стага даим а ша хьалхалерчу куьйгалхочунна къинтIера ваьлла олура, амма ма-дарра аьлча иза иштта дацара.

Безамо йицйолуьйту хьалхалера восаш а, емалдарш а, тIейогIучу ханна сатийсар Iалашдайтархьама. Нагахь вай билггал халахетарна тIехь толам баьккхинехь, даггара машар лоьху. Хила тарло, дика хан хIинца а тIе ца еана, амма вешан дегнаш чохь вай юкъаметтигаш юха меттахIитто аьтто лоьхур бу.

Цхьана хьекъалечу доттагIчо тIаьхьо соьга элира: «Цхьа шира кица ду: „Йовхачу шуьро вагийначо, хи тIе мох бетта“. Мел дукха адамаш ду тахана, шаьш меттадалор долчу хих кхоьруш, шаьш мацах йовхачу шуьро дагадар диц ца долуьйтуш долу?»

Iийсана вайн чевнаш тоян лаьа. Амма дукха хьолахь оцу некъан халонех кхоьруш, вай Цуьнга и ца дойту. Иза, товаларна а, синан лакхаллин кхиарна а тIе дуьгу, эсалаллин а, ша ца кхооран а тача ду. Вай вешанчул, кхечу стеган беркате хилар лараме лору сацам тIеэца беза, ур-атталла оцу стага вайна дукха вонаш динехь а.

Дозалленаш ца бахало цу некъа, и некъ бийраш, шаьш дIатесна хиларан кхерам боллушехь, машар безарш бен хир бац. Иза муьтIахь хиларна Iамош долу зер ду. Иза дахаре вуьгу некъ бу.

Далла юххехь lемаш дерг,
нахана юкъахь lамийла дац.

# КОРТА 7

# ТЕШАМ БОЛЛУ БУХ

***Цундела боху Хьалдолчу Эло: «Хьажал, Ас Цийон-лам тIе тIулг охьабуьллу. Иза зийна а, беза а тIулг бу, ткъа иза соне буьхана дIахIоттийна бу. Цунах тешна Iаш верг ведда дIаваха везаш вац».***

**– ЕшаI-ЯхIу 28:16 (ХIинцалера гочдар)**

«Цунах тешнарг, кхерамехь хир вац». Кхерам даг чу тосу адам цхьаалла йолуш ца хуьлу, хIунда аьлча цуьнан хила ма-безза бух ца хуьлу. Иштта волу стаг атта шеконе волу, тIаккха шена тIееанчу халонаша, цхьацца тIехIуьттучу гIелонаша, тIейогIучу яккхийчу къизаллаша нийсачу некъара дIавоккху иза. Хьовсий вай хIун хиллера ШамIа-Кипина.

Iийсас, Пилап-паччахьан Кесари-гIала а веана, Шен мурдашка

хьаттира: «Адамийн КІант волу Со мила ву аьлла лору наха?» (Маттай 16:13)

Масех мурдаша догъайдаларца наха Дала леррина Къобалвинчух лаьцна хІун олу дийцира. Уьш дийцина бовллалц а Іийна, тІаккха, цаьрга а хьаьжна, дуьххьал дІа хьаттира Цо цаьрга: «Ткъа аша мила ву аьлла лору Со?» (15-гІа аят).

Со тешна ву, дукхаха болчу мурдийн яххьаш уьш боьхна хилар я цецбовлар гойтуш хилла хир ю, шаьш муха жоп дала деза-те бохучун ойла еш уьш болчу хенахь. Багош а гІаттийна, бист а ца хуьлуш Іара уьш. Кхечу нехан ойланехь дерг сихбаларца дийцина болу уьш, цІеххьана, дІатийнера. Цара ма-бохху оцу хаттаран ойла ца йина а хила тарлора. Иза мухха а делахь а, хІинца уьш кхийтира, шайн цу хаттарна дала жоп ца хиларх.

Ша мел дийриг а, Іийсас дика до! Цуьнан хаттаро церан дегнаш меттахдаьхнера. Оцу хаттаро билггалла дІадиллира царна, шайна хууш дерг я доцург хІун ду. Шайн дегнашна хІун хета-те Іийса билггал мила ву бохучух лаьцна аьлла, кхетар хуьлучу меттана, Іийсах лаьцна нахана хІун хета бохучунна тІетовжар долуш бехара и мурдаш. Цара шайна хьалха хІотта ца дора и хаттар.

Іийсас шех Кипа аьлла волчу цхьана ШамІина даладелира цу хаттарна жоп. Цо элира: «Хьо – Дала леррина Къобалвинарг волу, Дийна волчу Делан КІант ву» (Маттай 16:16). ТІаккха Іийсас жоп делира цунна: «Декъала ву хьо, ШамІа, Юнин кІант, хІунда аьлча хьан дилхано а, цІийно дІадиллина дац хьуна иза, ткъа стиглашкахь волуш волчу Сан Дас дІадиллина» (17-гІа аят).

Іийсас кхетийра ШамІа-Кипа и кхетам схьабаларан хьостанах лаьцна. И хаар кхечу адамашкара я шен кхетам хиларца ца деанера цунна, иза Дала Ша дІадиллинера цунна. ШамІа-Кипин боккха хьагам бара Делах лаьцна долчух кхета болчу лаам тІехь. Цо къаьсттина дукха хаттарш дора Іийсага. Иза вара хи тІехула дІавахнарг, важа цхьайтта мурд цуьнан дІагІертаре а хьоьжуш лаьттачу хенахь. Иза вара нехан дагахь долчуьнца ваха ца луу стаг! Цунна дерриг а билггал Делера схьа дерг хаза лаьара.

Делан Сино дӀадиллина и хаар, шена хетачухула деана дацара цунна, амма синца доьзначух кхета цуьнан болчу хьагамна жоп луш, делла совгӀат дара. Дуккха а бара, ШамӀа-Кипина гинчух санна тешаш хилларш, амма церан дегнаш чохь бацара Делан лаам бовза Кипин санна болу хьагам.

Яхьъяс яздинчу Хьалхарчу кехатан (2:27) аят тӀехь боху: «Вуьшта аьлча, Ӏийсас шуна бина хьехам шуна чохь болуш бу, шуна кхечу цхьаммо а хьехар дан ца оьшу, амма оцу шуна чохь болчу хьехамо шуна дерриге а ма-хьеххара, иза билггал бакъболу а, харцо йоцу а хьехам хиларе терра, цо динчу хьехаре хьаьжжина латталаш».

Оцу хьехаро Ӏамавора ШамӀа-Кипа. Кхечу массара а бохучуьнга ла а доьгӀна, тӀаккха шен даг чохь доллучу, Дала шена дӀадиллинчуьнга хьаьжира иза. Дала Ша шуна дӀадиллина хаар шун даг чу ма деъана, шу цхьаммо а шеконе дохур дац. Нагахь цхьа хӀума Дала Ша шуна дӀадиллинехь, кху дерриг а дуьнено боху цхьа а хӀума лараме дац. Цхьана а хӀумано хуьйцур дац шун даг чохь дерг.

ТӀаккха Ӏийсас элира ШамӀа-Кипе, кхечу мурдашка: «Оцу тӀулга тӀехь (иза Дала Ша дӀадиллинарг бохург ду) Сайн Тобанан гулам бийр бу Аса, ткъа жоьжахатан кевнан ницкъ кхочур бац цунна дуьхьал хӀумма дан). (Маттай 16:18) Вайна ма-дарра го, Дезачу Сино Делан даша тӀера дӀадиллинарг тешаме бух болуш хилар. (хӀокху меттиго гойту Ӏийса Делан КӀант хиларх Кипа кхетар).

## ДЕШО СЕРЛО ЙОХЬУ

Айса динан хьехамаш бечу хенахь, ас кхайкхам бо динан тобанашка я кхечу адамашка соьгахула Дала бохучуьнга ладогӀаре. Дукхахьолахь, хьехамаш дӀаязбеш, оцу динан хьехамчо аьлларг дӀаяздо вай. И бахьанехь Делан Йозанех, цунах лаьцна кхеточух а вай дӀалаьцнарг вешан кхетамца, вайн хааршца санна дӀалоцу вай.

Нагахь вайн вешан хаарш тIе а тевжина Iийча:

– вай доцург тIетоха а там бу я ваьшна хетарг схьаэца а там бу;

– я вешан хаарш хьалхадаха там бу вай.

Амма тешаме бух болуш хир яц и ши а агIо, шена тIехь Iийсас дIахIоттош йолчу Цуьнан Динан Тобанна. И Тоба Делан Йозанаш тIера аяташ дагахь Iаморна тIехь а доцуш, Делан Сино дIадоьллучунна тIехь дIахIоттор ю.

Дала билгалваьккхинчу динан хьехамчин хьехаршка ладугIуш я цхьа тептар доьшуш вай хилча, вай лаха деза вайн дог ойуш долу дешнаш я дешнийн цхьаьнатохарш. Иза Дала вайна дIадоьллуш долу дош хуьлу. Цо серло а, синца болу кхетам а  бохьу шеца. Назманчо ма-аллара: «Хьан дашо дIадоьллучо кхетам бохьу, хаарш доцург а кхетаво цо» (Забур 118: 130). Билггал и Делан дош дIаделладаларца вайн кхетам чу а доцуш, вайн дегнаш чу доьжча, цо вайна синан кхетам ло, даг чу серло а йохьу.

Дукхахьолахь динан хьехамчо цхьана хIуманах лаьцна дерг дуьйцу, амма Дала сан даг чохь кхечу тайпана дерг дIадоьллу. Делахь а, оцу хьехамчо аьлла дешнаш лато йиш ю Делан суна чохь, тIаккха цIе летар ю царах. Муьлххачу тайпана хилла а Делан Сино дIадоьллург дала йиш ю Дала суна. Дала хийцадо вай, (ма-бохху синца долчух кхетам боцу вай) Делан Синах дуьзна дIа а хIиттош. Вайн дегнаш серладаьхна долу и дош, бух хуьлий дIахIутту, шена тIехь, Iийсас ма-аллара, Динан Тоба лаьттан йолу.

Дала дIадоьллург тIулгах тардо Iийсас. ТIулг санна бохург шеко ца хиларца, чIагIонца дусту Цо. ДагадогIий шуна Iийсас далийна шина цIенах лаьцна долу кица, царах цхьаъ тIулга тIехь дIахIоттийна дара, важа – гIамарна тIехь. Царна шинна а тIе лелхийна лелор, халонаш тIехIиттар, бохамаш тIебахкар нисделча, гIамар тIехь дина цIа доьхна дIаделира, ткъа тIулга тIехь дIахIоттийнарг, лаьттира. Наггахь, Делера вайна хаза луург Делан Йозанаш тIехь ца карадо вайна. Масала, Делан Йозанаш

тӀехь ишттачу хаттаршна догӀу жоп карор дац вайна: билггал мила ялор яр те ас; болх мичахь бан беза те вай; муьлхачу динан цӀа чу эха деза те вай? Иштта долу хаттарш дуккха а хуьлу. И гӀуллакхаш кхочушдарна тӀехь сацам бархьама, Делан Синера долу дӀаделлар хила деза вайн. Делера цу тайпана долу дӀаделладаларан дош ца хилча, вай хӀитто сацамаш бух боцучу гӀамар тӀехь лаьтташ санна хуьлу.

Дала Шен Синехула вайна дӀадоьллург, схьадоккхийла дац вайгара. Иза вай мел дечу гӀуллакхан бухехь хила дезарг ду. Иза иштта ца хилча, вай атта Ӏехало къиза зер я халонаш ваьшна тӀехӀиттича.

Дагадаийтийша Ӏийсас, цхьанна хезначу а, иза хазахетарца тӀеэцначу а, амма даг чохь орамаш ца хецначу дашах лаьцна аьлларг. И дош воккхаверца коьрте дахарца а, тӀехула долчу хазахетарца а бен тӀеэцна дацара.

> Цу тайпана тӀулгаш юкъахь долчу лаьтта дӀадийна хӀуш а, и дош хезча цу сохьта хазахетарца тӀе а эцна, амма орам ца хецначу а, шеконаш йогӀучу а адамашца дустало. ТӀаккха шайна тӀе и Делан Дош бахьанехь цхьацца халонаш я лелхийна лелор тӀехӀоьттича, уьш юхабовлу (Марк 4:16, 17).

Вайн йиш ю «орам» а, «бух» а боху дешнаш цхьатерра маьӀна долуш лара, хӀунда аьлча цу шина а дашо гойту, тӀейолучу ораматан я дӀахӀотточу цӀенан онда а, бух болу а чӀагӀо хила езар. Шеко тӀейогӀу а, шен синан бух Дала шена дӀадоьллучунна тӀехь лаьтташ воцу а стаг, воха кийчча хуьлу, дуьнено кхийдочух Ӏехаваларо а, дегабаамаш баро а дахаран тулгӀенаша дӀасалестош хуьлу иза. Дуккха а долу адам ду, Ӏийсас Шен хаттар деллачу мурдех тера долчу хьолехь дехаш. Уьш шайн дахарехь шайна цхьамма дуьйцуш я цара шайн тоьшалла деш, я хьехамаш беш хезначунна тӀетевжа. Кхечарна хетарг я цара чӀагӀдийриг билггал бакъдерг хилар санна тӀеоьцу цхьаболчара, уьш я дага а ца бовлу, я цара ойла а ца йо Делан Сино шайн даг

чу хьоьхучун. Вайн синна Дала хьехнарг бен, кхайкхо бакъо яц вайн. Цу тIехь дIахIоттайо Iийсас Шен Динан Тоба.

Цхьана хенахь соьца болх беш яра марехь йоцу цхьа секретарь. Цунна тIехьийзаш цхьа жима стаг вара, тхоьца болх беш. Церан юкъаметтиг де мел дели уллора хилар гора массарна а. Царшиннан кхоллаеллачу юкъаметтиго уьш билггал цхьанакхетар хир бу бохург гойтура массарна а. Цу шиммо билггал кIорггера ойла йора шайн дахарах лаьцна. Цхьана кIирандийнахь суьйранна динан хьехамчо, и шиъ шена тIе а кхайкхина, элира: «Иштта боху Везачу Дала: шушиъ цхьаьнакхетар ду».

ШолгIачу дийнахь сан белхало хазахетарх, йоккхаерах юьзна офис чу елира. Цо хаьттира соьга, тхойшин цхьанакхетаран барт бийр барий ахьа? И гIуллакх лараме хетар ду суна, элира ас цуьнга. Цаьрца къамел дан цхьа хан билгалъяьккхира аса.

Амма сан дог паргIат дацара. И шиъ офис чу даьлча, синтем бар тIедеара суна. Сайн секретарше а хьаьжна, ас хаьттира, билггал хаьий хьуна хьо маре яха, Дала къастийнарг иза хилар. Цо, шеконе а ца йолуш, шен билгало хилар чIагIдарца: «Хаьа», – элира.

ТIаккха, вукхуьнга а хьаьжна, ас хаьттира: «Хьо тешна вуй, ахьа билггал и йоI йигар Делан лаамехь хиларх?» Иза, бага а гIаттийна, цхьана ханна соьга хьаьжначохь лаьттара, тIаккха, охьа а таьIна, корта ластийра цо: «ХIан-хIа, со тешна вац цунах», – бохург а гойтуш.

Цаьршинга а хьаьжна, жимачу стаге ас элира: «Шун доьзал кхоллабаларан барт бийр бац аса шуна юкъахь». Суна бен дац, шуьга и хаам хьан бина я шуьга цо хIун аьлла. Суна бен дац масаммо аьлла: «Шушиъ ма цхьаьна догIуш ду». Нагахь Дала Шен лаамехь дерг хьан даг чу дIа ца диллинехь, хьан бакъо яц иза яло». Аса кхин а тIетуьйхира: «Дала Ша хьан даг чу дIа ца диллинехь, иза билггал Цуьнан лаамехь дерг хилар, хьуна тIе цхьацца бохамаш баьхкича, ткъа уьш-м ца богIуш буьсур бац, хьо шеконе вер ву, хьуна хьалха иштта хаттарш а хIотта там бу:

«ХӀун хир дара те аса кхин йоӀ ялийнехьара? ХӀара баланаш ца хила а там барий-те сан? Иза ялор Делан лаамехь хиларх тешна хила везар со. Со речӀано лаьцначу санна хетало суна».

ТӀаккха хьо шеконе вер ву, хьайн зудчуьнца йолчу юкъаметтигна хьо баланехь хилахь а, и бахьанехь хьайна халонаш тӀехӀиттахь а, хьо латталур вац царна дуьхьал. Шалхо йолчу ойланех а вуьзна, хьайн дахаран дерриг а некъашкахь чӀагӀо йоцуш волу стаг хир ву хьо».

Аса, уьш дӀа а хьажийна, кхин вай юха вовшахкхетаран цхьа а маьӀна дац, элира цаьрга. Цу къонахчунна синан паргӀато еара, ткъа и йоӀ чӀогӀа йоьхнера. ТӀедеанчу кӀиранах офисан хӀаваэхь цхьа башха таьӀна долуш санна хеталора. Амма суна хаьара, аса аьлларг билггал бакъдерг дуйла. Цу йоӀана тӀехӀоьттинарг, иза зеран хан яра. Нагахь Дала цу йоӀе билггал, и стаг хьан майра хила везаш ву аьллехь, иза тешна хила еза, Везачу Дала оцу къонахчунна а и дӀадоьллург хиларх, суна я Далла дегабаам а ца беш. Цо иза иштта дан а дира.

Кхо кӀира даьлча цушиммо, юха а шаьшшиъ тӀеэцар дийхира соьга. Цу сохьта сан даг чу хазахетар деара. ХӀинца уьш офис чу баьхкича, цу жимчу стага, велакъежарца соьга а хьаьжна, элира: «Суна билггал хаьа, цхьа а шеко а йоцуш, и йоӀ Дала соьга яийта къастийна юйла!» ВорхӀ бутт баьлча цо и йоӀ йигира.

Нагахь шун цхьаьнца хила еза юкъаметтиг я Динан Тоба къастор Делера хилар шуна хиъча, шун мостагӀчунна хала хир ду шуна новкъарло ян. Аша шайна Дала дӀадиллинчунна тӀехь бух бо, тӀаккха далун доцург а далуш, ерриг а халонех чекхдевр ду шу.

## КХЕЧУ ТАЙПАНА ЦХЬА А АГӀО ЯЦ

Со сайн зудчуьнца цхьаьна вехачу дуьххьарлерачу пхеа шарахь чӀогӀа хала дара тхуна. Оха вовшийн дегнашна чевнаш йора, вовшашна тӀехдеттара, и юьхьенца тхошиннан хилла йолу мерза уьйр а, безам хилар а кхин меттадогӀур дуй теша, аьлла хеталора.

Деккъа цхьана хІумано ца бохийра тхан доьзал: тхошинна а хаьара, тхойшин цхьаьнакхетар Делера дуйла. Цундела дІасакъаьстар ду бохучу агІонах лаьцна ойла ян а ца йора оха, иза иштта бен хуьлийла дац аьлла. Оха бинарг беккъа цхьа сацам бара, Дала метта а далор ду дерриг, хуьйцур а ду бохучух тешна хилар. Мел лазаме иза хиллехь а, оха шиммо а цу тІе ницкъ бахийтира.

ХІан-хІа, кхин сан ницкъ ца кхочу аьлла, со юхавала гІерттачу хенахь, сан зудчуьнца сан хир долчу дахарх лаьцна Дала сайга аьлларг дагадогІура суна. Дала, сан дахарехь дерг дІа а нисдина, кхолладалийтинарг дохор дацара сан даг чохь.

Дала соьга аьллачунна юкъахь дара, аса сайн зудчуьнца цхьаьна Далла лерина гІуллакх дийр ду бохург а. Дала и сайна тІедуьллучу минотехь, аса ойла йира: «Суна атта ду цунах кхета, хІунда аьлча Делан куьг тхошинна а тІехь ду: Цунна лерина гІуллакх дархьама».

Тхойшиннан юкъаметтигехь хала киртиг хІоьттинчу ханна, ма-бохху и сайга Дала аьлларг ган хала хилча а, цунах юха ца вала сацам бира аса. Иза ша дІанислур ду аьлла болу сатийсам дІабаьллера, тхойшинна юкъахь барт ца хуьлура, даг чу куралло дІалацар деана дела.

Делахь а, сан даг чохь хІинца а лаьтташ дара инзаре долу дахаран хІу. Дала сан даг чу аьлларг, хин кеманна йолу якорь я цІенна боьттина бух санна дара суна холчу хІоьттинчу киртигашкахь.

Ткъа дерриг дІадирзира, Дала тхан юкъаметтиг тойина а ца Іаш, хьалхачул а чІагІйира. Оцу хІуьттучу киртигашкахула тхо кхин а чІогІа хийцалора дикачу агІор, вовшашна къинтІера а довлуш, оцу халонашкахула Іамар а хуьлуш. ХІинца оха цхьана дІакхоьхьу Далла лерина гІуллакх дар. Сан зуда, суна хьоменаггий, уггар дика доттагІий хилла а ца Іаш, динан гІуллакх дийриг а ю, сан кхечу цхьаьнга болчул а сов тешам болуш.

Тхошиъ цхьаьнакхеттачу дахаран оцу хьалхарчу халачу пхеа

шерах тхо чекхдовларехула со кхийтира, Далла тхан хIораннан а кхачамбацарш гуш хиларх а, тхуна юкъахь хIоьттинчу хьоло и дерриг а серлонга даьккхина хиларх а.

Далла хьалха долчу сийлаллин дIатерах вуьзна вара со, Цо Шен хьекъалаллица тхошиъ майра а, зуда а дина цхьаьнатохарна. Сайна Лиза гале, аса чIогIа доIанаш дора, айса цкъа мацца а ялор йолчу йоIан тIера. Хазачу Кхоано тIедуьллучунна муьтIахь хила везарал тIаьхьа, сан дахарехь шолгIа меттиг дIалоцуш долу хIума дара и зуда къастор. Айса доIанаш деш, Дала хаьржинарг хир ю сан зуда бохучуьнга аса сатийсина хилла дела, кхечу доьзалшкахь хуьлу халонаш сайна тIехIуьттур яц моьттура суна. Ва, ма гIалатваьлла хиллера со!

Дала сан дагна езна йолу зуда хаьржинера суна. Амма суна чохь доллу со сайна везар совдалар а, сан кхачаме ца хилар а гучудоккхура цо, ткъа и агIонаш хилар мел тIехдаьллера суна чохь! Оцу хIоьттинчу хьолехь дIасакъастарца я берриг бехк зудчунна тIебахийтарца кIелхьарвала гIертаро гучудоккхур дара, со дегабаам барехула дIалачкъа воллу бохург. Дала сан кхоллабеллачу доьзалх лаьцна суна дIадиллинчо ларвира со цу тайпанчу дIавадарх.

ХIинца вайн кху коьртан коьртачу маьIнах жимма юхавала воллу со. Шух цхьадолчу, хIара дешнаш доьшуш долчарна дага дан там бу: «Аса зуда ялочу хенахь, кIелхьарвалар тIеэцна дацара аса». Шуьга Дала боху:

> Ткъа зуда ялийначарна аса тIедуьллуш дац, амма Везачу Дала тIедуьллу: зуда майрачух дIа ма къаста. Нагахь дIакъастахь, иза маре ца йоьдуш Iан еза, я шен майрачуьнца тан еза, иштта майрачо а шен зуда ма йита. Шаьш Дала тIекхойкхуш хиллачу кепехь, динан вежарий, кхидIа а дисалаш Далла хьалха (1 Коринтхошка 7:10, 11, 24).

Зуда ялорах лаьцна долу хIара дош, чIагIлойла шун дегнаш чохь, дегабаам бохучу речIане шайн дегнаш чу шеко

ца тасийтархьама, амма ондда латталаш. ТIаккха Делан юьхь лахалаш, шайн доьзал кхоллабаларна тIехь Цуьнан дIаделладалар шайна хилийтархьама. Шух цхьаболчара билггал долу Делах тешар шайн хиллачул тIаьхьа а, Делан лаамехь дерг а ца лоьхуш, ялийна хилла тарло зуда. Шаьш зуда ялор Делан декъалалле даккхархьама, шайна гечдар деха Деле, шаьш зуда ялаяле аша Цуьнан лаамехь дерг лехна ца хиларна, тIаккха Цо гечдийр ду шуна. Шайн дегнаш чохь дика дерг чIагIделаш, шайн зудчуьнца дIасакъастарца шозлагIа гIалат аша далийтаро, шу бакъхьара хиларе далор дац. Дегабаам хилар бахьанехь зудчух дIакъастаро метта ца даладо шун галдаьлларг. Цундела Делан Дашо бохург лаха аша шайн доьзал кхоллабарна тIехь.

## ТАРХ

Делан Дезачу Сино дIадиллинчуьнгахула вайна делла Делан Дош, вай шена тIехь вайн дахар а, Далла лерина вай до гIуллакх а дIахIотто деза тарх санна хуьлу. Дуккха долчу адамаша дийцира соьга шаьш цхьана йоццачу хенахь гIуллакх динчу Динан Тобанех а, цигахь долчу хьолах а лаьцна. Сан дог духу, Делан бераша шайна тIехIуьттучу халонашка шаьш леладайтар гича, Дала шайна тIедуьллучуьнга хьажар а доцуш. Цара тIедетташ дуьйцу шайна хиллачу вонех а, шайца мел нийсо ца лелийна бохучух а лаьцна, шайна хетарг кхоччуш нийса ду а моьттуш. Ткъа цара дуьйцург церан Iехабаларца доьзна хуьлу, цу Iехадаро церан кхачамбацарш хьулдо царах.  Делан гIуллакх дарца доьзна шайна тIехIоьттинарг я Динан тобанашкахь доллург «цкъачунна» долу хIума  санна лору цара, я «оцу  хIинца  со волчу метте Дала цхьана ханна валийна со», – олу цара. Цхьана стага-м ур-атталла иштта олуш а хезна суна: «Со хIокху Динан тобане закъалтана велла ву». Цара иштта олу шайна тIе цхьа халонаш хIиттича, дIабовда меттиг шайна йитархьама. Церан ондда бух бац, уьш цхьана меттахь латталур бац: баьллачу чIогIачу мохо атта дIабуьгур бу уьш кхечу порте.

# ТХО СТЕНГА ДАХА ДЕЗА?

Іийсас Шен мурдашка хаьттинчу, Со мила ву аьлла лору наха, бохучу масаллина тӀе вай юхадирзича, вайна го Делан лаам дӀабеллабелча, ШамӀа-Кипа кхин а сов синца чӀагӀвалар.

Стигларчу Дас ШамӀа-Кипин дагна билггал бакъдерг дӀадиллича, Іийсас элира:

> «Ткъа Аса боху хьоьга: хьо Кипа ву, оцу тӀулга тӀехь Аса Сайн Динан Тоба дӀахӀоттор ю, жоьжахатин цӀеран а иза йохо ницкъ хир бац (Маттай 16:18).

Іийсас керла цӀе еллера ШамӀина, цунах Кипа а аьлла. Иза лараме ду, хӀунда аьлча ШамӀа – «хазар» бохург ду. Кипа боху цӀе (грекахойн маттахь и дош «петрос» ду), иза тӀулг бохург ду. Цунна Делан дош хезира, цундела шен тешарехь чӀагӀвелира ШамӀа. Тарха тӀехь тӀулгех дина цӀа, мел доккха дарц даларх, лаьттар ду.

Кху аят тӀера «тарх» боху дош грекахойн маттара «петра» бохучу дашах даьлла ду, иза «боккха тӀулг» бохург ду. Іийсас ШамӀа-Кипе аьллачун, хӀинца дуьйна ШамӀа, шена тӀехь цӀа дӀахӀоттош йолу тарх санна, онда хир ву боху маьӀна дара.

ТӀаьхьо Кипас шен кехат тӀехь яздора: «Шайх синан цӀа дайта, цу чохь динан дай шаьш хилархьама (1 Кипин 2:5). ТӀулг - йоккхачу тархах схьадолу жима дакъа ду. Дала дӀадоьллург онда а, чӀагӀо йолуш а, нуьцкъала а хуьлу, ткъа иза тӀеоьцучу стеган дахаро дуккха а стом ло. И стаг, Ша Делера долу Дийна Дош санна Волчу – Дала леррина къобалвинчу Іийсан чӀагӀонехула ницкъах вузу.

ПахӀал-векало шен Коринтхошка яздинчу Хьалхарчу Кехатан (3:11) аят тӀехь ма-яздарра: «ХӀунда аьлча цхьаннан а йиш яц, ша хӀинцале болуш болу, Дала леррина къобалвина Іийса волу бух боцург, кхечу тайпана бух дӀахӀотто». Дийна долу Делан Дош Волу Іийса вай лахахь, Иза дӀа а веллалур ву вайна, вешан тешарехь чӀагӀ а лур ду вай.

Іийсас лаьттахь яьккхинчу тӀаьххарчу хенахь Цуьнан

мурдийн дахар холчу даьллера. Динан дай, яхIудхой тIаьхьабевллера Iийсана, Иза вен дагахь (хь. Яхьъя 6:15). Iийсана тIаьхьхIиттинчу нахана, хIинца ю и бIегIийла хан Шех нуьцкъаша паччахь ван, аьлла хетча, Iийса, царна луург тIе а ца дуьтуш, дIавахара (хь. Яхьъя 6:15).

И хIунда дира-те Цо? – бохуш цецбуьйлура мурдаш. – Иза Цунна а, вайна а билггал дика хир долу агIо ма яра». Уьш боьхна хьийзара. И гIуллакх кхераме дара.

> «Оха тхайн хIусамаш, тхешан белхаш битинера, оцу Стагана тIаьхьахIоттархьама, тхайн долахь мел дерг а дуьтуш. Тхо тешна ду Иза ван везаш волу Дала леррина Къобалвинарг хиларх. Хих чекхдохучу Яхьъяс а чIагIдира иза, ткъа ШамIа-Кипас Пилаппан Кесарехь тоьшалла дира цунах лаьцна. Тхан ши теш ву. Амма хIинца болчу мехкан куьйгалхошна хIунда ца веза-те Иза? Ша Шена ор хIунда доккху-те Цо? ХIунда олу-те Цо вайга, Шен мурдашка, иштта долу къиза дешнаш: «Ва, тешаме доцу а, тилделла лела а тукхам! Мел лелар ву теша Со шуьца?»

Дерриг а дитина, Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьахIиттинчу нехан дегабаам хилар совдуьйлура. Цул тIаьхьа хьал кхин а галдолура. Iийсан хьехамаш тилвеллачун санна бу, аьлла хеталора царна: «Билггал боху Аса шуьга. Нагахь аша Адамийн КIентан дилха а ца даахь, Цуьнан цIий а ца малахь, дахар хир дац шуна чохь» (Яхьъя 6:53).

И хIун хьехам бу Цо бийриг? – ойла йора цара. – И дерриг тIех даьлла!» Ткъа цуьна-м чакхе яц! Цо и дерриг а Капернаумерачу динан цIийнан куьйгалхошна хьалха аьллера! Царна хала дара цунах кхета.

> Дуккха а болчу Цуьнан мурдаша, шайна иза хезча, олура: «Уьш ма тамашийна дешнаш ду! Хьанна ладогIалур ду цаьрга?» (Яхьъя 6:60).

Ткъа мел дика жоп делира Іийсас царна:

> Амма Шен мурдаша реза боцуш гІам-гІим дойла Шен даг чохь хууш волчу Іийсас элира: «ХІокху дешнаша а вас йо шуна? (Яхьъя 6:61).

Уьш Цуьнан мурдаш бара! Цунна хаьа, царах цхьаболчара шайн дахар онддачу бух тІехь деш доцийла, цо емал бо и бух, шайн дегнийн кІоргенера биллгал бакъдерг царна гайтархьама. Амма берриш бацара ШамІа-Кипех я кхечу билггал бакъдерг довзарна хьагам болчу мурдех тера. Царна дагадеанчуьнга хьовсийша:

> Цу хенахь дуьйна Іийсан дукхаха болу мурдаш Цунах дІакъаьстира, кхин Цуьнца а ца лелаш (Яхьъя 6:66).

Тидаме эцалаш, уьш бара «дукхаха» болу царах берш. Царна юкъахь тешна хилла хир бу, Пилаппан Кесарехь цу сохьта жоп делларш, шуна мила ву аьлла хета Іийса, бохучу хаттарна: «Цхьаболчарна хих чекхдохуш хилла волу Яхьъя, вукхарна ЭльъяхІу, ткъа кхечарна Ярми-ЯхІу я кхечу цхьана пайхамарех хир ву Иза моьттура» (Маттай 16:14). Царна хетачун бух Дала дІадиллинчуьнца боьзна бацара.

Дегабаам хиларо балийнера уьш шаьш динчунна тІе, тахана а дуккхаммо деш ма-хиллара, уьш дІакъаьстира Іийсах, шаьш Іехийна моьттуш. Царна билггал бакъдерг ган хала дара, уьш шайн лаамехь долчунна тІебирзина хилла дела.

Ткъа хІинца хьовсийша ШамІа-Кипас дечуьнга, Іийсас Шен шийтта мурд Іораваьккхинчу хенахь:

> ТІаккха Іийсас Шен шийтта мурде элира: «Шуна а лаьийте дІакъаста? Ткъа ШамІа-Кипас жоп делира Цуьнга: Веза Эла! Хьанна тІе гІур дара тхо? Хьоьгахь ма ду Дела волчохь долу хедар доцучу дахаран дешнаш. Теша а тешна, тхуна хиира, Хьо Дала леррина Къобалвинарг волу Дийна волчу Делан КІант хилар (Яхьъя 6:67-69).

Іийсас ца дира цаьрга дехарш: «Доьху шуьга, Сох дІа ма

къастийша. Сайн дуккха а болчу белхалойх а ваьллера Со хIинцца. Аса хIун дийр ду шу ца хилча?» – бохуш. ХIан-хIа, Цо хаьттира цаьрга: «Шуна а лаьий те дIакъаста?»

Гой шуна, муха жоп ло ШамIа-Кипас, вукхара санна дегабаам бан шен йиш йоллушехь. «Веза Эла! Хьанна тIе гIур дара тхо?» – олу цо.

Оцу хезначо Кипин а синтем байина хила там бара, амма цунна чохь хаам хилар дара, вукхарна чохь доцу. Пилаппан Кесарехь дIаделладеллера, Iийса билггал мила ву – «Дийна волчу Делан КIант» (Маттай 16:16).

Ткъа хIинца йогучу алунехь зер хилар шена тIедеача, шен даг чохь орам тесна дерг дIаэлира цо: «Теша а тешна, тхуна хиира, Хьо Дала леррина Къобалвинарг волу, Дийна волчу Делан КIант хилар (Маттай 16:16). Уьш дара билггал Пилаппан Кесарехь Кипас аьлла дешнаш. Кипа тIулг бара, тарх санна чIагделла долчу Делан Дийначу даша тIехь дIахIоттийна болу. Кипа дIа ца вахара Iийса волчуьра дегаам бина а, Iехавелла а.

## ОХЬАТАIИЙЧА ХУЬЛУ РЕАКЦИ

Аса кест-кеста олу, луьра зер тIедаро билгалдоккху адаман синан билггал долу хьал. Кхечу дешнашца аьлча, цу зеро гойту шун синца йолу агIо муха ю. Цо гойту шун даг чохь билггал доллу хьал. Дахаран таIвар тIедеанчу хенахь аша еш йолчу дуьхьалоно гойту, шун билггал йолу амал.

Шун доккха цIа хила там бу пхоьазза тIекIел дина, чохь дIахIоттийна хаза хIуманаш йолуш, хаза бустамаш даьхна а, амма и цIа гIамар тIехь дIахIоттийна ду. Стигала екхна йолчу ханна, иза нуьцкъала а, сийлахь а чIагIйина-гIала санна хетар ю.

Оцу гIалина уллохь жимо цхьа цIа лаьтташ хила а тарло. Иза тIехула хьаьжча, башха бIаьрг тIехIоттар доцуш хила а мега оцу лекхачу хазчу гIишлонна гергахь. Амма иза шуна гуш боцучу цхана ондачу тIулган бух тIехь дина ду.

Цхьа а бохаме хIума доцучу ханна, и пхоьазза тIекIел дина цIа дуккха а хаза хетар ду бIаьргана… Амма, дарц даьлла, боккха мох цунна тIе хьаькхча, и цIа дохий, охьадужу. Иза моссийттоза гIеххьа мох баьлча латта там бу, амма доккха дарц даьлча, латталур дац. Ткъа и жима цIа лаьттар ду. Йина гIишло йоккха мел хили а, инзаре башха а, чIога а хуьлу цуьнан йожар.

Динан Тобанера цхьадолу адамаш а хуьлу оцу Пилаппан Кесарера дукха сиха жоп деллачу, амма тIаьхьо ма-барра гучубевллачу мурдех тера. Уьш, тIехула хьаьжча, и тIекIел йинчу гIаланах тера болу тешарш санна хуьлу, шаьш ницкъ болуш, чIагIо йолуш, шеко йоцуш, хаза а ду боху сурт а хIоттош. Уьш гIеххьа тIедеанчу масех хIуманах чекхбовла там бу, амма доккха дарц хьовзийча, уьш ма-барра гучубовлу.

Тешна хилалаш, шаьш дIахIоттош долу шайн дахар наха бохучунна тIехь а доцуш, Делан Дашо шайна дIадоьллучунна тIехь шаьш дIахIоттош хиларх. КхидIа а Веза Эла лахалаш, шайн даг чу догIучун тергам а беш. Кхечара а иштта до, я цара а иштта боху, аьлла, тIе ма талаш царна шаьш дечунна а, шаьш бохучунна а тIехь. Дела лаха, кхечара бохучунна тIе а доцуш, шайн даго хьоьхучунна тIетовжар а долуш!

МостагӀчо шеко тосу даг чу, адам хӀаллакдархьама. Ткъа Делан кхин Ӏалашо ю.

# КОРТА 8

# ЛАСТАЛУШ ДЕРГ, ДЕРРИГ А ЛАСТИЙНА ХИР ДУ

***… Цу хенахь Цуьнан озо Латта дегийра, ткъа хIинца Цо боху: «Ас кхин цкъа а, Латта дегийна ца Iаш, стигал а егор ю». «Кхин цкъа а» бохучу дешнаша гойту дегалуш дерг (и ду кхоьллинарг) дIадаккхар, ца дегалуш дерг дисийтархьама.***

**– Iебархошка 12:26,27**

Баханчу коьртан агонаш тIехь вай билгалдаьккхира, Делан Дашо дIадоьллург, Iийсас дIахIоттош йолчу Цуьнан Динан Тобанан бух хилар. Вайна гира, ШамIа-Кипа Iийсаца висар, кхиболу мурдаш дегабаам бина а, Iехабелла а дIабахча а. Ур-атталла Iийсас ШамIа-Кипе хьо а дIаваха мегар ду хьуна аьлча а, цо шен даг чохь чIагIделларг элира.

Ткъа хIинца, ШамIа-Кипина тIе шолгIа зер тIедаре хьовсий вай, Iийсана ямартло йинчу буьйсанна.

Iийсас, Шен шийтта векалца суьйренан пхьор дууш, Далла хастамаш бечу хенахь, Цо цхьа башха хIума элира: «Суна ямартло йинчун куьг а ду Сайчунна уллохь стоьла тIехь. Адамийн КIантаца хиндерг, билгалдаьккхина ма-хиллара хир ду, амма декъаза ву Цунна ямарта верг» (Лака 22:21,22). Ма доккха дIахьедар ду иза! Тахана вай а эр дара, иштта аларца Iийсас «бомба кхоьссина».

Iийсана-м хьалххехь дуьйна а хаара Шеца хиндерг, амма Цуьнан мурдашна и дуьххьара хезаш дара. Сурт хIоттадейша шайна хьалха, инзарбовларца лаьттачу Цуьнан мурдийн дагахь хиллачун, Iийсас царах цхьаъ волчу, юьхьанца дуьйна а Цунна уллора хиллачу Цуьнан мурдо Шена ямартло йийр ю аьлча.

Боьхна болу уьш «вовшашка хетта буьйлабелира, шайх мила хир ву те иза ден дерг» (Лака 22:23). Уьш чIогIа инзарбаьхнера, шайх цхьанна и ямартло ялур ю бохучо. Амма церан иза хIун ду хаа йолчу лааман Iалашо цIена яцара. Иза вайна гучудолу, церан къамел муха чекхдолу бохучуьнга хьаьжча. И ямартло ен ерг мила ву те бохург къастор, церан куралллица а, цара шаьш-шайх лаьцна лакхара ойла ярца а доьзна дара. Хьовсий вай, Делан Йозанаш тIера хIокху аяте:

> Цул тIаьхьа мурдаш къийса буьйлабелира, шайна юкъахь коьртаниг мила ву, бохуш (Лака 22:24).

Ойла ейша оцу суьртан: Iийсас Ша хIинцца коьртачу динан дайн кара дIалур ву, цаьрга вен кхел яйтархьама, тIаккха римхойн кара дIалур ву, цаьрга, Иза емал а вайтина, Цунна етта а еттийтина, Иза вейтархьама. Ткъа и ямартло еш верг, Шеца цхьаьна стоьла тIехь хиъна Iаш ву, олу Цо.

Мурдаш и мила ву бохург къасто буьйлало, ткъа чакхенгахь вовшашца къийсамаш бан буьйло уьш, шайх лакхарниг мила хир ву бохуш. Иза чIогIа дегаза хIума дара, бераша шайна тIаьхьалонна юьсун йолчунна тIехула беш болчу къийсамах тера

дара и сурт. Церан цхьа а бала бацара Іийсах хиндолчуьнца, уьш, ма-хуьллу, олаллехь хиларе а, шайн хьал лакха даккхаре а гІерташ бара. Ма доккха ша шен везар ду иза!

Со Іийсан меттахь хиллехь, аса цаьрга хатта там бара, шуна хезирий те ас аьлларг, я цу агІонан цхьа а бала а кхочий те шун, аьлла. Кхузахь вайна го, Устазан Шен мурдашка хиллачу боккхачу безаман а, Цуьнан доккхачу собаран а масалла. Вайх дукхахаболчара, Іийсан меттахь шаьш хилча, иштта эр дара: «Шу дерриш, дуйьло, дІадовла кхузара! ХІара сан дахарехь долу уггар доккха зер ду, ткъа шу шайн бен ойла еш дац!» Ма дегабаам бан агІо яра иза!

Вайна дагавеана хила а там бу, цу мурдех и къовсам болийнарг мила хила там бу. ХІаъ, ШамІа-Кипа хилла хир ву, хІунда аьлча иза оцу тобанехь коьртаниг хила лаам болуш хуьлура, дукхахьолахь, иза дуьххьара волалора къамел дан. Хин тІехула дІаволавелларг ша хилар дагадоуьйтуш хилла хила а тарло цо кхечарна кест-кеста. Я Іийса Делера схьавеана хиларх долу дІаделладалар, дуьххьара шена хиъна хилар дагадаийтина хила а мега Кипас царна. Кхин а Хийцаваларан-лам тІехь шена гинчух, шен дагах кхеттачух лаьцна дагаваьлла хила а мега иза, царна Іийсах, Мусах, ЭльъяхІух лаьцна дерг а дуьйцуш.

Оцу шийттанна юкъахь ша лакхарниг ву аьлла Кипа тешна хилар, бух боцуш дацара. Амма оцу тешна хиларан бухехь безам хилар дацара. Цуьнан бухехь куралла хилар дара.

Іийсас, цаьрга а хьаьжна, шу массо адамаш санна лелаш ду, Делан Олаллин бераш санна а доцуш, элира:

> ...Кхечу къаьмнийн паччахьаша шайн адамашна тІехь олалла до, Іедал карахь долу нах кхечарна комаьрша хета, амма шу иштта хир дац. Ткъа шуна юкъахь лакхарниг, лахарниг санна хила, хьаькам верг, ялхо санна хила. Коьртаниг мила ву: стоьла улло хиъна юуш верг я цунна оьшург тІеяхьаш, гІуллакх деш верг ву? Юуш верг вуй те? Ткъа со шуна юкъахь ялхо санна ву (Лака 22:25-27).

# ЛАСАР ДАРАН ІАЛАШО

Іийса мила ву бохург, ШамІа-Кипина дІадиллина хиллехь а, цкъа хІинца а Дала леррина Къобалвинчун ма-хиллара муьтІахь хилар дацара цуьнан. Шен дахар а, Далла гІуллакх дар а цо дІахІоттадора хьалха шен хиллачу хьуьнарца ша баьхначу толамашна а, шен дозаллина а тІетовжарца. ПахІала кхайкхам бо вайга тидаме эцар, хила ма-безза бух болчу – Дала леррина къобалвинчу Іийсан хьехамаш тІехь дІахІотто дезар дерриге а (хь. 1 Коринтхошка 3:10).

ШамІа-Кипас Делан Олаллехь хилархьама оьшуш йолу билгалъяьхна агІонаш ца лелайора, иза шен синан чІагІонна а, ша-шех тешна хиларна а тІетовжара. Делан Олаллехь хилархьама, цуьнан амал хийцаяла езара. Цкъа хІинца а адаман дахарехь хуьлчу кураллица доьзна дара цуьнан лелар (хь. 1 Яхьъя 2:16).

Куралло цкъа а кхочушдойтур дацара цуьнга Дала леррина Къобалвинчуьнгахула цунна тІедиллинарг. Нагахь шен куралла Кипас дІа ца яьккхинехьара, цо эххар а иза хІаллаквийр вара. Куралла, Дала къастийна малик хилла долчу, Люциферан а хилла йолу, вон амал ю, эххар цуьнан дожар хилийтина йолу (хь. Яхьазкхиал 28:11-19). ХІинца Іийсас ШамІа-Кипе хІун олу хьовсий вай:

> Везачу Эло элира: «Ва ШамІа! ШамІа! Оцу иблисо, шу кІа санна ласар доьхур Соьга» (Лака 22:31).

Куралло мостагІчунна неІ дІайиллира, оцу агІонгахула ШамІа-Кипа а цуьнга ласийтархьама. «Ласа», грекахойн маттахь синиазо «цецан чохь литтар я ласар» бохург ду. Ткъа кхечу тайпана аьлча, цхьаннан тешар, цуьнан догдохар хилийтарехула зер ду, ур-атталла и стаг синца вожжалц. Іийсан ойланаш а тахана динан тобанашкахь болчийн санна хилча, Цо эр дара: «ДоІа дей вай, доттагІий, оцу иблисан тІегІортарна дуьхьало а еш. Вай могуьйтур дац иблисана вайна везаш волчу ШамІина иза дайта!

Ткъа хьовсийша, хӀун элира Ӏийсас билггал аьлча:

> … Аса доӀа дира хьох лаьцна, хьан тешар лагӀ ца далийтархьама; тӀаккха ахьа а, хьо Далла тӀевирзича, хьайн вежарий тешарехь чӀагӀбелахь (Лака 22:32).

Ӏийсас ца дехнера, ШамӀа-Кипа кӀелхьарваккхар цунна тӀехӀуьттун йолчу шеконех, шайгахула цунна вожар тӀедаийта там болчу. Ӏийсас доӀа динера и зераш тӀедаьхкича, Кипин тешар лагӀ ца далийтар доьхуш. Ӏийсана хаьара, иштта дехарехула, Кипина оьшуш долу, керла амал кхоллаялар хир дуйла, цуьнга шена тӀедиллинарг кхочушдайтархьама, вежарийн тешар а чӀагӀдар хуьлуьйтуш.

Иблисо ШамӀа-Кипа чӀоггӀа ластор дехнера, цуьнан тешар дӀадалийтархьама. МостагӀчунна луург дара Делан Ӏалашонехь волу и стаг хӀаллакврар. Амма Далла хаьара и ластор кхочушдича хиндерг, цундела, гуттара а санна, Дала Шен гӀуллакх хьалхадаьккхира. МостагӀчунна Дала магадира, ШамӀа-Кипин чохь ластийна, дӀадаккха *деззачул* дерг, иза зерехула дӀадаккха.

Дала сан зудчунна Лизина пхи Ӏалашо гайтира, Делах тешар дерг чӀагӀвалийтархьама, ластор хила дезаш долу.

1. Иза хила безачу бух тӀехь чӀагӀвар.
2. Дийна доцург дӀадаккхар.
3. Кхиъна долу дерриг ялта чудерзор.
4. Синца самадовлийтар.
5. ДӀасакъаьстина дерг цхьаьна а тоьхна, чӀагдар.

Муьлхха, эгоизмана я кураллина тӀехь кхоллаелла йолу ойла я уьйр, зерехула цӀанйийр ю. Иштточу онддачу ласторах чекхваккхарехула, ШамӀа-Кипин хилла долу, муьлхха а ша-шех тешна хилар дӀадер ду, ткъа дуьсун дерг – тешаме болу Делан бух хилар ду. Цунна шена чохь билггал доллург хӀун ду хуур ду, делла дерг хӀаллакдийр ду, ткъа кхиъна болу стом дӀагулбийр бу, билггал бакъ болу бух чӀагӀбеш. Цул тӀаьхьа цо шен лаамехь

дерг лоьхур дац, ткъа кхоччуш Везачу Элах тешна хир ву иза. Кипас доьналлица дуьхьало йора Iийсан дешнашна: «Веза Эла, хьоьца набахти чу ваха а, вала а кийча ву со», – олуш. И чIагIо яр Делан Синера дацара, ткъа ша-шех тешна хиларехула дара. Цунна шен гIалата йолу агIонаш ца гора.

## ЯХIУД ШАМIИЦА ВУСТАР

Цхьаболчарна моьтту, Кипа воккха хабарча а, кIиллонча а хилла. Амма Гефсимане бешахь, гIаролехь лаьттарш Iийса дIалаца баьхкича, Кипас, тур схьа а даьккхина, динан коьртачу ден ялхочун лерг хадийра (хь. Яхьъя 18:10). КIилланчех дукхахберш хир бац шайна хьалха дуккха а сов болчу мостагIашна дуьхьал бовла кийча. Кипа онда стаг вара, амма цуьнан и ницкъ шегара схьа бара, Далла муьтIахь хилар а доцуш, хIунда аьлча иза ласар хIинца а доладелла дацара.

Iийсас Шех лаьцна аьлла ма-дарра, дерриг а кхочушхилира. Ткъа оццу майрачу, Iийсан дуьхьа вала а кийча волчу, бIаьхойх юьзна йолчу бешахь тур даьккхина хьаьвзина волчу ШамIа-Кипина цхьа жима ялхо йолу йоI дуьхьалкхета. Кипа, цунах кхера а велла, ур-атталла шена и Iийса вевзаш а вац олий, юхаволу.

Цхьаболчарна хета, адамаш юхадовларан бахьана, царна яккхий халонаш тIехIиттар ду аьлла. Амма дукхахьолахь билггал кIеззиг йолчу дуьхьалонаша а вохаво собарх, йоьхна дегалла гучу а йолуш.

Цул тIаьхьа кхин а шозза юхаволу Кипа Iийсах. НIаьна кхайкхича, шега Дала леррина Къобалвинчо аьлларг дага а деана, вилхира Кипа. Ша-шех тешна хилар дерриг шеконе делира, иза тешна вацара, ша юха мацца а меттавогIург хиларх.

ШамIа-Кипа а, ЯхIуд-Искархо а дуккха а долчу хIуманна тIехь вовшашех тера вогIу, Iийсан дахарехь хала киртиг тIехIоьттинчу тIаьххьарчу хенахь, и шиъ дIавирзира Цунах. Делахь а, цу шина адамана юкъахь ладам боллуш йолу башхалла а яра.

ЯхӀудан цкъа а бацара Ӏийса вовза болу лаам, цу тӀехь ШамӀин хилла болчу хьагамах тера болу. ЯхӀуда шен дахаран бух ца бира Ӏийсах. Цунна а Ӏийса веза мотталур дара, хӀунда аьлча дерриг а дитинера цо, Ӏийсана тӀаьхьахӀоттархьама, гуттара а Цуьнца болчарна юкъахь а хуьлуш, ур-атталла Ӏийса уггар холчу хӀоьттинчу сохьтехь Цунна уллохь вара ЯхӀуд. Цо адамашна чуьра жинаш лелхадора, цомгушнаш тобора, Ӏийсас беана Хаза Кхаъ кхайкхабора. (ДагадогӀий шуна, Ӏийсас шен шийтта векал хьажавора хьехамаш бан а, цомгуш берш тобан а, жинаш лелхо а – уьш шийтта вара, цхьайтта а воцуш.) Амма ЯхӀуда и дерриг Ӏийсага шен безам хиларна я шена Иза мила ву бохург дӀаделладаларна ца дора.

ЯхӀудан юьхьанца дуьйна а шен Ӏалашо а, шен планаш яра. Иза цкъа а дохко ца волура шена пайде йолу Ӏалашонаш ша кхочушъеш. Цуьнан амал дӀаеллалало ишттачу дешнашкахула: «Аша хӀун лур ю суна, нагахь аса …» (хь. Маттай 26:15). Цо аьшпаш буттур, цо харц хестамаш бора шена пайденна дерзорхьама (хь. Маттай 26:15). Ӏийсас деш долчу гӀуллакхна лерина долчу ахчанах цхьацца дакъа шен хьашташна схьаоьцура цо (хь. Яхьъя 12:4-6). Цу тайпана цо дийриг кхин а дуккха дара. ЯхӀудна цкъа а шен синца ца вевзира Веза Эла, ша Цунна юххе а ваьлла кхо шо, ах шо а даьккхина доллушехь. Кипа а, ЯхӀуд а дохковелира шайх даьллачунна. Амма ЯхӀудан дахарехь бацара Кипин болу дахаран бух. ЯхӀудан даг чохь цкъа а Ӏийса синца вовза болу хьагам ца кхоллабаларна, Веза Эла дӀа ца веллавелира цунна. Нагахь Ӏийса билггал мила ву бохург ЯхӀудна дӀаделладеллехьара, цо цкъа а йийр яцара Цунна ямартло. ЯхӀудан дахарехь холчу хӀоттаран доккха дарц даьлча, дерриг а меттах а даьлла, хӀаллакьхилира цуьнан дахарехь! Х ьовсий вай оцу хиллачуьнга:

> ТӀаккха Ӏийсана ямартло йина волчу ЯхӀуд-Искархочо, Цунна кхел йинийла хиъча, дохко а ваьлла, шена делла долу ткъе итт дато ахча динан коьртачу дайшна а, къаношна а дӀаделира· Цо элира: «Къа латийна

> аса сайх, бехк боцучунна ямартло а йина». Цара элира ЯхІуде: «Тхуна хІун ду иза? Иза хьайна хуур ду хьуна». Ша цаьргара схьаэцна долу дато ахча Делан цІийнан керта дІа а кхоьссина, ЯхІуд-Искархо, вахана, ирхъоллавелира (Маттай 27:3-5).

ЯхІудна хаьара ша къа латийнийла, иза дохко а ваьллера. Амма цунна Дала леррина Къобалвинарг ца вевзинера. Иза кхеттане а ца кхетара, ша Хьанна йина и ямартло. Цо аьлларг хІара бен дацара: «аса бехк боцучу ЦІийна дуьхьал ямартло йина». Нагахь шена Дала леррина Къобалвинарг ШамІа-Кипина санна вевзинехьара, цо, Іийсана тІе юха а вирзина, ша динчунна дохковалар гойтур дара, Везачу Элан дикалла а евзаш. Ткъа ЯхІудан ирхъоллаваларо юха а тоьшалла дора, шен дахарехь Делан дика цо тІе ца эцар. Дахаро иза ластийча гучуделира, ур-атталла кхаа шарахь Устазана тІаьхьахІоьттина леллачул тІаьхьа а, ЯхІудан дахарехь цхьа а тайпана бух кхоллабелла ца хилар.

Дуккха а болчу, Іийсах тешар хиллачу наха «шайн къиношна дохкодовларан доІа» а дина, тобанна юкъа а бахана, цу юкъахь жигара дакъа а лоцуш, Делан Йозанаш доьшура. Делахь а, и дерриг а хилла церан, Іийса билггал мила ву те бохург дІаделладалар доцуш, багахь цара Иза тІеэцнехь а. Шайна тІе цхьацца доккха зер тІедеача, уьш Далла дегабаам бина, халахетар хилла, кхин Цуьнца доьзна хІумма а ца дезаш дІахІуьттура.

Суна сайна а хезна, ишттачу наха олуш: «Дала суна лерина хІумма а ца дина! Со Іийсах тешначарна юкъахь хила гІоьртира, амма сан дахар цул тІаьхьа кхин а холчу делира». Я иштта олу: «Аса, доІанаш деш, доьхура Деле хІара я важа дахьара суна, олий, амма Цо иза кхочуш ца дира!» Цара цкъа а шайн дахар Іийсан когашка ца диллира, амма уьш Цуьнан декъашхой хила гІертара, деккъа шайна пайденна дерг кхочушхилийтархьама. Цара шаьш Іийсан дуьхьа дийриг, Цо шайна лун долчуьнга сатуьйсуш дора, цундела атта юха а бовлура уьш шайн тешарх. Цара дегабаам бора Іийсана. Ткъа Іийсас иштта олу царах лаьцна:

> … цара шайна Делан дош хезча, цу сохьта хазахетарца тӏеоьцу иза, амма церан дегнаш чохь цуьнан орам ца хуьлу, уьш шеконаша дӏа а лоьцу. Тӏаккха, шайна тӏе цхьа бала тӏебеача я и дош бахьана долуш шайна тӏаьхьабевлча, цу сохьта шайн тешарх «юхабовлу»[1] уьш (Марк 4:16, 17).

Тидам белаш, цо боху, уьш цу сохьтта юхабовлу, шайн тешаран цхьа а тайпана бух ца хиларна. Стенна тӏехь боьгӏна хила беза те вайн орам? Оцу хаттарна догӏу жоп вайна карадо Эпасхошка яздинчу Кехатан (3:16-18 аяташ тӏехь): вайн орам хилар а, чӏагӏдалар а безам хиларца доьзна ду. Деле вайн болу безам бу вайн дахаран бух.

Ӏийсас аьлла: «Шен накъосташна тӏера шен дахар дӏадаллал болчу безамал лакхара безам бац» (Яхьъя 15:13). Вайна тешаме доцучу адаман тӏера, вешан са дӏалойла дац вайн. Нагахь вайна Дела ма-бохху дика вевзаш ца хилча, Цунах тешна хилархьама, вешан синош Цунна лерина дӏалойла дац вайн. Вайна хаа а деза, вай кхета а деза Дела мила ву а, Цуьнан муха амал ю а бохучух. Вай тешна хила деза, Дала цкъа а вайна зуламе долу хӏумма а дийриг ца хиларх.

Везачу Дала гуттара а лоьху вайна пайденна хиндерг. Ткъа вайна ваьш эшамехь ду аьлла хетарг а, вайна диканна доьрзур ду, нагахь вай вешан тешарх ца довлахь. Дела Ша безамах вуьзна ву, Цуьнца цхьа а эгоизм я зуламе дерг дац. Вай хӏаллакдан лаам берг иблис ду.

Дукхахьолахь вайна тӏедеанчуьнга ваьшна гуш долчуьнгахула хьовсу вай, ткъа цу хьажаро гамдо билггал долуш долу сурт. Ткъа Дела вайна тӏехӏиттинчу зерашка абаденгахь хиндолчуьнца дустуш хьожу. Нагахь вай ваьшна тӏехӏоьттинчуьнга хьежахь, иштта ши хӏума хир ду:

1 Грекахойн маттахь цу дашо бохург хӏара ду: «уьш реза боцуш хуьлу, карзахбуьйлу, дегабааме хуьлу, церан ца кхетар хуьлу тӏаккха юхабовлу уьш», хьовса ингалс маттара кхачаме динчу гоч даре, Хаза Кхаъ Марк (4:17) – Гочдархочун билгало.

> Цкъа делахь, Дала вайн дегнаш цIандарехула чекхдохуш хилча, вай атта оьгIаздаха там бу я Далла, я Цунна лерина гIуллакх деш болчарна. ШолгIа делахь, вай атта ледийр ду мостагIчо. Иблисо вайна кху сохьта нийса ду аьлла хетачунна тIе далор ду вай, амма цуьнан тIаьххьара йолу Iалашо хир ю, вайн эгар я хIаллакьхилар тIедаийтар. Нагахь вай чIагIонца Делах тешна хилахь, Цо вайх лаьцна бечу гIайгIанах девр дац вай. ТIаккха вай Iехалур дац, вайх лаьцна гIайгIа бар вешан тIехь ду бохучух.

## ДЕЛАН АМАЛНА ТIЕТЕВЖИНА ХИЛАР

Вайн синойн мостагIа Делах болу вайн кхетам, вайн хаарш гамдан гIерта. Иза вайн Делах долу тешар шеконе даккха йолу цхьа кеп ю. Эдом-бешахь дира иблисо иза, Хьавага ша хаттар дича: «… бакъ дуй иза Дала аьлла бохург: ялсаманера цхьана а дитта тIера стом ма баалаш?» (Доладалар 3:1). Иблисо Делан весето бохург гамдира, Делан амал а нийса ца гайтархьама.

> Дала иштта аьллера: «Бешара муьлххачу а дитта тIера стом баа мегар ду аша, амма дика а, вон а довзуьйтуш долчу дитта тIера ма баа, хIунда аьлча ахьа цу тIера стом биъначу дийнахь, хьо лийр ву» (Доладалар 2:16,17).

Билггал аьлча, лаьхьано Хьавага бохура: «Дала дерриг дика мел дерг къайладоккху шух».

Ткъа Дала къасторгца аьлла коьртаниг хIара дара: «Ахьа массо хIума а яа мегар ду цхьа хIара доцург …» Дала адамашна марзо эцийта и ерриг беш еллера, массо тайпана стоьмаш баар магош, деккъа цхьана дитта тIера доцург.

Дала Хьавага аьллачух иза нийса ца кхетийтархьама, иблисо гамдинчух лаьцна иштта ала мегар ду: «Билггал аьлча, Дала

шун гӀайгӀа ца бо. Хьовсийша, мел доккха дика хьулдина Цо шух! Шуна ма-хетта, шу ца деза хир ду Цунна. Схьахетарехь, башха дика Дела а вац Иза!» Хьава лееллера, Делан амалх лаьцна иблисо аьллачу харцдолчух тешар а догӀуш. Цул тӀаьхьа къа лато болу лаам кхоллало, хӀунда аьлча Делан дош хӀинца дахарх дуьзна ца хуьлура, цунах тӀедиллар хилира. Ткъа «… къа латоран ницкъ – тӀедиллар ду» (1 Коринтхошка 15:56).

Вайн синошца тахана а изза до мостагӀчо. Цо Делан амалх дерг харцахьадоккху Цуьнан берийн бӀаьргашкахь. Вайн дахарехь вай цхьаннан олаллехь хуьлу: я дайн-нанойн, я хьехархойн, я куьйгалхойн, я хьаькамийн.

Царах цхьаберш я шаьш-шайн бен ойла яр доцуш, я къиза, я вайга безам боцуш хуьлу. Ткъа уьш олахой болу дела, вайна атта хир ду, церан амал а, иштта дерриг а коьрта олалла шен карахь долчу Делан амал а цхьаьна йогӀий те аьлла, дустар дан. Делан мостагӀчо шен харц йолчу исбаьхьаллица харцхьайоккху Стиглашкарчу Ден амал, вайн лаьттахь болчу дайн амалех дерг а гамдеш. Дала аьлла, Ӏийса юха лаьтта вале дайн дегнаш церан берашкахьа доьрзур ду (Малъаки 4:6). Везачу Элан билггал долу сурт а, Цуьнан амал а гучуер ю Цунна лерина гӀуллакх деш болчу куьйгалхошкахула, ткъа цо тоьшалла дийр ду адамийн синош тодала дуьйлададаларх лаьцна. Дала шуна зуламе хиндерг я шу хӀаллакдан Ӏалашо йолуш хӀумма а цкъа а дийр доцийла шуна хууш хилча, ткъа Цо деш дерг я ца дийриг шуна доккхачу диканна доьгӀна хилар а шуна хиъча, аша атта дӀало шаьш Делан кара. ТӀаккха хазахетарца Везачу Элан дуьхьа шайн са а кхоор доцу адам хир ду шух. Нагахь аша кхоччуш шаьш Ӏийсан кара дӀа а деллехь, шу Цуьнан долахь а делахь, аша дегабаамаш бийр бац, шу Ӏеха а лур дац, хӀинца шу шайн долахь доцу дела. Дегабааме а, догдаьлла а долу адамаш ду – Ӏийсас шайна хӀун лур ду те бохуш Цунна тӀебаьхкинарш, Иза мила ву бохург хьалхадаккхар а доцуш.

Вай цу тайпана лелаш хилча, атта догдалар хир ду вайн. Вешах лаьцна бен ойла ца яро, бӀаьрзе до вай. И бахьанехь вайна тӀехӀоьттинчу хьоле тешарах дуьзначу бӀаьргашца ца хьовсу вай.

Вешан дахар билггал кхоччуш Iийсан кара вай дIаделча, вайна Цуьнан амал а евза, Цуьнан хазахетар а декъало. ТIаккха вай шеконех дуьзна а лелар дац, вайн бохамаш а хир бац.

Дукха атта ду дегабааме хила, нагахь вай ваьшна тIехIоьттинчу хьоле хьаьжжина кхел яхь. Иштта долу хьажар Делан Синан бIаьргашкахула долчу хьажарх тера ца хуьлу. Дуккхаза а нисло Дала суна хетачу тайпана жоп далар ца хуьлуш, я суна луъучу хенахь ца хуьлуш ас доьхург, суна оццул и хила деза аьлла хетахь а. Амма соьца мел хиллачуьнга, со юхахьаьжча, со дерригенах кхета, оцу дерригенна а юкъахь Делан хьекъалалла го суна.

Наггахь вайн бераш ца кхета вай уьш Iамош лелочу кепах, хIоттамах. Жимма даккхийн бераш кхето гIерта вай, оцу вай билгалъяьккхинчу агIонехула царна пайденна дерг вай лоьхуш хиларх. Цхьа наггахь уьш а ца кхета вайх я реза ца хуьлу, шайн хIинца а кхоччуш кхетам ца хиларна, амма тIаьхьо кхетар бу уьш вайх. Наггахь-м вай кхечу тайпана а доцуш, иштточу кепехь уьш Iаморан бахьана, вай церан мутIахь хилар, безам хилар, уьш кхачаме хилар зерца доьзна а хуьлу. Цу тайппана хуьлу вайн Стиглашкарчу Деца йолу юкъаметтиг а. Иштточу хьолехь вайн тешаро олу: «Со тешна ву Хьох, Ахьа оцу кепара иза дарх со ца кхетахь а».

Iебархошка яздинчу Кехатан (11:35-39) аяташ тIехь вайна карадо шайна Дала хир ду аьлларг, кхочушхилар доццушехь, хIетте а чIагIонца шайн тешарехь лаьттинчу адамех лаьцна дерг: « …. Цхьаберш, ницкъ а беш, бойуш хилла, амма цара паргIато схьаоьцуш ца хилла, тоьллачу дахарехь шайн дендалар хилийтархьама. Кхечара сийсаздар а, еттар а, буржалш а, набахта а лайна шайна тIехь. Царна тIе тIулгаш а кхуьссура, уьш херхашца хеда а бора, таррашца байа а бойура. Чудаха цIа а доцуш, уьстагIийн, гезарийн кхекхий а хьерчийна, лелла уьш, халонаш, баланаш, нахехьара шайна хуьлу ницкъ а ловш. Дерриг а дуьненал лакхара болу уьш яьссачу аренашкахула, лаьмнашкахула, хьехашкахула, Iаннашкахула бевлла лелара. Шайн тешарца тоьшаллаш дина болчу царна, Делера баркалла хилла, шайна лур ду аьлларг цара схьа ца эцнехь а …».

Цара сацам бинера, шайна оьшуш дерг дерриг а – Делаца хилар ду аьлла, и бахьанехь муьлхха а мах шаьш бала дезахь а. Шайна лур ду аьлларг кхочуш ца хилар гушшехь, шаьш лечу хенахь а уьш Делах тешара. Церан йиш яцара Далла дегабаам бан я юхабовла!

Вай орамаш хецна а, тешарехь чӀагӀделла а хуьлу, нагахь вайн а цу тайпана боккха безам а, Делах тешар а хилахь. ТӀаккха цхьана а дахаран дарцо, мел чӀогӀа иза хиларх, цкъа а юхадохур дац вай вайн тешарх. Цу тайпана дӀахӀотта болу ницкъ, вай ваьш онда хиларца доьзна дац. Иза Делан диканан совгӀат хилар ду, шен дерриг тешар Далла тӀедерзийначунна, ша-шех тешна хилар кхоччуш дӀадаьккхинчунна хуьлуш долу. Амма кхачам боллуш Делах тешна хилархьама, шун дахар Шен карахь латтош Верг вовза веза шуна.

## ДЕЛАН ДИКА ДАЛЛА МУЬТӀАХЬ БОЛЧАРНА КХОЧУ

ШамӀа-Кипин кхидӀа а ша-шен сийлаллех тамаша бойла дацара. Шен амалехь долчу ша-шех тешна хиларх велира иза. Цунна дукха дика гира ша-шен ницкъаца дечун цхьа а пайда ца хилар. Иза муьтӀахь хилира. Дала Шен дика Шена муьтӀахь болчарна ло. МуьтӀахь хилар коьрта хӀума ду цу тӀехь. Цунах кхетар Кипин коьртехь дара, цо шен Кехат тӀехь хӀара яздечу хенахь: «Вовшашна муьтӀахь долуш де гӀуллакх, хӀунда аьлча: «Дела курачарна дуьхьал ву, амма шаьш кӀезиг хеташ Ӏаш болчарна Шен дика ло Цо» (1 Кипин 5:5).

Кипа чӀогӀачу догдохарна тӀевалийнера тӀехӀоьттинчу хьоло. Цунах лаьцна дерг вайна девза, Делан малико къубба уллохь лаьттинчу Магдалера Мареме аьллачуьнгахула: «Амма аша, дӀагӀой, Ӏийсан мурдашка а, Кипе а ала: «Ӏийса Галилай-махка шул хьалхаваьлла гӀур ву, цигахь гур ву шуна Иза, Цо шуьга ма-аллара» (Марк 16:7). Малико Кипа билгалваккха везара. Кипа боккхачу эшамехь вара, амма цуьнан син чохь Дала биллина бух бара. И бух

ца буьйхира Кипина ластор тIедеача, мелхо а кхин а чIагIбелира.

Iийсас Кипина гечдина а ца Iаш, цуьнан тешар а меттадалийра. ХIинца и синан ластор хиллачул тIаьхьа, иза кечвира Динан тобанехь коьртачех цхьаъ хилла дIахIоттийта. Кипас доьналлица кхайкхамаш бора Дала Къобалвинарг веллачуьра денваларх лаьцна, Иза жIарах дIатохарна бехке болчарна хьалха. ХIинца иза кийча вара динан кхеташонехь болчарна юьхьдуьххьал дIахIотта, оцу къоначу ялхо-йоIана хьалха хIоьттина а ца Iаш. Иза царна хьалха дIахIуттура Дала шена деллачу олаллица, майраллица, доьналлица. Исторехь дуьйцу, Кипа дуккха а шерашкахь Далла гIуллакх дина леллачул тIаьхьа, иза корта лахахь болуш жIарах дIатоьхнера бохуш. Цо ша хьакъ долуш вац, Iийса жIарах дIатоьхначу кепара дIатоьхна хила аьллера, цундела корта оллина а болуш тоьхнера иза жIарах. Иза кхин ца кхоьрура. Тархан ондачу бух тIехь дIахIоттийна тIулг хилира Кипех.

Дахарехь тIехIуьттучу зераша шун дегнаш чуьра билггал бакъдерг дIа а доьллур ду, гойтур а ду: дуй те цу чохь Далла я гонаха болчарна дегабаам бар. Оцу зеро я Далла, я шайна гонаха болчарна шу реза ца хилар хуьлуьйтур ду шун я кхин а сов майралла йолуш дийр ду. Шу цу зерах чекхдовлахь, шу орамаш кхин а кIорге дIагIур бу, шу чIагIдеш, ткъа шун хиндерг кхин а тешаме хир ду. Зерах чекх ца довлалахь, шу дегабааме хир ду, цу тайпана тешарх довлуш.

## ВЕЗА ЭЛА, АСА ХЬУНА ГIУЛЛАКХ МА ДИРА, ТIАККХА ИЗА ИШТТА ХIУНДА ДУ? …

Со динан хьехамча волчу хенахь, кегийрхойн декъашхошна юкъахь дейта шо долу цхьа кIант вара, шен накъосташа а динан тобан куьйгалхоша а лоруш волу. Иза, кхиаме а волуш, дика кIант вара. Делан гIуллакхна дукха тIера волчу цо муьлхха а динца доьзна долу гIуллакх дора. Наггахь тхоьца цхьацца меттигашка а воьдура иза, Делах лаьцна кхайкхамаш беш, шена дуьхьал

мел кхеттачунна шен тешарх лаьцна тоьшалла а дора цо.

Цхьана хенахь хIора дийнахь диъ сахьт доккхура цо доIанаш деш. Везачу Элера дуккха хаамаш хуьлура цунна, царах лаьцна кхечаьрца доькъура цо шена дIаделладелларг. Цо дийцинарг, кхечарна а диканна хуьлура гуттара а. Иза кхетара Далла лерина гIуллакх дан ша кхайкхина хиларх, динан хьехамча хила лаам а бара цуьнан, шен ткъа шо кхачале, меттахъяккхалун йоцучу тархах а тарлора иза.

Суна хьоме вара и жима стаг, иза Дала Шена гIуллакх дарна къастийна хилар гора суна, цундела цунна лерина йойу хан эрна йоккху аьлла ца хетара суна. Деккъа цхьана хIумано гIайгIане воккхура со: иза дукха ша-шех тешна хилар хаалора. Цунах лаьцна цуьнга ала лаьара суна, амма хIинца а хан тIе ца кхаьчнера. Масех бохам тIехIоьттира цунна, делахь а, чIагIвелла лаьттара иза кхидIа а. Иза оцу къизачу зерех дика чекхвалавалар гуш волу со наггахь шеконе волура – со нийса вуй те цуьнца, олий.

Масех шо дIаделира. Иза кхечу метте дIакхелхинера, ткъа со дукха меттигашкахула дIасалелара. Амма уьйр яра тхошиннан юкъахь. Иза оцу халонех а, баланех а чекхвер ву аьлла хетара суна. Иза иштта хила дезара, амма суна хаъане ца хаьара иза маца хир ду. Со кхетара, шена Дала тIедиллинарг кхочушдархьама, и кIант зерах чекхвала везар вуйла. Иза ШамIа-Кипин ласарх чекхвала дезнарг санна долу хIума дара.

Оцу къонахчун берхIитта шо кхаьчча, цуьнан дена толур воцу вон цамгар кхийтира. Шен ненаца цхьаьна цо марханаш кхобура, доIанаш дора, шен да толург хиларх тешна хиларца. Цаьрца цхьаьна доIанаш дора кхечу накъосташа а. Цуьнан да Iийсах тешна масех бутт бен бацара.

Дена гIоле ца хуьлура. Сан зудчо сихха оцу жимачу кIантаца уьйре валахьара, аьлла соьга телефон тоьхча, динан гIуллакх эцна, Алабамера цхьана гIалахь вара со. Аса телефон туьйхира оцу кIанте, суна гора, иза теван а, цуьнан догайда а, цунна цхьаннан гIо оьшуш хилар. Сайн гIуллакх чекхдаьлча буьйсанна

деа сохьтехь некъ бира аса, Iуьйранна диъ даьлча иза волчу дIа а кхочуш. Цуьнан да чIогIа вочу хьолехь вара, лоьраша цунна дисинарг масех де бен дац аьллера. Иза вист хилалуш вацара. И кIант тешна вара шен да толург хиларх. Аса сайна далург дира оцу доьзална, цаьрца масех сахьт а даьккхина, со дIавахара. ШолгIачу дийнахь тхоьга телефон туьйхира, цуьнан хьал кхин а вочу долуш ду аьлла. Лиза а, со а цу сохьтта доIанаш дан дуьйладелира. Оха доIа деш, Дала сан зудчунна хьалха сурт иштта хIоттийра: оцу цомгушчун коьртехь маьнганна уллохь латтташ Iийса вара, и стаг Ша волчу стигалшка дIаэцархьама веана волу. Цхьа ах сахьт даьлча цу кIанта телефонехь хаам бира, шен да дIакхелхина, аьлла. И кIант, хIетталц санна, доьналлица латтар долуш ву аьлла хеталора. Амма иза доладалар бен дацара. Цу суьйранна цо шен цхьана накъосте телефон туьйхира, шен да дIакхалхарх лаьцна хаам бархьама. Оцу накъостан цIахь цхьамма телефон дIаайича, кху кIантана белхар хезира. Иза цецвелира, царна хууш ду те шен да дIакхалхар, аьлла? Амма белхар кхечу бахьаненна дар: цу хеннахь аварехь цуьнан накъостех уллора волу цхьаъ дIаваьллера. Оцу цхьана дийнахь дех а, шена уллора хеташ волчу накъостах а велира иза.

Зер дIадоладелира. Иза воьхна, догдоьхна, цецваьллачохь висинера. Дела шена уллора дIаваьлла аьлла хетара цунна.

Цхьа бутт баьлча иза цIа воьдуш, вовшахкхетта ши машин гира цунна. Шена авари хиллачохь лоьраша дуьхьхьара гIо муха дан деза хаарна, иза сецира. Оцу вовшахкхеттачу шинна а машинна тIера лелош волу ши стаг кхунна уллора вевзаш вара. Царна гIо дан гIерташ хIара воллушехь, и шиъ велира.

Сан къона доттагIа барам боцуш воьхнера. Цо кхо сахьт даьккхира хьунах, доIанаш деш, Деле доьхуш: «Хьо мичахь ву. Ахьа суна Синтембохьург хир ву аьллера Хьо, амма сан цхьа а синтем бац!»

Дела цунах дIавирзина аьлла хеталора. Амма билггал аьлча, цуьнан шегара болчу ницкъо тешнабехк бинера цунна. Иза оьгIазвахнера Далла. И дерриг хила хIунда магийна Цо? Иза шен

динан хьехамчина, шен доьзална, иштта суна а дарвеллера. Иза Далла дегабааме а, оьгӀазло еана а вара. Догдохаро дӀалаьцнера иза. Дала кӀорггерачу холчу хӀоттаран сохьте ваьккхинера иза.

«Веза Эла, аса хьуна лерина гӀуллакх дора, и бахьанехь кхидолу дуккха хӀума дӀа а тоттуш. – Ткъа Ахьа со дӀатесна хӀинца!» Цунна моьттура, шен дерриг кхиндолу гӀуллакхаш Ӏад а дитина, Далла гӀуллакх ша дина дела, Дела шена декхарийлахь ву.

Дуккханнийн дахарехь тӀехӀиттина цу тайпана йолу чевнаш, догдохар а хилла, цхьаволчун кӀезиго, вукхеран сов а хуьлуш. Дукхахаберш иштачу хьолехь Далла оьгӀазъоьху. Царна моьттура шаьш Цунна лерина мел динарг, Дала тидаме эца дезара.

Цу наха Везачу Элана лерина гӀуллакхаш даран бахьанаш нийса дацара. Вай Везачу Элана лерина до гӀуллакх Цо вайна а дан дезачуьнца дустар доцуш, амма Иза мила ву хаарна а, Цо вайн дуьхьа хӀун дина хаарна а дан деза. Везачу Элана оьгӀазъоьхурш ца кхета, мел боккха мах белла Цо царна тӀера уьш паргӀатбахархьама бохучух. Царна дицделла шаьш муьлхачу даларх кӀелхьардаьхна. Адамаш кху дуьненан бӀаьргашца хьоьжу, абаденан бӀаьргашца хьожучу меттана.

И къона стаг динан цӀа чу оьхучура сецира, хьарам дерг лелочу нахах дӀа а кхетта, цаьрца барашкахула а, церан харц синкъерамашкахула а лела волавелира иза. Догдохарна цхьана а тайпана Делаца йолу уьйр ца езара цунна хӀинца.

Шина кӀиранал сов ваха ца велира иза цу тайпана, хӀунда аьлча цуьнан даго бехкбоккхура цуьнгара. Делахь а, кхидӀа а Везачу Элана тӀе ца воьрзура иза. Иштта ялх баттахь Ӏийра иза. Цу хенахь, ур-атталла стигланаш а цӀеста йолуш санна хетара цунна. Дела кхин шеца вац аьлла хетачух тера дара цунна.

Цхьа шо гергга дӀаделира, тӀаккха гира цунна Дала шен кхидӀа а гӀайгӀа беш хилар. Къонах юха а Далла герга ван волавелира, амма хӀинца муьтӀахь хиларца вогӀура иза Цунна тӀе. Зеран хан чекхъяьлча, Везачу Эло гайтира цунна, Ша иза цкъа а дӀатесна

витина ца хилар. Цуьнан синца долу дахар меттахIоьттича, и кIант Делан диканах тешна хила Iемира, ша-шегара йолчу чIагIонна тIетовжар дитина.

Аса цул тIаьхьа а уьйр латтийра цуьнца. Цхьа шо а ах шо даьлча цо элира соьга, шех лаьцна шена гинарг, шена хьалха цкъа а дага а догIур дацара. «Со цхьа а амал йоцуш, дерриг а тIехула лелош волу стаг хиллера. Сан дас тIехьаьжча онда а, ша-шех тешна хилар долуш а хила веза бохуш Iамавора со. Далла со хила лаьачу тайпана йолчу амалехь хилалур вацара со цкъа а. Со баркалле ву Везачу Элана, Цо со хиллачу хьолехь ца витарна. Ткъа со уггар а холчу хIоттийнарг дацара со барашкахула лелла хилар я аса малар мийлар, амма со Дезачу Синах дIаверзар дара. Суна чIогIа деза Иза. Сан цуьнца йолу уьйр цкъа а ца хиллера кху тайпана инзаре башха, хIинца санна».

Дуккха а бохамаш тIебаьхкинера цунна дахарехь. Ша-шех тешна хилар дIадаьккхинера. Амма оцу къонахчун Кипин хилла боллу синан бух бара, иза хIаллакбар хир дацара. Шен дахар а, шен гIуллакх а кураллина тIехь хIотточу меттана, цо иза Делан диканца дора хIинца.

Вайн тешарх юхадовларо а, дегабаамаш баро а вайн дахаран ледара а, йоха кийчча йолу а меттигаш гучуйохур ю. Дукхахьолахь вайна ваьш онда ду аьлла хета меттиг, вайн къайлаха йолу ледара меттиг хуьлу. Иза къайлаха юьсу, доккхачу дарцо и тIехуле дIаяккхалц. ПахIал-векало яздора: … синца Далла гIуллакхдийраш, Дала леррина къобалвинчу Iийсах дозалла дийраш долу вай, дилханах тешна дехарш дац» (Пилапхошка 3:3).

Вешан болчу ницкъаца, абаденгахь хир долу мехала хIумма а далур дац вайна. Иза ала атта ду, ткъа вайна чохь оцу билггал бакъдолчуьнга кIоргга орам тасийтар – иза кхечу тайпана хIума ду.

Iийса, адамаш ца
марздаран дуьхьа,
билггал бакъдолчуьнца
компромиссе ца воьдура.

# КОРТА 9

# МАРЗДАЛАРАН ТІУЛГ

***«Ас Цийон-лам тІехь охьабуьллу са болу, къастийна, беза тІулг. Муьлхха а Цунах тешаш верг юьхьІаьржачу хІуттур вац». Иштта, Цунах тешачу шуна Иза деза жовхІар ду, ткъа ца тешачарна: «ГІишлош еш пхьераша дІакхоьссина тІулг цІийнан сонан йистехь коьрта тІулг, хилла, дІахІоьттина». Кхин а: «Нах тасаболуьйтун болу тІулг бу иза, уьш охьаоьгун болу тарх а ю иза»***

**– 1 Кипин 2:6-8**

Тахана «теша» бохучу дешо шен билггал бакъйолу билгало яйина. Дуккха а долчу адамашна иза дуьххьалдІа къаьсттина долуш дерг тІеэцаран билгало бен яц. Дуккха болчарна «теша» бохучу дешан муьтІахьхилар бохучуьнца цхьа а юкъара

хІума дац. Амма Дезачу Йозанаш тІехь «тешарш» боху дош — «муьтІахьхилар» дешан синоним ю. «Иза шуна, тешачарна, — мехала ву, ткъа ца тешачарна (аьлча а муьтІахьбоцчарна).»

Дезачу Йозанаша хьоьху: «...муьлхха а Цунах (Дала леррина къобалвинчу Іийсах) тешнарг, хІаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь долчу хедар доцучу дахаре кхачийтархьама» (Яхьъя 3:16). Вайн «теша» бохучу деше йолчу тергонна тІехула дуккха болчара, дерриг а царна оьшург, иза, Іийса хилла хиларх а, Голготехь велла хиларх а тешар ду, тІаккха уьш Далла хьалха нийсачу хьолехь хилар, лору. Амма нагахь и цхьаъ бен доцу оьшург делхьара, жинаш а хир дара Далла хьалха нийсачу хьолехь. Дезачу Йозанаша боху: «Хьо теша Дела цхьаъ хиларх, иза дика ду. Ур-атталла жинаш а теша Иза хиларх – ткъа уьш кхерарна дегадо!» (Якъуба 2:19). Амма жинашна кІелхьардовлар дац.

Дезачу Йозанашкахь «теша» (я динах теша) бохучу дешан, цхьа хІуъа а я цхьа ма-дарра долчуьнца реза хилар дуьххьалдІа тІеэцарал, кхин а алсам кІорге билгало ю. Хьалхалерчу аятан контекстана тІетовжарца, ала мегар ду, тешаран бухенгахь долу коьрта дерг муьтІахьхилар ду. Вайн и аят кхечу тайпана дешийла ду: «Иштта, Иза шуна, муьтІахь долчарна, мехала верг ву; амма ладугІуш (я муьтІахь) боцчарна — гІишлошъярхоша дІатеттина, амма сонехь коьрта хилла дІахІоттийна, тІулг бу, тасаваларан тІулг а, марзвалийтаран тІулг а».

Шаьш ладугІуш волчуьнан амал а, безам а бевзаш хилча, муьтІахь хила хала дац. Безам вайн Дала леррина Къобалвинчуьнца йолчу юкъаметтигийн бух бу — агІонашка я хьехамашка а боцуш, амма Ша Дала леррина къобалвинчу Іийсага болу безам. Нагахь и безам вайгахь чІагІбина бацахь, вай марздаларшна а, халахетаршна а, тийсадаларшна а тІера хир ду.

Дала гІишлошъярхой хила тІекхайкхинчу исраилхоша Делан соне буьллу тІулг — Іийса, дІатеттина. Царна Ширачу Весетан шайн хьехамаш безара, уьш шайн Іедал туьдуш долчуьнца реза бара, цаьрца шайна пайда хуьлийла а, кхечу адамашна тІехь контроль латторна пайда эцийла а долу дела. Амма Іийса,

жуьгтий оццул чIогIа тасабеллачу Iедална, дуьхьалвелира. Цо цаьрга бохура: «Делан Йозанаш толлу аш, уьш шаьш теллича, Дела волчохь хедар доцучу дахаре кхочур ду моьттуш. Ткъа Делан Йозанаша Сох тоьшалла ма-до» (Яхьъя 5:39).

Царна тIехь, Дела юьхьенца дуьйна, Цуьнан юххера юкъаметтигаш хуьлийла долу кIентий а, йоIарий а хила лууш хиларан ойла йиллина яцара. Ткъа царна олалла дан а, урхалла дан а лаьара. Церан бIаьргаш чохь товрат-хьехамаш Делаца йолчу юкъаметтигел лакхара бара. Цара Дала делларг дIатеттинера. Царна иза сихха даккха лаьара. Цундела церан дахаран а, кIелхьардовларан а сатийсар долу Делан совгIат, Дала леррина къобалвина Iийса, царна «тасадаларан тIулг а, марздалийтаран тIулг а» хилла дIахIоьттира.

Симеон пророчествовал, когда взял на руки младенца Иисуса в храме: «ШамIас Деле дийхира, уьш къобалбе аьлла. Беран нене Мареме цо элира: «ХIара бер Дала къобалдина ду, Исраилан халкъана юкъара дукхахберш хIаллакьхилархьама а, кIелхьарбахархьама а. ХIара Бер Дала елла билгало хир ю, амма Кхунна резабоцурш а хир бу…» (Лака 2:34). Билгалдаккхалаш, «дожарна» а, «гIовттарна» а. Лаьтта машар бархьама Веанчо, чаккхенан жамIехь, Иза веанчарна бекъаран тур деана (хь. Маттай 10:34), тIаккха (цу заманан гIуллакххой) болчу гIишлошъярхойн бохам баьллачарна дахар деана.

## IИЙСА А, МАРЗДАЛАРШ А

КIиранденан школехь Iийсан сих-сиха Шен белшаш тIехь байна уьстагI жа долчу юхабохьуш гойту сурт дуьллу. Я, хила тарло, бераш марадоьхкина гойту: Цо царна тIе куьйгаш дохку, уьш декъалдархьама, тIаккха и дарца вела а къежаш, боху: «Суна веза хьо». И дерриг а нийса ду, амма иза Цуьнан кхоччуш долу сурт дац. Оццу Iийсас шаьш бакъахьара хеташ болу парушхой бехке бира: «Лаьханийн тIаьхье! Жоьжахатих муха

довла дохку шу?» (Маттай 23:33). Цо Далла Iамалъечу цIийнахь ахча хуьйцуш болчийн стоьлаш херцайора, уьш дIа а лелхабора (хь. Яхьъя 2:13-22). Цо, Цунна тIаьхьахIоттале хьалха, шен да дIаволла ваха лууш хиллачу стаге аьлла: «...Белларш беллачарна бита, ткъа ахь, Суна тIаьхьахIотта лууш хьо велахь, ваха а гIой, Делан Олалла кхайкхаде» (Лака 9:59, 60). Иза хIинца а дерриг дац. Iийсан гIуллакхдаран леррина талларо вайна, Шен гIуллакх дIакхехьарехь дуккха болчарна вас йина а, марздалийтина а Стаг дIавоьллу. Хьовсур вай масех масалшка.

***Iийсас парушхой марзболуьйтура***

Дуккха а болчу хиламашкахь Iийса динан куьйгалхошца девне вуьйлура, царна марзбеш верг а хуьлуш. Уьш хьаьгна а, Цунна вас хилла а хиларна, цара хьогIаца жIара тIе вохуьйту Иза.

Амма Iийсас, уьш безарца, бакъдерг бохура цаьрга: «Шалхо лелорш! Шух лаьцна нийса аьлла хилла ЕшаI-ЯхIус ша Делера бинчу хаамехь: „ХIокху адамаша Со багахь лору, ткъа церан дегнаш Суна дукха генахь ду. Церан ларамах пайда бац, хIунда аьлча церан хьехамаш Делера бац, уьш адамаша кхоьллина бу...“» (Маттай 15:7-9). Iийсан цу чIагIдаро вас йинера царна. Царна халахеттера.

Билгалдаккхалаш, Цуьнан мурдаша сихонца цул тIаьхьа хIун элира:

> ТIаккха тIебаьхкинчу мурдаша Iийсага элира: «Хьуна хаьий парушхой Ахьа аьлла долу дешнаш бахьана долуш шаьш юьхьIаьржачу хIиттина хеташ буйла? (Маттай 15:12).

Талла Цуьнан жоп:

> … Сан стигалахь волчу Дас дIадоьгIна доцу хIора орамат шен орамашца схьадаьккхина хир ду. Уьш машарца дIабахийта. БIаьрзе нах бу уьш. Царна тIаьхьахIоьттинарш а бу бIаьрзе. Хьалха ваьлларг а,

> тІаьхьахІоьттинарг а, ший а бІаьрзе хилча, и шиъ ор чу вужур ву (Маттай 15:13, 14).

Іийсас, марздалийтарша Делан пачхьалкх Цуьнан Дас мадарра дІавоьгІна воцчух цІанъеш хилар, гайтина. Цхьадолчу адамийн динан тобанах я гІуллакхдарех дІакхетийла ду Дала хьажийна я Делера а доцуш. Билггал бакъдолчунна жоп луш гучудолучу халахетаро (марздалийтаро) церан ма-дарра долу бахьанаш дІадоьллу, тІаккха уьш дІабоьлху.

Динан тобанашка хьажа-хІотта лелаш суна дукхазза а я динан тобанан штатера, я динан тобанера дІадаханчу адамашна тІера динан дайн дегнаш доьхна хилар гора. Дукхах болчу хиламашкаь дІадахана адамаш, церан дахаран васт Іорадоху билггал бакъдолчун хьехамаш хьехарна дог доьхна бара. Цул тІаьхьа уьш динан тобанан гІуллакх дІакхехьаран хІора агІонан критика ян а буьйлалой, цу тобанера дІабоьлхура.

Нагахь динан дай хІуъа дина а шайн неІарехула чекхбуьйлуш болу берриш а сецо гІертахь, чаккхенан жамІехь церан билггал бакъдолчуьнца компромиссе баха дезар ду. Нагахь шу билггал бакъдерг хьоьхуш делахь, аша цхьадолчу адамашна марздаларш а, вас хилар а хилийтаза ца долу, тІаккха уьш дІагІур ду. Уьш бахьана долуш шайн дог ма дохаде, амма кхин дІа а Дала шайна бахкийтинчарна юург а латтае, кхиа а бе.

Цхьаболу лидерш адамех бовларна кхерарна конфронтацих кІелхьарбуьйлу. Къаьсттина динан дай кхоьру, и Іорадаха дезаш долчу адамаша сагІина дуккха ахча луш а, уьш динан тобанехь а, юкъараллехь а лараме нах а хуьлу дела. Кхиберш, шайца ехха хан яьккхинчеран синхаамах хьакхабаларх кхоьру. ЖамІехь динан дайша шайх тешна дитинчу уьстагІийн Іуналла дан а, лардан а, юург латто а Дала делла олалла дойу.

Со дуьххьара динан да хилла дІахІоьттича, цхьана хьекъалечу стага соьга схьахьедира: «Хьайн олалла дарехь ондда латта, и ца дахь кхечу цхьаммо иза хьоьгара схьа а даьккхина, хьуна дуьхьал пайда оьцур бу».

Шамъал, цхьанна а хьалха, паччахь юкъа а валош, билггал бакъдолчуьнца компромиссе ца воьду Делан стаг вара. Шаула Деле ла ца доьгІча, Везачу Эло Шамъале иза Іораваккха элира. Цо иштта дан а дира. Халахетарна, Шаула билггал бакъдолчу дохковаларца терго ца йира Везачу Элан дешан. Иза ша кхечу нехан бІаьргаш чохь муха гуш хирг хиларан гІайгІа йолуш вара. Шамъал и волчуьра дІавоьдучу хенахь, Шаула цуьнан бедар схьа а лаьцна, цунах йист схьаяьккхира. Шамъала кху дешнашца цецваьккхира иза: «ХІинца дуьйна Везачу Эло Исраилан халкъана тІехь долу паччахьалла хьох дІахадийна» (Шамъал 15:28).

И дацара Шамъална Шаулна хила луург. Цуьнан дог доьхнера цу тІехула. Шамъала даьтта хьаькхнера Шаулна паччахьаллина, цунах паччахь а вина, урхалла дан а Іамавора иза. Иза Шаулан доттагІ вара. Амма ладогІийша, Шаулна тІера Шамъалан дог дохаран Дала муха терго йира:

> Мел хир ву хьо гІайгІане Аса Исраилан махкахь паччахь ца хилийта Сайна уллора дІатеттина волу Шаул бахьана долуш? Хьайн маІа зайтдаьттанах хьала а юзий, Байтлахам-гІала гІо. Аса цигахь вехаш волу Юшай волчу вохуьйту хьо... (Шамъал 16:1).

Дала Шамъале керлачу хьокхучу даьттанца кхин дІа гІо элира. Цуьнан, Делан безам а, Делан кхел а ала хІума доцуш а, кхачаме а хиларх, кхета дезара. Нагахь Шамъал, Дала Шаул дІатесна волчу хенахь, иза волчу юха веанехьара, цуьнгахь керла елей олу даьтта хир дацара. Нагахь иза кхин дІа а дог доьхна а, воьлхуш а Іийнехь, иза хьалха дІа вахалур вацара.

Уьш шайн доттагІий хиларна Іора а ца бохуш, царна дуьхьало а ца еш, тІаккха уьш дІабахча дог дохий а, воьлхуш а Іаш волчу динан ден эххар а елей олу хьокхуш долу даьтта дакъалур ду. Цхьайолу керстанийн динан гІуллакх ден меттигаш лей дІайовлу, ткъа вуьйш моттаргІанаш яр бен, дийна ца хуьлу. Цара Делаца йолчу юкъаметтигел шайн адамашца йолчу меттигашкахьа

озабезам бина, ур-атталла цунах кхета а ца кхеташ.

Делан Йозанаша, Іийсас Ша дІатесначийн цхьа реакци еш хилла хиларх лаьцна тоьшалла ца до. Цуьнан дог Ден лаам кхочушбан бен ца гІертара. Иштта леларца, Цо уггаре а алсамчу адамашна пайда беана.

Дезачу Синах юьзначу цхьана динан тобанехь хьехам бар цкъа а дицлур дац суна. Цуьнан шо гергга хан яра. Хьалхарчу кІирандийнахь со дуьххьалдІа дохковаларан а, сайн дуьххьаарлерчу безамна тІе юхаверзарх а лаьцна йолчу темина хьехам беш вара. Со дуьхьало яр хаалуш вара, амма суна айса хІетахь хьеха дезаш дерг билггал и дуйла хаьара.

Динан гІуллакхдар чекхдаьллачул тІаьхьа динан дас элира: «Дала суна тахана Іуьйранна ахь хьехнарг гайтинера, амма со сан адамаш иза хаза кийча хир ду моьттуш вацара».

Сан зудчун, Дезачу Сино динан дега хаттар дан меттахйохуш хиларан, синхаам бара: «Ткъа мила ву кху динан тобанан динан да, хьо я Іийса?» – аьлла.

Динан дас, иза а хезна, корта охьабахийтира. «Билггал и элира соьга Везачу Эло соьга цхьа бутт хьалха. Цо соьга элира, Суна Сайна хаьа адамашна чу тарлун дерг». Динан дас тхоьга дийцира, цуьнан динан тобанан кхоалгІа дакъа «консерваторех» хоттаелла ю, царна динан гІуллакх дІакхехьаран цхьа а хийцамаш бан ца лаьа: я назманийн мукъамехь а, я хьехамашкахь а. Тхо и теван хІиттира, тІаккха оха иза чІоггІа а, Далла муьтІахь а хила тІекхайкхира.

Цуьнан динан тобанехь оха кхин а доьazза гІуллакх дІакхийхьира, тІаккха и дар тІаьхь-тІаьхьа хало дара. Тхо гІалара дІадахча, сайн кийрахь гІамаран тІоьрмиг мохь болуш санна, хеталора суна. И хІун ду ца кхеташ, кхин тІе а холам хуьлура суна. Дукхахьолахь, айса динан тобанаш юьтучу хенахь, воккхаверо дузура сан дог. Суна ца хаьара, хІун ду те иштта доцург.

Эххар а со Везачу Элаца суо цхьаъ волуш висча, ас хаьттира: «Сан Да, хІун ду те соьгара даьлла нийса доцург, мичахь

галваьлла те со? ХIунда бу сан кийрахь и беза мохь? Ас динан ден олалла бакъонза доладерзийна те?»

Цо дуьххьалдIа элира: «…шайн когаш тIера чан дIаегае, гIалара арадовлуш» (Лака 9:5).

Цуьнгара иза хезча, со цецваьлла вара. Ас кхин дIа а доIа деш хеттарш дора, амма дуьхьал хезаш дерш изза дешнаш дара: «шайн когаш тIера чан дIаегае, гIалара арадовлуш». Эххар а, Везачу Элас боххург дира ас. Сан куьйго сан когаш тIера чан егийча, мохь дIа а баьлла, сан дог доккхадеро дуьзира. Со цецвуьйлура: «Амма, Веза Эла, и хIунда дан дезара, уьш суна тIелеташ ма бацара, со гIалара эккхош а ма вацара цара?»

Цо суна, динан тобанан куьйгалхой а, дуккха долу адамаш а цаьрга долчу Цуьнан дешах дIабирзина хилар, гайтира.

«Кхин а хан лохьа царна, Веза Эла», — дийхира ас.

«Ас царна ур-атталла кхин а шовзткъе итт шо хан лахь а, уьш хIетте а хийцалур бац. Цара чIогIа сацам бина шайн дегнашкахь».

Цу лидеро, Далла муьтIахь хуьлучу метта, компромиссехула машар латторан сацам бина хиларх кхийтира со. Цуьнан маIа керлачу даьттанах юьзна яцара. Иза оьздангаллин гар долуш вара, ткъа оьздангалла цуьнца яцара. Кхечу дешнашца аьлча, тIехула иза Дезачу Синах вуьзна хеталора, делахь а цуьнгахь я Делера ницкъ а бацара, я Дела уллохь хилар а дацара. ТIаьхьо суна, иза динан да волчуьра дIаваьлла хилар а, цу динан тобанехь кIеззиг бен декъашхой ца бисина хилар а, хезира.

Iийсас кхечарна Шена тIехь урхалла дар ца могуьйтура. Цо билггал бакъдерг олура ур-атталла цу гIуллакхо девнаш дийларна а, чIогIа марздаларшна тIедалош хилча а.

Нагахь шу адамийн къобалдар бен хила лууш дацахь, Делан диканан шуна тIедоссийла дац. Шу Делан дош алар юьхьарлаьцна а, Цуьнан лаам кхочушбан а дезаш ду, ур-атталла кхиболчарна вас яран а, хьегоран а кхерам белахь а.

***Іийса Шен гІалин бахархошна марздеш верг хилла дІахІоьттира***

Іийса Ша хьалакхиънachу гІала веанера, цигахь Далла гІуллакх дархьама. Амма кхечарна дохьуш долу маьрша хилар а, тодалар а царна ца даделира Цуьнга. Хьовсийша, цара хІун элира:

> Дечиган пхьеран кІант вац Иза? Цуьнан ненан цІе Марем яц? Ткъа вежарийн цІераш Якъуб, Юша, ШамІа, ЯхІуд бохуш яц? Вайна юкъахь лелаш бац Цуьнан йижарий? И шадерг а Цунна мичара даьлла?» Оцу нахана Иза къобалван ца лиира. Ткъа Іийсас цаьрга элира: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шен цІахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш (Маттай 13:55-57).

Хезий шуна Назартерчу бахархоша муха боху: «Ша мила ву моьтту Цунна, тхо олаллица Іамош волчу? Тхуна хаьа, Иза мила ву. Иза кхузахь кхиъна ву. Тхо ду Цуьнан къаной. Иза дечигпхьеран кІант бен вац. Иза ур-атталла леррина дешна а вац».

ТІаккха юха а Иза билггал бакъдолчуьнца компромиссе ца вахара, уьш ца хьегийтархьама. Назартера бахархой Цунна оццул оьгІазбахана хиларна, уьш Иза вен гІоьртира, тарха тІера охьа а теттина (Лака 4:28-30). Ур-атталла Цуьнан дахар кхерамехь хилла доллушехь, Цо кхин дІа а билггал бакъдерг дуьйцура. Ма чІогІа оьшу вайна иштта адамаш!

***Іийса Шен доьзалан декъашхошна хьагам хилла дІахІоьттира***

Ур-атталла Іийсан доьзалера декъашхой а бара Цунах хьоьгуш. Царна Цуьнан гІуллакхаш бахьана долуш шаьш охьатеІош хилар тамехь ца хийтира. Царна хала дара Цунах теша. Хьовсур вай цуьнга:

> Іийсан цІерачарна цунах лаьцна хезча, уьш Иза дІавига баьхкира, хІунда аьлча наха дуьйцура, Иза лар тІехь вац бохуш (ингалс Библи тІехь: «шен кхетамехь воцуш»)...

> Іийса волчу Цуьнан наний, вежарий баьхкира. Уьш арахь севцира. Цара Іийса аракхайкхира, хІунда аьлча, гонах хиъна дукха адам хиларна, Цунна тІе ца кхачалора уьш. Іийсага элира: «Хьажахь, Хьан наний, вежарий, йижарий бу-кх арахь Хьо хоьттуш». Цо жоп делира: «Муьлш бу Сан наний, вежарий?» ТІаккха, Шена гонах хевшина болчаьрга а хьаьжна, Іийсас элира: «ХІорш бу Сан наний, вежарий! ХІунда аьлча Делан лаам кхочушбеш берш бу Сан ваша а, йиша а, нана а» (Марк 3:21, 31-35).

Цуьнан доьзална Иза кхетамах ваьлла моттара. Билгалдаккхалаш, Дезачу Йозанаша боху, Іийсан доьзал Цунна тІаьхьа баханера, «Иза дІавигархьама». Марко Цунна тІаьхьабевлла гергарчарех цигахь муьлш бара — Цуьнан нана а, вежарий а. Царна Іийса цхьана цІийнахь хьехамаш беш карийра. Инжилан Яхьъяс дІаяздинчу декъехь боху: «ХІунда аьлча Іийсан вежарий а бацара Цунах тешаш» (Яхьъя 7:5).

Дуккха болчара Іийса Шен гергарчара дІатеттина хилла хиларх ойла ца йо. Амма Цо цІерачу гергарчара тІеэцар бен лехна ца Іара. Цо Шена тІехь контроль латтор ца магийра. Цуьнан лаам Делан Іалашо кхочушъяр бара Цуьнан гергарчара иза къобалдарца я ца дарца доьзна а доцуш.

Дуккха нах, къаьсттина зудий, майрий, Іийсана тІаьхьара дІабевлла гина суна, шайна вовшашлахь я доьзалехь халахетар дарна кхоьру дела. Цундела царех юхабевлларш хуьлура, я цаьрга шаьш тІекхайкхина дерг буьззинчу барамехь кхочуш ца далора.

Со лакхара юха дуьнен чу ваьлча, сан доьзалан берриге а декъашхой католикаш бара, тІаккха цара сан воккхавер ца доькъура. Къаьсттина сан нана яра чІогІа карзахъяьлла, аса, цо со хьалакхиийначу динан тобанера дІавала сацам бича. Шеко яц, Дела везаш болу католикаш бу, амма суна хаьара, Дала соьга цигара дІавала кхойкхура.

Доьзалехь суо динан гІуллакхдархо хила сацам бина хиларх

ас дIакхайкхийча, суна шозлагIа реза ца хилар тIедуьйжира. ХIетахь университет чекхъяьккхина инженер-механикан диплом схьаэцнера ас, сан да-нана сох йоккха дегайовхо йолуш дара. Ткъа суна-м Везачу Элана сайгара оьшург хIун ду хаьара, цу гIуллакхо сан гергарчарна халахетуьйтур дуйла а хаьара. Масех шарахь ас бегIийла ца хетар зийра. Вовшех ца кхетар дара. Делахь а ас сацам бира: сан гергарнаш суна мел чIогIа реза ца хилахь а, со хIетте а Iийсана тIаьхьахIоьттина гIур ву, аьлла.

Юьхьанца со Инжилаца тIелата гIоьртира царна. Уьш хьехамашка ладегIа эхарх кIелхьарбевлла хирг ца хиларх бохура ас цаьрга. Сайн хьекъалалла доцу дела, ас уьш халчу киртиге балабора. ТIаккха Дела, царна сан дика гIуллакхаш гайтархьама, со керстанийн дахарца ваха Iамо хIоьттира. Со хьалха санна доьзална там баран дуьхьа компромиссе ца воьдура.

Тахана сан да-нана суна тIетевжина ду, тIаккха, суна уггаре а дуьхьалваьлла волу сан деда, дезткъе исс шо долчу хенахь кIелхьараваьккхина вара, ша валале ши шо хьалха.

Iийсан нана а, вежарий а Иза хьекъалх ваьлла моьттуш бара. Амма Цуьнан Стигаларчу Дена муьтIахьхиларна, жамIехь уьш берриш а кIелхьарбевлира, тIаккха ШавуIот дийнахь оти чохь уьш апостолшца цхьаьна бара. Нанас вина Iийсан ваша Якъуб Ярушалаймехь динан тобанан коьрта динан да хилла дIахIоьттинера.

Нагахь санна вешан доьзалан декъашхошна там баран дуьхьа Дала ваьшга бохучуьнца вай компромиссе долхахь, вай вешан дахарехь керлачу даьттанах девр ду, тIаккха царна паргIатдовларехь а, кIелхьардовларехь а гIо дан йиш хир яц вайн.

### *Iийсас хаздинера Шен мурдашна*

Хьалха богIучу коьртехь вай ма-дарра Iийсас емалбинчу мурдийн ойланех лаьцна дийцира. Ткъа хIинца оцу хьоле юха хьовсур вай Iийсан бIаьргашца.

И хьехамаш хезначу Iийсан мурдех дукхахболчара элира:

«Хала ду и дош. Хьаьнга ладогІало цуьнга?» Амма Шен мурдаша реза боцуш гІам-гІим дойла Шен даг чохь хууш волчу Іийсас элира: «ХІокху дешнаша а вас йо шуна?.. Цу хенахь дуьйна мурдех болу дуккха берш Цуьнца ца лелара» (Яхьъя 6:60, 61, 66).

ХІоьттина хьал чІогІа гІоьртина дара. Динан лидерш Іийса муха вуьйр вара те бохуш, ойланашкахь бара. Иза хьалакхиъначу гІалано Иза дІатеттира. Цуьнан Шен доьзалехь Иза хьекъалца телхина моьттура. Цу тІе Цуьнан дуккха болу мурдаш Цунна вас хилла дІабаханера. Амма Іийса хІетте а компромиссе ца воьдура. Цо бисиначаьрга а элира, уьш а дІагІойла долуш бу, шайна лаахь, аьлла.

Іийсана цхьаъ бен доцу ларамениг, — иза Ден дагалацам кхочушбар дара. Нагахь цу дийнахь Иза Ша цхьаъ виснехь а, ур-атталла цу гІуллакхо а хуьйцур дацара Цуьнан дог. Цо чІоггІа сацам бинера Шен Дега ладогІа.

### *Іийсас Шен юххерчу доттагІех цхьаболчарна вас йинера*

Бет-ХІина олучу юьртахь Іаш вара, ЛаІзар цІе а йолуш, цхьа хьенех. Иза чІогІа цомгуш вара. И Бет-ХІина олу юрт яра Марем а, цуьнан йиша Марта а ехаш йолу меттиг. Ткъа и Марем, Везачу Элана тІе хаза хьожа йогІу деза даьтта а доьттина, Цуьнан когаш шен коьртан месашца бакъийнарг яра. И цомгушниг Мареман ваша ЛаІзар вара. Цу йижарша хабар дахьийтира Іийсана тІе: «Эла, хІара Хьуна везаш верг цомгуш ву», – аьлла (Яхьъя 11:1-3).

Марта а, Марем а, ЛаІзар а безара Іийсана. Уьш Цуьнан юххернаш бара. Цо цкъа яьккхина ца Іара цаьрца хан. Тидам тІебахийталаш, ЛаІзар цомгуш ву Шега аьлча, хІун дира Іийсас:

> Ткъа ЛаІзар цомгуш ву аьлла Шена хезна доллушехь, кхин а ши де даьккхира Іийсас оцу Ша волчу меттехь (Яхьъя 11:6).

Іийсана цамгаро ЛаІзар Іожаллина тІевалор вуйла хаьара. Амма Иза Ша хиллачохь кхин а шина дийнахь висира. Эххар а Иза Бет-ХІине схьакхаьчча, ЛаІзар хІинца велла вара.

ТӀаккха Мартас а, Марема а Цуьнга элира: «ТӀекхаьчча, Мартас Ӏийсага элира: «Эла, нагахь Хьо кхузахь хиллехьара, лийр ма вацара сан ваша» (Яхьъя 11:21,32). Кхечу дешнашца иза иштта ду: «Хьайга ма-кхайкккхина, сихха схьа хӀунда ца веара Хьо? Хьоьга кӀелхьарваккхалур вара иза!»

Долччул сиха, ший а йиша мелла а халахетта яра Цунна. Цара геланчехула вешин цамгарх лаьцна хаам бинера, амма Ӏийса кхин а шина дийнахь хьевеллера. Ӏийсас цара сатуьсучу кепара реакци ца йира. Иза кхечу тайпана лийлира. Цо уьш болчу вахархьама, дерриг а хӀума дӀа ца тесира. Цуьнан метта Дезачу Сино бохург дира Цо. ТӀаккха иза хӀоранна а уггаре а гӀолехь дерг дара. Делахь а цу муьрехь дерриг а, Ӏийсана иза бен а доцуш, Цунах и хьакхалуш а доцучуха гуш долу сурт дӀахӀоьттинера.

Иштта сих-сиха динан гӀуллакхдархой шайн Ӏуналлехь болчеран контролан кӀелахь хуьлу. Шайга наха доьхуш мел дерг кхочушдан деза аьлла, хета царна.

Шайн динан дех яьллачу, динан тобанан советан декъашхойх цхьаъ йолчо, соьга элира: «Тхуна тхан дерриге а хьашташ кхочушдийр долу, дуьххьалдӀа Ӏуьйранна бархӀ сахьт даьлча со йолчу кофе мала вогӀийла долу динан да веза».

Ас ойла йира: «Цу кепара шуна тӀекаре волу, шайга цунна тӀехь контроль ялун волу стаг карор ву, амма Дезачу Сино лелош хир вац иза». ТӀаьхьо суна, цу динан тобанехь цул тӀаьхь догӀучу цхьаъ-ах шарахь виъ динан да хийцавелла хилар хиира.

Къоначийн динан да волу хӀинца ялх бутт хан йолуш, со волчу цхьа къона стаг веара. «Сан доттагӀ хир вуй хьо? — хаьттира цо. — Тхан тӀаьххьара волу къоначийн динан да сан доттагӀ вара».

Сол хьалха хилларг чӀогӀа тӀекере а, къоначаьрца доттагӀалле а вара. Царна тайп-тайпана ловзарш а, лелош долу хӀума а тамехь хетара. Со цо бохучух кхийтира. Ма-дарра аьлча, изза лууш яра динан дегара шен динан тобанан советан декъашхо а.

Ас цунна Маттай (10:41) тӀера дешнаш далийра, цигахь Ӏийсас боху: «Пайхамар пайхамаран дуьхьа тӀеоьцучунна,

пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю».

— Хьан дуккха накъостий бу, иштта дуй и? — хьаьттира ас.

— Бу, — жоп делира цо.

— Амма хьан цхьаъ бен къоначийн динан да вац, бакъ дуй и?

— Бакъ ду.

— Хьуна муьлха совгIат деза — къоначийн динан ден я накъостан? Ахь со тIе муха оьцучух доьзна хир ду хьуна Делера кхочун дерг а.

Иза кхийтира сан дагахь долчух.

— Суна къоначийн динан дегара совгIат деза.

Дуккха болу керстанийн динан гIуллакхдархой шаьш шайн Iуналлехь болчийн сатийсар Iехорах а, церан синхаамашна чевнаш ярх а, церан тIетовжийларх бовларх а кхоьру. Уьш шаьш кхечарна вас ярах кхерараш гуро лаьцна бу. Царна тIехь урхалла деш адамаш ду, Дела а воцуш. Цу жамIехь церан динан тобанашкахь я юкъараллашкахь чIогIа кIезиг дало даиманна мехала хин дерг.

### *Iийса Хихчекхдохучу Яхьъяна хьагамна вара*

Ур-атталла Хихчекхдохучу Яхьъян а Iийсана марзваларан а, халахетаран а зераца къийсам латто дийзира.

Яхьъян мурдаша дийцира цунна Iийсас динчух лаьцна. Яхьъяс, царах шиъ схьа а кхайкхина, Веза Эла волчу вахийтира Цуьнга хатта: «Хьо вуй и ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа деза тхо?» – аьлла. Вахийтинчу шиммо, Iийса волчу а веана, элира: «Нах хих чекхбохучу Яхьъяс дахкийтина тхо Хьоьга хатта: „Хьо вуй и ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа деза тхо?“ – аьлла» (Лака 7:18-20).

Амма, минотехь собардел цкъа! Iийсага хIунда хоьтту Яхьъяс, Хьо вуй и ван везаш волу Машахь? Яхьъя ша вара хьалхаваьлла, Цунна некъ а кечбеш, Иза схьаварах лаьцна

кхайкхош верг: «...ХIара Дала, кху дуьненара адамийн къинош тIе а лаьцна, уьш дIадахьа баийтина Iахар бу!» (Яхьъя 1:29). Билггал Хихчекхдохучу Яхьъяс аьлла: «... Делан Синах адамаш дузон верг» (Яхьъя 1:33). Цо иштта боху: «...Сол тIаьхьа вогIуш волу Стаг сол а лакхара ву» (Яхьъя 3:30). Хихчекхдоху Яхьъя цу хенахь Iийса Мила ву билггал хууш волу цхьаъ бен воцу стаг вара. (ШамIа Кипина иза хIинца а дIадиллина дацара.)

Ткъа хIунда хоьтту цо тIаккха: «Хьо вуй и ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа деза тхо?»

Шаьш Яхьъян метта хIиттадейша. Хьо Дала кхочушдеш долчунна хьалхаваьлла лела стаг ву. Ахь дуккха долчу адамашна гIуллакх дора, тIаккха и гIуллакхдар уггаре а девзаш дерг дара махкахь, цунах лаьцна дуьйцура долччул а дукха. Хьо хьуо ца кхоочу дахарца вехаш вара, зуда ялор дитина лелара, хьайна тIедиллинарг кхочушдархьама дерриг а дан йиш ерг дан а деш. Хьо пана аренгахь Iаш вара, цIоз а, акха моз а дууш, сих-сиха марханаш а кхобуш. Ахь парушхошца къийсам латтабора, хьо жинашца тайна ву боху бехкевар а ловш. Дерриг а хьан дахар вогIун волчу Машахьна некъ кечбарна хьажийна дара.

Ткъа хIинца хьо набахти чохь ву. Дикка хан ю хьо цу чохь волу. КIезиг нах богIу хьоьгара хьал-де хаа лууш, хIунда аьлча ахь кечдинчу адамийн тидам хIинца Назартерчу Iийсана тIеберзийна болу дела. Ур-атталла хьан хьайн мурдаш а дIакхетта цу Стагах. Хьоьца масех стаг бен ца висина, хьуна гIуллакх дархьама. Шаьш хьо волчу баьхкича, цара хьоьга оцу Стеган а, Цуьнан мурдийн а дахарх лаьцна дуьйцу. Церан дахар хьан вахарх чIогIа къасталуш ду. Уьш ял лахьош болчаьрца а, къилахь болчаьрца а юуш а, молуш а лелаш бу. Цара шоьтан де а ца лардо, ур-атталла марханаш а ца кхобу.

ТIаккха ахь хьайга олу: «Суна кхокханан гарехь Делан Са Цунна тIе дуссуш гинера, амма иштта лела везара ткъа Машахь?»

ТIаккха хьо набахти чохь дукха мел лаьтти а, хьан халахетаран а, хьегаран а зер чIагIло. «Ас Цуьнан дуьхьа, Цунна

некъ кечбархьама, дерриг а сайн дахар дайина волу и Стаг, ур-атталла со волчу набахти чу а ца веана, соьгара хьал муха ду хьажа! Иштта дерг муха хуьлийла ду? Нагахь Иза — Машахь велахь, Цо со кху набахти чуьра ара хӀунда ца воккху? Ас цхьа а зулам дина ма дац».

Цундела ахьа хьайн тешаме болчу мурдех шиъ вохуьйту, Ӏийсага хаттар дархьама: «Хьо вуй и ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа деза тхо?» Ӏийсас Яхьъяга жоп муха ло хьовсур вай:

> Оцу хенахь Ӏийсас дукха нах тобора халчу цамгарех, вочу жинех, дуккха а бӀаьрзечарна бӀаьрса а лора. Цо элира ваийтинчу шинга: «Ваха а гӀой, Яхьъяна дийца кхузахь шаьшшинна гиначух а, хезначух а лаций. БӀаьрзечарна бӀаьрса ло, астагӀнаш нийса дӀалела, ца йоьрзуш йолу чкъуран цамгар ерш цӀанло цу цамгарх, къорачарна хеза, белларш денло, къечарна хаза кхаъ кхайкхабо. Декъала ву Сох шек воцург! (Лака 7:21-23).

Яхьъяна шех лаьцна вевзачу, ЕшаӀ-ЯхӀу пайхамаран дешнаш даладо Ӏийсас. ЕшаӀ-ЯхӀу пайхамаран тептар тӀера 29:18, 35:4-6 а, 61:1 а меттигаша, Ӏийсага хаттар дан меттиг яларе хьоьжучу хенахь, Яхьъян мурдашна гинарг, гойту. Цу Ӏаламаташа Цунах лаьцна, Иза Машахь волуш санна, тоьшалла дора. Амма Цо цу тӀехь чекх ца доккху. Цо тӀетуху: «Декъала ву Сох шек воцург!»

Цо бохура: «Яхьъя, Суна хаьа, хьо хьайца хуьлуш долчу дерригенах кхеташ вац, Сан дуккха долу некъаш а ца девза хьуна, амма Сох ма хьега, Со ахь сатуьйсуш ма-хиллара деш-лелаш ца лела дела». Ӏийсас Яхьъя Делан некъан цуьнан шен кхетамца догӀуш кхел ца яре тӀекхойкхура. Яхьъяна, тахана вайна санна, Делан дагалацам кхоччуш дӀабиллина бацара. Ӏийсас иракарахӀоттавора иза, иштта а бохуш: «Ахь хьайга аьлларг дина. Хьан совгӀат доккха хир ду. Амма Сох шек ма хила!»

# ШЕНА ТІАЬХЬА БЕХК ЦА БИЛЛАР ДОГІУШ ДОЦУ ХАЛАХЕТАР (ХАЗДАЛИЙТАР)

Ур-атталла шу Делан некъашна Іамийна делахь а, Яхьъяца иза ма-хиллара, хІетте а шуна Іийсана халахетарна а, Цунах хьагам хиларна а бахьана карор ду. Нагахь шу баккъалла а Иза везаш а, Цунах тешна Іаш а делахь, шу муьлххачу агІор а Цунна хала ца хета а, Цунах шек ца хила а гІертар ду, Цуьнан некъаш даим а шунчарел лакхара дуйла а кхеташ.

Нагахь шу даим а Делан Сине ладугІуш хилахь, адамаш шуна халахетта а, шух хьоьгуш а хир ду. Іийсас Инжилан Яхьъяс яздинчу декъехь (3:8) аьлла: «Делан Са мох санна ду. Иза шена луъучухула лела. Механ гІовгІа хеза, ткъа иза мичара богІу а, мича боьду а ца хаьа. Иштта хуьлу хІора а Делан Синах кхоллавелларг а».

Шу Дезачу Синан дуьгуш лелачу хенахь, цхьаберш кхетар бац шух. Церан реза ца хиларан а, эргІадаллин а реакцига шаьш билггал бакъдолчунна тІера дІадига ма магаделаш. Адамийн лаамашна там баран дуьхьа, Деза Са дІа ма тетталаш. Кипас кІел сиз хьокху цу гІуллакхна:

> Дала леррина Къобалвинчо Шен дегІана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХІунда аьлча дегІана хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дІа а къаьстина, дуьнен чохь яккха йисина хан, дегІан лаамийн кара а ца воьдуш, Дала бохург деш йоккхуш хир ву (1 Кипин 4:1, 2).

Делан лаамца шу дехаш хилча, аша адамийн лаамаш кхочуш бийр бац. Цу гІуллакхан жамІехь шу дегІан дилханца бала хьоьгуш хир ду. Динан лидерийн инзара доккха дуьхьаллаттар лайна Іийсас. Дин лелочу адамашна Дела шаьш зил тоьхначу меттехь деш-лелаш бен ца хилар лорура. Уьш, Далла тІе кхочийла долу адамаш, шаьш бен ца хиларх, теша. Нагахь Везачу Эло, Ша Дезачу Сино ши эзар шо хьалха лелочу хенахь,

динан адамашна вас а, хьагам а хилийтинехь, хІета Цунна тІаьхьахІиттина лелачара, шеко йоцуш изза дийр ду.

ПахІал лаьллина лелор дика масал ду цу гІуллакхан. Галатера цхьаболу нах, кІелхьардовларна сунтбар оьшу, бохуш, жІаран Инжилана ямартло а йина, динан баьччанашца компромиссе вахана аьлла, хезначу хабарех тийшира. Амма ПахІала уьш ма-дарра долчу хьолах къаьстташ кхетийра. «Ткъа, динан вежарий, нагахь аса хІинца а сунтварах лаьцна кхайкхамаш беш белахьара, со хьийзо тІаьхьабевр барий суна? Иза иштта делахьара, сан жІарах лаьцна болчу хьехамаша цхьанна а вас йийр яцара!» (хь. Галатахошка 5:11).

Вай вешан дегнашкахь, Делан Сино боххург дийр ду, цунах мухха мах бала безар белахь а, аьлла, сацам бан беза. ТІаккха вайн адамийн а, хІиттинчу хьелийн а охьатеІорна кІел сацамаш тІеэца дезар дац, и сацамаш хІинца вай тІеэцна дела.

Іийсас Шен Дена
муьтІахьхиларца цхьадолчу
адамашна вас йора,
амма Иза цкъа а Шен
бакъонаш ларъяран дуьхьа,
марздийриг хуьлий дІа ца
хІуттура.

# КОРТА 10

# ВАЙ УЬШ
# ЦА ХЬЕГОРХЬАМА

***ХIинца чул тIаьхьа вовшийн бехке ма де вай. Цул сов, вай ларло вешан динан вежаршна къинош лето а, уьш галбовлийта а меттиг ялийтарх а.***

**– Римхошка 14:13**

Вай хIинцца, Iийсана, Далла гIуллакх а деш, лаьттахь лелачу хенахь, дукха адамаш вас йолуш хиларх лаьцна, дийцаре дина девлира. Массанхьа бохург санна, адамаш Цунах хьоьгуш а, Цунна вас йолуш а хилла хиларан, битам кхоллало. Кху коьртехь оцу хьолан кхечу агIонга хьовса лаьа суна.

Iийса а, Цуьнан мурдаш а, хIинцца Къапарнаме юхабирзинера. Кхечу гIаланашкахь гIуллакх а дина, кIеззигчу, амма царна садаIа оьшучу ханна баьхкина уьш. Нагахь санна, цхьа меттиг Iийсан

гIуллакхдарехь уггар а коьрта юкъ лара магахь, иза Къапарнам яра. Делан цIенна ял гулъеш болчарех волчу цхьана стага Кипина тIе а веана, элира: «...Шун устазо Делан цIенна гIуллакхна ял лой?» (Маттай 17:24).

Кипас жоп делира: «Ло!» Иза а аьлла, Кипа цIа чу вахара. Цо цхьа а дош алале, Iийсас цуьнга хьаттира: «Хьуна муха хета, ШамIа: дуьнен чохь болчу паччахьаша ял шайн махкарчу бахархошкара йоккху, я кхечу махкара баьхкинчу бахархошкара йоккху?» Кипас элира: «Кхечу махкара баьхкинчу нахера йоккху». ТIаккха Iийсас элира: «Делахь хIета церан бахархой, ял ца луш, кIелхьарбовлу-кх» (Маттай 17:25, 26).

Iийсас Кипа кIентий ял яларх паргIат хиларан ойланна тIевалаво. Цаьргара ца йоккху ял. Мелхо а, уьш бу цу йолах пайда оьцуш. Уьш, ял а, сагIанаш а бахьана долуш, лаьттачу паччахьан цIеношкахь бехаш бу. КIентий паччахьан стоьла тIера даар дууш а, паччахьан бедарш лелош а бу, тIаккха и дерриг а луш долчун а, йолан а чотах лаьтташ ду.

Оцу ял лахьочо Делан цIенна йогIу ял схьаэцна. Амма цу цIийнан паччахь я и долахь дерг мила ву? Хьанна дина и цIа? Жоп: Да волчу Далла. Кипина оццу минотехь, Iийса «Дала леррина Къобалвина, дийна волчу Делан КIант» хиларан Делера дIаделладалар хилира.

Цу тIедоьгIна Iийсас Кипе хоьттура: «Нагахь Со и Делан цIа долахь Долчун КIант хилча, Со цу цIенна ял лучух паргIат вац ткъа?» Дера те, Иза ял ца яла паргIат а, кхоччуш бакъо йолуш а вара. Делахь а хьовсийша, Цо Кипе хIун боху:

> ... Амма кхузара Iедалехь болу *нах оьгIаз ца бахийта,* ваха а гIой, чIерий лоцу мIара хи чу а кхоссий, уггар хьалха айхьа схьалаьцна болчу чIеран бага хьажа. Цигахь хьуна къастийна ахча карор ду. Иза схьа а эций, хьайна а, Суна а тIера ял дIало (Маттай 17:27).

Цо хIинцца маьрша хиларан тешалла дира. Амма цу нахана хьагам (вас) ца хилийтархьама, Цо Кипига элира: «ДIалур вай

догIург!» Цо Кипе, ваха а гIой, чIерий леца, ткъа хьалха лаьцначу чIеран багахь долу ахча схьакараде аьлларг, Цуьнан маьрша хиларан кхин а цхьа тешалла дара. Да волчу Дала ур-атталла яп дIаяла деза ахча а латтадора царна.

Iийса — дерриге лаьттан Веза Эла ву. Иза Делан КIант ву. Латта а, цу тIехь мел долу хIума а Цо кхоьллина а, Цуьнан олаллехь а ду. Кхузара догIу, Цунна хаьара ахча цу чIеран багахь хир дуйла. Цуьнан болх бан ца дезара и ахча даккхархьама, Иза Делан КIант волу дела. Делахь а нахана вас а ца хуьлуьйтуш, и ял хIетте а дIаяла сацам бира Цо.

ХIара, нахана вас а еш, тIаккха цхьа а тайпана бехказа а ца вуьйлу, вайна хьалха богIучу коьртехь гина волу, изза Iийса ван а вуй те? Цо Ша ял яларх паргIат хиларан тешалла дира, делахь а Цо иштта элира: «Амма вай царна вас ца яйтархьама, ваха а гIой, дIало и ял!» Схьахетарехь, кхузахь цхьа тIаьхьа-хьалха дерг цхьаьна ца догIуш санна хетало, иштта дуй и?

Жоп вайна кху тIаьхьадогIучу аятехь карадо.

Iийсана тIе а баьхкина, Цуьнан мурдаша хаьттира: «Стигалийн Олаллехь уггар лакхара верг мила ву?» Цо, бер тIе а кхайкхина, мурдашна юккъе иза дIа а хIоттийна, элира:

> «Аса баккъалла боху шуьга: шайн дегнаш цIан а дина, бераш санна дIа ца хIиттахь, Стигалийн Олалла тIе а лаьцна, шу цкъа а Делаца хир дац. ХIара бер санна, муьтIахь а хилла, дIахIоьттинарг Стигалийн Олалла тIелаьцначарна юкъахь уггар лакхара ву» (Маттай 18:1-4).

Кху аларехь коьртаниг «уггар лакхара» боху дешнаш ду. ТIаьхьо цунах лаьцна кхачаме жоп ло Iийсас, иштта аларца:

> ...Шух хьалхара хила лууш верг шун лай хила веза. Адамийн КIант а ма ца веана Шена хьалхара гIуллакх дайта. Иза нахана гIуллакх дан а, Шен дахар дIадала а веана, дукхахболчеран къинош дIатакххархьама (Маттай 20:26-28).

ОхI! Ма чIагIдар ду! Иза Шена гIуллакх дайта ца веана, амма Ша гIуллакхаш дан веана. Иза КIант вара. Иза маьрша вара. Иза цхьа а хIума цхьанненна а декхарийлахь вацара. Иза адамех цхьанненна а олаллин кIелахь вацара, делахь а Шен маьрша хиларх гIуллакхаш дарехь пайда эца сацам бира.

## ГIУЛЛАКХ ДАРНА МАЬРША ДУ

Керлачу Весетехь вай, Делан кIентий, Iийсах тера лела а, Цуьнан санна дог хила а тIетадо:

> Ткъа шу, динан вежарий, Дала паргIатоне кхайкхина ду. Амма ма битийша меттиг и паргIато (шун) зуламна хилийта, шайн хьарам лаамаш кхочушбарца. Дейша гIуллакхаш вовшашка безам болуш (Галатахошка 5:13).

Маьршонан билгало еш долу кхин дош а ду, — и дош гIоле хилар ду. Вай, дийначу Делан бераша, маьршонах я гIоле хиларх ваьшна гIуллакхдарна пайда оьцуш хила ца деза. Маьршонах кхечарна гIуллакхдарна пайда эца беза. ГIуллакхдар – иза маьрша къахьегар ду. Ийзадаларехь а, маьршонза а долу къахьегар — иза лолла ду. Лай — иза гIуллакх данза ца волуш верг ву, ткъа оццу хенахь ялхо — иза гIуллакх дан лууш верг ву. Лен а, ялхочун а балхана йолчу тергонан башхаллашка хьовсур вай:

- Лай гIуллакх ца дича ца волу — ялхо ша гIуллакхдан дIахIутту.
- Лено дан дезарг лаххарчу барамехь до, — ялхочо шен аьттонах ма-хуьллу алсам пайда оьцу.
- Лай цхьана майданах чекхволу (я миля некъ бо) — ялхочо ши миля барамехь некъ бо.
- Лай шена талор дина хеташ хуьлу — ялхочо ша дIало.
- Лай вихкина ву — ялхо маьрша ву.
- Лай шен бакъонаш тIера къийсам латтош ву — ялхочо шен бакъонаш дIатуьйсу.

Даг чохь вас йолуш гӀуллакхдеш болу дукха керстанаш гина суна. Цара ял луш, уьш реза боцуш а, хамталлаш еш а хуьлу. Уьш хьалха санна, законан леш болуш санна, бехаш бу, шаьш царех паргӀатбаьхна боллушехь. Уьш шайн дегнаш чохь леш буьсуш бу.

Уггаре а гӀайгӀане дерг, и закон цара Керлачу Весетана тӀедоьгӀна, шаьш кхоьллина дара. Церан Ӏийсас гӀуллакх деш хилла йолу терго яц. Уьш шаьш гӀуллакхдарна паргӀатдаьхна дуйла ца кхета. Цундела цара кхин дӀа а шайн хьашташна тӀера къийсам латтабо, кхечеран хьашташна тӀера а доцуш.

ПахӀала иштта терго римхошка а, коринтхошка а долчу дахьийтаршкахь Ӏорайоккху. Оцу тешачийн маьршонна кхайкхар динера юучух лаьцна хаттарехула. ПахӀала уьш ишттачу дешнашца тебарна тӀера доладо: «Тешар тӀехь чӀагӀвелла воцу стаг, цунна хетарг дийцаре а ца доккхуш, ша ма-варра тӀеэца. ХӀунда аьлча цхьаволчун тешаро, къеста а ца еш, муьлхха а хӀума яа магадо цунна. Тешар тӀехь чӀагӀвелла воцучу вукхо хасстоьмаш бен ца боу» (Римхошка 14:1, 2).

> Ӏийсас къаьстташ аьлла, адам бага йоьдуш йолчо сийсаз ца доккху, ткъа багара арадолучо доккху. И аларца Цо кхетийра, тешачунна муьлхха а юуш ерг цӀена хилар (хь. Марк 7:18, 19).

Цхьаболу тешар долу нах, шайн тешарца ледара хуьлу, элира ПахӀала, цара хьалха санна, цӀушна даьккхина сагӀа хиларна кхоьруш, жижиг ца доу. Ӏийсас къаьстташ кхетийнехь а, ишттачу адамашка, хӀетте а жижиг синтеме ца даалора.

Цу тайпана цӀушна сагӀина еанчу юучу хӀуманах лаьцна хууш ду-кх, кху дуьненахь цӀу хӀумма а воцург вуйла а, иштта, цхьа Дела воцург, кхин Дела воцийла а... вайна иштта ду:

> Дела цхьаъ бен вац вайн, Иза Да ву вайн, массо а хӀума Цуьнгара хилла а ду, вай Цуьнан дуьхьа дехаш а ду. Иштта Веза Эла а цхьаъ бен вац вайн. Иза Дала леррина къобалвина Ӏийса ву, Цуьнгахула массо хӀума

> хилла а ду, вай Цуьнгахула дехаш а ду. Делахь а цу бакъдолчух берриш а ца кхета. ЦIушна Iамал яран Iадат цхьаболчарна хIинца а чулацам болуш хета. ЦIушна сагIина еана йолу юург а юуш, цара иза деланашна къобалйина йолуш санна лору, цундела церан кIеда дегнаш Далла хьалха бехло (1 Коринтхошка 8:4, 6, 7).

Римхойн а, коринтхойн а динан тобанашкахь тешар тIехь чIогIа болчу керстанаша тешар ледаро долчаьрна юххехь юург юура, тIаккха уьш хьоьгуш хуьлура. Ледаро тешар дерш и жижиг цIушна сагIина лерина васт хIоттарх кIелхьара ца бовлалора. Тешар чIоггIа долчу тешачарна цIу хIумма а доцу хIума дуйла хаьара, тIаккха церан цхьана а тайпана дагахьбаллам ца хуьлура, и жижиг дуучу хенахь.

Амма, хеталора, уьш Керлачу Весетан тешачарех хиларе терра, шайн маьрша хиларан гIайгIа беш бара, шаьш шайн динан вежаршна хьегорна бахьана доккхуш долчул. Цунах ца кхетарца, цара тешар ледара долчу вежарийн некъахь тасалун болу тIулг хIоттабора. Ялхочун даг чохь цу тайпана терго хила цу еза. Хьовсийша, ПахIала цаьрга муха боху:

> ХIинца чул тIаьхьа вовшийн бехке ма де вай. Цул сов, вай ларло вешан динан вежаршна къинош лето а, уьш галбовлийта а меттиг ялийтарх а. ХIунда аьлча Делан Олалла даарца а, маларца а доьзна дац. Делан Сино луш долчу Делан лаамехь хиларца а, синпаргIатонца а, хазахетарца а доьзна ду иза (Римхошка 14:13, 17).

Цо боху: «Делан Пачхьалкх бохург, ма-дарра аьлча, хIун ду дагахь латтаде вай — иза бакъахьаралла, машар, Дезачу Синехь даккхийдер ду». И дерриге а декъалаллаш дацара керлачу тешачийн. Тешар чIоггIа долуш болчара шайн маьршонах гIуллакхдарна а доцуш, ткъа шайн «бакъонаш» ларъярехь пайда оьцура. Царна, Керлачу Весетаца догIуш, шайн маьршо хилар хаьара. Амма безам боцчу хааро хIаллакьхуьлуьйту.

Иштта дацара Iийсан дог! Кхечарна гIуллакх дархьама

шен хьашташ дӀататтар мехала хилар гайтира Ӏийсас Кипина а, бисинчу мурдашна а Делан цӀенна ял дӀаяла дезар гойтуш. Ӏийсана маьршо шайн бакъонаш ларъярна а, кхечу адамашна хьегарна а, тийсадаларна а бахьана хилла дӀахӀотта ца лаьара.

ПахӀала, Дала леррина Къобалвинчуьнца шайн бакъонаш евзаш болчу, амма ялхочун Делан дог доцчу нахе дӀахьедира:

> ТӀаккха хьан «кхетам» бахьана долуш, шен дуьхьа Дала леррина Къобалвинарг велла волу, и кӀеда дог долуш волу хьан динан ваша хӀаллакьхир ву. Шайн динан вежаршна дуьхьал цу тайпана долу къа латадарца, церан кӀедачу дегнашна чов а еш, аша Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал къа латадо (1 Коринтхошка 8:11, 12).

Ледарчу тешачарна Ӏоттабаккхам барца «Везачу Элан кегийчу берех цхьанна» хьагамна а, тасадаларна а бахьана ло вай, тӀаккха и дарца вай вешан маьршонах, къинош леторхьама пайда оьцу.

## ШАЙН БАКЪОНАШ ДӀАТАТТАР

Ӏийсас, Делан цӀенна лучу йолан хьокъехь паргӀат хиларан тешалла а дина, цул тӀаьхьа Шен мурдашна муьтӀахьаллин лараме хилар гайтира:

> Амма Сох тешаш болчу царах лахара волчуьнга къа латадойтуш волчу хӀора стагана, хьеран тӀулг коча а тасийтина, ша хи чу а кхоссийтина, хӀорда буха вахар гӀоле ду. Ма декъаза ду-кх дуьне, къа латоран бахьанаш шена чохь хиларна. Къа латоран бахьанаш хила дезара, амма декъаза бу къа лато бахьанаш дохуш болу нах. Хьан куьйго я кого хьоьга къа латадайта бахьана даьккхинехь, и куьг я ког, схьа а даккхий, дӀакхосса. ХӀунда аьлча ког-куьг а доцуш Далла гергахь вахар гӀоле ду хьуна, ши ког а, ши куьг а шайн меттехь

> а долуш, жоьжахатин цІергахь хьо вагавойтучул. Хьан бІаьрг бахьана долуш хьох къа леттехь, иза, схьа а баккхий, дІакхосса. Цхьана бІаьргаца Далла уллохь вехаш хилар гІоле ду хьуна, ший а бІаьрг а болуш, жоьжахатин цІергахь хьо вагавойтучул». Варелаш, цхьанна а цу лахара болчарна вас ма елаш. Аса тоьшалла до шуна, церан маликашна стигалахь волчу Сан Ден юьхь го аьлла (Маттай 18:6-10).

Іийсас беана Хазачу кхоан Маттайс дІаяздинчу декъан берриге а кху коьрто марздаларех лаьцна боху. Іийсас къаьстташ, вай къинан бахьана хилла дІахІотта мегаш долчу массо а хІуманах паргІатдовла дезаш хилар гайтина, — ур-атталла иза Керлачу Весетан стеган санна, шун гІоле долчух цхьаъ делахь а. Нагахь санна цу гІуллакхо шун ледара динан ваша къинна тІеийзош велахь, иза нийсса цунна хьалхха дІахададе.

Аша ойла йина хир ю: хІета Іийсас дуккха долу адамаш хьега хІунда дора? Жоп дуьххьалдІа ду: Іийсас цхьадолу адамаш, Ша Шен Дега ладугІуш а, кхечарна гІуллакхдеш а волу дела хьегадора. Цо иза Шен бакъонаш ларъяран дуьхьа ца дора.

Парушхой хьогІе хуьлура, Цо шоьтан денахь адамаш тодечу хенахь. Цуьнан мурдаш хьоьгуш бара Дас хьеха аьлла долу билггал бакъдерг Іийсас хьоьхуш хезча. Маремна а, Мартина а вас хиллера (халахеттера) ЛаІзарна дарба дан ца вогІуш, шина дийнахь Иза хьевелча. Амма шуна цхьана а меттехь гур дац Іийсас Шена оьшург а дина, нахана халахетар деш, уьш Іехош. ПахІала Коринтхошка яздинчу дахьийтарехь дІахьедо:

> Делахь а шу ларлолаш, тешарехь чІагІделла доцурш, шаьш паргІато лелочу хІуманна тІехь, Іеха а делла, къинош летадарх (1 Коринтхошка 8:9).

Вайн маьршо вайна гІуллакх дарна а, вай вешан дахар кхечеран дуьхьа дІадалархьама а елла ю. Вай дохош а доцуш, ткъа кхуллуш хила деза. Вайна хІара маьршо вай вешан дуьхьа гІертийта елла яц. Вай цунах нийса пайда ца оьцу дела, дуккха а долу адамаш

тахана хIинцалерчу керстанийн дахаран вастах халахеташ ду.

Коринтхошка хьалхарчу дахьийтарехь (8:9) вайга дина долчу дIахьедаре кхин цкъа а ладогIийша: «Делахь а шу ларлолаш, тешарехь чIагIделла доцурш, шаьш паргIато лелочу хIуманна тIехь, Iеха а делла, къинош летадарх».

Ас и весет дохоран масал далор ду шуна. Сан Индонези шолгIа миссионерски вахар долчу хенахь, ас сайца Лиза а, сайн бераш а, цаьрга хьажа гIо деш йолу няня а йигира. Тхо курортни Денпасар гIайренна тIера, Вали олучу метте кхечира.

Тхо схьадаьхкина хьешан цIа, динан тобанан къаночун долахь а долуш, гIалин чIогIа гIовгIанечу кIоштахь дара. Наб ца еш бехха некъ бинера оха. Iаламехь долуш, тхо чIогIа кIадделлера. Оцу буса тхо мосийттазза самадийлира чIогIа ечу гIовгIанна а, жIаьлеш летарна а, цундела оха садаIа ма-дезза са ца даьIнера.

ШолгIачу дийнахь тхо Яве дахара, цигахь оха шина кIиранахь садоIийла йоцуш дукха гIуллакх дира. Мукъа де тхан цхьаъ бен дацара, иза а тхан дехьа кхелхаш, некъана дIаделира. 24 сахьат чохь оха пхоьазза гIуллакх дира ткъе итт эзар адам долчу динан тобанехь.

Тхан юхадерзар Валихула чекхдовлуш хила дезаш дара. Динан дас, оха юха а къаночун хьешан цIийнахь буьйса яккха езаш хиларх, хаам бира тхуна. Тхо даккхий ца дера ишттачу кхаъ баккхарна: тхуна, шина кIиранахь сацам боцуш гIуллакх динчул тIаьхьа, наб ца еш буьйса яккха ца лаьара.

Iуьйранна, тхо Явера Вали даха кечлучу хенахь, цхьана зудчо тIе а еана, ша мах лур бу тхуна тIера Валира уггар тоьллачу курортни хьешан цIийнахь буьйса яккха, элира. Со, исбаьхьачу меттехь саца а сецна, садаIа аьтто хирг хиларх, воккхавера.

Тхешан хIуманаш гулъян ресторанера тхо дIадахча, Лизас оцу зудчо тхоьга аьллачун хьокъехь цхьа кхеташ боцу синхаам бу-кх шегахь, элира соьга. Гочдечунгахула цуьнга дист а хилла, сагатдан ца оьшу, шадерг дика хир ду, элира оха. Явера тхо кеманца Вали доьлхуш, Лизас юха а элира, вай нийса ца лела, аьлла.

Ас сонта леларца цо бохучуьнга ла ца дуьйгІира. Ас и чІргІа бегІийла агІо ю, цу тІе динан тобина бала а бийр боцуш йолу, элира цуьнга. Тхо Вали схьакхаьчча, оха багаж схьаоьццушехь, Лиза юха а со берта вало гІоьртира, амма аса юха а ла ца дуьйгІира цуьнга.

Цигара меттигера динан да тхайна дуьхьалкхетча, ас церан къаночун хьешан цІа тхуна ца оьшу, цхьана зудчо тхо кхечанхьа дІатардеш ду элира. Иза ас аьллачух воьхна хьаьвзира, тІаккха ас цуьнга, хІун ду хилларг, аьлла, хаьттира. Сан ирсана иза соьца эвхьаза вара, цундела цо иштта элира соьга: «Джон, оцу гІуллакхо къаночунна а, цуьнан доьзална а вас йийр ю. Цара хІинцале тІаьхьалонна шуна и чоь ларйина, хьешан цІийнан кху буьйсанна ерриге меттигаш дІайоьхкина йоллушехь».

Схьахетарехь, ас ша динан дена а халахетар дина, цо бинчу гІайгІанна тхайгара баркалле ца хиларна а, ларам ца хиларна а. Эххар а, цу зудчо тхайга схьахьединарг дІатоттур ду а аьлла, хьан къаночун хьешан цІийнахь буьйса йоккхур ю оха, элира ас цуьнга.

Везачу Эло со стенна тІехь галваьлла хилла кхетийра со. Суна айса динан дена лазам баьккхинийла гира. Со кхийтира, сайн бакъонаш ларъярна тІера ца валарца, аса цу динан вешина вас йинера, ткъа иза къа ду. Цундела и волчу юха а веана, къинтІера валар дийхира ас. Иза къинтІера велира суна. Аса, сайн кхин иштточу уроках чекхвала дезарг ца хиларан, сатуьйсу.

## ХЬЕХАМЕ ЗЕР

Апостола ПахІала Римхошка дахьийтарехь, къинош леторна Делан терго муха еш хиларан, жамІ даладо:

> Цундела барт хилар а, вовшийн тешар тІехь иракарахІиттор а леха вай (Римхошка 14:19).

Вешан маьршоно кхечарна тийсадала бахьана ца долуьйтуш

даха деза вай. Вай деш дерг ур-атталла Дезачу Йозанашца догIуш хила мега. Амма шайга хаттар дейша: кхечарна хьехамна дуй-те иза, я шуна бен пайденна дац те?

> Дерриг а дан бакъо ю вайн» – олуш ду. Иза бакъ хила там бу, амма массо а хIума дац вайна пайдехь. «Дерриг а дан бакъо ю вайн». ХIаъ, ю, амма оцу дерригено а синца чIагI ца во. Цхьаммо а ма лахалаш шайна пайдехь дерг, амма хIораммо а кхиболчарна пайдехь дерг лахалаш. Иштта шаьш юуш я молуш делахь а, я кхидолу муьлхха а гIуллакх деш делахь а, Делан сийлаллин дуьхьа де. Дуьхьало ма елаш жуьгташна а, грекахошна а, Делан долахь йолчу ерриге а Iийсах тешаш болчеран тобанна а, амма, аса массарна а, массо а хIуманна тIехь царна луъург даре терра, лелалаш шу а. Сайна пайдехь дерг а ца лоьхуш, дукхахболчарна пайдехь дерг до аса, уьш а кIелхьарбовлийтархьама (1 Коринтхошка 10:23, 24, 31-33).

Аса шайн дахаран массо а агIо Дезачу Йозанийн оцу меттигашкахула Дезачу Синна цецах яха магорна кхайкхам бо шуьга. Цунна шайна пайдехьа долу къайлаха бахьанаш я дан ойла ерг дIаделла магаде. Шун дахаран муьлххачу агIонах иза хьакхалуш делахь а, Дезачу Синан массарна а ялхо хиларна болу кхайкхам тIеэцийша.

Дала леррина Къобалвинчуьнца йолчу шайн маьршонах кхинаш паргIатбахарна пайда эцийша, ткъа шун шайн бакъонаш ларъярна а доцуш. Иза ПахIалан гIуллакхдаран билламех цхьаъ бара, цо яздора: «Цхьана а хIуманна тIехь цхьанна а вас хилийта бахьана ца хуьлуьйту оха, тхаьш деш долу гIуллакх емал ца дайтархьама» (2 Коринтхошка 6:3).

КъинтӀера вала ца лууш волчу стагана, Дала шена мел доккхачу декхарна гечдинийла дицделла.

# КОРТА 11

## ГЕЧДАР: КЪИНТІЕРА ЦА ДОВЛАХЬ — ГЕЧДАР ХИР ДАЦ!

***Цундела боху шуьга: дерриге а шайн доlан тlехь аш мел доьхург делла хиларх тешаш хила – тlаккха аш доьхург лур ду шуна. Шаьш доlа дечу хенахь шайн даг чохь цхьанна вас елахь, къинтlера довла цунна, шайн къиношна а Стигаларчу Дега гечдайтархьама.***

**– Марк 11:24-26**

Книгин кху декъехь суна, къинтlера ца девлча хуьлучу тlаьхьалонашна а, ткъа иштта цунах кlелхьардовларан некъашна а, шун тидам тlебахийта лаьа.

Іийса даим а Ша бохург дагахь долуш хуьлура: «Шу къинтlера довлуш дацахь, Стигларчу шун Дас а гечдийр дац шуна аша летийначу къиношна». Вай, бохуш дерг цхьаъ долуш, ткъа деш

дерг кхин долуш йолчу культурехь хьалакхиийна ду. И бахьана долуш адамаша вовшашка олучу дешнийн ладаме терго ца йо.

Иштта дерг бераллехь дуьйна дIадолало. Дас-нанас бере олу: «Нагахь ахь иза кхин цкъа а дахь, хьуна таIзар дийр ду». Амма беро иза юха дина а ца Iаш, ткъа масийттазза юх-юха до. ТIаккха хIоразза а иштта леллачул тIаьхьа, цунна дегара-ненера изза дIахьедар хеза. Гуттара санна цул тIаьхьа цхьа а тайпана нисваран таIзар ца догIу. Ткъа нагахь санна хилахь а, иза дийр ду аьллачул мелла а дайн хуьлу, я кхин а алсам луьра хуьлу, хIунда аьлча да-нана карзахдаьлла хиларна.

Ден-ненан шина а тергоно бере хIара боху: тхо тхаьш бохург дагахь долуш дац, я: оха бохуш дерг — бакъ дац. Бер ойла ян Iема, дерриг дац, олаллехь лаьттачу адамаша олуш дерг, бакъ, олий. Цундела цо тила а лой, олаллехь болчаьрга ладаме терго ян эша а оьший те, алий, ойла йо. Изза терго цуьнан дахаран кхечу меттигашка а дехьайолу. Иза шен хьехархошка а, доттагIашка а, куьйгалхошка а оццу кепара хьежа волало. Иза воккхахилла дIахIоьттича, иштта терго яр гIеххьа хуьлий дIахIутту. Цуьнан къамел ша иза-важа дийр ду бохуш а, чIагIдеш а хуьлу, иза кхочуш дар дагахь данне а доццушехь.

Пурба лойша суна и санна долчу къамелан масала дало. Джимна, цхьайолчу хенахь шеца уьйр хиланза, вевзаш волу Том го. Джим сиха ву, цундела цо ойла йо: «ОхI, схьахетарехь, хIара Том ву-кх. Хьажахь, ма йиш яцара сан цуьнца къамелаш деш Iан».

ДоттагIий вовшахкхета. Джима дIадоладо: «Везачу Элана хастам бу, сан ваша. Со воккхавоь хьо ган». Цара жимма къамел до. Джим сиха ву, тIаккха цо къамел ишттачу дешнашца чекхдоккху: «Вайшиъ цкъа цхьаьнакхета веза, хиъна а Iаш, хIума а кхоллуш».

Цкъа-делахь, Джим сиха вара, тIаккха иза Том дуьхьалнисваларна дIогара воккхавеш вацара. ШолгIа-делахь, иза хIетахь Везачу Элах лаьцна ойла еш а вацара, делахь

а «Везачу Элана хастам бу» бохучу дешнашца маршалла хьаттира цо. КхоазлагIа-делахь, цуьнан Томаца цхьаьна а кхетта, хIума кхалла цхьа а тайпана ойла яцара. Иза ша дIахьединарг кхочушдан валлане а ца воллура. Сихха Томаца дIасакъастархьама а бен ца аьллера цо иза, оьшучу кепара шен эхь-бехк хилар те а деш. Иштта Джиман ма-дарра аьлча, ша аьлла долчух цхьа а хIума дагахь дацара.

Амма кхунах тера хьелаш ма-дарра долчу дахарехь хIора денна нислуш ду. Тахана адамаша шаьш бохучун доьалгIа дакъа а дагахь ца хуьлу. Иштташу хиламехь, вайна цхьаннан дешана тIетевжина Iан маца мегар ду те, маца мегар дац те цхьалхадаккха чIогIа хала хиларх, цхьа а цецдийлийла долуш хIума дуй те?

Амма Iийсас цхьаъ бохучу хенахь, Цунна вай Цуьнан дешнашка доллучу ладаме хиларца терго еш хила лаьа. Вай Цо бохуш долчуьнга, адамаша бохуш долчуьнга санна хьежа ца деза. Iийсас цхьана хIуманах лаьцна бохучу хенахь, Цо Ша бохучух жоп ло. Иза тешаме ву, ур-атталла вай тешаме дацахь а. Иза вайн юкъараллин билггал бакъдолчул а, нийсонал а, сий хиларал а лакхарчу тIегIана тIехь ву. Iийсас: «Шу къинтIера довлуш дацахь, Стигларчу шун Дас а гечдийр дац шуна аша летийначу къиношна», — аьллачу хенахь, Цуьнан дагахь дерг билггал иза дара.

Нагахь кхин а цхьа гIулч яккхахь, Цо иза Инжила тIехь цкъа юха аьлла а ца Iаш, амма дуккхазза а аьлла хилар гурду вайна. Iийсас цу дIахьедарийн лараме хиларна кIел сиз хьокхура. Царех цхьадолчаьрга хьовсур вай.

> Наха шуна йинчу хьарамаллина аша гечдахь, стигалахь волчу шун Дас шуна а дийр ду геч. Амма шу шайна вас йинчарна даггара къинтIера ца довлахь, шун Да шуна а вер вац аша летийначу къиношна къинтIера (Маттай 6:14, 15).

> ... КъинтІерадовла нахана, Дела шуна а къинтІера вер ву... (Лака 6:37).

Иштта «Тхан Дада» бохучу доІанехь а:

> Дехьа тхуна геч, тхайна декхарийлахь болчарна оха ма-гечдарра (Маттай 6:12).

Хаа лаьара-кх, Дала шайна, шаьш шайна вас йинчарна кІинтІера ма-довллара, гечдар хилар лууш болу керстанаш мел хир бу те? Амма царна билггал оццул гечдина а хир ду. КъинтІера ца довлар вайн динан тобанашкахь оццул чІогІа буьрсадаларна, вайна Іийсан цу дешнийн ладаме терго ян ца лаьа. Амма къинтІера ца довлар вайна юкъахь мел дІасадаьржина делахь а, билггал бакъдерг хийцалуш дац. Вай къинтІера довларе а, къинош дІахецаре а, кхечу адамийн дегнаш меттадаладаре а терра, вайна ваьшна гечдар а хир ду.

Пилаппийн пачхьалкхехь динан гІуллакхдархочух лаьцна цхьа гуттара санна доцу тоьшалла хезнера суна· И стаг хьалххе дуьйна вевзаш хиллачу сан накъосташа оцу стеган дог доьхна хиларх язйина йолу статья гайтинера соьга·

И стаг шен бизнес кхиаме хиларна, масийтта шарахь Делан тІекхайкхарна дуьхьалваьлла вара· Цо вуно дукха ахча доккхура· Амма эххар а цуьнан ладугІуш ца хилар цунна тІекхиънера, тІаккха иза деган лазарца больнице кхаьчнера·

Иза операци ечу стоьла тІехь дІакхелхинера, тІаккха цунна ша ялсаманин кевнна арахьа хилар карийра· Юххехь лаьтташ Іийса вара цуьнан ладугІуш ца хиларх лаьцна дуьйцуш· Цу стага чІогІа дехарш дора Везачу Эле, нагахь Цо шен дахар дахдахь, Іийсана гІуллакх дан ваІда а деш· Веза Эла резахилира·

Иза юха денварал хьалха, Везачу Эло цунна жоьжахатин сурт гайтира· Цу стагана жоьжахатин цІергахь йогу кхуьнан зудчун нана гира·

Иза чІогІа цецваьлла вара· Цо «къилахь волчун» доІа а дора, ша керста хилар даре а дора, динан тобанан цІийне а лелара

иза. «Иза жоьжахатехь хIунда ю?» — хаьттира цо Везачу Эле.

Везачу Эло, иза шен цхьана гергарчу стагана къинтIера ца ялало, цундела и ша а гечдина хуьлийла дац, элира цуьнга.

## ГЕЧДАР А, СИНАН ЛАКХАЛЛЕ ХЬАЛАКХИАР А

Тхуна тхайн тхешан динан гIуллакхдарехь къинтIера ца довларан гуранаш гира. Со Индонезехь динан гIуллакхдар дIакхехьа волавеллачу хенахь, со хьал долчу бизнесменан цIеношкахь Iаш вара. Иза а, цуьнан доьзал а ас гIуллакхдечу динан тобане лелаш бара, амма уьш кIелхьарбаьхна бацара.

Ас цигахь даьккхинчу кIиранан чохь, цу стеган зуда, ткъа цул тIаьхьа и стаг а, церан кхо бер а кIелхьарбовларна тIебаьхкира. Церан дахаре паргIатдовлар деанера, тIаккха доьзалера юкъаметтигаш а хийцаеллера. Инзаре доккхачу хазахетаро дуьзнера церан цIа. Со сайн зудчуьнца Индонези кхин цкъа а ван воллий шайна хиъча, цара шайгахь сацар дийхира, иштта тхан доьзалехь мел волчунна а, иштта тхан берашка хьожуш гIо деш йолчунна а кеманна шаьш шайгара билетех мах балар а тIелецира.

Тхо схьадаьхкира, тIаккха оха церан динан тобанехь иттазза динан гIуллакхдар дIакхийхьира. Ас дохкодовларх а, Делан юххехь хиларх лаьцна хьехамаш бира. ГIуллакхдар дIакхоьхьучу хенахь, тхуна зал чохь Дела хилар хаалора, иза дохкобевллачеран оьхучу бIаьрхиша а гойтура.

Цу стеган берриге доьзал богIура гIуллакхдечу гуламе. Оццу гIалахь ехаш йолу бизнесменан нана а лелара хIора гуламе. Цо а иштта ахчанца доккха дакъа лецира тхан берашна кеманна билеташ оьцуш.

КIира хан чекхйолучу хенахь, оцу зудчо нийсса сан бIаргаш чу а хьаьжна, хаьттира соьга: «Джон, суна цкъа а Дела юххехь хилар хIунда ца хаадели?» ХIетахь тхо Iуьйранна буу кхача биъна девллера, ткъа кхиберш берриш а хIинца дIабаханера.

> «Со хIора гуламе йогIура, — кхин дIа дуьйцура цо, — ас леррина ладугIура ахь мел дуьйцучуьнга. Со дохкояларна хьалха юьйлура, амма цкъа а Дела юххехь хилар ца хааделира суна. Суна хIинца а цкъа а Делан юххехь хилар ца хааделла».

Ас жимма цуьнца къамел а дина, тIаккха элира: «Хьо Делан Синах юьзна хилархьама, хьуна тIера доIа до вай». Зудчунна тIе куьйгаш а дехкина, ас дийхира доIанна тIехь цо Делан Са тIеэцар доьхуш, амма цхьа а тайпана Делера жоп хилар ца хаалора.

Цул тIаьхьа Дала сан сине хаам бира: «Иза шен майрачунна кIинтIера ца яьлла. Цунна къинтIера ялахьара, ала цуьнга».

Цунна тIера сайн куьгаш дIадехира ас. Суна цуьнан майра веллийла хаьара, амма цуьнга дIа а хьаьжна, ас элира:

> «Везачу Эло, хьо хьайн майрчунна къинтIера ца ялар дагахь латош хилар, гайтина суна».

> «ХIаъ, — тIетайра иза. — Амма ас сайга мел далуш дерг дина, цунна къинтIера ялархьама».

ТIаккха майрчо шена мел лелийначу къизаллах лаьцна схьадийцира цо соьга. Со кхийтира къинтIера яла цунна хала хIунда дара.

Амма ас цуьнга элира: «Делера цхьана дикане хьо сатуьйсуш елахь, хьо къинтIера яла еза», — тIаккха, Iийсас къинтIера довларна хьоьхуш хилла хиларх, кхетийра.

«Хьайн ницкъаца къинтIера ца ялало хьо цунна. Ахь иза Деле дIа а делла, Цуьнга хьайна гечдар деха деза. Цул тIаьхьа хьо хьайн майрачунна къинтIера ялалур ю. Хьайн майра паргIатволийла лаьий хьуна?» — хаьттира ас.

«Лаьа», — жоп делира цо.

Ас иза дуьххьалдIа долчу доIанна тIейигира: «Стигалара Да, Iийсан цIеран дуьхьа со сайн майрачунна къинтIера ца ялаяларна, сайна гечдар доьху ас. Веза Эла, со сайн ницкъаца

цунна къинтІера ца ялалойла хаьа суна, — сан аьтто ца болу цу тІехь. Амма хІинца Хьуна хьалха ас сайн дагчуьра дІахоьцу иза. Со къинтІера йолу цунна».

Цо и дешнаш ма-элли, цуьнан беснеш тІехула бІаьрхиш охьададьхкира.

«Куьйгаш хьала а дахийтий, кхечу меттанашкахь доІа де», — иракарахІиттайора ас и.

Шен дахарехь дуьххьара исбаьхьачу стигалан маттахь доІанаш дан йолаелира иза. Тхуна Везачу Элан юххехь хилар оццул чІогІа хаадаларна, тхо Цунна хьалха дохаран а, сий даран а хьолана тІедаьхкинера. Иза пхи минот гергга йоьлхуш Іийра. Оха жимма къамел дира, ткъа цул тІаьхьа ас дуьххьалдІа Везачу Элан юххехь хиларх марзо эцар дІахьедира цуьнга. Иза Далла Іамалъеш йисира, ткъа со столови чуьра дІавахара, и ша а йитина.

И керланаш цуьнан кІанте а, несе а кхаьчча, уьш чІогІа цецбевллера. КІанта шена нана йоьлхуш цкъа а ца гинера элира. Цунна шена а дага ца догІура, ша тІаьххьара маца йилхинера: «Ур-атталла сайн майра веллачу хенахь а, ас бІаьрхинан тІадам а ца Іанийнера».

Цу суьйранна динан гІуллакх дІакхоьхьучу меттехь иза хих чекхъелира. ТІаьхьадогІучу кхаа дийнахь елакъежаран лепар дІа ца долура цуьнан юьхьа тІера. ХІинццалц цкъа а иза елакъежаш гина хилар дага ца догІу шена, бохура кІанта. Иза къинтІера ца йолура, цундела къинтІера ца яларан туьрмехь яра иза. Амма шен майрачунна къинтІера а яьлла, дог паргІатдаьккхича, шен дахар чу Везачу Элан ницкъ тІеийцира цо, хІетахь дуьйна Иза юххехь хилар билггал хаалора цунна.

## КЪИНТІЕРА ЦА ВАЬЛЛА ЯЛХО

Инжилан Маттайс дІаяздинчу декъан 18-чу коьртехь къинтІера ца довларан а, халахетаран а жамІехь гучудолучу лоллина кхин а алсам серло тІеІанайо Іийсас. Цо, шайна

халахетар динчу, динан вежаршца берта муха даха деза хьоьхура (машар барх лаьцна долчуьнга вай тIаьхьабогIучу коьртех цхьаннан тIехь хьовсур ду).

Кипас, Iийса волчу а веана, хьаьттира: «Сан Эла! Вашас суна дуьхьал къа латош хилча, со мосазза къинтIера вала веза цунна? ВорхIазза вала везий?» (Маттай 18:21). Цо, ша догдикалле лелаш хилар, лорура.

Кипина дерриг а хIума холчу киртиге кхачош тамехь хуьлура. И вара Хийцаваларан лома тIехь хIара аьлларг: «...Хьуна лаахь, аса кхузахь кхо кхалор хIоттор ю: цхьаъ Хьуний, цхьаъ Мусаний, кхозлагIниг Эли-ЯхIуний» (Маттай 17:4). Ткъа хIинца цунна ша догдикалле хетара: «ВорхIазза къинтIера вала кийча хиларца тIеIаткъам бийр бу аса Устазана».

Амма цунна делла жоп иза вожор волуш дара. Iийсас Кипас догдикане лоруш дерг дайина дIадаьккхира: «…Аса боху: иза ворхIазза хир дац, ворхIазза кхузткъе итт эцча санна, хир ду» (Маттай 18:22). Кхечу дешнашца аьлча, гечде, Дала иза деш махиллара, — гуттара а.

ТIаккха, Ша аьлларг тIечIагIдархьама, кица далийра.

> Стигалийн Олалла хIокхунах тера хила мега. Цхьа паччахь шен ялхошкара декхар схьагулдеш хилла. Декхар схьагулдан иза волавелча, кхунна тIевалийна цхьа ялхо. Иза итт эзар гали дашо ахча декхарийлахь хилла (Маттай 18:23, 24).

Iийсас дуьйцучу декхаран барам мел боккха бу хаа лаахь, вайна талант бохург хIун ду хаа деза. Цу заманахь ахчанан мах таланташца бустура. Цунах пайда оьцура дешин (хь. Дауд 12:30) а, детин (хь. Сулим 20:39) а, кхечу металлийн а, товарийн а барам бустуш. Кху кицанехь дустург декхар ду, цундела вайн майрра, Iийсан дагахь дерг дешин я детин барам хилар чIагIдойла ду. Хуьлуьйтур вай иза деши.

ХIетахь гуттара санна долу цхьа талант 34 кила гергга деши

лорура. Иза адаме бахьалун болу мохь бара (хь. Тlаьххьарнаш 5:23). Итт эзар талант 375 тонне гергга кхочу. Иштта и ялхо шен паччахьна 375 тонн деши дlадала декхарийлахь вара.

Кху заманахь унцин (28,3 грамм) дешин мах США-н 375 доллар гергга бу. ХІинцалерчу базарахь талант деших 450 000 доллар мах хир бу. Кхузара догlу, 10 000 талант дешин мах 4,5 миллиард доллар бу. И ялхо шен паччахьна диъ ах миллиард доллар дlадала дезаш вара!

Іийсас кхузахь, оцу ялхочунна тlехь цуьнга цкъа а дlадалалур доцу декхар хилар гойту. Вай доьшу:

> Амма и декхар схьадала цуьнан таро йоцийла хиъча, паччахьо омра дина, иза цуьнан зудчуьнца а, берашца а, цуьнан йолчу салпалца а шен декхар юхадерзорхьама дlавохка аьлла. Тlаккха ялхочо, шен паччахьна хьалха гора а хlоьттина, дехар дина: „Ахьа цхьажимма собар дехьа, аса декхар дlалур ду хьуна!“ Паччахьна ялхочух къахетта. Цо иза, декхарна къинтlера а ваьлла, дlавахийтина (Маттай 18:25-27).

Ткъа хlинца оцу кицано халахетарх лаьцна хlун боху хьовсий вай. Халахетар дича, цхьаъ декхарийлахь хилла дlахlутту. Шуна хезна хир ду иштта олуш: «Цо суна цу тlера догlу хьакъ схьалур ду!» Цундела къинтlера валар декхар дlадаккхар санна ду. Паччахь Дела Ден сурт хlоттош ву, оцу ялхочунна, цуьнга цкъа а дlадала хир доцу декхар дитина волчу. Ковлусихошка дахьийтарехь (2:13, 14) вайна карадо: «...хlинца Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна долу шу денделла, Дала вайн массо а къиношна геч а дина. Цо дlадайина вайн декхар тlеяздина долу йоза. Оцу кехат тlехь вайна дуьхьал долу а, вай бехке озош долу а парзаш дара. Жlарах дlа а тоьхна, Дала и кехат дlадаьккхина».

Вайна гечдина долу декхар, дlадалалур долуш дац. Цхьа а тайпана аьтто хуьлийла дац, вай дерриг а Далла декхарийлахь дерг дlатакха. Цундела Дала кlелхьардовлар маьхза совгlат санна деана. Іийсас вайн дерриге декхарех мах дlабелла.

Вайна паччахьан ялхочуьнца йолчу а, вайн Делаца йолчу а юкъаметттигийн цхьаьнайогIуш хилар гойла ду.

> Ткъа цу ялхочо, шена бIе динари дети-ахча декхарийлахь волчу вукху ялхочунна тIе а вахана, иза лаг тIера а лаьцна, цуьнан са а дукъош, цо шена схьадалаза долу декхар схьадийхира: „Схьало айхьа суна схьадала дезарг!“ – аьлла» (Маттай 18:28).

Цхьа динарий цу хенахь белхалочунна догIу цхьана дийнан алапан барамехь хилла. Ткъа таханлерчу США-н ахчанца доьзна, бIе динарий 4000 доллар кхоччуш хуьлу. ХIинца кхин дIа дешийша:

> ТIаккха цу ялхочо, хIокхунна хьалха гора а воьжна, дехар а деш, элира: „Собар дахьара ахьа, аса хьан дерриг а декхар дIалур дара“. Амма хьалхарчу ялхочо цуьнга ла ца дуьйгIира. Цо иза шен декхар схьадаллалц набахти чу воллийтира (Маттай 18:29, 30).

Цуьнан накъосто дала деза ахча шеран алапан кхоалгIачу декъан барамехь дара. Шуна муха товр дара шайн шарахь доккхучух кхоалгIа дакъа дайча? Амма дагахь латтаделаш, цу стагана 4,5 миллиард доллар ахча гечдинера. Ур-атталла дерриге а шен дахарехь а даккхалур дацара цуьнга оццул ахча!

Вайн вовшашлахь долу халахетарш, вай Дела емалварца дуьстича, 4000 доллар 4,5 миллиард долларца дуьстича санна хуьлу. Вайца цхьаъ чIогIа вон лелла хуьлийла ду, амма иза вайн вешан Далла дуьхьал динчу зуламашца дустийла дац.

Шуна, шайна санна, вон цхьанна а, цкъа а хилла хир дац, аьлла, хета там бу. Амма шу ца кхета, мел вон лелла Iийсаца. Бехк боцу Иза, сагIина беана сакхт доцу Iахар хилла дIахIоьттина.

КъинтIера ца валалуш волчу стагана, цунна шена мел доккхачу декхарна гечдина хилар дицделла. Iийсас шу абаденна йолчу Iожаллах а, Iазапах а кIелхьардаьхнийла шаьш кхетча, аша кхинаш цхьа а тайпана билламаш боцуш паргIатбохур

бу (иза муха дойла ду бохучух лаьцна, — 13-чу коьртехь ду). Жоьжахатехь абаденна хан яккха дезарал вон цхьа а хІума дац. Цигахь цхьа а дайлур долу хІума дац, эццахь нІаьна а ца ле, цІе а дІа ца йов. Дала Шен КІентан, Дала леррина къобалвинчу Іийсан валарехула вайна гечдаллалц, и меттиг вайна кечйина яра. Амин! Нагахь къинтІера довла шайна хала делахь, ойла ейша жоьжахати билггал йолуш хиларх а, Делан безамо вай кІелхьардахарх а лаций.

## ТЕШАЧАРНА ХЬЕХАМАШ

ХІара кица кхин дІа доьшур вай:

> И хІума гина болчу ялхоша шайна гинарг, эла волчу дІа а бахана, дІадийцира. Эло, и ялхо тІе а кхайкхина, цуьнга элира: „Сий доцу лай! Ахьа дехар дича, аса сайн дерриг а декхар, къинтІера а ваьлла, хьуна дитира. Ткъа ахьа а мегар дацара хьо санна волчу хьайн накъостах къинхетам бан, аса хьайх ма-барра?» (Маттай 18:31-33).

ХІокху кицанехь Іийсас тешачарех лаьцна дуьйцура. Цо паччахьна гІуллакх деш болчарех лаьцна дуьйцура. Оцу стагана хІинца барам боцуш доккхачу декхарна гечдинера, тІаккха цунна паччахьан «лай» аьлла цІе тиллинера. Ткъа оцу стага декхар геч ца динарг, цуьнца цхьаьна болх беш волу, цуьнан накъост вара. ТІаккха вайн жамІ дойла ю, къинтІера вала ца лууш волчу тешачун кхоллам иштта бу:

> ОьгІазваханчу эло омра дира, ницкъ а беш, иза набахти чохь латтаве, цо дерриг а декхар схьадаллалц, аьлла. Иштта хир ву шуьца Сан Стигалара Да а, шу даггара шайн вешина къинтІера ца довлахь (Маттай 18:34, 35).

Оцу аяташкахь кхоъ коьрта ойла ю:

1. Геч ца дина ялхо хьийзавайта дIавелла.
2. Цо хьалхалера декхар 375 тонн деши дIадала деза.
3. Вайн Да волу Дела, шен вешина къинтIера ца ваьллачу хIорранца а, иштта лелар ву.

## *1. Гечдина воцу ялхо хьийзавайта дIавелла.*

Вебстеран дошам тIехь «хьийзор» (я «Iазап хьегар») бохучу дешан хIара билгало луш ю: «дегIан я хьекъалан агони» я «адам хьийзорах там хуьлуш долу таIзар дар».

Иштта Iазап хьегуьйту хьийзор кхочушдийраш, — демонически синош ду. Дала царна, вай тешаш дерш хиларе ца хьоьжуш, вайн догIмаш а, синош а лазо бакъо ло. Ас сих-сиха, уьш кхечарна даггара къинтIера ца бовлу дела, цамгарна дарба ца хуьлчарна а, синтем боцчарна а, паргIато ца хуьлучарна а тIера доIанаш дора.

Лоьраша а, Iилманчаша а артрит а, рак а санна, йолу цамгарш къинтIера ца довларца а, безам баран къахьонца а йозуш йоьхку. Синан цамгарийн дуккха болу хиламаш а къинтIера ца довларца бозуш бу.

Дукха хьолахь адамаш кхечу адамашна къинтIера ца дуьйлу, амма цкъацкъа уьш шаьш шайна а къинтIера ца дуьйлу. Нагахь Дала хьуна гечдина хилча, хьо хьайна къинтIера ца вала мила ву?

## *2. КъинтIера ца ваьллачу ялхочо, дIадалийла доцу хьалхалера декхар, дIатакха дезар ду.*

Цунна цуьнга далун доцург тIедожийна. Иза вайна Iийсас Голготи тIехь дIабелла болу мах дIабалар тIедиллар санна ду. Иштточу хиламехь вай вешан кIелхьардовларх девр дара.

Аша эр ду: «Собардел цхьана минотехь! Амма суна-м, стага къилахь волчун доIа а дина, шен дахар Iийсана лерича, иза

хIинца лийр вац ма моьттура».

Нагахь аша иштта ойла еш елахь, хIета Кипин хIара дешнаш кхетадейша:

> Нагахь цхьаболу нах вайн Веза Эла а, КIелхьардохург а волу Дала леррина къобалвина Iийса вовзар бахьана долуш дуьненан айпечу хIуманех къаьстинехь, ткъа цул тIаьхьа уьш, юха а вочу хIуманна тIе а тевжина, цунна кIел биснехь, шолгIа галбевлча, хьалхачул а ледара хир ду церан хьал. Нийсонан некъ бевзина цахилар гIолехь дара царна, иза а бевзина, Дала тIедиллинарг дIа а тесна, хьалхалерчунна тIе юхабоьрзучул (2 Кипин 2:20, 21).

Дала леррина къобалвинчу Iийсаца кIелхьардовларехула долчу къинойн баланех паргIатдевллачу адамех лаьцна дуьйцу Кипас. Амма уьш юха а къилахь тилабелла (къинах цхьаъ къинтIера ца валар хуьлийла ду) тIаккха эшна нисбелла. Эшийна хилар — шен къинна дохковаларца Везачу Эланна юха тIе ца вар ду.

Кипас, бакъахьараллах дIаверзар, иза цкъа а девзаш ца хиларал а оьшу, бохуш, чIагIдо. Кхечу дешнашца Дала боху, цкъа а кIелхьаравалаза хилар гIолехь ду, абаденна долчу дахаран совгIат тIе а эцна, цул тIаьхьа гуттаренна а цунах дIаверзарал.

Векало ЯхIуда а динан тобанера «шозлагIа деллачу» адамех лаьцна яздора (ЯхIуда 12, 13). ШозлагIа валар, иза хьо цкъа мацах Дала леррина Къобалвинчуьнца воцуш велла вара, тIаккха лаккхара дуьнен чу валарца денвеллера, цул тIаьхьа юха а, Делан некъашна тIера дIа а девлла, делла бохург ду.

Вайна гуш ду, дуккха нах Iийсана тIе богIург хилар, хIокху дешнашца шаьш бакъ а деш: «Ва Веза Эла! Хьан цIарах ца бора оха Делера болу хаам? Хьан цIарах дIа ца лелхадора оха жинаш? Хьан цIарах ца бора оха дуккха а тамашийна белхаш?“ Ткъа Аса цаьрга эр ду: „Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла» (Маттай 7:22, 23). Царна Иза вовзара. Цара Цунах Веза Эла олура, Цуьнан цIарах инзаре

гIуллакхаш а дора. Амма Цунна ца бовзара уьш. Ткъа мила вевзар ву те Iийсана?

Векало ПахIала яздора: «Ткъа цхьанна Дела везаш велахь, иза Далла вевзина» (1 Коринтхошка 8:3. ХIинцлера гочдар). Далла Ша везарш бевза.

Шун олийла ду: «Суна Дела веза. Суна дуьххьалдIа, сайна чов йина ваша ца веза».

Išттачу хиламехь хьо тилавелла, хIунда аьлча яздина ду: «Суна Дела веза а бохуш, ткъа шен динан ваша цавезарг аьшпаш буттуш ву. ХIунда аьлча шена дуьхьал лаьтташ волу шен динан ваша цавезачунна, шена гуш воцу Дела а везалур вац» (1 Яхьъяс 4:20). Iехавалар — иза ирча хIума ду, хIунда аьлча и Iехавелларг даггара теша ша бохург нийса хиларх. Ша бакъвоццушехь, бакъву моьтту цунна. Делан Дешана муьтIахь ца хулуш волчу стага, шен дог Iехадолуьйту.

Самукъане дац ткъа библейски шина ойланан дустар дича: хьалхара — «дуккха берш» стигалшка кхача сатуьйсуш хир бу, амма царна магийна хир дац, тIаккха шолгIа — тIаьхьарчу деношкахь дуккха берш хьоьгуш (я халахетта) хир бу (хь. Маттай 24:10)? Цу шина а тобане изза адамаш юкъадогIуш хила тарлой те?

Цхьаболу тешаш берш къинтIера ца бовларо оццул чIогIа Iазапехь латтош хиларна, баларе сатуьйсу, цо шайна дайдар дохьур долуш санна. Амма и бакъ дац! Вай къинтIера ца довларца дерг хIинцца цхьалхадаккха деза, и ца дахь вайга дIабалалур боцу мах дIабалар тIедожор ду.

### *3. Вайн Да волчу Дала изза дийр ду, даггара къинтIера ца волучу хIора тешачунна, халахетар я емалдар мел доккха делахь а.*

Iийсас ша ма-дарра схьабохура, берриге а мурдаш Цуьнан кицанех кхетийтархьама. Iийсас Шен кицанийн хIорраннан бохург санна, тидар дора, нагахь Цуьнан мурдаша цунах лаьцна дехча. Амма цу хиламехь Цунна, къинтIера довла ца лиъначарна

ден долу таІзар луьра хирг хиларан хьокъехь, адамийн цхьа а шеко а, къаьсташ доцург а хила ца лаьара.

Кхин йолчу дуккха а меттигашкахь а дуьйцура Іийсас ваьш къинтІера довлуш ца хилча, вайна а гечдийр дац, бохуш. Дагахь латтаделаш, Иза вай санна, ца хилар: Цуьнан дагахь дерг, схьабохуш дерриг ду.

Иштта дерг наггахь бен ца нисло динан тобанехь. Дукха хьолахь тешачара шаьш къинтІера ца довларна бахьанаш карадо, бехказлонаш а ялайо. КъинтІера ца довларан къа гомосексуализмал а, боьхалеларал а, къоладарал а, малар мийларал а иштта кхин дІа долчарал а кІезиго лору. Амма къинтІера ца бовлурш Делан Пачхьалкхе кхочур бац, даккхий къинош леторехь бехбелларш санна.

Цхьаболчарна мотта мега, хІара дукха къовламе хьехам бу, аьлла. Ткъа суна къинхетамца вайна довзийтар а, кхин дІа иштта дерг вайгара ца далийта беш хаам а хета, луьра йина кхел а йоцуш. Шуна гІолехь хІун хетар дара: тахана Дезачу Сино Іорадаьхна а, кхетийна а долуш, даггара дохкодовлар а, къинтІерадовлар а лайна хилар, я къинтІера а ца девлла, Везачу Эло шайга: «ДІавала Суна уллора!», бохуш хазар – хІинца дохкодийла дукха тІаьхьа долчу хенахь?

Ваьшна тӀера бекхам бан
лаар ваьшца оццул догӀуш
ца хиларна, вай ур-атталла
иза дагадарах а
лардала деза.

# КОРТА 12

# БЕКХАМ – ИЗА ГУРА БУ

***… шайна динчу зуламна дуьхьал зулам ма де, ткъа диканиг дан гӀерта массо а адамна.***

**– Римхошка 12:17**

Цхьанна къинтӀера ца валар, шена иза декхарийлахь ву цалла хетарца дустало. Цхьаьнца нийсо ца лелийна хиллехь, цунна моьтту, и шена халахетар динарг хӀинца шена декхарийлахь ву, баханчу коьртан агӀонаш тӀехь вайна гина махиллара. Шена хӀинца цхьа мах баларе сатуьйсу цо ахчанца я моральни жоьпалла хила дезарца.

Вайн долуш долу кхелашхойн урхалла бохам хиллачун бакъонаш ларъярна хӀоттийна ду. Цхьанна дуьхьал лехьамаш айар кхоллало, адамаш шайн декхарш дӀадайа гӀертар бахьанехь.

Цхьана стага кхечунна бохаме дерг дича, адамашкахьара йолчу нийсоно боху: «Уьш бехке хилар чІагІдахь, цара, кхелахочунна хьалха а хІоьттина, шаьш динчунна дуьхьал богІуш боллу мах лур бу». КъинтІера ца ваьллачу ялхочунна, шена декхарийлахь волчу шен накъосто шен декхар схьадалала лиира, цундела цо иза кхелахочун кара дІавелира. Иза бакъонан некъ бац.

> Хьоменаш, шайна тІера бекхам шаьш ма бе, амма Делан кхеле дІало иза. Яздина ма ду: «Бекхам бар Сан кара ло, Аса бийр бу бекхам» (Римхошка 12:19).

Делан бераша бекхам бойла дац шайна тІера. Ткъа вай билггал оццу тІе даладо иза, вешан къинтІера ца довларехула. Вайн декхар кхоччуш схьа ца делча, къинтІера ца довлало вай, оцу декхаран мах вай ваьш хІотта а бо. Вайна хиллачу зенан мах ваьш хІотто вай гІиртича, вай кхелахочун метта дІахІуьтту. Амма цхьа хІума хаьа вайна:

> «Цхьаъ ву Бакъонаш хІоттош верг а, Кхелахо а, адам кІелхьардаккха йиш ерг я иза хІаллакдан бакъо ерг а: ткъа хьо мила ву кхечунна кхел йийриг? Дегабаамаш ма бе вовшашна, вежарий, шаьш кхеле озийна ца хилийтархьама: ткъа Кхелахо неІарехь лаьтташ ву» (Якъуба 4:12, 5:9).

Дела – бакъволу Кхелахо ву. Цо нийсонца кхел йийр ю. Нагахь цхаммо къа а латийна, тІаккха иза даггара дохковаьллехь, Галгатехь Іийсас Іанийнчу ЦІийно, дІадойур ду и декхар.

Аша ала там бу: «И бохам суна ма баьккхина, Іийсана а доцуш!»

ХІаъ, амма шу ца кхета, мел доккха зулам дина аша Іийсана бохучух. Иза цхьана а хІуманна бехке вацара, Цунах цхьа а зуламе дерг, эхье дерг ца даьллера, ткъа вайх хІорра а къинош леторна вен хьакъ долуш а вара. Вайх хІораммо а Делан тІедилларш талхийна, Іедалан бакъонел дуккха а лакхара долу. Нагахь санна нийсонца лелча, дуьнен чуьра уггар лакхарчу

бакъонийн Кхелашхо волчун куьйго вайх хIоранна а даларан таIзар дан дезара.

Шу цхьа а тайпана бехке ца хила а тарло шайна зуламе дерг динчунна хьалха. Амма шайх бинчу къинхетамца дуьстича, иза цхьана хIуманца дусталур доцийла гур ду шуна. Цуьнга хьаьжча, вайн Далла гергахь декхарийлахь хилар дусталур дац цхьана а барамца. Нагахь шайна ямартло йина аьлла шуна хетахь, шуна дицделла шайх мел боккха къинхетам бина бохург.

## РЕЗА ЦА ХИЛАРАН А, ДОГ ИРАКАРАХIИТТОРАН А КХОЬЛИНА АГIОНАШ

Нагахь Шира Весет кхочушдечу заманахь аша суна дуьхьал цхьа къа латийнехьара, сан бакъо хир яра сайна зен динннчул зе юханехьа дан. Цу хенахь бинчу эшаме хьаьжжина, шена бина эшам меттахIоттабайта йиш яра, зуламна дуьхьал зуламе дерг а деш (хь. Iамалъяр 24:I9; 2I:23-25). Закон – лаккхара кхелашхо бохург дара. Iийса оцу Iедалан бакъонехь лелачарна тIера валар ца хиллера хIинца а.

Хьовса, Керлачу Весетах тешар долчаьрга Цо бохучуьнга:

> «Шуна хезна-кх хьалха аьлла хилларг: «бIаьргана дуьхьал бIаьрг, цергана дуьхьал церг». Ткъа Аса боху шуьга: хьайна зулам динчунна дуьхьал ма вала. Хьайна аьтту бесни тIе тIара тоьхнехь, аьрру агIор йолу бесни а зуламхочунна тIеерзае. Кхелехь хьуна тIера коч а къевсина, хьайца девне ваьллачунна, мел еза елахь а, важа бедар а дIало. Хьуна ницкъ а беш, хьайга эзар гIулч яккхийта гIортахь, ши эзар гIулч а йоккхуш, дIагIо. Хьайга хIума йиэха веанчун дехар кхочуш а де, хьайга юхалург еха веанчунна букъ а ма берзабе (Маттай 5:38-42).

Реза ца хилар магийна йолу ерриг а кхоьлина агIонаш дIайоху

Iийсас. Билггал аьлча, Цо боху, вайна динчунна дуьхьал бекхам барх чIогIа юхадовла деза вай, кхечу адамашна а гIуллакх дан вайн йиш хилийтархьама.

Вайна дина зулам ваьш дIанисдан вай гIиртича, вайх кхелахой хуьлу. Иштаниг дира Инжил тIера Маттайс дIаяздинчу декъан 18-чу коьртан агIонаш тIехь вуьйцучу къинтIера ца ваьллачу ялхочо, шен накъост цо набахти чу воллийтинчу хенахь. Цул хьалха и къинтIера ца ваьлларг, ша а хилла воллушехь таIзар дечеран кара велла, цо кхоччуш шен декхар дIатаккхалц, ткъа цуьнан доьзал а боьхкинера.

Кхел яр бакъахьара волчу Кхелахочун кара дала деза вай. Цо бакъонца доькхур ду. Цуьнан Кхел бен бакъахьара яц.

Цхьана хенахь дегабаам хиларх лаьцна хьехамаш беш вара со Флорида штатера Тамп-гIалахь йолчу динан тобанера гуламехь. Гулам чекхбаьлча суна тIе цхьа зуда еара. Сайн хиллачу майрачунна цо суна динчу массо а халахетарна къинтIера яьллера со. Амма дегабаамаш муха дIабаха беза бохучу сан хьехаме цо ладугIучу хенахь, цхьа башха синтем бар тIедеара шена, тIаккха кхийтира ша, шен даг чохь хIинца а машар ца хиларх, бохура цо.

«ТIаккха ахьа хIинца а геч ца дина-кх цунна», – элира аса цуьнга кIедачу озаца.

«ХIан-хIа, со къинтIера яьллера цунна. – Ас дукха бIаьрхиш дехира цунна гечдеш».

«Хьо йилхина-м хир ю, амма ахьа дIа ца хецна хир ду хьайн даг чохь дерг».

Ша къинтIера яьллера цунна, бохуш чIагIо йора цо: «Суна цуьнгара оьшуш хIумма а дац, аса дIахецна-кх иза».

«Цо хIун динера дийцахь соьга», – дийхира ас цуьнга.

«Сан майра динан тобанехь коьрта хьехамча вара. Со а, тхан кхо бер а дитина, оцу динан тобанехь гIуллакх деш йолчу цхьана зудчуьнца дIавахара иза. – Цуьнан бIаьрхиш даьхкира. – Ша со ялош, Делан лаамца ялийна ца хилла, хIунда аьлча Делан

билггал болу кхоллам ша хIинца йигначу зудчуьнца хилла шен, элира цо. Цо кхин а элира соьга, оцу зудчо дуккха гIо дира шена шен гIуллакх тIехь, аса динчул. Аса шена новкъарло йора, шен гIалаташ гучу а дохуш, элира цо соьга. Тхан доьзал бохаран берриг а бехк шена тIе биллира цо. Цу тIехь ша а бехке хилар кхин тIе а ца ийцира цо».

Шеко яц, и стаг Iехавелла хиларан а, цо шен зудчунна а, берашна а зулам дина хиларан а. Цуьнан зудчун дог а доьхнера, цо ла а доьгIура цу стага шен бехк шена тIелацаре. И декхар цу стага берашна догIу ахча даларца доьзна а дацара, хIунда аьлча цуьнан керлачу майрачо доьзална оьшу хьашташ кхочушдора. Цу стеган декхар цу зудчунна хетарехь хIара дара: цунна биллинчу бехкана дохко а ваьлла, шена тIелацаре ладоьгIура цо, ша цо бакъ а еш.

«Иза хьуна тIе а веана, хьо бехке яцара, ткъа ша вара а олуш, хьоьга цо шена къинтIера ялахьар деххалц, хьо къинтIера яла ца йоллу-кх. Оцу цо метта ца хIоттийначу декхаро лоллахь латтош ю хьо», – элира аса цу зудчуьнга.

Нагахь вай бехказа а дуьйлуш, бехк ма биллахьара Ахьа тхуна, тхо нийса дацара, Хьо ву бакъ, бохуш, вай Шена тIедахккалц ладоьгIуш Iийса Iаш велхьара, – Цо гечдийр дацара вайна жIара тIехь Ша воллучу хенахь. ЖIара тIехь холчу хIоьттина Ша волуш, Цо мохь туххуш элира: «Дада, гечдехьа царна, шаьш хIун леладо а ца хаьа царна» (Лакин 23:34). Вай Шена тIе а даьхкина, ваьш къилахь хилар вай Цунна хьалха дIа а деллале, гечдина Iийсас вайна. ПахIал-векало дIахьедар до вайга: « . . . Вовшашна къинтIера а довлуш, нагахь цхьаннан кхечунна дегабаам белахь, Дала леррина Къобалвинчо вайна а геч ма дарра, аша а гечде» (Ковлусхошка 3:I3). Кхин а « . . . вовшашца дика хила, къинхетаме а хила, вовшашна гечде, Ша леррина Къобалвинчунгахула Дала шайна а геч ма дарра» (Эпасхошка 4:32).

Аса оцу зудчуьнга элира: «Ахьа цунна гечдийр дац, цо хьайга иштта аллалц: «Со нийса вацара, ткъа хьо бакъ яра», – цуьнан беснеш тIехула бIаьрхиш хьаьдира. Цунна лууш дерг мел кIезиг

хIума ду аьлла хетара, цуьнан майрачо цунна а, цуьнан берашна а йинчу чевнца дуьстича. Амма иза адамаша ечу кхелан нийсонан лоллехь яра. Цо шех Кхелъярхо йинера, шен бакъ хиларна тIе а тевжаш, шена нийсонца догIучуьнга сатийсарца, шен декхар схьадаларе ладоьгIура цо. Оцу дегабаамо шен керлачу майрачуьнца долчу дахарна а новкъарло йора цунна. Иштта массо а божаршка хьажар а, шайн доьзалан юкъаметтигехь нийса хила дезачу олалле хьажар а хийцаделлера цуьнан, шен хьалхалера майра динан тобанехь олалла деш хилла дела.

Iийсас сих-сиха дустура вайн дегнийн хьал лаьттан хьолаца. Вайна тIедиллина ду Делан безамца орам хецар а, чIагIдалар а. ТIаккха Делан Дешан хIуьно шен орам тосур бу вайн дегнаш чохь, цо, хьала а долуш, эххар а бакъдолчун стом лур бу. Ткъа и стом бу: безам, деган машар, даккхийдер, доккха собар, дика, эсалалла, тешар, къинхетам, ца оьшучух юхавалар (хь. Галатахошка 5:22,23). Ткъа лаьтто шена тIе дIадийннарг бен лойла дац. Нагахь вай декхарийлахь хиларан, къинтIера ца довларан, дегабаам баран хIуш тасахь, Делан безам хиларан метта, асар дер ду. Цунах къаьхьа орам олу (я къахьалонан орам). Френсис Френжипейна тIехдика билгалдаккхар ло оцу къаьхьалла бохучу дешан: «къаьхьалла – кхочуш ца хилла дIадекхар ду». Даг чу къахьалла йогIу, дIадекха болу лаам ша боххучу бараме ца кхаьчча.

Iебархошка аьлла долу Кехат яздинчо дуьххьал дIа аьллера цунах лаьцна:

> «Массо а адамца машаре хила, ткъа Далла гергахь цIена хила хьовса. ЦIеналла ца хилча, цхьанна а Веза Эла гур вац. Къаьсттина тидаме хила шайна юкъара цхьаъ Делан диканах дIа ца къастийта, *къаьхьачу орамех* дIаьвше маргIал хьала а даьлла, цуьнга *дуккха а нахана зен ца дайтархьама*» (Iебархошка 12:14,15).

Тидам белаш оцу дешнийн: «… цуьнга дуккха а нахана зен ца дайтархьама». Буй те уьш, Инжилан Маттайс дIаяздинчу декъехь (24:10) шайх лаьцна Iийсас «тIаьхьарчу деношкахь

царах дукхахберш Iехалур бу (я кхечу тайпана аьлча, уьш дегабааме бевр бу) аьллачу нахах тера?

Къаьхьо – иза орам бу. Нагахь орамна оьшург а деш, иза лелийча – хи тухуш, ларбеш, кхача луш, – иза чIагI а лур бу, кIоргге дIа а гIур бу. Нагахь орамца доьзнарг шен хеннахь ца къастийча, тIаьхьа иза схьабаккха чIогIа хала хир ду. Цхьанна долу халахетар де мел дели чIагIлур ду. Цундела кхайкхам бо вайга ПахIал-векало ишттачу дешнашца: «... Малх дIа ма бузийла шу дарделлачохь (Эпасхошка 4:26). Кхечу тайпана хилахь, бакъахьаралин стоьмийн меттана вайна дарделла леларан, дегабаам бина хиларан, гIам-гIим даран, хьагI хиларан, цабезам кхоллабаларан, реза воцуш хиларан, цхьа барт ца хиларан а стоьмаш гур ду. Iийсас царах уьш ледара стоьмаш ду аьллера» (хь. Маттай 7:19,20).

Шена хиллачу халахетарех дIа а къаьстина, машаре ца веана стаг эххар а бехлур ву, боху Делан Йозанаша. Ткъа мехала хилларг, тIаьххьара а къинтIера ца валаран къаьхьалло талхор ду.

## НУЬЦКЪАЛЧУ ПАЧЧАХЬАН ТАЛХАР

Кху книги тIехь вайна гира, Шаул-паччахьо шена дуккхаза а ямартло еш йоллушехь, Дауд цунна тешаме волуш висар. Дауд цунна бекхам бан ца гIертара, ур-атталла шозза а и бекхам бан шен аьтто баьллехь а. Иза Делан даго ма-бохху стаг вара, цо Делан кара дIаделира шаьшшиннан юкъаметтиг къастор. Ткъа Шаулна Делан кхел яр тIедеача, Даудан воккхавер дацара цунах. Цунна халахеттера Шаул валар, хIунда аьлча Даудан даг чохь цхьа  а къаьхьа орам бацара цунна дуьхьал.

Шаул веллачул тIаьхьа Даудах  паччахь хилира. Цо шайн мохк чIагIбира, тIемца йоьзна йолчу а, мехкан хьашташца йоьзна йолчу а  агIонаш тIехь а кхиамаш бехира цо, шен паччахьан гIанта тIехь чIагIвелла охахиира иза. Цо масех зуда а ялийна, цуьнан бераш хилира, царна юкъавогIура цуьнан

дуьххьарлера кІант Амнан, иштта кхоалгІа кІант Абушалам.

Даудан кІанта Амнана, шен дена йина йолу, Абушалайман йиша йолу Тамара Іехийра. Ша цомгуш ву, шена юург кечъян Тамара яийтхьара аьлла дехар дира цо шен дега. Цо еана юург йича, цо берриг ялхой ара а баьхна, хьийзира и йоІ. Ткъа цул тІаьхьа, иза бІаьргаян а ца езна, шена гучура дІаяккха иза, аьлла, омра дира цо. Амнана бехк боцу паччахьан йоІ бехйира, цуьнан сийдойуш (хь. Дауд 13).

Шен вешига цхьа дош а ца олуш, шен йиша ша волчу йигира Абушалама, амма Амнане бокхачу цабезамах вуьзира иза, цо Тамарин сийдайарна.

Шен дас Амнанна цхьа таІзар даре ладоьгІура Абушалама. Дауд-паччахь карзахваьлла хьаьвзира Амнана йинчу харцонах лаьцна шена хезча, амма цхьа а агІо ца яьккхира оцу хиллачуьнца доьзна. Абушалам чІогІа дог даьттІа вара шен дас и гІуллакх бакъонца къаста ца дарна.

Цхьана хенахь, цІера ялаза йолчу паччахьан йоІна догІуш ма-хиллара, хаза духарш дуьйхина лелара Тамара, ткъа хІинца эхьан а, сийсазаяларан а духар леладора цо. Иза хаза а, наха лоруш а йолуш лелла хир яра хьалха. Ткъа хІинца, чуьра ара а ца йолуш, ша йоІ-стаг ца хиларна, маре яха йиш йоцуш, ехара иза.

Иза нийсо йоцу хІума дара. Паччахьо гІо а аьлла, Амнана оьшучунна хьажа яхана йолчу хенахь тІедеанера Тамарина, иза сийсазъяккхар. Цуьнан ирс дайнера, ткъа и харцо йинарг, хІумма а хилла а доцуш санна вехаш вара. Цо цхьамма хьоьгура бала оцу шена тІедаийтинчу холчу хьолехь.

Де мел долу шен йишин холчу хІоттаран тидам бора Абушалама. Паччахьан йоІан ирсе хилла долу дахар ирчачу Іаламате даьллера. Абушалам оьгІазвахнера шен дена, ткъа харцо лелийна волу Амнан бІаьрга ван а ца везара цунна. Ши шо даьлча Абушаламан Амноне болчу цабезамо, иза вен йолчу Іалашоне валийра иза. «Аса бийр бу бекхам сайн йишина тІера, и дан дезаш волчу шен ден меттана», – боху ойла йина хила там бу Абушалама.

Цо, паччахьан берриг кӀентий а гулбина, той хӀоттийра. Цхьа а хӀума дагахь доцуш, Амнан веара цига, ткъа Абушалама иза вийра. Ша цу тайпана бекхам бича, Абушалам Гешуре ведира. Амма шен дена болу цуьнан дегабаам совбуьйлуш лаьттара, къаьсттина иза паччахьан цӀенна генахь волуш.

Абушаламан ойланаш къаьхьачу дӀаьвшо дӀалаьцнера. Иза Даудан кхачамбацарш гучубаха волавелира. Цунна шен дас ша тӀекхайкха лаьара. Амма Дауда ца дира иза. Цу агӀоно дегабаам хиларан цӀера юккъе даьтта доьттира.

Абушаламан даг чохь иштта ойланаш хилла хила а тарло: «Халкъо-м даккхийдерца тӀеоьцу сан да, амма и халкъ бӀаьрзе ду,  царна ма-варра ца вевза иза. Иза, ша-шена пайден дерг а лоьхуш, Делан цӀе яккхарца ша хьулвеш волу стаг бен вац. Иза-х Шаул-паччахьал а оьшуш ву! Ша Ӏамаликахойн паччахь ца верна а, цу паччахьан масех тоьлла болу уьстагӀ, стерчий ца дайарна а ваьллера Шаул шен паччахьан дaржах. Ткъа сан дас шена уггар тешаме волчу стеган зудчуьнгахула ямартло йина цунна. ТӀаккха, шен и къа дӀахьулдина цо, и стаг вен а вийна. Иза ша а ву адам дийна волу а, ямартло йина волу а стаг – цундела таӀзар ца дира цо Амнанна. Цу тӀе а Везачу Далла тӀехула долчу Ӏамалъярца, ша дӀахьулван гӀерта иза».

Абушалам кхаа шарахь Ӏийра Гешурехь. Цхьа хан дӀаелира, шен кӀант Амнан валарца доьзна долу догдохар лагӀделира, синтеме хилар деара Даудана. Йоаба хьехар дира Даудана, Абушаламе цӀа вола ала, аьлла. Амма Дауда кхидӀа а цӀа ца вуьтура  шен кӀант. Кхин а ши шо а делира, тӀаккха Дауда, эххар а юхаваларца цӀа ваийтира Абушалам, цуьнца йолу юкъаметтиг метта а ялош, паччахьан кӀентан хила деззачу тайпана дерриг хьал цунна юха а дерзош. Амма Абушаламан даг чуьра дегабаам, ша хьалха ма-хиллара бисинера.

Абушаламна шен дагахь дерг дика дӀахьулдан хаьара. «Ткъа Абушалама я вон, я дика а ца дуьйцура Амнанца: хӀунда аьлча боккха цабезам бара Амнане Абушаламан даг чохь» (Дауд 13:22). Дуккха а долчу адамашна хьулдан хаьа шайн дегабаам я

цабезам хилар, Абушалама а иза ма-дарра.

Цу тайпана дегабааме волуш, массо а хIуманна реза ца хилар долуш, паччахьна реза доцу адамаш шена тIедало волавелира Абушалам, царах хIораннан а латкъамашка ладогIарна хан йойура цо. Цо, велха а воьлхуш, шадерг кхечу тайпана хир дара, ша паччахь велхьара, олура. Абушалама, цу исраилхойн гIуллакхашка а хьожий, церан мах а хадабора кхел а йора, паччахьан церан гIайгIа барна хан ца хуьлу алийтархьама. Абушалам церан гIуллакхашка хьажар, цо уьш таллар, шен гIуллакх а нийсонца ца къастийна дела, иза цу нахах кхетарца, доьзна хила там бу. Цо халкъан гIайгIа бо аьлла хеталора. Делан Йозанаша боху, Абушалама шен дегара Даудера исраилхойн дегнаш лачкъийнера. Амма билггал дерг хIун дара те? Билггал даггара дарий-те Абушалама адамийн гIайгIа бар, я шена халахетар дина волу шен да, паччахь волчуьра дIаваккха агIо лоьхура-те цо?

## КХЕЧЕРАН ГIАЛАТАШ ЛАХАРНА ТIЕХЬ ГОВЗА БОЛУ ЭКСПЕРТАШ

Абушалам, исраилхой шен агIор а баьхна, Даудана дуьхьалвелира. Дауд-паччахьан Ярушалаймера дIавада дийзира, шен са лардархьама. ТIехула хьаьжча, Абушалама шен паччахьалла дIахIоттор долуш санна хеталора.

Амма, Даудана тIаьхьа ваьлла волуш, иза вийра, Дауда иза дийна витарна омра дина доллушехь.

Билггал аьлча, Абушалам хIаллакхвинарг, цуьнан даг чохь къахьо хилар, цо дегабаам бар дара. Паччахьан тIаьхьенах а волуш, дика агIонаш йолуш волу и стаг, шен дахарх уггар хазчу хенахь велира, шена декхарийлахь ву моьттучу, шен дена иза къинтIера ца валар бахьанехь. И бахьанехь иза къилахь хилира.

Динан тобанан куьйгалхошна гIо деш гIуллакх деш берш, шайн куьйгалхошна реза ца хуьлу дукхахьолахь. Юха кеста уьш

шайн куьйгалхойн ледара агIонаш гучуяха а гIерташ, церан а, я оцу куьйгалхоша хIоттийначийн а гIалаташ гучудахарна тIехь говзанчаш хуьлий дIахIуьтту. ТIаккха церан хьажар телха, уьш Дела санна ца хьожу массо а хIумане.

Царна хета шаьш дан дезарг, шайна гонаха мел берш нийсо ца лелочу куьйгалхойх паргIатбаьхна, цу тайпана оьгIазбаханчийн а, реза боцучийн а, хIоьттинчу хьолах ма-бохху кхетар доцучийн а дегнаш шайгахьа дерзор ду. Уьш шайна кхийдочух кхетале динан тобанехь я дечу гIуллакх тIехь декъадаларш нисло. Абушалама а иза дина ма-хиллара.

Наггахь иштачу адамийн хьажар нийса хила а тарло, хила ма-дезза хила а там бу. Дауда Амнанца дерг къасто дезаш хилла хила а мега. Куьйгалхойн а хила тарло цхьацца ледара агIонаш, гIалат далар а нислуш. Амма кхелахо мила ву – вай я Веза Эла? Хаалаш, аша мостагIалла хилар юкъадаладахь, иза шуна юхадоьрзур ду.

Абушаламна хилларг а, динан тобанашкахь хуьлург а – цхьана хенан йохаллехь хуьлуш долу хIума ду. Вайна ваьшна а ца хаьа дукхахьолахь, вайн дегнаш чохь болу дегабаам муха кхоллабелира. И къаьхьа орам хилар юьхьенца халла хаало. Амма цунна ижу луш кхаьбча, иза хьала а кхуьуш, чIагIлуш лаьтта. Iебархошка Кехат яздинчо ма-аллара, «къаьсттина тидаме хила шайна юкъара цхьаъ Делан диканах дIа ца къастийта, къаьхьачу орамех дIаьвше маргIал хьала а даьлла, цуьнга дуккха а нахана зен ца дайтархьама» (Iебархошка 12:15).

Вай вешан дегнаш талла деза, Везачу Элана хьалха дIа а деллалуш, Цуьнан вай нисдан йиш хилийтархьама, хIунда аьлча Делан Дашан бен йиш яц вайн дегнаш чохь доллург довза а, талла а (Iебархошка 4:12). Делан Сино Iорадоккху адаман даг чохь доллург, адамна эхь-бехк хилар а доуьйтуш. Вай дIататта ца деза Цуьнан Iорадаккхар я иза дIадайа а ца деза. Нагахь шух цхьаммо и саннарг динехь, Далла хьалха дохко а довле, Дезачу Синна хьалха шайн дегнаш дIаделла.

Динан тобанехь гӀуллакх деш волу цхьаъ дагаваьллера сох шен гӀуллакххах лаьцна. Иза цхьана гӀаларчу динан тобанера куьйгалхочун гӀоьнча хилла, ткъа вукхо иза дӀаваьккхинера. Оцу куьйгалхочун цу къоначу стаге хьагӀ йолчух тера дара, цу къонахчунна тӀехь Делан куьг хиларна, иза кхоьруш хилла цунах.

Цхьа шо даьлча, оцу дӀаваькхинчу къонахчунна Везачу Элан Ӏалашонехь ду, ша оцу гӀаларчу кхечу районехь керла динан тоба гулъян езар, аьлла хийтира. Цо иштта дан а дира, хьалхалерчу гуламера цхьаберш кхуьнан тобанна юкъабаьхкира. И къонах жимма гӀайгӀанехь вара, шена Абушалама диннарг дан ца лаарна. Амма шен даг чохь оцу шен хиллачу куьйгалхочунна шен даг чохь цхьа а дегабаам хилар ца карадора цунна. Цо и керла тоба Везачу Элан лаамца кхоьллинера, цунна дага а ца догӀура, хьалха ша хиллачу динан тобанехь ша ма-бохху ца вевзинера царна бохург.

Аса Абушаламна а, Даудана а юкъахь йолу башхо гайтира цунна. Абушалама ша халахетта волу дела, шегахьа бохура и кхечу куьйгалхочун нах. Ткъа Дауда Шаулна тешаме хиларе кхойкхура нах, Шаул шена тӀаьхьаваьлла леллашехь. Абушалама шегахьа бехира нах, ткъа Дауд ша висира.

> «И хьайн динан тоба айхьа йитирий ахьа? – хаьттира аса цуьнга. – Шайн оцу тобанера адамашка хьайгахьа гӀо даккхаре я хьайца цу тобанна юкъара дӀадахкаре кхайкхамаш-м ца бинера-те ахьа?»

«Со сой дӀавахара, кхечу адамашка цхьа а тайпана кхайкхамаш ца бира аса», – жоп делира цо.

> «Иза дика ду, ахьа Дауда диннарг дина хилла. Хьуна тӀаьххьий дӀабаьхкинчу оцу нехан шайн хиллачу куьйгалхочунна дегабаам ца хиларх хьуо тешна хилархьама, хаттар дехьа цаьрга. Ткъа нагахь оцу куьйгалхочунна церан цхьацца дегабаам кхоллабеллехь, уьш, паргӀат а бевлла, тобаларе балабе ахьа».

Цу стеган динан тоба шорлуш лаьтташ ю хӀинца. Цуьнан къаьсттина хӀара агӀо дика хийтира суна, иза, шен даг чу хьаьжна, цу чохь доллург талла ца кхоьрура. Шен даг чохь дерг талла кхерам ца хилла а ца Ӏаш, шена беллачу нийсачу хьехаме ладогӀарна муьтӀахь а вара иза. Цунна ша Делан некъашна муьтӀахь хилар коьрта ду аьлла хета, ша «бакъхилар» хьалхадоккхучул.

Ма кхералаш шайн даг чохь долу къинтӀера ца валар я цхьа къаьхьо хилар Дезачу Синна хьалха дӀаделла. Иза хьулдина шу мел Ӏаро, шун дог кхин а сов шога дийр ду. Ма хилийталаш шайн дегнаш къиза! Ткъа иза муха дийр ду?

> «Муьлхха а дог карзахе хилар, дералла, оьгӀазло, мохь хьекхар, къизалла, дӀакъастийла шух, амма вовшашца дика а, къинхетаме а долуш, вовшашна къинтӀера довлалаш, Дала а Ша леррина Къобалвинчуьнгахула шуна гечдаре терра (Эпасхошка 4:31, 32).

Халахетар чIогIа мел ду, шу цунна тIехь толам боккхучу хенахь, алсам хьалакхуьу.

# КОРТА 13

# ГУРАНО ДІАЛАЦАРХ КІЕЛХЬАРА МУХА ВОЛУ

***Цундела дерриг сайн ницкъ кхочург дан гIерта со Далла а, нахана а хьалха догцIена хилархьама.***

**– Векалийн 24:16**

Муьлххачу а халахетарх паргIатваларна, ницкъ тIебахийта безаш хуьлу. ПахIал-векало иза дусту адамо шен дегI чIагIдарна тIехь болх барца. Нагахь вешан догIмаш чIагIдарна тIехь вай болх беш хилахь, вай лаздарх болу кхерам кIезиго хуьлу вайн. Цкъа Гавайи-гIайрен тIехь со волуш цхьана пенна тIевала гIоьртира со, цу тIера суьрташ дахархьама. ТIаккха, и дан а гIоьртина, голашка лазар а деана, деа дийнахь вола ца луш висира со.

> «Нагахь ахьа хIора дийнахь хьайн дегI упражнениш ярца чIагIдинехьара, – элира соьга лоьро, – иза хир дацара хьоьца. Хьан дилха малделла ду, цундела атта лазо там бу хьо».

Сан болар метта деанчу хенахь кхечу лоьро хьехам бира суна: «Ахьа цхьацца дегIан упражнениш ян еза, хьайн гола метта балорхьама», – аьлла. Суна масех бутт бийзира, сан лазийна гола меттабалорна.

Векалийн тептар тIехь (24:16) долчу «ницкъ кхочург до» (ингалсан маттахь «упражняться до») бохург, грекахойн маттарчу аскео бохучу дашца догIу. Вайно язъйинчу маьIнанийн словарь тIехь «ницкъ кхочург дар» бохучух иштта кхетаво: (лазам лар, ницкъ тIе бахийтар, лазамах чекхвалар, тренировкашкахула я низам лардарехула чIагIвалар».

Наггахь вайна хала ца хуьлу ваьшна халахетар динчунна къинтIера довла. Вай вешан дегнаш Iамийна цу тIехь, цундела уьш кийча хуьлу и халахетар дIахеца, цу тIехь цхьа а лазам ца хаалуш, цуьнан тIаьхье ца юьсуш.

Дуккха долу адамаш Гавайера цу пенна тIе довлалур ду, дилханца доьзна цхьа а лазар ца догIуш, уьш цу халонах чекхбовла дика Iемина болу дела. Цу тайппана Делах тешар долу цхьаберш Дала кечбина хуьлу церан дегнаш Iаморехула. Вайн синошца вай чIагIделла хиларо гучудоккху, вайна хиллачу халахетарах деган лазам ца хуьлуш вайн чекхдовлар муха хуьлу.

Цхьаццадолу халахетар хилар шеца цхьа кIорге йолуш хила там бу, иза лан шу кийча хиллачул. Иштта чIогIа хиллачу халахетаро деган лазам а, лазар а даийта там бу, цул тIаьхьа синошца царах чекхдовла Iама дезар тIе а доуьйтуш, цу халахетарх кхоччуш вай паргIат довллалц а, тодаллалц а. Амма эххар а кхочушхин дерг дезахо хир ду вай хьегначу къинал. Кху коьртехь аса дуьйцур ду, уьш лархьама боккха ницкъ тIебахийта безар долчу, кIорггера динчу халахетарех лаьцна.

Цхьана динан хьехамчо чIогIа халахетар динера суна. Цо

юьхыІаьржахІоттийнера со, оцу цхьана шарахь эха шарахь дуьххьара дина ца Іара цо иза.

Гонаха болчу массарна а хаьара цунах лаьцна. «Хьуна хала ца хийтира иза? – хоьттура цара соьга. – Хьо хІун дан воллу тІаккха. Кхин вист а ца хуьлуш, иза иштта дита-м ца воллу хьо?»

«Шадерг дика ду, – олий, сайна тем бора ас. Суна хІумма а ца хилар цунах-м. Сайн дахарехь Дала бохучунна тІехь волуш дІавоьду со», – бохуш.

Амма ас луш долу жоп сан кураллица доьзна дара. Суна чохь боккха деган лазам бара, амма иза ур-атталла сайх а дІахьулдан гІертара со. Наггахь дуккха а хан йоккхура аса, соьца муха хила тарлора и саннарг бохучун ойланаш еш. Со баланехь вара, инзарваьлла а, Іадийна а вара со. Амма и ойланаш дІатоьттура аса, со ницкъ болуш ву а моттуьйтуш, ткъа билггал аьлча, со эгІаза а, чІогІачу лазамехь а вара.

Беттанаш дІаоьхура. Шадерг дакъаделла санна хеталора: сан динан хьехарца боьзна болх ширбелла хеталора, ас доІанаш до сан чоь яссаеллера, ткъа со даим баланехь вара. ХІора дийнахь жинашца тІом бора аса. Сайна тІедеанарг аса бечу балхаца доьзна хир ду моьттура суна, амма билггал аьлча аса хьоьгург сан къинтІера ца валарца доьзна дара. ХІоразза а, суна халахетар динчунна уллохь со нисвелча, сан синна йиттинча санна хеталора суна.

ТІаккха суна цкъа а йиц лур йоцу цхьа Іуьйре еара. Сайн цІенна уллорачу бешахь гІанта тІе хиъна Іаш вара со, доІанаш а деш. «Веза Эла, оцу гІуллакхо баийтина-те суна и лазам?» – хоьттура аса. Ас и дешнаш ма аьллина, сайн синан кІоргенехь суна хезира: «ХІаъ!»

Делан лаам бара суна ма-бохху, сайна халахетийтинарг хІун ду хаар.

> «Дела, гІо дехьа суна оцу лазамах а, оцу халахетарх а паргІатвала, – бохуш дехарш дира аса. – Сайн ницкъ кхочур бац сан цу тІехь».

Суна сайн ницкъаца хIумма а далур дац бохучунна со билггал тIевалор дара Везачу Делан лаамехь дерг. Дукхахьолахь цхьацца долу хIуманаш вешан синойн ницкъаца дан гIерта вай. Амма и бахьанехь вайн синойн Делаца хила езачу уьйран кхиаме хилар дIадолу. Мелхо а, вайн дегнийн малдалар тIедоуьйту цу агIоно. Дегнийн тодалар хиларна а, паргIатдовларна а тIедуьгу хьалхара гIулч хIара ю: шаьш деган лазамо дIалаьцна хилар тIеэца. Дукхахьолахь куралло дIалацарна вайн даг чохь лазам хилар, ваьш халахетарх дуьзна хилар дIа ца доьллу вай. Ткъа сайн даг чохь билггал доллург аса тIе ма эцнехь, Везачу Делан лаамехь дерг лаха а волавелира со, Цо сайна гойту сох даьлларг а, Цо со нисвар а тIеэца кийча а хилира со. Суна хааделира, Делан лаамехь аса масех дийнахь марха кхабар хилар. Марха кхабаро Дезачу Сино хьохург хазарна синца сема хилар ло.

> «ХIара ду Суна лууш долу марха: харцонан гIоьмаш дIаяха, дезачу дуькъан машшаш дIадаста, Iазапехь берш паргIатбаха, муьлхха а дукъ дохаде…» (ЕшаI-ЯхIу 58:6).

Со кийча вара Iазапах со кIелхьарвалийтархьама, и харцонан дукъаш дохадарна.

Масех де даьлча цхьана тезете кхечира со. Суна вас йина стаг а вара цигахь. Геннара цуьнга а хьоьжуш, со велха волавелира: «Веза Дела со къинтIера волу цунна. Аса паргIатвоккху иза цо мел динчунна гечдарца», – элира аса. Цу сохьта сан даг чохь хилла болу беза мохь дIабалар хааделира суна. Со къинтIера велира цунна. Ма синан паргIатдалар хааделира суна!

Амма иза со меттахIоттаран некъан доладалар бен дацара. Сайн даг чохь со къинтIера велира, амма суна ца хаьара суна чохь болчу лазаман берриг барам мел бу. Со хIинца а вас хила кийчча вара. ДегIехь долчу цхьана лазарх паргIатваларх тера дара и дерриг. Со Iама везара, сайн дог а, кхетам а, суна хетарг а дIа а тоьттуш, синца чIагIвала, кхидIа а хила там болчу лазамех къахкархьама.

# ЮХА А ТІЕІИТТАЛУЧУХ ЛАЬЦНА ХІУН ЭР ДАРА?

Масех бутт дІабелира. Наггахь со къинтІера валале сан ойланашкахь хилларг, юха а сайна тІедарах юхавала дезара сан. Иза иштта хуьлура, со санна цхьанна вас хилла волу стаг шен бала балхош суна тІевеача я суна вас йинарг суна гича, я цуьнан цІе йоккхуш суна хезча. Сайн и ойланаш хаа ма еллинехь царна дуьхьалволура со, сайн даг чуьра уьш дІа а лелхош. (хь. 2 Коринтхошка 10:5) иза со паргІатваларан дуьхьа беш болу тІом бара.

Эххар а, Везачу Деле хаттар дира аса, со къинтІера ца валийтархьама юха а суна тІейогІучу оцу ойланашка со дІа ца лацийта, хІун дан деза-те аса, аьлла. Суна хаьара, Делан лаам, со оцу хьолера паргІатваьккхина, синца йолчу агІор со кхиаме хиларе ваккхар буйла. Ткъа суна-м сайна а ца лаьара сайн дахаран йисина хан суна тІаьхьадаьлла лелачу халахетарца къийсамехь яккха. Хьайна халахетар динчу стагана тІера доІанаш де, элира соьга Везачу Дала, Шен хІара дешнаш дага а доуьйтуш:

> «Ткъа Аса боху шуьга: шайн мостагІий беза, шайна зулам деш берш декъал бе, шаьш ца дезачарна дика де, шайна халахетар динчарна а, шуна гІело ечарна а тІера доІанаш де …» (Маттай 5:44).

Со доІанаш дан волавелира. Цкъа хьалха декъачу, дог ца догІучу озаца доІа дира аса, даггара бохург дага а ца доуьйтуш. Иштта дан деза-кх иза, бохучу ойланца ас элира: «Веза Дела, декъал вехьа иза. Де дика даийтахь цуьнан. ГІо дехьа цунна цуьнан дерриг гІуллакхаш тІехь. Іийса цІарах доьху аса. Амин».

Иштта дІаделира масех кІира. Цу хьоло цхьа а хІума а хуьйцур дац сан дахарехь аьлла хеталора суна. Цхьана Іуьйранна Везачу Эло Забуран 34-гІа назма дагатесира суна. Суна дага ца догІура цу тІехь дерг, цундела тептар дІа а диллина деша волавелира со. И назма юккъалц ешча, цу тІехь

дерг сох а, соьга хIоьттинчу хьолах лаьцна хилар гира суна:

> «Бевлла-кх суна дуьхьал харц болу тешаш· Барт хоьтту цара соьга хаъанне а ца хуучух· Ас динчу диканна дуьхьал вон до суна цара· Сан са а ма дуьту дIатесна цара» (Забур 34:11,12).

Со Даудаца вустийла дара сан. Суна хетарехь, аса вуьйцучу оцу стага а, цуьнан цхьаболчу гIоьнчаша а аса динчу диканна дуьхьал вон динера суна. Сан са гаттаделла дара. Дала и назма дагаяийтинера суна, тIаьхьарчу масех шарахь суна чохь боллу тIом гайтархьама. Цу тIера цхьана меттиго чIогIа догъайдира сан, корта тхевнах тоххал со ирхъэккхуьйтуш!

> «Уьш цамгаро дIалаьцча, таьIна бедарш юхура ас· Сайн са а гIелдора аса марханаш кхабарца· Ас цхьанна тIера дина доIанаш жоп доцуш дисича, сайн доттагIа я ваша и волуш санна, гIайгIане хуьлура со· Сайн ненан тезетехь волуш санна, корта а оллийна, догдоьхна хуьлура со» (Забур 34:13,14).

И нах ша хIаллакван тIаьхьабевлла, бохура Дауда· Цара вон дарца бекхам бинера Даудана, цо цхьа а зуламе хIума шайна дина доццушехь· Забуран 34-чу назманан цу аяташа сан дахарехь хIоьттинчу хьолана жоп лора·

Дауд шена кхечара динчуьнга ца хьоьжура. Нийса дерг дан болчу сацамца цо цу нахана тIера доIанаш дора, уьш шен вежарий болуш санна, иштта шен еллачу нанна бинчу белхарехь ша волуш санна, кхоьлина а лелара иза. Дала гайтира суна, сайна халахетар динчу оцу стагана тIера доIанаш аса муха дан деза: «ДоIа а деш, хьайна Соьгара хила луун дерг, цунна а хилар деха». ХIинца сан доIа кхоччуш хийцаделира. Иза дацара хIинца кху тайпана: «Веза Дела, декъалвехьа иза, дика де а лохьа цунна».

ХIинца сан доIа дахарах дуьзна дара. Аса иштта доьхура: «Веза Дела кхин а сов дIавеллалохьа цунна, Хьо цунна уллохь хиларца декъалвехьа иза. Хьо кхин а кхоччуш вовзийла цунна.

Хуьлийла иза Хьан лаамехь лелаш, Хьан цІе язъйойла цо». Делера сайна а хила луун дерг, доьхура ас цунна а. Цхьана баттахь даггара доьхура ас цунна тІера, чІоггІачу озаца иштта а олуш: «Аса декъалво хьо! Іийсан дуьхьа хьоьга безам бу сан!» Иза сан деган кІоргенера болу мохь бара. ХІинца аса цунна тІера деш долу доІа сайн дуьхьа а доцуш, цуьнан дуьхьа деш долу доІа дара. Со тешна вара сан синца товалар кхоччуш хиларх.

## КОНФРОНТАЦЕХ ЧЕКХВАЛАРЕХУЛА ТОВАЛАР

Кхин а масех кІира дІаделира, суна юха а дуьхьалкхийтира и стаг. Сан даг чохь хІинца а цатам хаалуш бара. Хьалха ма-хиллара, сайн даг чуьра реза ца хиларна дуьхьало ян гІертара со.

– Джон, хьо и волчу ваха везара, – олура соьга сан зудчо.

– ХІан-хІа, ца оьшу, – тешайора аса иза. – Со-м товеллера хІинца», – бохуш.

Амма суна хаалора, и сан дешнаш Дезачу Сино чІагІдеш ца хилар. Цундела ас Везачу Эле хьаттира, ваха везий-те со цунна тІе, аьлла. Цо жоп делира: «ХІаъ».

Со вогІур ву аьлла, цу стагца барт а бина, цунна совгІат эцна, вахара со и волчу. МуьтІахь а хилла, со бакъ ца хилар цунна хьалха дІа а диллина, къинтІера ваьккхира аса иза. Тхошиъ берта вахара, иза суна къинтІера ваьлла хилар а, со синца товалар а хааделира сан дагна. Товелла а, чІагІвелла а аравелира со цуьнан офисера. ХІинца сайн деган лазамца тІом бан а ца дезара сан, цунах лаьцна вониг ала лаам а дІабаьллера. Цу хенахь дуьйна тхан юкъаметтиг чІагІъелира, кхин вовшех ца кхетар ца хуьлура тхуна юкъахь. Цул сов, цхьацца хІуманна тІехь кест-кеста вовшашна гІо дан а гІерта тхо хІинца.

«И стаг суна дуьххьара гича, – дуьйцура аса Лизе, – цо цхьа а харцдерг до бохург ца гора суна. Иза бакъахьара стаг ву аьлла сайна хета дела, везара суна иза. Амма цо сайна и вас йича, иза

веза хала дара суна. И юкъаметтиг меттахІотторна сайн Делах мел долчу тешаран ницкъ тІебахийта дийзира сан. ХІинца, оцу меттахІоттаран а, синца товаларан а хенах со чекхваьлча, хьалха, суна дуьххьара и вевзинчу хенахь хиллачу тайпана, чІогІа безам бу сан цуьнга, цуьнан цхьана а кхачам бацаре а ца хьоьжуш. Иза кхачаме болу безам хилар ду».

> «Уггар коьрта вовшашка безам хила гІерта, хІунда аьлча безамо дукха къинош дІахьулдо» (1 Кипин 4:8).

Ваьшна цхьа а зуламе дерг ца до адамаш деза атта хуьлу вайна. Зуда ялийначун дуьххьарлерачу баттахь хуьлчу безамах тера хуьлу иза. Амма кхечу тайпана хуьлу цу стеган кхачам бацарш, гІалаташ гучудевлча а адам деза дезча, цу тІе цуьнан оцу кхачам боцу агІонашкахула вайна цатам хиллехь. Делера болчу безамо болх бора сан кхачамбацаршца, сан дог а чІагІдора.

Цу хенахь дуьйна масийттазза Іитталора суна и санна йолу киртигаш, амма хІинца суна хала дацара къинтІера вала а, даг чу вас ца яийта а. Ткъа цуьнан бахьана доьзна дара, сан дог хІинца халахетар тІе ца дита Іемина хиларца.

Масех бутт баьллера Дала сан цІенна уллохь сан даг чу аьллачу хенара, синца товалар а деана, оцу стеган офис чуьра со араваьллачу ханна тІекхаччалц. Суна Іамарна кечам байта елла хан яра иза, сан дог хийцалуш а, чІагІлуш а дара цу хенахь, цу агІор хІумма а хийцалойла а дац аьлла, суна хетташехь. Бакъдерг аьлча, суна-м, хьалха хиллачул а эшамехь вуй теша со, аьлла хеталора. Амма, меттахІоттаран некъа тІе воккхуш болчу, нийсачу новкъахь вара со. Соьга яккхалун йоллучул гІулч а йоккхуьйтуш, дахаран некъахула вуьгура со Делан Сино. Иза со кхачаме хиларе вуьгучу некъан дакъа дара. Соьга Дала баккхийтина и некъ цхьана а кхечу хІуманах хуьйцур бацара аса, со баркалле а ву цу некъо сан дахаре беанчу стоьмана.

# ХАЛОНАШКАХУЛА КХИЪНА ХИЛАРЕ КХАЧАР

Вайн синошца кхачаме хилар аттачу хенахь а доцуш, вай уггар холчу хІоьттинчу хенахь хуьлу. Везачу Элан некъахь вай лелачу хенахь вайна тІе гуттара а халонаш хІуьттур ю. Вайн царах къахкийла а дац, хІунда аьлча цара шайн меттиг дІалоцу, Дала вай кхачаме хиларна тІехь вайца болх бечу хенахь. Нагахь шун царах къехка сацам хилахь, цо йоккха новкъарло йийр ю шуна синца кхиаме хиларна тІехь.

Ишттачу новкъарлонаш тІехь аша толам баккхахь, шу чІагІлур а ду, кхечу адамашца къинхетаме а хир ду. Шуна кхин а дукха везалур ву Іийса. Нагахь оцу халонех шу чекхдевллехь, амма Іийсага болу шайн безам совбалар шуна ца хааделлехь, шун шайна хиллачу васах паргІат ца девлла а, то ца делла а хила там бу. Хиллачу халахетарх товалар – иза аша шаьш къасто деза хІума ду. Цхьадолчу адамийн, шайна хиллачу чевнех тодалар цкъа а ца догІуш дисар а нисло. Иза, мел къиза ду аьлла хетахь а, адамо ша къасто деза хІума ду.

Іийса Шена тІехІуьттучу халонашкахула муьтІахь хила Іемира. Кипа а Іемира муьтІахь хила ша чекхваьллачу халонашкахула. ПахІал а Іемира муьтІахь хила ша чекхваьллачу халонашкахула. Ткъа хьо? Іеминий-те хьо иштта хила? Я шога а, кІоршаме а, къиза а дог хиларх а, къаьхьалонах а, хьайна хиллачу васана къинтІера вала ца лаарх а вуьзна стаг ву те хьо? Иза хьох лаьцна делахь, хьо муьтІахь хила Іемина вац.

ХІаъ, хуьлу цхьаболу дегабаамаш, гІеза тІехь ца дуьсу хи санна, сихха бицлур боцуш. Шун цу тІехь болх бан дезар ду, царах паргІатдовларна тІе ницкъ бахийта а безар бу аша. Амма и болх барехула, шун кхиаме хилар, синца сема хилар а догІур ду.

Синца сема хилар атта хуьлуш хІума дац, иштта дацахьара, массо а адаман хир яра и агІо. Иштта долу дахар дуккханийн ца хуьлу, царна тІе дахарехь цхьацца дуьхьалонаш хІуьтту

дела. Ткъа и дуьхьалонаш хІуьтту, вайна гонаха долчу адамийн дахар бакъахьара а доцуш, шаьш-шайн дезар совдаккхарца уьш деха дела. Кху дуьненан эла ву хІаваэхь олалла деш (хь. Эпасхошка 2:2). Цундела, Дала леррина Къобалвинарг санна кхачаме хиланхьама, ша-шен везар хьалхадаккхарна тІехІуьттуш йолчу, цхьацца халонех чекхдала дезаш хуьлу адам. ПахІал юха а кхаа гІала вахара, цигахь Делах тешар долу адамаш гулдеш. Цуьнан Іалашо яра муьридаш синошца чІагІбар. Делахь а, нийса хир ду, цо иза муха дора бохург тидаме эцар. Цо иркарахІиттабора уьш:

> шайн тешарехь уьш латта безар чІагІдеш, Делан Олалле кхачархьама, дуккха болчу баланех уьш чекхбовла безар а хьоьхуш (Векалийн 14:21,22).

ПахІала ца бохура церан дахар атта хир ду. Кху дуьнено кхийдош долчу дуьненан хьаштех уьш бузур бу ца бохура цо. Цо гайтира царна, нагахь шаьш чекхдовла деза дахаран некъ баккхийберца баккха церан ойла елахь, церан некъахь йоккха дуьхьало хІуттур ю, шех лаьцна ПахІала «баккхий баланаш» аьлла йолу. Нагахь хин кеман тІехь дІадоьдучу хинна дуьхьал шу доьлхуш хилахь, цу хих хьалхадовлархьама, хаддаза пийсаг хьоькхуш даха дезар ду шу. Нагахь, мал а делла, аша пийсагашца болх ца бахь, эххар, хи дІадоьдучу агІор дІадахар нислур ду шун. Цу тайппана, нагахь Делан некъахула даха сацам вай бахь, вайна тІе а дуккха а баккхий баланаш хІуьттур бу. Оцу дерриг а зерехула дахаран уггар коьртачу хаттарна аша лун долу жоп гучудер ду. Кху дерриг дуьнено деш ма-хиллара, шайн лаамехь дерг лоьхур ду те аша, я шаьш-шайн кхоадар доцу дахар хоржур ду те аша?

Хаалаш, нагахь вай вешан дахар Іийсан дуьхьа дІалахь, вайна Цуьнан дахар карор ду. Шайн тидам, оцу синца беш болчу тІамана тІе а доцуш, эххар а шайна хин долчунна тІе берзабелаш.

Кипас дика аьлла цунах лаьцна:

> «Сан хьоменаш, шуна тамашийна ма хеталаш шайн луьра зер лан дезар, дага ма даийталаш, шайца цхьа тамашийна хІума хуьлу аьлла. Мелхо а, даккхийде шаьш Дала леррина Къобалвинчун баланашкахь дакъа лацарна. Цуьнан сийлалла гойтучу дийнахь шу даккхийдеш а, самукъадаьлла а хир ду» (1 Кипин 4:12,13).

ПахІало баланаш хьегаран барам воккхаверан барамца дустуш хилар тергаме эцалаш. Ткъа муха кхачалур ву цу тайпанчу воккхаверан бараме? Дала леррина Къобалвинчун сийлалла гучудаьлча, шу а хир ду цуьнца сийдина. Іийсан амал шуна чохь гучуйоллучу барамехь хир ду иза. Цундела шайна хиллачу халахетаре ма хьежалаш. Хиндолчу сийдаре хьажа. Далла бу хастам!

Дагазалла дага тесначу
вешина гIо дар гIолехь ду,
шаьш бакъ хилар гайта
гIертачул.

# КОРТА 14

# ВАЙН ІАЛАШО – МАШАР БАР Ю

***Шуна ма-хаъара, вайн дайшка аьлла хилла: «Адам ма де. ХIора, стаг вийна волу зуламхо, кхелахочо жоьпе озор ву. Ткъа Аса боху шуьга: шена уллорачунна оьгIазвахана волу хIора стаг кхелахочо жоьпе озор ву. Стага шен вешина «Iовдал!» аьллехь, цунна коьртачу кхеташоно таIзар дийр ду. Шена уллохь волчуьнга: «Яьсса хIума!» аьлла, вистхилларг, жоьжахатан цIера хьалха а хIоттийна, жоьпе озор ву. Цундела хьуо Далла сагIа даккха воьдучу хенахь, цхьаъ хьайна реза воцуш хилар хьайна дагатасахь, и совгIат сагIа доккхучу кхерчана йисте охьа а диллий, цу стагаца куьйге ваха хьажа. Цигара юхавирзинчул тIаьхьа дийр ду ахьа Далла гIуллакх».***

**– Маттай 5:21-24**

Уьш «Ламанан басера кхайкхам бар» цIе йолчу коьрта тIера аяташ ду. Іийсас ишттачу дешнашца дІаболабо шен кхайкхам: «Шуна ма-хаъара, вайн дайшка аьлла хилла…»

Цул тIаьхьа Цо олу: «Ткъа Аса боху шуьга…» Цу тайпана долу дустарш и кхайкхам чекхбаллалц даладо Iийсас. Цкъа хьалха вай кхочушдан деза тIедилларш даладо Цо. ТIаккха и тIедилларш муха кхочушдан деза гойту, уьш даг чохь дIаязделча. Делан бIаьргаш чохь, цхьаммо цхьа гIело йина адам далар, дер санна лерина а ца Iаш, ур-атталла шен веше цабезам берг а, адам дийнарг санна лору. Шайн даг чохь шу ма-хиллара, билггал иштта долуш а ду шу!

Шен кхайкхаман оцу декъехь Iийсас кхоччуш билгалдаккхарца халахетар хиларан тIаьхьалонах лаьцна дуьйцу. Цо гойту оьгIазваханчунна а, я халахетаран къаьхьа орам шена чохь латточунна а луьра таIзар дийриг хилар. Бахьана а доцуш, шен вешина оьгIазоьхург кхеле озор ву. Цунна лакхарчу кхело (синедрионо) кхел йийр ю, нагахь оцу оьгIазлонан тIаьхьало хилахь а, цо шен вешех «рака» алахь а!

Рака бохучу дешан чулацам бу «яьсса хIума» я «Iовдал» бохург. Адам сийсаздеш олуш долу и дош Дала леррина Къобалвинарг лаьттахь волчу хенахь яхIудхоша юкъадалош хилла. Нагахь шен вешех «Iовдал» аллал оьгIазло еана хиллехь, и стаг жоьжахате кхаччал кхерамехь хилла. «Iовдал» бохург «Делан мостагIа» бохург ду. “Сонтачара шайн дагахь боху: «Дела вац»” (Забур 13:1) Цу хенахь шен вешех хьекъал доцург алар кIорггера бехкедар лоруш дара. ОьгIазло боккхачу цабезаме яьллачу стага бен, олийла дацара иштганиг. Иза дуста мегар дара шен веше: «Жоьжахатехь воллийла хьо» бохучуьнца – цуьнан даг чохь иза дан а долуш.

Iийсас гойтура шен оьгIазлонна тIехь болх ца баро, цабезам хиларе далорг хилар. Нагахь адам цабезамах паргIат ца далахь, цо иза жоьжахате дигарна кхерам бу. Цул тIаьхьа Цо элира, нагахь нахана, шайна дуьхьалдаккха шайн вешин цхьа хIума хилар дагадагIахь, уггар хьалха, иза кара а вина, цуьнца берта баха беза уьш.

Ткъа хIунда гIерта деза вай цу сохьта берта даха – вешан дуьхьа я вайн вешин дуьхьа? Вай берта даха хьовса деза вайн

вешин дуьхьа, иза халахетта хиларх паргIатваккхархьама. Нагахь вайн цунна дуьхьал дегабаам хилар дацахь, Делан безамо оьгIазвахар дIадоккхур ду цуьнан, иза меттахIотта йолчу агIонна цунна гIо даран куьг а кховдош. Вай-м цхьа а воніг ца дина хила а тарло. Вон я дика – иза дац коьртаниг. Вайна коьрта хилла дIахIотта дезарг ду, оцу тилвеллачунна гIо дар, ваьш бакъ хиларх тоьшаллаш дечул. Халахетар дарна барам боцу дукха бахьанаш хIуттийла ду. Вай халахетар динчу стагана, вай шеца нийсо ца лелийна аьлла а хета мега, билггал аьлча вай цунна цхьа а зуламе дерг дина доццушехь. Цуьнга цхьамма бакъ доцург аьлла хила а тарло, цундела цо нийса доцу жамI дар хуьлуш.

Кхечу агIор аьлча, цуьнга ма-дарра дерг дийцина хила а тарло, амма иза цунах нийса ца кхетта хила а мега.

Вай аьлларг чIогIа гамдина дийцина хила а тарло, цхьаццачу адамашкахула иза чекхдолуш. Вайн цу стагана чов ян лаам ца хиллехь а, вайн дешнаша а, вай деш долчо а кхин тайпана тоьшалла до. Дукхахьолахь, вай ваьшна ма хетта йо вайх лаьцна кхел, ткъа кхечарах лаьцна – цара деш долчуьнга хьаьжжина мах хадабо вай. Наггахь хьан дагахь долчух лаьцна нийса кхетар ца хуьлуш нисло. Наггахь-м билггал вайн ойланехь дерг вайх вешах а ца моьттучу тайпана къайлаха хила а тарло. Вайн ойланехь дерг цIена ду аьлла тешна хила а мега вай. Амма Делан Дашехула иза чекхдаьккхича, и вайна хетарг кхечу тайпана ган а мега вайна.

Эххар аьлча, вай къилахь дерг дина хила а тарло цу стагана гергахь. Вай оьгIазе хилла хила а тарло я вай таIийна хилла хила а мега, ткъа и дерриг бахьанехь цунна таIзар дар тIедеана хила а тарло. Я оцу стага саццаза вайна дуьхьало еш хиллехь, иза лан а ца делла, цунна дуьхьало йина хила а тарло.

Цу халахетаран бахьана муьлхха хиллехь а, и халахетар хиллачу стеган кхетам кхоьлина хуьлу. Цу стеган ойланаш шена хеттачуьнца, я шена хезначуьнца, наха дуьйцуччуьнца я тIехула долчуьнца йоьзна хилла хир ю, вайн дагахь долчух ша билггал кхетта а моьттуш. Амма нийса ойла яр муха хир ду, билггал дерг ца хиъча?

Вай кхетарца тIеэца деза, и стаг даггара тешна хилар, шена тешнабехк бина бохучух. Муьлхха а бахьана хIоьттинехь а, вай кийча хила деза, муьтIахь а хилла, и стаг къинтIера ваккхарна.

Iийсас вай берта даха деза аьлла хьехар до, ур-атталла цу стеган халахетар вайн бехкенна дацахь а. Синошца кхачаме хилар хила деза, муьтIахь волуш лелархьама а, барт хилар кхоллархьама а. Амма дукхахьолахь оцу халахетар динчунна хала хуьлу и хьалхара гIулч яккха. Цундела аьллера Iийсас и халахетар динчу стаге, халахетар хиллачунна тIегIо.

## ХАЛАХЕТАР ХИЛЛАРГ КЪИНТIЕРА МУХА ВАККХА ВЕЗА

ПахIал-векало аьлла:

> Цундела барт хилар, вовшийн тешар тIехь иракарахIиттор леха вай (Римхошка 14:19).

Оцу аято гойту вайна, вайгахула вас хиллачу стагана тIе муха даха деза вай. Нагахь вай цунна тIе оьгIазлонца а, догдаларца гIахь, барт хиларе кхочур дац вай. И вас йолу стаг кхин тIе а холчу хIоттор ву вай. Вешан дегнаш чохь муьтIахь хиларехула а, куралла дIаяккхарехула а барт хуьлу агIо лаха еза вай. Иштта бен кхачалур дац вай машаре.

Наггахь ас вас йинчу я суна оьгIазбаханчу нахана со тIевахар нисделча, уьш суна тIе кхиссалора. Соьга олура, хьо эгоист ву, хьо кхечеран хьашташка хьажар долуш вац, хьо кура а, кIоршаме а, дукха сиха амал йолуш ву, иштта кхиндIа олуш. Бакъдерг аьлча сан лаам бара иштта жоп дала: «ХIан-хIа, иза иштта дац. Шу сох ца кхета!» Амма со бехказавала гIертаро, цIера юкъа даьтта доттар санна нислора, ткъа церан халахетар кхин а чIагIлора. Иза машаре гIертар дацара. «Ша-шен бакъваро» билггал болчу машаре валор вац.

Цуьнан метта, шаьш ала гIертарг уьш аьлла бовллалц,

сайн бага дІа а чІаьгІна, ла а дугІуш Іан Іемина со. Нагахь цара бохучунна тІетовш со вацахь: «Аша аьллачуьнга лараме ву со, аса ойла йийр ю цунах лаьцна сайна хетачух», – олу аса. ТІаккха, сайн царна вас хиларх, дохковаьлла со, олу аса.

Наггахь цара бакъ во со, сох лаьцна билггал бакъдерг а олуш. Ишттачу меттехь ас тІеоьцу цара бохург: «Шу бакъ ду. Аса къинтІера довлар доьху шуьга», – олуш.

Юха а боху аса, барт хилар даийтархьама, дог муьтІахь хилар хила деза. Цундела аьлла хир ду Іийсас хІара дешнаш:

> «Хьо кхелахочун кара дІавала кечвеллачуьнца, шаьш цига дІакхачале, катоххий барт бан хьажа, куьйге а гІо. Ахьа иза ца дахь, хьан довхочо хьо кхелахочуьнга дІалур ву, ткъа цо, гІаролхочуьнга а велла, набахти чу кхоссуьйтур ву хьо. Билггал боху хьоьга: цигара хьо аравер вац, тІаьххьарчу шайнна тІекхаччалц, дерриг а хьайн декхар дІаделла бен» (Маттай 5:25, 26).

Куралло ша бакъван агІо лоьху. Ткъа муьтІахь хиларо, адам берта а дахийтой: «Хьо бакъ ву. Билггал иза даьлла сох. Суна къинтІера валар доьху аса», – олу.

> «Амма лакхенашкара долу хьекъалалла, цкъа делахь, цІена ду, цул тІаьхьа, машаре а, оьзда а, къинхетамах а, синан дикачу стоьмех а дуьзна а, озабезам боцуш а, шалхо йоцуш а ду» (Якъуба 3:17).

Делера долу хьекъалалла оьзда ду (кхечу тайпана аьлча, юхадала кийча ду). Иза дуьхьало яр доцуш, аьрхалла хилар доцуш, хІума къовсаме даккхар доцуш хуьлу. Делан хьекъалаллина муьтІахь хилларг, ца кхоьру ша бохучунна тІера юхавала я кхечо бохург тІеэца, нагахь иза билггал бакъдолчуьнца догІуш делахь.

# ШЕНА ВАС ЙИНЧУННА ТIЕ МУХА ВАХА ВЕЗА

ХIинца, вай цхьанна вас йинехь, хIун дан деза бохучуьнга хьоьвсина девлча, нагахь вайн динан вашас вайна вас йинехь, хIун дан деза хьовсий вай.

> «Нагахь хьан динан вашас хьуна дуьхьал къа латадахь, ваха а гIой, шаьшшиъ волчохь шегара даьллачух иза кхетаве. Цо хьоьга ладогIахь, хьуна юха а хьайн динан ваша караво» (Маттай 18:15).

Дукхаха долу адамаш, Iийсан дагахь ма-хиллара ца кхета оцу аятах. Нагахь шайна цхьаммо вас йинехь, цунна тIе а боьлхий, цунна декха болчу лаамца а, оьгIазлонца а Iорадаккхар до цара.

Амма царна дицло коьртаниг: муьлхачу Iалашонца хьоьху Iийсас вай вовшашна тIедаха дезар. Вай вовшашна тIе, кхел ярхьама а доцуш, барт бан даха деза. Iийсана ца лаьа вай вешан вежаршка, мел харцо йина аша тхуна гергахь, аьлла тIедаха. Вай ваьшна юкъара, вайн юкъаметтиг меттахIотторна новкъарло еш йолу дуьхьало дIаяккхархьама доьлху.

Иза хуьлу Дала вайн Шеца йолу юкъаметтиг меттахIотторах тера. Вай Далла дуьхьал довларца къа латийнера, «амма вай хьарамлонаш лелош долчу хенахь, вайн дуьхьа велла Дала леррина Къобалвинарг. Цу тайпана Шен вайга болу безам мел боккха бу гойту Дала» (Римхошка 5:8). Ткъа кийча дуй-теша вай, тхо тхаьш ларлур ду боху вайн куралла дIатаса, вайна вас йинчуьнца берта дахархьама? Дала, вай Шега къинтIера валар а дехале, кховдийра вайна Шен безам. Iийсас сацам бира вай кIелхьардаха, ваьш харц некъахь лелаш хиларх вайн кхетар а хилале.

Цо Шен куьйгаш кхийдадора вайга, амма вайн Деца берта дахар, Цуьнан барт баран дош вай тIеэццалц, хуьлийла дацара:

> «Ткъа и дерриг а, Ша леррина къобалвинчу Iийсагахула вай Шеца берта далийна волчу а, *барт баран* гIуллакх

> вайна тӀедиллина волчу а Делера ду, вай летийна къинош вайна тӀех а ца детташ, вайна *берта дахаран дош* делла Цо. Цу тайпана, вай Дала леррина Къобалвинун геланчаш ду, тӀаккха Дала Ша кхайкхам бо вайгахула, *Дала леррина Къобалвинчун цӀарах доьху оха: Делаца барт хиларе дуьйла»* (2 Коринтхошка 5:18-20).

«Берта дахар» бохучун юьхьиг вайн массеран цхьатерра долчу цхьана хӀуманах дӀадолало: вай массара а Далла дуьхьал къа латийнера. Берта дахар я кӀелхьардовлар бохург тӀеэцалур дац вайна, вай Делах дӀакъаьстина хилар ца девзича.

Керлачу Весет тӀехь мурдаша кхайкхамаш бора, адамаша Далла дуьхьал къа латийна бохучух лаьцна. Ткъа хӀунда ала деза нахе, цара къа латийна? Царна кхел ярхьамай? Дала кхел ца йо царна. «ХӀунда аьлча Шен КӀант дуьненна кхелъян ца ваийтинера Дала дуьнен чу, амма Цуьнгахула дуьне кӀелхьардаккхархьама ваийтинера» (Яхьъя 3:17). Адамаша, шаьш къилахь хилар тӀе а эцна, шаьш муьлхачу хьолехь ду бохучух а кхетта, шайх девллачу къиношна дохко а девлла, Деле Иза шайна къинтӀера валар дехархьама, дан дезий теша иза?

Стено даладо адам дохкодаларе?

Цунна догӀу жоп вайна карадо Римхошка яздинчу Кехат тӀехь.

> «Я Делан шортта долчу диканах, эсалаллах, собарх ца веша те хьо? Ца кхета те хьо Шен диканца Дела хьо Шена тӀеверзо гӀерташ хиларх?» (Римхошка 2:4).

Делан дикано дохкодовларе даладо вай. Цуьнан безамо кӀелхьардоху, жоьжахатехь Ӏазап хьега кхел йина долу вай. Дала Шен безамах тешийра вай, Шен цхьаъ бен воцу КӀант Ӏийса, жӀара тӀехь вайн дуьхьа валийтарехула. Дела Ша хьалха дуьхьалвеара вайна, вай Цунна дуьхьал къа латийна доллушехь. Вайна кхел ярхьама ца кхийдадо Дала Шен куьйгаш, амма метта а дахкийтина, вай кӀелхьардахархьама кхийдадо.

Дала а иза ма-дарра (хь. Эпасхошка 5:1), вай а, хьалха а

девлла, гайта деза вайн берта даха лаам хилар вайна дуьхьал къа латийначу вешан динан вешица. Iийсас иштта долу масала чIагIдина: вешина тIе а гIой цо латийна къа гучудаккха цунна, амма цунна кхел ярхьама а доцуш, шу вовшех къасто гIерташ йолу муьлхха а дуьхьало дIаяккхархьама, цу тайпана, тан а тайна, шайн вовшашлахь йолу юкъаметтиг меттахIотторхьама.

> Иштта, Везачу Элан тутмакх волчу аса дехар до шуьга, шаьш цIена дахар хиларна тIекхайкхина хиларе хьаьжжина, оьзда лелалаш. Вовшашца муьтIахь хиларца а, эсалчу амалца а, доккхачу собарца а, даггара болчу безамца сатохар долуш, сино луш долу цхьаалла лардарца, вовшашца барт хуьлуьйту машар ларбелаш (Эпасхошка 4:1-3).

И барт хуьлуьйту машар вай ларбар хуьлу, вай вовшашлахь хIара агIонаш ларъйича: вовшашна муьтIахь хилар, дика хилар, эсалалла хилар, доккха собар хилар, вовшийн ледара йолу меттигаш безам хиларца дIа а хьулъеш. Цу тайпана вежарийн вовшашка болу безам чIагIло.

Аса шайна вас йина йолу цхьаболу нах кхел ярца богIура суна тIе. ТIаккха цхьана а тайпана лаам ца хуьлура сан цаьрца тан. Цу тIе, суна моьттура, царна луург, барт хилар а доцуш, шаьш суна мел чIогIа оьгIаздахана ду хаийтар ду.

Ткъа аса шайна вас йина кхинболу нах, эсалчу амалца богIура суна тIе. ТIаккха аса, церан къамел чекх а далале, сихха сайн ойла хуьйцура, уьш сайна къинтIера а бохуш.

Баьхкина хиллий те шуна тIе а иштта олурш: «Суна дIахаийта лаьа, со хьуна къинтIера волу, хьо суна башха дика накъост ца хиларна а, ахьа суна хIара я важа ца дарна а»?

ТIаккха, и дерриг шаьш хьоьга аьлла бевлча: «Соьга хьайна гечдар деха деза ахьа», бохучу тайпана долу хьажар а кхуссуш хьоьгахьа.

Хьо воьхна а, айхьа хIун дан деза ца хууш а хьаьвза, цу хьажаро

чов йо хьан дагна. Церан бахкар, хьоьца барт бан агӀонца а доцуш, хьо кхеро а, хьуна тӀехь урхалла дан а болчу лаамца дара.

Вайна вас йинчу динан вешина тӀе вай даха ца деза, доллучу даггара цунна къинтӀера довла вайн сацам кхоллабаллалц, дуьхьал муьлхха а жоп вайна хезар делахь а. Оцу стаге долчу муьлххачу а мостагӀаллех паргӀатдовла деза вай, вай цунна тӀе кхачале. Кхечу тайпана хилахь, тешна, вон ойланаш яьхкина, цунна чов йийр ю вай, барт хуьлучу меттана.

Ткъа хӀун дан деза, нагахь цхьа а вон ойла а йоцуш, вайна вас йинчу стагана геч а дина, барт хуьлу агӀо вай лоьхушшехь, цу стага (я зудчо) вайга ладугӀуш ца хилча?

> «Нагахь цо хьоьга ла ца догӀахь, хьайца цхьаъ я шиъ стаг валаве, хӀунда аьлча Йозанаша ма-бохху: «ХӀорра а бехкевар шина я кхаа тоьшалла дечеран багахула чӀагӀдийр ду». Цо цаьрга а ла ца догӀахь, динан гуламе дӀадийца. Цо цаьрга а ла ца догӀахь, кхечу къаьмнех болчу нахаца я ял схьагулъеш болчаьрца санна йолу юкъаметтиг лелае цуьнца» (Маттай 18:16,17).

Оцу хӀора тӀегӀанан цхьатерра йолу цхьа Ӏалашо ю: берта дахар. Ӏийсас билггал иштта боху: «КхидӀа а хьайна далург дан хьажа». Тидаме эцалаш, оцу хӀоьттинчу хьолехь и вас йинарг ву хьан дахаран хӀора мурехь. Ткъа дукхахьолахь, Ӏийсас вайна тӀе ма-диллара, хьалха вайна вас йинчу стагана тӀе доьлхучу меттана, вай кхечу массо а нахе дуьйцу цу васах лаьцна!

Иза вай до, вешан даг чохь доллучух вайн кхетар ца хилла дела. Вайна моьтту, цу хьолах лаьцна ваьшна хеттачу кепара кхечу нахе дийца бакъо ю вайн. ТӀаккха кхиболу нах, шуна динарг чӀогӀа вон хӀума ду, аьлла, шайна тӀетахь, шайна хетачунна тӀехь кхин а чӀагӀло шу, цунах там хилар а догӀуш. Амма шун иштта лелар, аша шайна тамехь дерг лахар бен, хӀумма а дац.

# ДОЛЛУЧУ ХІУМАН БУХ

Нагахь вайн Іалашо Делан безам лахар хилахь, вайн бохам хир бац цхьана а хІуманна тІехь. Безамо юьхьІаьржачу ца хІоттаво. Нагахь, Іийсана вай ма-деззара, вайна кхинаш а безахь, вай паргІат хир ду, ур-атталла оцу кхечу стеган вайца барт бан сацам бацахь а. Йозанаш тІера кхечу цхьана аяте а тидам барца хьовсалаш. Вайна тІе хІуъа хІоьттича а, и Делан хьекъалалла тІеэца йиш ю вайн. Оцу хьекъалалле муьлххачу хенахь а кхочийла ду вайн:

> «Нагахь шайгахьара йолчу агІор тарлахь, массо а адамашца бертахь хилалаш» (Римхошка 12:18).

Цо «нагахь тарлахь» боху, хІунда аьлча кхечарна вайца бертахь хила ца луун меттиг а йогІу. Я вайн Везачу Элаца йолчу юкъаметтигна зене дерг далош йолу агІо кховдош болу нах нисбала а там бу. Иштта меттиг хІоттахь, мухха а делахь, цу стагаца йолу юкъаметтиг меттахІотто йиш яц.

Ойла елаш Дала бохучун: «Нагахь шайгахьара йолчу агІор тарлахь». Вай берриг ницкъ тІебахийта беза стагаца барт хуьлчу агІонна, иза билггал бакъдолчунна дуьхьал дацахь. Дуккха а йолчу меттигашкахь вай дукха сихло юкъаметтиг меттахІоттор юхататтарца.

Суна цкъа а бицлур бац сан цхьана накъосто, тамехь доцу цхьа хІума хІоьттинчу цхьана хьолехь, суна бина хьехам. «Джон, суна хаьа, дІаваха лаам хьан буйла, Делан Йозанаш тІера цхьацца меттигаш ялорца бехказвала а гІерташ. Амма айхьа и гІуллакх кхочушдале хьалха, тешна хилалахь, оцу хІоьттинчу хьолехь Делан машар хуьлчу агІонах лаьцна доІанаш дарца, хьайн ницкъ кхочург айхьа дина хиларх».

Цул тІаьхьа цо тІетуьйхира: «Хьан дагахьбаллам буьсур бу, нагахь цхьана дийнахь, юха а хьаьжна, и юкъаметтиг ларъярхьама, хьайн ницкъ кхочург дерриг айхьа дина ца хиларх

хьан кхетар хилахь. ГIолехь хир ду, нагахь хьо тешна хилахь, хьан кхечу тайпана йолу агIо цу тIехь йисина ца хиларх а, айхьа хьайн ницкъ кхочург дерриг дина хиларх а, цу тIе билггал бакъдолчунна дуьхьалвалар ца хуьлуш».

Со чIогIа баркалле вара цо бинчу оцу хьехамна, иза Делера долчу хьекъалаллица доьзна хилар тIе а оьцуш. ДагадогIий шуна Iийсас аьлла дешнаш:

> Декъала бу машар кхайкхораш, хIунда аьлча царах Делан бераш эр ду (Маттай 5:9).

Цо ца элира: «Декъала бу машар ларбийраш». Машар ларбийриг, шен ма-хуьллу, дуьхьало ечу агIонах къахка гIерта, ур-атталла билггал бакъдолчуьнца иза догIуш дацахь а. Амма цо ларбеш болу машар билггал бакъ болу машар ца хуьлу. Иза дукха лаьттар боцу, тIехула болу, бакъ боцу машар хуьлу.

Ткъа машар кхоллаболуьйтург безамца чекхвер ву, дуьхьал билггал бакъдерг а далош, цу тайпана хин болу барт абаденналц латтийтархьама. Цо ларъйийр яц бакъ йоцу, тIехула йолу юкъаметтигаш. Цунна догцIена хилар, билггал бакъдерг, безам хилар деза, тIехула долчу велаваларца шена хилла вас хьулъян а гIертар вац иза, цо цкъа а тешна бехк бийр боцучу боккхачу безамца хIоттабо машар.

Билггал иштта хуьлу Делан адамашца йолу юкъаметтиг. Цунна цхьа а хIаллакьхила ца лаьа. Амма адам кIелхьардаккхархьама, билггал бакъдолчунна дуьхьал дерг дийр дац Цо. Дала, адаман билггал шен лаам хиларца Шена тIедерзарехула хуьлуш болу барт лоьху, адамаша юкъадоху тIехула долу хIуманаш доцуш. ТIаккха цхьана а зуламо хадор йоцу безаман уьйр кхоллало. Цо вайн дуьхьа Шен дахар дIаделла. Вайн, Цуьнга терра бен, лелийла дац. Дагахь латтаделаш, массо а хIуман орамехь Делан безам хилар дуйла. Иза цкъа а хада а ца хеда, маргIал а ца ло, чекх а ца болу. Цо шена хетарг а ца лоьху. Иза дар а ца ло, цуьнца халахетар дац (хь. 1 Коринтхошка 13:5).

ПахIал-векало, безамо муьлххачу а къинна тIехь толам

боккху, бохуш яздора:

> «Ас доьху Деле, шун даггара болу безам хIума довзарца а, кхетамалла хиларца а кхин а совбаккхар, шайна гIоле долчух шу кхетийтархьама. Дала леррина Къобалвинарг вогIун волчу дийнахь шу цIена а, цхьана а тайпана сакхталла доцуш а хилийтар а, Дала леррина Къобалвинчу Iийсагахула Далла хьалха бакъдина хилар бахьана долуш, дикачу гIуллакххех шу дуьззина хилийтар а доьху ас Делан сийлаллина а, хастамна а» (Пилапхошка 1:9-11).

Делан безам – иза гуро лаьцначуьра паргIатваларан догIа ду, ткъа Iехаваларан стом халахетар хуьлу. Амма и безам тIех боккха хила беза, вайн дегнаш чохь алсамболуш а, чIагIлуш а болу. Мел дукха адам ду тахана вайна юкъахь оцу тIехула болчу, багахь олучу, ткъа шайн дахарехь ца хуьлчу безамах Iехаделла. Вай Iехадаларх лардеш болчу безамо, ур-атталла шен мостагIчун дуьхьа а, шен дахар дIадала кийча хилар дохьу. Нагахь вай билггал ишттачу безамца лелаш делахь, вайн Iехадалар хир дац, иблисо кхийдочу Iехадарх а къаьхкар ду вай.

# ЭПИЛОГ

## ДАХАРЕХЬ ДАН ДЕЗАРГ

ХIара книга йоьшучу хенахь Везачу Делан Сино шун цхьацці цанца йолу юкъаметтигаш, яханчу хенахь хилларш я хIинца йолуш ерш, дагаяхкийта там бу, цхьаннах лаьцна къайлаха шайн даг чохь йоллу вас а гойтуш. Везачу Дала сан даг чу тасар хаало суна, шуьга дехар дан дезар, соьца цхьаьна вуно цхьалха долу, синош паргIатдахарца доьзна долу доIа де, аьлла.

Амма шаьш доIа дале хьалха, Шен Синца шуьца цхьаьна шун дIадаьллачу дахарх чекх а волуш, шуьгахула вас хилла адамаш шуна дагадахкийтарна тIехь гIо дар деха Везачу Деле. Далла хьалха тийна хан яккха, Цо и нах муьлш бу шайна гойтучу хенахь. Доцучунна тIаьхьадовла ца деза шу. Цо билггал хаа а луш, ма-дарра дагадохкуьйтур ду шуна и адамаш, шун цхьа а шеко хир йоццучу тайпана. Цо иза дечу хенахь, шун дагна цу

хенахь хилла чов дагатаса там бу шуна. Ма кхералаш. Иза шуна уллохь хир ву оцу хенахь, шу тедеш.

Шайна дуьхьал зуламе дерг динчу нахана къинтIера а довлуш, уьш паргIат аша бохушшехь, царах хIорра а могIара шайна хьалха лаьтташ волуш санна хетадалийта. Царах хIорранна а къинтIера довлалаш. Уьш шайна декхарийлахь хилар дIадаккхалаш. Цул тIаьхьа ишттачу дешнашца доIа де, шайгара долу дешнаш тIетохар а хила тарло шун. Делан Сино дуьгур ду шу доIанехь.

*Стиглашкара Да, Iийсан цIарах ас тоьшалла до, Хьуна хьалха со бехке хиларх, сайна вас йинчу нахана со къинтIера ца валарна. Айса динчунна дохковаларца гечдар доьху аса Хьоьга. Иштта тоьшалла а до аса, Ахьа гIо ца дича царна гечдан сайн ницкъ кхочур бац аьлла. Цундела сайн доллучу даггара царна гечдан сацам бо аса. (Церан хIораннан цIе а йоккхуш, шайн даг чуьра уьш дIа а хоьцуш, царна хIоранна а гечде.) Аса Iийсан цIийца цIандо цара суна мел дина зулам. Уьш кхин суна декхарийлахь бац. Цара суна дуьхьал динчу къиношна гечдо аса.*

*Стиглашкара Да, Веза Эла волчу Iийсас Шена дуьхьал къинош летийначарна гечдар ма-деххара, аса а доьху Хьоьга гечдехьа суна дуьхьал къинош летийначарна.*

*Аса доьху Хьоьга декъалбехьа уьш, Дела, Хьайца церан уллора юкъаметтиг а нисъеш. Амин.*

ХIинца шайн блокноташ тIехь шаьш цу тайпана синошца паргIат баьхначийн цIераш дIаязъе, ишттачу цхьана дийнахь шаьш царна гечдан сацам бина хилар билгал а доккхуш.

Халахетар шайна тIе ца озарна тIехь Iама деза а тарло шун. (13-гIа корта карлабаккха мегар ду, шун хIокху чIагIдарх кхетар ца хиллехь.) Шайна тIера доIанаш аша ма-дарра, царна тIера а шаьш Деле доьхург хиларх чIагIо елаш. Аша церан цIераш

дӀаязъяро иза дагахь латто гӀо дийр ду шуна. Нагахь цхьаццачу ойланаша кхидӀа а шун кхетамна ницкъ бахь, Делан Дашо бохург дага а лаций, шаьш чӀагӀо ярх лаьцна дӀахьеди. Аша Деле уьш декъалбар дехна, шун царна гечдан йиш хилийтархьама. Доьналла хиларца дика тешар хиларан толам баккхалаш.

Шайн дегнаш чӀагӀделла а, гечдарна кийча хилар а шайна хааделча, царна тӀе гӀо шу. Дагахь латтаделаш, царна тӀе барт баран Ӏалашонца шу доьлхуш, шайн дуьхьа а доцуш, церан дуьхьа шаьш гӀуш хилар. Иза иштта дарца шайна толам баккхаран некъ балор бу аша. Шуна динан ваша карор ву (хь. Маттай 18:15). Иза Далла тамехь дерг ду.

> Шу охьаэгарх лардан а, цӀена а долуш, доккхачу хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хӀотто а ницкъ болчу, цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вай кӀелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, ницкъ а, олалла а хуьлийла, азалера дуьйна, абаденналц а. Амин! (ЯхӀуда 24, 25).




**«Мессенджер Интернэшнл»** адамашна а, доьзалшна а, динан тобанашна а, халкъашна а гІо дархьама а, Делан Дешан хийцош болу ницкъ лан а лерина ю. Кху кхетаро адамийн дахарш ницкъах дузурна тІедалор ду, юкъаралла хийцаяла йолалур ю, дуьненарчу харцонна чІоггІа жоп хозуьйтур ду.

---

**Cloud Library** — иза, дерриге а дуьненахь динан гІуллакхдархошна церан маттахь маьхза цифрови гІирсашна тІекхача могуьйту онлайн-платформа ю.

**CloudLibrary.org** сайта тІехь Джонан а, Лизин а БивергІеран 100 сов меттанашкара материал карор ю, иза атта схьа а эцалур ю.

**Электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанийн…**

**Кхин а алсам хаа лаьий шуна? Кхузахь сканировать де:**

**CloudLibrary.org**

CLOUD LIBRARY

# ИБЛИСО IЕХАВАР

Муьлххачу а, мацца а делахь, дийнат лацархьама гур хIоттийначу стагана хаьа, цу гуро кхиам хиларца дика дIалацарна ши хIума оьшуш хилар: цкъа делахь, и гур къайлабаькхина хила беза, цу дийнатна иза гучу ца балийтархьама, ткъа, шолгIа делахь, цу гурана чохь дийнат тIедаийтархьама, цуьнан цхьаъ дIакхалла кийча йолу церган Iехон йолу хIума хила еза.
Иблис, вайн синойн мостагIа ду, адам Iехо а, иза дIакхалла а хIоттийначу шен гураца, и ши агIо дIалоцу цо. Цуьнан гуранаш дIахьулдина ду, амма Iехош йолу хIуманаш гучохь дIахIиттийна ю.
ХIара книга ешарехула иштта чолхечу хаттаршна догIу жоьпаш карор ду шуна:

- хIунда дуьйцу аса сайн дахарх лаьцна дерг?
- сайн шеконашна а, тешар ца кхачарна а дуьхьал муха волура со?
- сан дагна хиллачу чевнашна тIе юха ца верзархьама, хIун далур ду суна?
- цхьаммо чIогIа халахетар динчул тIаьхьа, цунах тешам дIабалар юха муха дерзалур ду суна?

ХIокху книго шуна гIо дийр ду мостагIчо хIоттийначу гуране шу дIа ца лацийта, цу тIе иблисана духьал муха довла деза а гойтур ду, Делаца хила езачу юкъаметтигашна новкъарло ца хуьлу некъ а гойтуш.



Джон Бивера доккхачу доьналлица а, майраллица дIадоьллу цхьаъ бен доцу билггал бакъдерг Iамор тIехь долчу шен дийцарш тIехь а, бестселлераш тIехь а («Иблисо дIалоцу гуранаш», «Далла тIе воьдуш», «Азалле кхача болу лаамаш» иштта кхин а книгаш), кхечу кхузткъа сов болчу меттанашка яьхна йолчу книгаш тIехь. Цо динан хьехамаш бо дуьненан дуккха а йолчу пачхьалкхашкахь. Иштта дерриг дуьнен чухула кхайкхош йолу «Мессенжер ТВ» цIе йолу программа дIакхоьхьучаьрца дакъалоцуш ву Джон Бивер.
ГIараяьлла бестселлерийн автор йолчу а, иштта хьехамаш беш йолчу а шен зудчуьнца Лизица Колорадо Спрингс цIе йолчу меттигехь вехаш ву Джон. Цаьрца виъ кIант, нус а, церан бераш а ду цигахь дехаш.

Кху гIирсана а, кхидолчу дахьийтаршна а тIеккхочийла ду кху сайтехь:
www.CloudLibrary.org

Cloud Library

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

ХIара киншка – авторера совгIат ду. Йохка мегаш дац.

Кхин а алсам хаа лаьий шуна?
Кхузахь сканировать е: